# МАХ ДУГ

7

2021



**Кадæггæнæг**



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2021

# МАХ ДУГ

7
2021

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2021

# НОМЫРЫ ИС:

**ПРОЗÆ**
БИЦЪОТЫ Грис. Царды аууæттæ кæнæ фыссæг мæ цæуылнæ рауади. *Публицистон уацау* ........ 5

**ПОЭЗИ**
КЪОДОТЫ Альберт. Мæ исбон – зарæг æмæ уарзт. *Æмдзæвгæтæ* ... 30

**НОГ ТÆЛМАЦТÆ**
Даур Начкебиа. Радзырдтæ ........ 38

**ФЫСДЖЫТЫ ЦАРДÆЙ**
Секъа. Фыстæджытæ Цомахъмæ ........ 47

**ЖУРНАЛКÆСÆДЖЫ СФÆЛДЫСТАД**
ТОМАЙТЫ Ритæ. Нæ урссæр цъититæ – мæ уарзт. *Æмдзæвгæтæ* ..... 54

**ХЕТÆГКАТЫ ХЪАЗЫБЕГ: 85 АЗЫ**
БИАЗЫРТЫ Людмилæ. Цыбыр, фæлæ ирд сфæлдыстадон фæндаг. *Уац* ..... 58
ГАЛАЗТЫ Руслан. Уæздандзинады урок. *Мысинæгтæ* ........ 64
КОКАЙТЫ Тотрадз. Нæхи Казбич. *Мысинæгтæ* ........ 70
ДЗБОЙТЫ Михал. Ныв кæнынмæ кæнæ зарынмæ кæуылты уыди, кæ!.. ........ 74

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ** ........

**ХУССАР ИРЫСТОНЫ ТЕАТР: 90 АЗЫ**
ГÆБÆРАТЫ Юри. Курдиат æхсидæг артдзæст. *Уац* ........

**ФЫСДЖЫТÆ ХУДЫНЦ**
ДИГОРОН. Хъæлдзæг хабæрттæ ........

**НÆ УИДÆГТÆ**

МАМИАТЫ Таймураз. Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы ........

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД – АДÆМÆН**
СОКАТЫ Дианæ. Цуанон лæг. *Аргъау* ........

**ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ**
ЕГАР. Мадыадгæнæг ........

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**
ДЖУСОЙТЫ Нинæ. Сæхъис къуыбылой. *Радзырд* ........

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........

**ТÆФÆРФÆС**
ХОДЫ Камал ........

# ЦАРДЫ АУУÆТТÆ КÆНÆ ФЫССÆГ МÆ ЦÆУЫЛНÆ РАУАДИ

*публицистон уацау* [1]

... Мæ хионтæй иуы рагæй нал федтон æмæ иуахæмы горæты нæ иумæйаг хæстæджытæм фембæлдыстæм, æмвынг сбадтыстæм, аныхæстæ кодтам, стæй мын йæ каисы кой скодта. Сымахырдыгæй, дам, цæры æмæ йæ æнæ уынгæ нæ уыдзынæ. Афарстон æй: чи у, цы у? Йæ сурæт мын сныв кодта, загъта мын йæ мыггаг... уырыссагау. Нæ кæцыдæр мыггæгтæ иронау фæйнæ-фæйнæ хуызы фæзæлынц, уырыссагау рауайынц æмзæл. Зæгъын, нæхирдыгонау ма мын зæгъ дæ каисы мыггаг. Уырыссагау та йæ скъæрцц ласта. Зæгъын, дæ каисы мыггаг иронау куыд зæлы, уый нæ зоныс? Йæ къух ауыгъта, цы уæлдай, дам, у. Æмæ мæ нал фæндыди уыцы фынджы уæлхъус бадын. Ноджы мын чысыл раздæр мæ комкоммæ бадæг мызыхъхъ ирон мæ водкæйы æрдæгдзаг нуазæн мæ разæй фелвæста (ирон арахъхъ нæ нуæзта, водкæ та дзы, загътой, нал ис...)

... Æндæр хатт мын мæ зонгæтæ балæгъстæ кодтой: нæ сиахсы хонæм, йемæ ма, куыд вæййы, афтæ – уазджытæ, æмæ, дам сын ды хистæрæн абад. Мæхи фæтылиф кæнинаг уыдтæн, фæлæ мæ кой дæр не суагътой. Бафарстон сæ: сæ мыггаг иронау куыд у? (Йæ мыггаг ын æдзухдæр уырыссагау дзырдтой). Бинонтæ, цал уыдисты, уалæй ныхъхъуыды кодтой – ничи йын зыдта йæ мыггаг иронау[2].

_____________

[1]Дарддæр, райдайæн кæс журналы ацы азы 4 æмæ 5 номырты.

__________

[2]Цинты фæцæут, фæлæ нын нæ мыггæгтæ алы куывдтæ-чындзæхсæвты дæр, мысайнаг куы фæдæттæм, зианты та – сабæттаг, æгъдау куы фæкæнæм æхцайæ, уæд æрмæст уырыссагау фæфыссынц. Уæдæ нæ уæлмæрдты цыртытыл дæр стæмхатт амынд вæййы иронау, чи дзы æфснайд ис ингæны, уый мыггаг. Уæвгæ та суанг Къостамæ дæр йæ цыртыл ныффыссынмæ иу ирон дзырд куы не ’рхаудта... (Ред.)

* * *

Ацы ’рмæгыл мæ тæккæ кусгæйæ куыд уыдтæн, афтæ газет «Рæстдзинад»-ы фæзынди Хъайттаты Сергейы райгуырды 70 азы бонмæ аивадиртасæн, наукæты кандидат Бæциаты Агуыдзы уац «Уарзы цард». Кастæн æй, æмæ мæм исдуг мæ зæрдæ афтæ сзырдта, цыма иу къорд азы размæйы фыст юбилейон цыдæр кæсын. Фæлæ газеты номыры (1988 аз, 17 декабрь) типографийы ахорæн уырзтыл зади. Ныр цалдæр азы цас æргом æмæ карз ныхæстæ загъд æрцыди аивад æмæ литературæйы кусджыты съездты, пленумты, стæй мингай уацты, радио æмæ телеуынынад дзурджыты ныхæсты мæнг литературæйы гуырæнты тыххæй.

Загъд уыди: аивады æгъдауæй ныллæг æмвæзадыл фыст конъюнктурон уацмыстæ рухс уыдтой бирæгай томтæй. Стыр литературæимæ абаргæйæ, бынтон сагъæссаг уавæр та ирон литературæйы сæвзæрди. Æргом ныхас критикæйы жанры раджы кæй амарди, уый азарæй нæм нал уыдис, уацмыс аивадон цæмæйты вæййы, уыдон бæрæггæнæг критериты бæрцбарæнтæ. (Нæ фысджытæй графомантæ афтæ дзураг уыдысты: æмæ йæ чи кæд сбæрæг кодта, аивадон уацмыс цавæр вæййы, уый?).

Бæциаты Агуыдзмæ рацарæзты уддзæфæй иу стыф дæр нæма бахæццæ æмæ, дæсгай азты дæргъы чи сфидар, уыцы фæтк нæ фехæлдта – штамптæй фæлыст гаджидау рауагъта. Зæгъы: Сергей-драматурджы, дам, «бахъуыд новаторон куыст бакæнын». Ома юбиляр ирон драматурги фæхъæздыгдæр кодта, ныронг нæм чи нæма уыдис, ахæм ног аивадон мадзæлттæй. Йе сфæлдыстад ын æмткæй хоны «бæрæгбоны бæркад».

О, раст у: нæ фысджытæй бирæтæн сæ фылдæр чингуытæ-иу бæрæгбæттæм фыст цыдысты.

Поэт Тетцойты Таймураз дæр цæстуарзон разынд, Тедеты Ефимы райгуырдыл 60 азы кæй сæххæст, уый фæдыл уац ныффыссыны тыххæй йæ къухмæ йæ фыссæн сис куы райста, уæд. Газет «Рæстдзинад»-ы (1989 аз, 11 май) йæ уац «Сфæлдыстадон фæндагыл», зæгъгæ, уым кæсæм: «Тедейы-фырты поэзийы бæрзæндтæм систой йæ чингуытæ «Цæрæнбоны зарæг», «Фарн уæм бадзурæд», «Фæдзæхст дуне», «Урсдоны былыл сау фæрдыг», «Кадæггæнæг», «Хæхты дзæнгæрджытæ» æмæ иннæтæ».

Поэзийы бæрзæндты кой чи фæкæны, уыдонæн, цымæ, сæ цæстыты раз нæ сыстынц Шекспиры, Дантейы, Байроны, Пушкины, Руставелийы, Къостайы… (нал сæ нымайын) сурæттæ? Поэзийы бæрзæндтæ æнæмæнгæй баст сты уыцы нæмттимæ, æмæ Тетцойыфырт уыцы генитимæ бафыста Тедеты Ефимы ном. Йемæ сразы сты «Рæстдзинад»-ы редакци дæр.

* * *

Иу хабар раджы раиртæстон: æрдзон курдиатæй чи фæхайджын, уыдон критикæйæ никуы схъиудтой. Уæвгæ, уыдон рæстаг литературон критикæйы æвджид нæ задысты – æнауæрдон цъыфкалæнты амæттагиу баисты. Аивадмæ схъиуæццагæй чи бахауд, уыдон та хуымæтæджы фиппаинагæн дæр нæ быхстой. Иу автор мæм иуахæмы мæ хæдзармæ телефонæй æрбадзырдта: «Райсом мæ критикæ кæндзынæ, уый зонын. Хатыр бакæ, фæлæ… Дæ хорзæхæй, обкомы минæвар баддзæн не ’мбырды, æмæ мæ уый цæсты ма бафтау». Чиныгуадзæны пъланиу æппæты фæстагмæ обкомы сфидар, уыдоны фæстæ йæм-иу исты ивддзинад ма бахæссай!..

Сфæлдыстадон æрмадзы сусæгдзинæдтæ зын æмбарæн кæмæн сты, уыдонæй исчи бафæрсдзæн: айдагъ сатæгсау ахорæнтæй ахорыс уыцы рæстæджытæ, ау, аивад уæд бынтондæр бабын? Аивадæн кæд рæстæг цæлхдур æвæрæнтæ кодта, уæддæр уыцы æнуд уавæрты дæр нæ бамынæг, бæгуыдæр сæ цард-иу ныводæн æрхастой, уæддæриу галиу фæндагмæ здахын нæ бакуымдтой, мæнг ныхас никуы загътой аивадон сфæлдыстады æцæг лæгтæ. Мыхуыры-иу сын карз тæрхонгонд æрцыди, сбадт-иу сыл «космополитты», «националистты», ивгъуыд замантæ тæхудиаг æвдисджыты нæмттæ, загътой сæ-иу: сты, Советон адæмæн æцæгæлон чи у, ахæм зондыл хæст. Цæвиттон, знаг, фыдгул, ахæстоны даринаг. Фæлæ дуне фæрнджынгæнæгыл цъыф цасфæнды куы фæкалай, уæддæр йæ фарны ныхас дунейы рухсыл æфты, дуджы хъæдгæмттæн басгуыхы æндидзæн хос. Аивады æцæг лæгтæ æдзухдæр вæййы, уыдоны руаджы кæддæр кæрон æрцæуы фыдбон æмæ фыдлæгæн.

Зауааты азты рæстæй цæрæджы æргом хæрамгæнджытæ уынгæг къуырцдзæвæнмæ куы тардтой, хъуыдыгæнæджы уд уæлæуыл зындоны арты куы сыгъди, уыцы рæстæг бакастæн Назым Хикметы уырыссаг бинойнаджы мысинæгтæ. Фæсхæст Сабырдзинад

Хъахъхъæнынады Æппæтдунеон Комитеты æмбырдмæ нæ бæстæйæ цы минæварад тахти, уыдонимæ уыди туркаг революционер, поэт Назым Хикмет дæр. Поэт зыдта: семæ цæудзæни, фæндагыл сын лæггад чи кæндзæн, ахæм адæймаг дæр. Хæдтæхæджы куы сбадтысты, уæд йæ зæрдыл æрбалæууыди, лæггадгæнæг сын чи уыдзæн, уымæй афæрсын дзы кæй æрбайрох. Фæрсгæ нал, фæлæ йе 'мбæлццæттыл афæлгæсыд æмæ сæ иуыл йæ цæст æрæвæрдта æмæ ахъуыды кодта: «Уæртæ уый уыдзæн нæ «завхоз». Афтæ йæ схуыдта.

«Завхоз» уыди се 'гасæй хуымæтæгдæр арæзт, хæдæфсарм, æнæ уæлдай змæлд. Суанг сæ балцы фæуынмæ-иу «завхозæн» куы цы бафæдзæхста, куы цы. Уый уæлдай ныхас дæр никуы скодта, йæ цæстæнгас уæлдайхуызон дæр нæ фæци – Хикметы алы куырдиат дæр æххæст кодта. Фæстæмæ Мæскуымæ стахтысты æмæ, мæнæ ныр фæхицæнтæ уыдзысты, зæгъгæ, уæд поэт «завхозæн» радта йæ визиткæ, ома, мæ зæрдæ дæ барухс, зæгъгæ, фæарфæтæ йын кодта. «Завхоз» дæр йæ дзыппæй систа ахæм гæххæтт æмæ йæ Хикметæн радта. Поэт æм æркасти æмæ… Лæггадгæнæг разынди, æгас дунейы хъуыстгонд, йæ цæргæйæ гени у, зæгъгæ, кæмæй загътой, уыцы композитор Дмитри Шостакович. Мысинæгты автор фыссы, Хикмет цы зæрдæнкъуыст бавзæрста, уый тыххæй. Уæд фыццаг хатт федта, йæ райгуырæн бæстæйы, Турчы ахæстоны бадгæйæ-иу кæмæ хъуыста æмæ йæ удвидар чи кодта, тохмæ йæм чи сидти, уыцы «ленинградаг симфонийы» авторы!

Адæймаг-иу йæ зæрдæ ницæуылуал дардта уыцы заууаты азты, фæлæ та-иу дæ дуне фæрнджынгæнджытæй кæйдæр уды рухсстъæлфæн ныфс бауагъта, хуыздæр бонтæй дæ-иу æнхъæлцау скодта.

* * *

Мæхæдæг æвдисæн фæдæн, Фыдыбæстæйы хæсты размæ мыхуыры йæ ном кæмæн фæзынд, фысджыты уыцы фæлтæры минæвæрттæй иу райдианæй кæронмæ йæ юбилейы хъуыддæгтæ йæхи къухæй куыд арæзта, уымæн. (Уыцы рæстæг йæ юбилейон сæрмагонд къамис дæр æнцад нæ бадти). Типографимæ бон цалдæр дзырды кодта: домдта, цæмæй хуынды билеттæ зынаргъдæр гæххæттыл мыхуыргонд æрцæуой, цæмæй афойнадыл фæзыной. Домдта, цæмæй йæ цытгæнæн изæры архайой хуыздæр солисттæ, декламацигæнджытæ. Агуырдта, йе 'сфæлдыстадæн ын бæрзонд аргъ чи скæндзæн, ахæм докладгæнæг.

Редакциты, радио æмæ телеуынынады кусджытæн дæр аивæй æмбарын кодта, ома кæд уый тыххæй исты зæгъинаг стут, уæд ахæм æмæ ахæм автортæм æххуысмæ фæсидут. Хæрзиуæгмæ йæ цæмæй бавдисой, уый тыххæй дæр æнæмæнг базмæлыдаид, уымæн æмæ-иу уый размæ фысджыты æмбырдты арæх хъаст кодта: фаг аргъ нæ кæнынц фыссæгæн. Уартæ Дагестаны цас ис, адæмон фыссæджы ном кæмæн радтой, ахæмтæ, уæд мах цæуылнæ зонæм нæхицæн аргъ кæнын?

Йæ цытгæнæн изæрмæ дæр мын æдзæугæ нæ уыди. Былалгъ арфæтæ, йæ ном дæр ын кæм нæ зыдтой, ахæм заводтæй, куыстуæттæй æрвыст арфæйы адристы къæбæлдзыг ныхæстæ, юбилейон къамисы хъæппæрисæй кæй æрæрвыстой, уыцы телты иударон арфæтæ… Нырхæндæг дзы дæн, йæ бæсты мæ цæсгом сыгъди, зæххы скъуыды хъуамæ ныххаудаин. Ау, сфæлдыстадон кусджытæ иууылдæр ахæмтæ сты? Кадфæлгъауæджы бынатмæ сæхи цæмæн æруадзынц? Ау, иннæтæ сæ уыцы миниуджытæ æмбæхсын кæй зыдтой, уый тыххæй сын нæ рахъæр сты? Уыцы хъуыдытæ мын æнцой нæ лæвæрдтой. Мæ цæсты æрныллæг аивады кусæджы ном.

Уыцы рæстæджы бакастæн, ссæдзæм æнусы бæрзонддæр нæмттæй иу, америкаг фыссæг Уильям Фолкнер Нобелы преми куы райста, уый тыххæй йын æппæты разæй раарфæ кодта шведаг журналист. Газеты минæвар зыдта, хъуыстгонд фыссæг журналистты йæхимæ æмгæрон кæй никуы уагъта æмæ йын бирæ ныхæстæ кæй нæ зæгъдзæн, уый æмæ йæм радта æрмæстдæр иунæг фарст: куыд цæттæ кæны йæхи преми исыны балцмæ æмæ преми исыны рæстæг цы зæгъдзæни? Фолкнер уæлдайхуызон дæр нæ баци, æвронг хъæлæсæй дзуапп радта: æз фермер дæн, хортæ æфснайыны рæстæг æрайиæфта, æмæ мæ уырдæм цæуынмæ нæ равдæлдзæн. Æмæ, æвæццæгæн, нæ ацыдаид, фæлæ йæ чызг рагæй бæллыд Европæ фенынмæ, дыккаг ахæм фадат ын кæй нал уыдзæн, уый æмбæрста æмæ йæ фыдыл фыдымады бацардыдта – Уильям та йæ мадæй тынгдæр никæмæ хъуыста. Уый йæ ныддомдта, æмæ фыссæг абалц кодта Швецимæ.

Цы ’хцайы преми йын радтой, уый нымадта лæвар æфтиагыл, ома мæ чъиухид сыл нæ акалд, æмæ сæ стипендийы хуызы снысан кодта, Оксфорды Африкæйæ чи ахуыр кодта, ахæм студенттæн.

Æмæ та мын цард ад кæнын байдыдта, æмæ та мæ-иу ныфс бацыди.

Фæлæ нырма алы бон дæр кæмдæр кæмæндæр хæрам чындæуыди. Хъуыди кæйдæр сæрыл сдзурын, цæлхдурæвæрджытæм хъæддых

фæлæууын. Царды æцæгтæ æвдисæг тæппытæ-иу кæм разынди, уыцы къухфысты хъуыди хъахъхъæнын. Литературон æгъдауæй йыл бакус, уæддæр чи ницæмæн сбæздзæн, чиныгкæсджыты хъуыди ахæм æнæбон, зианхæссæг къухфысттæй хизын. Знаг дын фестдзæн йæ автор, йæ маст дæ исдзæн цæрæнбонты, ууыл аудæг бæрзонд бынаты бадæджы фыдæх дæ баййафдзæн, уæддæр хъуамæ дæ хъуыды ма аивай, дæ намыс бахъахъхъæнай.

Цæрукъаты Валодяйы уацау «Боныцъæхтыл зындзынæн» бакастæн æмæ йæ банымадтон чиныгуадзæны пъланмæ бахæссинаг къухфыстыл. Уыцы азы сабитæн кæй уагътам, уыцы уацмыстæй мæм бирæтæй æххæстдæр, аивадондæр фæкаст – немыцаг лæбурджытæ æлдариуæг кæм райдыдтой, ахæм ирон хъæуы къуырцдзæвæны уавæр дзы уырнинагæй æвдыст цыди, йæ архайджыты иуцасдæр бауагъта сæхи бар, ноджы æвзонг чиныгкæсæджы цымыдис цыренгæнæг архайды æууæлтæй фæхайджын. Цæвиттон, ныфсджынæй йæ хастон пъланмæ. Сдзырддаг уыдзæн, уый мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди. Фæлæ дын æй иуахæмы Фысджыты цæдисы прозæйы секци куы агурид, пъланмæ хаст къухфыстытæй, дам, хъуамæ кæцыдæртæм æркæсæм. Тынг фæдис кодтон – сфæлдыстадон секцитæ нæ кусынц, зæгъгæ-иу Съезды дæр æмæ Фысджыты цæдисы æмбырдты дæр æндæр кой нæ уыди. Æмæ, зæгъын, цы хорз у!

Литературон институты сфæлдыстадон семинартæ-иу арæх æрымысыдтæн. Тæхуды æмæ, зæгъын, нæ фысджытæй чидæртæ цы «хом» къухфыстытæ æрбаппарынц чиныгуадзæнмæ, уыдон уыцы семинары размæ рахæсс!

Мæ зæрдæ фæкъæпп кодта Фысджыты цæдисы курдиатыл – цыдæр дзы ис! Уый размæ сæм-иу чиныгуадзæнæй къухфыстытæ ссыди, секциты æмбырдты сæ равзарут, раст аргъ сын скæнут, зæгъгæ, фæлæ-иу уыцы курдиатмæ сæ хъус никуы æрдардтой.

1967 азы 3 апрелы чиныгуадзæн Фысджыты цæдисмæ барвыста Бæдоаты Хъазыбеджы роман «Амонд агурджыты» къухфыст ахæм фыстæгимæ: «Мах тынг лæмбынæг бакастыстæм авторы куыст æмæ нæ фæнды, фысджытæ дæр ыл куы æрныхас кæниккой æмæ йын æмбæлгæ аргъ куы скæниккой, уый». Уыцы аз 2 августы чиныгуадзæнæй Фысджыты цæдисмæ бацыди дыккаг фыстæг ахæм курдиатимæ: «Уæ хорзæхæй, цы амал ис, уымæй тагъддæр æрдзурут Бæдоаты Хъазыбеджы роман «Амонд агурджытыл». Уыцы курдиатыл афæдз æмæ дыууæ

мæйы куы рацыди, уæд та чиныгуадзæн Фысджыты цæдисмæ барвыста æртыккаг фыстæг, йæ къух дзы бавæрдта директор Зæнджиаты Дæгка, афтæмæй, – къухфыст уæддæр æвзæрст не `рцыди прозæйы секцийы.

Ацы ран æмбæлы хабары райдианы кой скæнын. Бæдоаты Хъазыбеджы романы къухфыст Фысджыты цæдисы кусджытæй йæ цæстæй дæр ничима федта, афтæмæй республикæйы культурæйы съезды докладгæнæг фехъусын кодта цины уац: фæзынди нæм ног, геологты цардыл фыст фыццаг роман. Уый фæстæ ног уацмысы рйгуырды тыххæй хъусын кодтой газет «Рæстдзинад», журнал «Мах дуг» æмæ газет «Литературная Россия».

Цæрукъаты Владимир хорзау нæ фæци. Загъта: уый мын Фысджыты цæдисы сæрдар Цæгæраты Максим цæлхдурæвæрæн кæны, мæ къухфыст цæмæй пъланмæ ма бахауа, ууыл архайы. Ау, фысджыты сфæлдыстадон секцийæ, зæгъын, Цæдисы сæрдар маст исыны хотых куыд хъуамæ сараза? Сæрдар цæттæ кодта, секцийы чи раныхас кæндзæн, ахæмты, автор дæр фысджыты æхсæн агуырдта, йæ сæрыл чи сдзурдзæн, ахæмты. Секцийы бон рабæрæг Цæгæрайы-фырты фыдвæнд – къухфыст цæмæй пъланмæ ма бахауа, ууыл æппæты тынгдæр йæхæдæг архайдта. Йæхимæ чи æрыхъусын кæна, уацауы хъæнтæ цæстыты раз чи авæра, ахæм аргументтæ, цæсты ахадгæ рæстдзæвин фиппаинæгтæ йæм нæ разынди, фылдæр дзырдта къухфысты æвзагыл, фаудта йын йæ хъуыдыйады арæзт.

Æз загътон: уацауы фразæ ранæй-рæтты инверсивæлдæхт кæй рауайы, уый йын аивадон мадзал у, ахæм фразæйы руаджы хуыздæр æвдыст цæуы хæсты уæззау уавæрты бахауæг хъæуы уавæр! Æниу, зæгъын, æдзух нæ уацмысты æвзаг иу сасирæй луæрст цæмæн хъуамæ цæуа, иу ритмикон зæл сын цæмæн уа? Авторæн ма рæстæг уыди, æмæ, йæ къухфыстыл кæй бакусдзæн, ууыл гуырысхо нæ кодтон. Цæвиттон, уацау цæмæй пъланы баззайа, уый фарс рахæцыдысты Мамсыраты Дæбе, Дзесты Куыдзæг…

Уацау пъланмæ хаст æрцыди, рацыди ирон æвзагыл, фæстæдæр та уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй Мæскуыйы чиныгуадзæн «Детская литература»-йы.

* * *

Уыцы азты Фысджыты цæдисы цы иумæйаг уавæр сæвзæрд, уый фадат лæвæрдта цыфæнды хæрæмттæ æмæ сфæлдыстадон кусæджы на-

мыс цъыфмæ æппарæн митæн дæр. Курдиаты базыртæ куыдцыбырдæр къуырдтой, тасы азар ыл æфтыдтой, ома хъуыды кæнынхъом мауал уа, мæстæлгъæдæй судза.

Уыдæттæн æвдисæн у, 1970 аз апрелы мæй Мæскуыйы УСФСР-йы Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар С.В.Михалковмæ цы фыстæг арвыстой, уый: «Æрæджы йæ куыст чи фæци, УСФСР-йы фысджыты уыцы съезд у нæ бæстæйы æхсæнадон æмæ литературон царды ахсджиаг цау. Советон Уæрæсейы аивадон дзырды хъысмæт зынаргъ кæмæндæриддæр у, уыдонимæ мах, ирон фысджытæ дæр, стыр цымыдисæй нæ хъус дардтам уыцы ахсджиаг форумы куыстмæ. Съезд нын зонды æмæ зæрдæрухсы хос кæй фæци, рухс хъуыдытыл нæ кæй бафтыдта, ууыл дзырд дæр нæй. Фæлæ æнæ зæгъгæ нæй, стыр сагъæсты нæ кæй баппæрста, уый дæр: докладтæй иуы дæр нæ ирон литературæйæн йæ кой дæр нæ рауад, афтæмæй та зындгонд у, йæ традицитæ куыд арф сты, уый. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый тыххæй докладгæнджыты нæ азымджын кæнæм, фæлæ Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы ныры разамонджыты – уыдоны аххосæй литературæйы хъуыддаг республикæйы нывыл æвæрд нæ цæуы, ирон фысджыты хуыздæр уацмыстæ æппæтцæдисон чиныгкæсджыты размæ хаст цæмæй цæуой, ууыл хъыгагæн, нæ кусынц, ахæм цæстæй æрмæст нырыккон фысджыты уацмыстæм нæ кæсынц, фæлæ нæ литературæйы классиктæм дæр.

Не 'мбырдты æмæ нæ съездты иу æмæ дыууæ хатты нæ дзырдтам, фысджытæн раст разамынд лæвæрд кæй нæ цæуы, сфæлдыстадон атмосферæ нæм кæй нæй, уыдæтты тыххæй. Нæ литературæйы рæзтæн цæлхдурæвæрæн чи кæны, пропагандæйы куысты йæ галиу митæ ныууадзинаг чи нæу, уыдоны нæмттæ-иу лæгæй-лæгмæ загътам. Фæлæ нын-иу бирæ цæмæйдæрты зæрдæтæ цы бавæрдтой, æндæр уавæр нæ хуыздæр кодта. Æмæ мæнæ ныр æвдисæн стæм, нацийы культурæйы раз цы æрæрнондзинад æвдыстой, уый фæстиуджытæн – ирон литературæйы уацмыстæй иу дæр ныхасмæ хаст не 'рцыд, Уæрæсейы фысджыты съезды докладгæнджыты цæст дзы ницæуыл æрхæцыд.

Афтæ зæгъæг фæуыдзæн: ирон фысджыты чингуытæ Мæскуыйы дæр куы цæуынц. О, фæлæ уыдон автортæн сæхи æмæ сæ тæлмацгæнджыты хъæппæрисæй уагъд æрцæуынц. Ноджы ма уый зæгъын дæр хъæуы, æмæ уыцы чингуытæ Фысджыты цæдисæн дæр æнæнхъæлæджы

кæй фæзынынц. Гъе уымæ гæсгæ фылдæрхатт уыцы уацмыстæ нæ вæййынц нæ литературæйæн цæсгомгæнæг, йæ абоны æнтыстытыл дзурæг.

Ирыстоны фысджытимæ бастдзинæдтæ чи хъуамæ дарид, Фысджыты цæдисы правлени ахæм дæсны тæлмацгæнджыты хоныныл нæ архайы, уæдæ бынæттон фысджытæй цæмæй исчи уыцы ахсджиаг куыстмæ йе ’ргом раздаха, ууыл дæр нæ кусы. Уый аххосæй ирон литературæйы хуыздæр уацмыстæ иннæ нациты чиныгкæсджытæй авд дуары мидæг æхгæдæй лæууынц.

Нæ зæрдæтæ риссынц, Цæгат Ирыстоны фысджыты æмбырдты æмæ съездты бирæ азты дæргъы нæ литературæйы ахсджиагдæр фарстаты æмæ проблемæты фæдыл алывæрсыг профессион ныхас кæй нæ рауади, ууыл. Уыцы уавæр нæм, фыццаджыдæр, сæвзæрди, правленийы сæргъы чи лæууы, уыдоны аххосæй.

Мах куыд нымайæм, афтæмæй афон у, æмæ хъуамæ нæ фысджыты æхсæн рауайа ахæм зæрдиаг ныхас. Уым хъуамæ архайой Уæрæсейы Федерацийы Фысджыты цæдисы минæвæрттæ дæр. Нæ литературæйы хъысмæт нæ цы сагъæсты бафтыдта, æмæ къуырцдзæвæны уавæрæй цы хуызы фервæзæм, уыдæттыл хъуыды кæнгæйæ дæм æрвитæм нæ ацы фыстæг. Ныфс нæ ис, нæ бæллæхтæ кæцæй гуырынц, уыцы аххосæгтæ рабæрæг кæныны хъуыддаджы нын кæй феххуыс кæндзынæ æмæ, ирон литературæйы рæзт чи къуылымпы кæны, уыцы цæлхдуртæ иуварсгонд кæй æрцæудзысты, уымæй».

Фыстæджы бын Цæгат Ирыстоны 41 фыссæгæй сæ къухтæ бавæрдтой 24.

Фыстæгимæ арвыстæуыд, йæ мидисæн ын æвдисæндарау чи уыди, ахæм уæлæмхасæн æрмæг цалдæр фарсыл. Уым комкоммæ загъд цыди, Фысджыты цæдисы цы уæззау уавæр сæвзæрд, уым сæйраг аххосджын кæй у 12 азы дæргъы правленийы сæргъылæууæг Цæгæраты Максим.

Республикæйы уæды разамындæн уыйбæрц фæадджын ис Цæгæрайы-фырт, æмæ йыл къæм абадын дæр нæ уагътой, йæ кæцыфæнды митæ дæр ын-иу батадысты. Йæ 50 азы бонмæ цы чиныг уагъта, уымæн разныхас чи хъуамæ ныффысса, уый дæр йæхæдæг бацагуырдта. Уæд æз чиныгуадзæны редакторæй куыстон. Æрбахуыдта нæм Джусойты Нафийы, филологон наукæты кандидаты, æмæ загъта: «Уæд та Нафи ныффыссид разныхас?»

Сразы стæм, уæдæ цы. Разныхас тагъд райстам. Юбиляр æй ба-

касти æмæ йæ аиуварс кодта, уымæн æмæ йын Нафи скодта иуцалдæр цæстуарзон фиппаинаджы.

Мæскуымæ æрвыст фыстæг Ирыстоны фысджыты цæдисы цы ’мбырд расайдта (Уæрæсейы Федерацийы Фысджыты цæдисæй дзы уыдысты поэттæ Татьяничева æмæ Ладонщиков), уым хурмæ калд æрцыдысты, кæй ранымадтон, ахæм æмæ бирæ æндæр фыдуынд, цæлхдурæвæрæн хабæрттæ. СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билар Цæгæрайы-фыртæн фæлмæн уайдзæфтæ бакодта. Ælхыскъ дæр æй акодта, хорз, дам, зонæм Цæгæрайы-фырты хъæнтæ, суанг ма уый дæр зонæм, æмæ йæм дыууæ къухфысты куы уа, иу – йæхи, иннæ – кæйдæр, уæд йæхион кæй фæраздæр кæндзæн. Æмæ та куыста. Æмæ та йын тадысты йæ митæ. Борис Шелеповы фыст чиныг «Дети Золотого ущелья» йын йæхи номыл уагъдæй куыд батад, афтæ.

Мыртазты Барис æмæ Хъодзаты Æхсаримæ æртæйæ нæ къухы уыдысты чиныджы къухфыстытæ. Рæстæгмæ дзырдæй нын сæ радта Б.Шелеповы бинойнаг. Чиныджы фыццаг вариант уыди чырынтæ æмæ иухаххон театрады Б.Шелеповы къухæй фыст. Уыди нæм машинкæйæ мыхуыргонд æмæ Шелеповы къухæй рæстытæгонд текст дæр. Цалдæрæй сæ Татьяничевамæ уазæгуатмæ бахастам, фæлæ сæм йæ хъус не ’рдардта, йæ къухмæ дæр сæ нæ райста. Чи зоны, обкомы инструкторы цур æй дзурын нæ бафæндыди – уый дæр баййæфтам уазæгуаты. Æви, хъуыддагæй кæй ницы рауайдзæн, уый рагацау дæр зыдта æмæ йæхи нæуынæг, нæхъусæг скодта. Хъуыддаг бакодтой республикæйы уæды разамынды бар. Уыдон та сæхи æвзæрст кусæджы куы бафхæрдтаиккой, уæд, кадртæ æвзарын кæй нæ зонынц, ууыл сæ басæттын хъуыд.

Плагиаты хабар куы рахъæр, уæд хæрз æнцонæй сбæрæг кæнæн уыди чиныджы æцæг авторы ном – уæлæнгай æвæрдæй лæууыдысты чиныг сфæлдисæджы фыдæбæттæ æвдисæг алы æвдисæндартæ. Уæдæ Мæскуымæ æрвыст фыстæджы фæдыл СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы хæдзары цы æмбырд уыди, уым дæр плагиаты хабар рæгъмæ хаст æрцыди. Гаджиты Георги афтæ загъта: «Хæсты рæстæг мæрдкъахтæн кодтой марыны тæрхон, сабыр рæстæг та сын хъуамæ цавæр тæрхон хаст цæуа?»

Æмбырды уыдысты республикæйы уæды партион æмæ советон разамонджытæй бирæтæ. Фæлæ сæ хъусты разынди къæрмæджытæ

тъыст. Хабæрттæ ныммынæг кæнынил архайдтой бæрзонд бынæтты бадджытæ, уæддæр-иу рахъардтой боны рухсмæ – Борис Шелеповы бинонты ныссабыр кодтой, уыдонæн мæскуыйаг чиныгуадзæн «Детская литература» нæ бафыста гонорар, фæлæ… Цæгæраты Максим йæ дзыппæй!

* * *

1973 азы джиппы уагъдæй фæзынди мæ уацау «Дон æй нæ ласы, арты нæ судзы». Кæуыл æуyæндыдтæн, йæ фиппаинæгтæ мын-иу цæстуарзонæй чи дзырдта, уыдонæй дзы никæй зæрдæ барухс. Хъодзаты Æхсар та мыл æргом бабустæ кодта: «Ахæм макуыуал ныффысс!» Аивады тавс дзы нæй, загъта, хабæртты уацарæй нæ аирвæзтæн, æнкъарæнты зилдухæнтæй не схуызæнон уацау.

Иу чиныгæй иннæмæ уæлдæр хъуамæ хиза автор, æз та ныллæгдæр æруылæн кодтон. Æнхъæлмæ кастæн: уацау ныхасмæ хаст æрцæудзæн, æмæ, Æхсар кæй райдыдта, уыцы фиппаинæгтæ дарддæр ахæццæ кæндзысы прозæйы секциййы. Æз цæттæ уыдтæн цыфæнды домаг æмæ хъæнтæ æргом æвдисæг ныхасмæ байхъусынмæ дæр. Мæн хъуыди уыцы æххуыс. Æмæ мæм фæзынди Нарты æртæ стыр мыггагæй иуы минæвар – Æхсæртæккаты У. Стырдæр амонд кæд кæмæ æрхаудта! Йæхи мæм нæ равдыста, абоны онг дæр æй нæ зонын, ай кæй фæсномыг у, уый. Йæ хъуыдытæ мæм æрхаста газет «Рæстдзинад»-ы 1973 азы апрелы номыртæй иу. Ныхъхъуыстон æм, æмæ мæнæ – нæртон диссаг! Уартæ «сау азты» йæ кæнонтæ чи райдыдта æмæ сæ ныр дæр ныууадзинаг чи нæу, уыцы дæлджинæггæнджыты хъæлæсæй дын ногæй куы сдзурид. Райдианы мын уæзданæй хатыр курæгау загъта: «… Нæ размæ повесты æппæт хорздзинæдты тыххæй бындуронæй радзурыны хæс не ’вæрæм, стæй куыд фæзæгъынц, автормæ къуымых фæрæт райсынмæ дæр нæ хъавæм».

Зæгъын, нæртон мыггагæй лæгмæ цæуылнæ хъуамæ разына цыргъ фæрæт. Æмæ дын Джиоты Хазбийы куы бафæзмид мæ нæртон критик æмæ мын йæ зылынгæнæг фарстытæ мæ цæстытæм куы ныддарид: «Цымæ, кæцы скъолайы фембæлд автор ахæм «рухстауджытыл?», «Цæмæн æй бахъуыдис советон ахуыргæнæджы фæлгонц ахæм æнæхъола ахорæнтæй сфæлындын?», «Кæм федта ахæм «ахуыргæнæджы?», «Цымæ, цæмæн бахъуыдис авторы советон мыхуыры кусæджы ахæм рæузондæй равдисын, йæ хъайтарты номæй

цæмæн фæхудтис газетыл?», «Цымæ, цæмæн бахъуыдис рæстзæрдæ æмæ куыстуарзаг механизаторы ахæм æгады бынаты сæвæрын?»

Критик кæны ахуыргæнæг Сосайы кой. Фæсхæст кадртæ нал уыд. Афтæ-иу рауад, æмæ-иу ахуыргæнæг 3 – 4 предметы дæр амыдта. Æмæ уыцы уавæры Сосай ахуыргæнæг сси. Æргом хъуыдытæ нæ аирвæзтаиккой, фæлæ иугай тæппыты руаджы мæ зæрды равдисын уыди, гуырымыхъхъ, æнæхсæст зондыл хæцæг фæрнджын бынатмæ куы баирвæзы, уæд рæзгæ фæсивæды царды цы бæллæхтæ æрцæуы, уый. Абон æгæр дæр басастыстæм, ахуыргæнæг дæр йæхи бар кæй нæ уыди, тæссармæзонд функционер дзы кæй сарæзта рæстæг, ууыл.

Критик мæстыйæ сдзырдта «советон мыхуыры кусæджы» сæрыл, ома сыл уацауы автор цъыфкалæн кæны. Уацауы иунæг зынд фæкæны журналист Харбе. Фæндыдис мæ, хи хъуыды кæмæ нал баззади, уæлæнгай æвæрд æрмæгдзуан-иу чи ракодта, йæ гонорар-иу алы мæй дæр æххæстæй чи бакуыста, цард цы уыди, уымæй йæ сæдæ хатты рæсугъддæрæй чи ’вдыста, лакировкæйы мадзал цы хуыдтой, уымæй чи пайда кодта, ахæм журналисты равдисын. Харбейы хъустыл æрцыди, хъæутæй, дам, иуы фæсивæд звено сарæзтой, фыдуæгтæм, дам, кусыны зонд æрцыди, æмæ уый хъæумæ – тъæбæртт! Звено Тугъаны руаджы бакъорд, æмæ уымæй хуыздæр чи хъуамæ зона хъуыддаджы бæлвырддзинæдтæ. Харбе сæ колхозы тыххæй амæй размæ цы мæнгтæ фæфыста, Тугъан уый хъуыды кодта æмæ йæм мæстæй хæлди, уæддæр йæхи афтæ равдыста, цыма йæ тынг фæнды, куы та сыл ныффыссид, уый.

Зыдта, цы йын радзура, уый йæм фаг кæй фæкæсдзæн, æмæ йæ сцымыдис кодта йæ фыццаг ныхасæй: «Нæ звено райгуырди Гатойы руаджы!» Харбе йæм фæцырд: «Лæппутæй исчи афтæ хуыйны?» Тугъан зæрдиаг хъæлæсæй: «Хъæуы исты куы вæййы, уæд хистæрæн уый фæбады. Æрæджы дæр ма-иу хос карста… Ацы хъæуы фыццаг хæдзары бындур дæр Гато æрæвæрдта…». Ныр рухсаг фæуинаг Гатойæн Тугъан йæ койтæ цы хъуыста, æндæр ын ницы зыдта. Хохаг рæбыноз хъæутæй кæцыдæры ныгæд раджы æрцыд. Быдыры уæвгæ дæр никуы уыди. Зæрæдтæ-иу ын йæ ном æмбисондæн æрхастой, хъазæн ныхас чи не ’мбары, ахæмы кой-иу куы рацыди, уæд.

Гъе, æмæ уыцы Гатойы мæрдтæй рацæуын кодта Тугъан æмæ йæ сæ хъæуы æрцæрын кодта. Нал уыди Гатойы бон лæппуты æнæчетар митæм кæсын æмæ сфæнд кодта: хъуамæ сæ раст зондыл сардауа.

Иуахæмы сæ сæ хæдзармæ фæхуыдта, дзадджын фынгтæ сын æрæвæрдта, кæм сын гаджидæуттæ уагъта, кæм сын алы æмбисæндтæ хаста.

Фæсæмбисæхсæв кæддæр загъта: «Ныр, мæ хуртæ, мæнмæ дунейы рухсæй бирæ нал хауы. Суæгъд кæндзынæн иу бынат æмæ уæлæуыл фæсæрибардæр уыдзæн. Гъе фæлæ уæ ахсæв иу хорздзинад курын, æмæ мын æй куы сæххæст кæнат, уæд уыл мæрдты ʼрдыгæй хæрзаудæн кæндзынæн». Лæппутæ йæ дзурын дæр не суагътой. Гато сын сæ сарайæ рахаста белтæ, къахæнтæ æмæ сæ, фæтæгенæй судзгæ цырагъæй фæндаг рухс кæнгæйæ, хъæугæронмæ фæхуыдта. Скуывта Хуыцаумæ, цæмæй лæппуты фыдæбон ма фæдзæгъæл уа. Иуран сын хуырджын зæхмæ бацамыдта: ам къахын райдайут. Лæппуты уырнындта, цыдæр сусæг æвæрæнтæ йын дзы кæй ис, æмæ суанг бонрухсмæ зæхх фæфæйлыдтой. Бонрухсы сын Гато загъта: «Ныр ныккæсут уæ къахт дзыхъмæ. Цы сыджыт скалдтат, уый дæр басгарут, цымæ дзы цы ссариккат». Лæппутæ æдзæмæй лæууыдысты. «Гъе уæдæ, мæ хуртæ, уæ хъарутæ афтæ хæрз дзæгъæлы схардз уыдзысты», – дзырдта сын Гато, стæй дзыхъмæ ныххызт æмæ сæм уæлæмæ сдзырдта:

– Уæ фыдæбон цæмæй ма фæдзæгъæл уа, уый тыххæй мыл сыджыт æркалут.

Тугъаны æрымысæггаг хабар Харбейы очеркæн – агургæ æмæ æнæаргæ æрмæг – газеты номыртæй иуы фидыц фæци.

70-æм азты райдианы мын мæскуыйаг чиныгуадзæн «Современник»-ы курдиатмæ гæсгæ мæ уацмыстæн дæлрæнхъон тæлмацæй аргъ кодтой æртæйæ. Сæ иуы – Анатолий Чеховы – рецензи æрбалæууыд мæ зæрдыл. Пайдайаг фиппаинæгтæ мын дзæвгар уыди, фæлæ мын мæнæ ахæм уайдзæф дæр бакодта: «Вызывает сомнение сама постановка проблемы: если из трех действующих главных героев двое готовы положить саму жизнь на алтарь Отечества, а третий – дезертир, не слишком ли это много в процентном отношении, поскольку литература всегда, хочет этого автор или не хочет, – обобщение», æмæ дзы мæ зæрдæ бамæгуыр, зæгъын, мæскуыйаг рецензент æмæ фыссæг дæр хуыздæр раны не сты. Ам ныхас цæуы уацау «Норст цæхæр»-ыл.

...Фæсхæст адæммæ хоры гагатæ фæзынди, фæлæ нырма се рæгътæ гом уыдысты, æмæ Астраханьмæ, æндæр рæттæм цыдысты, хор ластой семæ, уæй йæ кодтой æмæ æлхæдтой хъуымац, дарæстæ. Ацы хабæрттæ ирон хъæуты хистæр фæлтæр ныр дæр ма тынг хорз хъуыды кæнынц.

Афтидæй дзы-иу чи сыздæхт, уыдонæй дæр ма чидæртæ æгас сты. Иуæн дзы йæ хъæдуры чумæдан йæ цурæй фелвæстой, йæ бынаты йын авæрдтой бызгъуыртæй дзаг голлаг æмæ афардæг сты. Уацауы уыцы хабæртты кой дæр цæуы, æмæ уый тыххæй мæ критик зæгъы: «Бицъойы-фырт нæ æууæндын кæны… уыцы хабарыл. Фæлæ мах нæ уырны, уымæн æмæ æцæгдзинадæй афтæ никуы уыди».

Ай бæллæх нæу: мæ критик цы нæ федта, æмæ цы нæ зоны, уыдæтты кой кæнын мæ нæ уадзы, йæхи дæр мæм не 'вдисы, куыд фыссын хъæуы, уый дæр мын нæ амоны!

Ацы уацауы тыххæй ма журнал «Мах дуджы» 1973 азы 10 номыры сæ хъуыдытæ загътой Джиоты Хазби æмæ Джыккайты Шамил.

Хазби нæ ивы æмæ ивинаг дæр нæу йæ иударон вульгарон-социологон критикæйы джиппытæ. Уыдон ын уыдысты æмæ сты ифтыгъд хотыхтау æмæ йын басгуыхынц маст исыны фæрæзтæ. Уацмыс «джиппы» аккаг куы нæ рауайы, уæд уым æмбæхст ис, нæ цардæн тæссаг кæмæй у, ахæм халæн æрмæг. Хазби уацауы хъайтары тыххæй зæгъы: «Иу дзырдæй, уыцы гуыбындзæлты, расыггæнджыты иууылдæр сæ сабибонты æбуалгъ хъысмæт бафхæрдта, иуты, – сæ мадæлтæ æмæ фыдæлтæ кæй фæхъуыдысты, иннæты та, – сæ мадæлтæ моралон æгъдауæй хæлд кæй разындысты, уый аххосæй. Ахæм у авторы концепци. Уый та бынтон раст нæу. Ау, æфхæрд, æвæгæсæг æмæ тыхст сабитыл æхсæнадон организацитæ куыд нæ аудыдтаиккой!»

Хазби æгæр хорз дæр ма зыдта, æхсæнадон организацитæ раджы кæй сбюрократон сты, инструкцитæй амад фидæртты сæ кæнонтæ кæй кодтой, æмæ мæ ныхас дæр уыдæттæ зæгъыны охыл кæй у. Фæлæ йын æз уый размæ йæ радзырдты æмбырдгонд «Хыртт-мыртт мæм нæй»-ы тыххæй загътон ахæм хъуыдытæ: «Йæ радзырдтæ сатирикон рахуыдта, фæлæ уыцы жанрмæ ницы бар дарынц, уымæн æмæ не схызтысты аивадон уацмысты онг. Ацы радзырдтæ сты схематикон, цъапгонд, сæ хъайтартæ – æнæудтæ, адæймаг цæмæй адæймаг у, сæ царды сын ахæм мидис нæ ары, ахæм æууæлтæй хайджын не сты, примитивон дзырдхæсджыты, дамдумгæнджыты æмвæзæй уæлдæр не схизынц. Йæ алы радзырды дæр чидæр кæуылдæр цъыф калы, дамтæ мысы, дзырд хæссы. Царды та суанг дамдумгæнджытæ дæр иу джиппы уагъд не 'рцæуынц, Хазбийы хъайтартау уæлæнгай æвæрд нæ вæййынц сæ митæ…».

Гъемæ мæнæ Хазбийæн фæцис йæ маст мæнæй райсыны фадат…

Уæвæн ис, æмæ иу кæнæ иннæ уацмыс аивадон æгъдауæй ма фæрæстмæ уа (Джиойы-фырт мын мæ уацау «литературон брак» рахуыдта). Раст у, «брак» дæр рацæуы фыссæджы къухæй æмæ йыл, литературон критикæйы домæнтæ хынцгæйæ, цыфæнды карз ныхас куы рауайы, уæддæр æм автор байхъусы. Бæллæх уый мидæг уыдис, æмæ-иу критик, йæ маст кæмæй иста, уыцы авторы уацмысы аивадон къуыхцытыл нæ дзырдта, фæлæ дзы-иу агуырдта, советон дугыл æй цъыфкалæджы бынаты чи сæвæрдтаид, ахæм тæссаг мидис. Ахæм критикæ-иу басгуыхти фыссæгæн къухтæбæттæн къæппæгау. Æппын фæстаг æй здæхта аивады удмарæг схемæмæ.

Шамил мæ уацау «Дон æй нæ ласы, арты нæ судзы»-йы тыххæй фыста: «Уацмысы архайджытæй иуæн дæр нывыл æвæрд нæ уыд йæ бинонты цард, иу дæр дзы нæ хъомыл кодта æмбæлгæ уавæрты. Афтæмæй хæлд сæ зæрдæйы уаг, иппæрд кодтой ахуыр æмæ нæ цар-ды стыр нысантæй». Хазби уацмысы æвзагæй зæгъы: «уæззау æмæ гуырымыхъхъ у». Шамилмæ гæсгæ та: «Йæ ныхас у нывæфтыд æмæ нуарджын, рæстдзæвин æмæ ахадгæ». Хазби зæгъы: «Бицъойы-фырты чиныджы нæй, бæлвырд проблематикæйæ чи равзæрд, ахæм сюжет, конфликт æмæ фæлгонцтæ. Уымæ гæсгæ чиныгкæсæг тыхамæлттæй бакæсы уацмыс». Шамил зæгъы: «Куыд хуымæтæг у йæ фабулæ, йæ сæйраг архайд, афтæ вазыгджындæр у йæ сюжет, ома, централон æмæ фæрссаг къабузтæ фæд-фæдыл цы хуызы æвæрд цæуынц, уыцы таурæгъон арæзт».

Шамил скодта, уацау цæуылнæ фæрæстмæ, уыцы сæйраг æфсонæн æрмæстдæр йæ кой, фæлæ йæ хъуыды æргом нæ райхæлдта. Уацау куы фыстон, уæддæр æй хатыдтон, хабæртты уацарæй кæронмæ кæй не ссæрибар дæн, уый. Къæрцхъус мидредактор хæцыди, мæ фыссæн сис цы къухмæ райстон, ууыл æмæ йæ не суагъта. «Рæдийын» мæ нæ бауагъта. Æмæ уацауы сæйраг хъуыды лозунгау рауади æргом, ома æрмæстдæр хорз ныййарджытæ схъомыл кæнынц хорз цот, зæгъгæ. Аивадон уацмыс бирæ вазыгджындæр, æмбæхстдæр фарстытæн дзуапп кæй хъуамæ дæтта, уый æмбæрстон. Цæмæн свæййынц ныййарджытæ (æниу канд ныййарджытæ не свæййынц) расыггæнджытæ? Цæмæн лæвæрдта цард Сосайы хуызæн æнæзæрдæ, æнæхсæстытæн ахуыргæнæг суæвыны фадат?

Уацмыс уыцы æмæ бирæ æндæр уæззау «цæмæн»-тæн дзуапп куы

ратты, уæд свæйййы аивадон. Ахæм уацмысы хъайтартæн æнцонæй дыууæ къордыл фæдих кæнæн нæ вæйййы. Социалистон реализмы мадзалмæ гæсгæ чи фыссын кодта, уыдон комкоммæ домдтой: дæ уацмысы архайджытæ искуы-иу стæмтæй фæстæмæ хъуамæ суой, адæм кæй фæдыл хъуамæ цæуой, ахæм фæзминæгтæ, зæххон зæдтæ. Царды æцæгдзинад зади аууæтты, уыди сусæггонд, авд дуары мидæг æмбæхст. Сæттын ыл: ацы уацау мын аивадон уацмысы ад не скодта райдианæй фæстæмæ дæр – очеркы тавс мæм дзы цæуы. Къæрцхъус, алцы фиппайаг редакторы сасирæй луæрст очеркы тавс.

Мæ уацау «Газгайы чындз» дæр нæ аирвæзт комкоммæ мастисæг критикæйæ. Фæлæ мæ уый тыххæй дзурын нал фæнды. Стыр ныхасы аккаг мæм кæсы, уæды дуджы æппæтцæдисон критикæ национ литературæты минæвæртты сфæлдыстадæн цы аргъ кодта, уый. Уырыссаг литературæйы дæр æлдариуæг кодта уæды рæстæджы домæнтæ æххæстгæнæг официозон критикæ – дымгæ чердæм дымдта, уыцырдæм-иу фездæхти. Ахæм критикæйы бартæ æмæ фадæттæ уыдысты æгæрон бирæ. Фæлæ уыди, литературæ аивад цæйты руаджы вæйййы, ууыл ныфсджынæй дзурæг, æцæг аивады сæрыл тохгæнæг критикæ дæр.

Уый минæвæртты ныхасмæ арæх нæ хуыдтой, уыдысты æбар, æвадат. Национ литературæтæ задысты официалон критикæйы бар. Аргъ нын кодтой хиуылхæцгæйæ, нæ уацмысты цас аивадон æндæвд ис, уый сбарыны бæсты-иу фæнымадтой, ног дуджы ног æууæлтæ æвдисыны дæсныйадæй чи тынгдæр фæхайджын, уыцы авторты мыггæгтæ. Съездтæм, бæрæгбæттæм арæзтой сæрмагонд номхыгъдтæ. Фæткмæ гæсгæ номхыгъды хъуамæ уыдаиккой алы нацийы минæвæрттæ дæр. Уырдæм-иу чи бахауд, уыдон – литературæйы хъаймагъ. Центрон мыхуыры дæ раппæлыдысты, уæд цыма æргъау мæсыджы бадыс, – къух бакæнæн дæм нал уыдзæн.

Центрон мыхуыр-иу мæ куысты тыххæй дзæбæх куы загътой, уæд-иу нæ бацин кодтон, куы зæгъин, уæд мын уый мæнг ныхас уаид. О, фæлæ уæддæр адæймаг иуахæмы ма ахъуыды кæна, алæ-ма, цæй тыххæй мын ахæм аргъ кæнынц, зæгъгæ, уымæн куыд уæвæн ис?..

«Дух Осетии, жизнь ее людей, их радости и печали питают творчество Гриша Бицоева, писателя яркого и самобытного», – фыссы Светлана Сотскова («Литературная Россия», 1980 аз, 8 февраль). Ныхас цæуы уацау «Газгайы чындз»-ыл. Мыхуыры рацыди уырыссаг

æвзагмæ тæлмацгондæй Мæскуыйы чиныгуадзæн «Современник»-ы 1979 азы. Иу фиппаинаг дæр мын нæ загътой, æрмæстдæр æппæлгæ: «… речь героев индивидуализирована, образна, насыщена национальным колоритом. Порой рассказы героев повести напоминают законченные новеллы».

Чысылæй фæстæмæ нын нæ сæрты ахæм хъуыды тъыстой: ивгъуыд дуджы баззайæггæгтæй чи ссæрибар уа, æрмæстдæр уымæн у йæ бон рæстæгимæ æмцыд кæнын. Советон дуджы чи схъомыл, уыдон – раззагдæр идеалтæ хæссæг, революцийы размæ чи райгуырд, уыдон уыцы дугæй алы низтæ æмæ хъылматæ сæ туджы, сæ буары æрхастой æмæ ног дуджы размæцыдæн фестынц цæлхдуртæ. Уый дын – схемæ, уый дын – конфликтты гуырæн.

Уыцы схемæйы ныввтыл нывæст æрцыди мæ уацауы сюжет. Цин кæны федерацийы фысджыты сæйраг газет дæр, ома хуыздæр фест, Бицъойы-фырт, афтæ чи сарæхст, æмæ мын фæдзæхсы: уыцы фæндагæй иуварс ма фæзил. «Отправной точкой конфликта становится стремление свекрови держать невестку в рамках старого осетинского обычая», – фысссы рецензийы автор, мæ уацау æм зынаргъ цæй тыххæй фæкасти, уый тыххæй, ома, æфсин, ивгъуыд дуджы чи райгуырд, уыцы талынг зондыл хæст адæймаг йæ чындзы, советон фæлтæры минæвары, хурхæй мары. Ома, ивгъуыд æнусæй нæм иу фæрнджын æгъдау, иу рæстмæ фæтк не 'рхастой, æмæ сыл уæ къух сисут, бындзарæй сæ сыскъуынут…

Джыккайты Шамил ма афтæ дæр загъта: «Бицъоты Грис ирон прозæмæ æрбацыд, ихсыд литературон фæрæзтыл æнауæрдонæй къух чи систа, ахæм фыссæгæй».

Уый стыр хъизæмар уыди. Иударон штамптæ, цæттæ схемæтæ æмæ, æввонгæй цы ихсыд мадзæлттæ æрæййæфтай, уыдонæй æнæмæнг хъуыди фервæзын. Уый тыххæй бахъуыди рæстæг æмæ хъарутæ схардз кæнын. Уыдон сфæлдыстадон куысты «технологийы» фарстытæ сты, æмæ фыссæджы къухы уыцы хуызы истытæ кæй бафтыди, уымæй хъуамæ æппæлгæ кæниккам? Уацмысæн аргъгонд хъуамæ цыдаид æмæ цæуа, æппæты карздæр домæнтæ хынцгæйæ. Хъуамæ-иу искуы æргом исчи загътаид: уæртæ уымæй фыссæг нæ рауади, фыссæджы ном фæхаста, уæртæ уый та у фыссæг. Æргом ныхас-иу рауади литературæйы тыххæй съездты, афæдзы куыстытæ хынцæн æмбырдты, сфæлдыстадон секциты, чиныгуадзæны курдиатмæ гæсгæ фыст рецензиты, эстетикон

æфсармæй хайджын фысджыты уацты. Æргом аргъгонд-иу æрцыди, аивадмæ чи ницы бар дары, темæ цæсты чи æфтауы, уыцы уацмыстæн. Фæлæ ахæм критикæйæн уæрæхгонд мыхуыры бынат нæ лæвæрдтой, æмæ чиныгкæсæг дзыллæтæм нæ хæццæ кодта.

80-æм азты райдианты мын бахæс кодтой, цæмæй афæдзы фыдæбæттæ хынцæн æмбырды доклад скодтаин нæ прозæйы тыххæй. Дзырдтон, иударон штамптæ, сыдывд дзырд-ахорæнтæ, трафаретон дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ иу фыссæджы уацмыстæй иннæйы уацмыстæм кæй хизынц, къухæй-къухмæ кæй цæуынц, æмæ ахæм уацмыстæ æнæуд, фæлурс, рæстæджы æууæлтæй иппæрд кæй рауайынц, уый тыххæй. Загътон, уыцы уавæр цæмæн сæвзæрд, уый æфсæнтты тыххæй дæр. Фольклор аивадон литературæйæн басгуыхы æвæджиауы æнæсысгæ гуырæн, фыссæг дзы сфæлдыстадон хуызы куы фæпайда кæны, уæд. Æвидигæ йын кæны йæ аивадон мадзæлтты гуырæн, фæпарахатдæр вæййынц йæ дуне уынины арæнтæ.

Фæлæ адæмон сфæлдыстады мадзæлттæ механикон хуызы куы фæлхатай, уæд уый асайы фактографи æмæ къæбæлдзыг ныхасмæ. Цæвиттон, фыссæг цардæй исты хабæрттæ комкоммæ райсы æмæ сæ аргъæутты, таурæгъты стилизацигонд æвзагæй радзуры. Ахæм уацмыс таурæгъ дæр не свæййы, реалистон уацмыс дæр дзы нæ рауайы. Загътон, уыцы фæндагыл цæуы Цæгæраты Максим дæр, зæгъгæ. Йæ хъуыдыйад лæгъз фыст вæййы, йæ къухфыстытæм уыцы хуызы зилын нæ фæхъæуы, редактортæй-иу кæмæ бахаудысты, уый-иу бацин кодта. Уæд дын Гаджиты Геор Максимы сæрыл рахæцыди, фæнымадта, уый сфæлдыстадæн аргъ кæнгæйæ, официалон критикæ цы эпитеттæй пайда кодта, уыдон. Уый фæстæ мæнырдæм раздæхт; дзырдæй-дзырдмæ йын йæ ныхæстæ нæ афæзмдзынæн, фæлæ загъта ахæм хъуыдытæ: «Ды зæгъыс, Максимы уацмыстæ не сты оригиналон. Æмæ кæд, оригиналон чи нæ рауад, ахæм уацмыстæ агурæм, уæд мæнæ, фыццаджыдæр, дæ роман «Арвы айдæн». Цæрмыстыгъд бакодтай уырыссаг фыссæг Виктор Авдеевы чиныг «Гурты на дорогах».

Уыцы уацмысы тыххæй Авдеевы 50-æм азты схорзæхджын кодтоа Сталины номыл премийæ.

Гаджийы-фырт æнæгуырысхойæ нымадта: уыцы чиныгæн æз комкоммæ райстон йæ темæ, йæ идейæ æмæ йæ хъайтарты сурæттæ. Авдеевмæ ахæм чиныг ис, уый зыдтон – уæды рæстæджы-иу Стали-

ны премийы лауреатты нæмттæ стъалытау сбæрзонд кодтой, фæлæ йæ нæ бакастæн. Гаджийы-фырты ныхасæй хорзау нал фæдæн æмæ исдуг афтæ ахъуыды кодтон: дыууæ чиныджы дæр ныхас цæуы, Фыдыбæстæйы хæсты заман нæ адæмы исбон, нæ хæзнатæ немыцаг лæбурджыты къухтæм цæмæй ма бахауой, уый тыххæй сæ фæсвæд районтæм куыд æрвыстой, уыцы рæстæгыл. Æмæ, зæгъын, кæд барæнæбары чингуыты исты æнгæс бынæттæ разынди. Куыд зæгъынц, афтæмæй велосипед иу æмæ дыууæ хатты нæ сарæзтой.

Æз сдзурынхъом дæр нал сдæн. Геор мыл уæззау уаргъ ныххуырста! Малиты Васо загъта: «Ахæм къамис саразæм, рæстдзинад чи сбæрæг кæна. Ацы ныхасæн афтæ уадзæн нæй – аххосджын хъуамæ æфхæрд æрцæуа». Фысджыты цæдисы уæды сæрдары æмæ правленийы уæнгтæй кæйдæрты нæ бафæндыди ахæм къамис саразын. Цъыфкалджытæ æмæ мастисджытæ сæ тæккæ кæнонтæ кæнгæйæ уыдысты æмæ сæ хъахъхъæдтой, бартæ кæй къухы уыдысты, уыдон. Тынг æхсызгон сæ хъуыдысты. Йæ хъуыды æргом чи дзырдта, сауы сау чи хуыдта уыдонæй-иу чидæртæ ахæстонмæ дæр бахаудысты, иннæтыл мыхуыры цъыф калдтой, æбуалгъ хахуыртæ сыл мысыдысты, цæсты сæ æфтыдтой.

Фæстæдæр бакастæн Авдеевы «Гурты на дорогах». Бакасти йæ мæ уацмыстæ мын уырыссаг æвзагмæ тæлмацгæнæг Тотраты Руслан дæр. Цасдæр рæстæджы фæстæ Фысджыты цæдисы ног æмбырды загътон: кæд æз уыцы чиныгæй иунæг тæпп, иунæг штрих дæр райстон, уæд мæ уæнгон билет мæнæ ам уæ разы стъолыл æвæрын. Хъодзаты Æхсар дзырдæппарæн бакодта: «Раздæр уал, искæуыл рæстæй тугтæ чи фæмысыд, уый æрæвæрæд йæ билет». Уæйыджы хъусы уад уайы…

* * *

Искуы æргом ныхасы дуг ралæудзæн, уый нæ фыны дæр куы нæма уырныдта, уыцы рæстæг сæмбæлдыстæм, йæ мыздæй дарддæр кæмæ ницы ’фтиаг хауди, рæстæй цæрын йæ царды фæтк кæмæн сси, ахæмтæ цалдæрæй. Нæ хъынцъымтæ кæрæдзийæн дзырдтам, бонæй-бон заууатдæрмæ кæй цæуæм æмæ нын хуымæтæджы фиппаинаг зæгъыны бар дæр кæй нæй, уыцы судзаг мæстытæ кæрæдзийæн калдтам. Стæй нæ чидæр афтæ бакодта: «Æвæдза, уникалон рæстæджы цæрæм, иу раст адæймаг дæр кæм нал ис, ахæм бæстæйы». Раст адæм та нæм куыннæ ис, зæгъгæ йæм фæлæбурдтам. Уый афтæ бакодта: «Уæдæ ма

уæ алчидæр йæхимидæг йæхиуыл йæ цæст æрхæссæд, цымæ никуы фæкъуыхцы дæ? Нæ дæ фæндыд, афтæмæй дæ нæ фæрæдийын кодтой… Иу дæр уæ ахæм нæй, давгæ чи нæ кæны…»

Кæд дæхæдæг истытæ давыс æмæ дæ мах нæ зыдтам, æндæр махæй давæг ничи у, зæгъгæ йæм фæрæвдз стæм. Уый та загъта: «Рæстæг давут. Куыстмæ уæ чи цал хатты байрæджы кодта, кæнæ куыстæй афонæй раздæр цал æмæ цал хатты ацæут?» Фæстæмæ сдзурынхъом ничи сси. «Гъе уæдæ не 'гас дæр давджытæ стæм, – йæ ныхас балхынцъ кодта не 'рдхорд. – Уæхимæ дзæбæхдæр куы баджигул кæнат, уæд ма уæ алкæмæ дæр разындзæн, уæ дзæнæтмæ фæндаг лæгъз кæй тыххæй нæ рауайдзæн, ахæм хабæрттæ дæр».

Мæхимæ джигул кæнын мæ нæ бахъуыди. 60-æм азты райдианы мын фыццаг хатт радтой, æмкъул дыууæ уаты кæм уыди, ахæм фатер. Мæ уазджытæй иуæй-иутæ цалдæр азы дæргъы уыцы иу ныхас кодтой: «Замманай фатер уын радтой, фæлæ æгæр афтид у». Æмæ, 1967 азы Мæскуымæ куы ныфтыдтæн, уæд хæдзары хъуыддæгты фæдыл дæр зылдтæн, «Мебель» нысан кæуыл уыди, уыцы дуканитæ дæр-иу абæрæг кодтон. Æртыккаг бон иуран ахæм ныв баййæфтон: дуканийы кусæг æмбырд кодта тарморæ немыцаг гарнитур. Æввахс æм лæууыд æрыгон сылгоймаг æмæ, йæ цæссыгтæй йæхи æхсгæйæ, ивазгæ хъæлæсæй хъарæггæнæгау дзырдта: «Хуссарæй саулагъз адæм цæуынц æмæ сæ уыдоны фыццаг скæнут. Æз ам уæ фындзы бын цæрын, фæлæ нып æртыккаг аз мæ къухы ницы æфты… Æмæ сын сæ цæуылнæ дæттат – дзагармæй уæм фæзынынц…».

Азылдтæн ма ноджыдæр дуканитыл, фæлæ зæрдæ ницæмæй барухс. Æлхæнджытæй иу загъта: ныр æртæ къуырийы зилын æмæ ницæуыл хæст кæнын. Иннæ фæзылди ноджы фылдæр рæстæг… Иубон иу дуканийы дуармæ мæ уæлхъус алæууыд иу мæхи карæн. Цы мæ хъæуы, уый куы базыдта, уæд «ис», зæгъгæ, йæ сæр батылдта, такси фæурæдта æмæ – Ленины проспектмæ. Уыцы уынджы разынди стыр дукани. Мæ «хæрзгæнæг» мын товар фенын кодта æмæ, мæ зæрдæмæ кæй цæуы, уый куы бамбæрста, уæд мæ хибар ранмæ акодта æмæ мын мæ хъусы баулæфæгау кодта: «Чекы аргъ у 90 сомы». Бамбæрстон æй, ома, товар дын кæй ссардтон, уый тыххæй мын гæртам ратт фараст туманы.

Гæртам дæттын кæм хъæудзæн, цард мæ искуы ахæм уынгæг ранмæ батæрдзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн, æмæ мæ цыма æлгъаг

истæмæй самæнтдзысты æмæ цæсты æвæрд фæуыдзынæн, афтæ мæ зæрдæ хæссæгау кодта. Зæгъын, мæ къух ауигъон æмæ ардыгæй мæхи айсон, фæлæ хæдзары бинонтæн фидар зæрдæ кæй бавæрдтон æмæ сæм афтидæй куы ссæуон, уæд сын цы зæрдæниз сараздзынæн, уыцы хъуыдытæ мæ сызмæлын не суагътой.

Бафыстон гарнитуры аргъ, бафыстон, вагзалмæ мын сæ чи аласдзæн, уыцы машинæйы тыххæй æмæ «хæрзгæнæгæн» дæр йæ гæртам радтон. Стæй дуканигæстæм бавдыстон мæ чек, зæгъын, мæ товар мын радтут. Нæ мæ хъусынц. Дзæбæх мæ куы фæмæстæй мардтой, уæд сæ иу мæ чекмæ æркаст, йæхи фенхъырдтæ кодта æмæ мæ афарста: «Чи дын æй рафыста?» Зæгъын, ацы дуканийы мын æй рафыстой. Нæ кусджытæй, дам дзы никæй къухæвæрд ис. Æмæ та мæ разæй йæхи айста уый дæр. Цасдæр рæстæджы фæстæ мын æндæр афтæ: «Товар цæмæй батухой, уый тыххæй дæ фидын хъæуы 10 туманы». Уæд сæ фембæрстон – дыууæ цармы мæ бастигъинаг сты. Фыр мæстæй схæлбурцъ кодтон, зæгъын, сымах гæртамхортæ стут. Æрæджиау кæддæр мын мæ товартæ рахастой сæрмагонд уатмæ. Стæй та мæ фæйнæ цармы бастыгъ-той уæзæгтæхæсджытæ, вагзалы мын мæ дзаумæттæ гæххæтты чи батыхта æмæ сæ гæххæттын синагæй чи бабаста, уый, æмæ, æппынфæстаг, вагоны сæ чи сæвæрдта, уыдон. Алы æфсæнттæ-иу кодтой: нæ куысты рæстæг фæци, дыууæ сменæйы кусæм æмæ нæ къæхтыл лæууынхъом нал стæм…

Къорд азы фæстæ мæ хабæрттæ дзырдтон мæ иу зонгæйæн. Уый мын афтæ: «Дæ бонæй у, дæуæн асламæй ацыдысты. Ныр гарнитурæн дыууæ-æртæ аргъы зынаргъдæр бафидын хъæуы…».

* * *

1988 азы сæрды Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдис æрбахуыдтой Абайты Васойы. «Абон мæ исчи мæ наукон куыстæй куы фæфæрсы, – дзырта номдзыд ахуыргонд, – уæд сын фæзæгъын: æмæ ма ныр наукæйыл стæм! Абон нæ разы ис иунæг хæс: нæ удтæ ссыгъдæг, ссæрибар кæнæм». Сабийы цинау йæ цин æнахуыр рæсугъд уыди. Нæ фысджытæй мын иу уыцы сахатыл загъта: «Гъе ныр куыд у, афтæ ахæссæд, æндæр айдагъ дон æмæ сур къæбæрæй цæрыныл дæр разы дæн».

Æргом ныхасы, дзырды сæрибар зæрдæйæ чи райста, уыдоны цин цы æнæкъæм, цы æнувыд, цы зæрдæбын у! Уыдоны нымæц рæзы,

фæлæ æгæр сындæг. Нырма æрдзæты уæнджы бады æндзыггæнаг, дзыхтыл цъутта æвæрæг тас. Æлдариуæг кæнын чи сахуыр, егъау бæстæ зауатмæ чи æртардта, уыдон æвдудонтæ сты æмæ та сæ фарчы хай тондзысты.

Царды уæз кæуыл æрæнцайы, уыдоны хъысмæт у æппæты нымаинагдæр æмæ хъуыдыйагдæр. Рацарæзтыл уыдон куыд æнувыд æмæ зæрдæйæ уой, уымæй аразгæ уыдзæни йæ фесгуыхын. Æнувыд та йыл уæд уыдзысты, æмæ йæ рухс зæрдæтыл куы ’мбæла, сæ фыдæбонæн сын кæдæй-уæдæй, цы фæтчы, уый фидын куы байдайой. Ахæм фæтк куы сфидар уа: кусæг – дзаг арм, магуса – афтид арм.

Рацарæзт йæ фыццаг къахдзæфтæ куы кодта, социализм нæ бæстæйы нæ фæрæстмæ ис, зæгъгæ, æргом загъд куы æрцыди, ноджы, цæй тыххæй нæ фæрæстмæ, уыцы æфсæнттæ хъæрæй дзурын куы байдыдтой, уæд мæ, базыртæ чи садзы, ахæм ныфс бацыди, уæдæ мæнæ ныр милуантæ сæ гипнозæй æрыхъал уыдзысты, иу фарны хъуыды нæ бабæтдзæн, сдзурдзыстæм æмхъæлæсæй, цæрæнбонты нæ цагъарты уавæры чи æвæры, æрдзон адæймаджы хуыз æрмæстдæр æддаг бакастæй кæмæн ис, уыцы бæрзонд бынæттæ ахсæг советон æлдæртты ныхмæ, адæмон цæдис нæ æрбангом кæндзæн…

Цы тæлæссонд разындысты мæ хъуыдытæ, мæ бæллицтæ!.. Цæрæнбонты цы зæххон хуыцæуттæн фæкуывтам, уыдоны удæгас сурæттæ рæстдзинады рухсмæ цы фыдуынд, гæлиртæ æмæ мæгуырадæфтауæг разындысты, цы хъазайраггæнæг, æзуонгæнæг, хæйрæджыты сайд… Рухс фидæнмæ хонæг нысанттæ æмæ бæллицтæ фæмæнг сты, æмæ ралæууыди милуантæн хъизæмæрттæ æвзарыны рæстæг, мидхæсты тасæй адæмы ницыуал æндæвта, сæ удтæ сæ армы хастой…

Ахæм рæстæг-иу интеллектуалты ныхас хъуамæ æвдадзы хос басгуыхид адæмæн, ныфс сæ-иу бауадзид. Æрмæстдæр культурæ дæтты адæмæн уды сæрибар, культурæтауæг та вæййынц æцæг интеллигенцийы минæвæрттæ. Мæхицæн уыцы ныфсæвæрæнтæ куы кодтон, уæд федтон чингуыты дуканийы тæрхæгыл чиныг «К сияющим вершинам».

Исдуг мæм ахæм хъуыды фегуырди: кæд альпинистты ног сгуыхтдзинæдты тыххæй дзурæг у. Фæлæ йæ 1988 азы чиныгуадзæн «Ир» кæй рауагъта æмæ йæ Течъиаты Васили кæй ныффыста, уыдæттæ

бафиппайгæйæ йæ балхæдтон. Æмæ дын йæ дыккаг фарсыл кæсын: «…Успешно развивались наука, искусство, литература. В искусстве и литературе утвердился метод социалистического реализма. В ходе строительства социализма сложилось морально-политическое единство советского народа, и укрепилась дружба народов СССР».

Фæфæлдæхтон, фæкастæн чиныг – кæрæй-кæронмæ дзуры уыцы цъæлхъæр риторикон хъæлæсæй, æмæ бадис кодтон: цымæ ма цы хуызы фæзынди ацы чиныг? Чиныгуадзæны кусджытæ мын æй афтæ бамбарын кодтой: уый йæ диссертацийы темæ уыди, æмæ йын æй рауагътам… Уæддæр цæй охыл?!

Нырыккон уырыссаг критиктæ социалистон реализмы мадзал рахуыдтой «фантом», ома, уæвгæ чи нæй, фæлæ цæстытыл чи ауайы, ахæм цавæрдæр æндæрг. Иннæтæм гæсгæ та уыди, сфæлдыстадон кусæджы дзых чи æхгæдта, ахæм цъутта.

Цымæ ма, зæгъын, уæддæр ацы чиныг кæй бахъæуыдзæн? Нæ аивад, нæ литературæ нын чи пропагандæ кæны, уыдоны? Чи зоны, литературæйы ахуыргæнджытæ афæлдахдзысты чиныг æмæ 95 фарсыл бакæсдзысты: «Продолжателями лучших традиций осетинской прозы, ее революционной страстности и идейной заостренности явились писатели среднего поколения Максим Цагараев, Тотрбек Джатиев, Кудзаг Дзесов, Сергей Марзоев, Александр Царукаев, Тазе Бесаев, Ашах Токаев, Умар Богазов и др.».

Нæ ахуыргæнджытæ æдзух уыцы ныхас кæнынц: тынг æхсызгон нæ хъæуы, нæ фысджыты сфæлдыстад бындуронæй анализгонд кæм цæуа, ахæм критикон, наукон литературæ. Æмæ, цымæ, ныр ацы чиныджы ахæмæй цы ссардзысты? Дзесты Куыдзæг æмæ Мæрзойты Сергей иу фæлтæры минæвæрттыл нымад кæй æрцыдысты, уый? Æви, Цæрукъаты Алыксандр айдагъ прозаикæй кæй агæпп кодта, уыцы информаци?

Фыссæг мæ цæуылнæ рауад, уыцы хъуыды райхалыны тыххæй алы уырнинаг аргументтæ куы агуырдтон, уыцы рæстæг мын Течъиайыфырт та йæ чиныджы бæрзонд бынат саккаг кодта. Уæлдæр цы скъуыддзаг æрхастон, уый дарддæр кæсæм: «В духе честного служения народу воспитывается идущее за ними поколение осетинских писателей. Среди них Гриш Бицоев, Васо Малиев, Георгий Гагиев, Шамиль Джикаев, Ахсар Кодзаев, Сафар Хаблиев, Ахсар Чеджемов, Камал Ходов и др.».

Сæ иуы иннæмæй нæ раиртасдзынæ, ахæм æмвæлыст, æмкъахдзæфгæнæг курсантты хуызæнæй ауайынц мæ цæстытыл, ноджы та ам дæр дыууæ фæлтæры минæвæрттæ фаззæттæй агæппытæ ластой. Диссертацийы хицау хъусгæ дæр никуы фæкодта, æвæццæгæн, Хъодзаты Æхсар ныр бирæ азты дæргъы уырыссагау йæ мыггаг Кодзати кæй фыссы, уый дæр.

Æгас дуне дæр сæ хъус кæмæ дарынц, абоны уыцы диссæгтæ чиныг рауадзджыты æппындæр нæ бандæвтой, раст цыма, адæмы хъæр кæдæм нæ хъуысы, ахæм сакъадахыл цæрынц…

* * *

Алцыдæр паддзахадон дуканийы чи ’лхæны, æз дæр уыдонæй дæн, æмæ гæнæн æмæ амалæй нал бахизин йæ къæсæрæй, уымæн æмæ нын уæй кæнынц хорæй хоры сæфт, кæмæй фæзæгъынц, донæй доны сæфт, ахæм хойраг. Ноджы ма дзулы аргъыл бафтыд, фæлæ мисхалы бæрц дæр нæ фæхуыздæр…

Конституцимæ гæсгæ нацитæн æмхуызон бартæ лæвæрд цыди, автономийыл нымад цыдыстæм, ома наци хъуамæ йæхæдæг уыдаид паддзахадон хицаудзинад æххæстгæнæг. Уыдон уыдысты гæххæттыл фыст ныхæстæ. Бынæттон разамонджытæм ницы бартæ лæвæрд цыди, сæ куыст арæзтой Мæскуыйы домæнтæм гæсгæ. Æндæр уымæн уæвæн куыд ис, æмæ, автономон республикæ цы адæмы ном хæссы, уый фæсивæд сæ мадæлон æвзагыл газет ма кæсой? Суанг хистæр къласты онг не скъолаты æппæт предметтæ дæр ирон æвзагыл куы ахуыр кодтой, уæды рæстæджы ирон интеллигенци ныры ахуыргонд фæлтæрæй ныллæгдæр нæ уыдысты. Уæвгæ ма цæй ирон интеллигенцийы кой кæнын – иронау кæсын æмæ дзурын сси фæстæзады, æнахуыргонды нысан. Газет «Рæстдзинад» æмæ журнал «Мах дуг»-мæ стæмтæй фæстæмæ ирæттæ сæ хъуыдытæ, сæ наукон куыстытæ уырыссаг æвзагыл фыстæй хæссынц. Нæ уацмысты нæ адæмы ивгъуыд дугты цардыл дзурæг этнографион æвдисæнты кой кæнæн нæ уыди.

Селекци йæ куыст кодта, нациты ахæм уынгæг уавæрмæ тардта, цæмæй сын сæхи цæсгом мауал уа, сæмхуызон уой, иу уæрдоны зарæг зарой, иу кæйдæр æвзагыл дзурой…

Уыцы тыхмийы заманты алы ’взæгтыл фыст сæдæгай чингуытæ-иу рауадысы фаззæтты хуызæн. Ирон романы ирон нæмттæ аив кæсгон нæмттæй, ирон топонимтæ кæсгон топонимтæй, ратæлмац

ӕй кӕн уырыссаг ӕвзагмӕ ӕмӕ йӕ Мӕскуыйы кӕсгон фыссӕджы номыл рауагътаиккой. Ахӕм фӕлварӕн йӕ рӕстӕджы скодта поэт Михил Светлов. Ныффыста ӕмдзӕвгӕтӕ сомихаг мотивтыл ӕмӕ сӕ радта мӕскуыйаг чиныгуадзӕнмӕ, ахӕм ӕмӕ ахӕм еревайнаг поэты ӕмдзӕвгӕтӕ ратӕлмац кодтон, зӕгъгӕ. Чиныг рацыди, фӕлӕ гонорар йӕ авторы не ссардта – ахӕм поэт Сомихыстоны нӕ разынди!

Ирыстоны Фысджыты цӕдисы консультантӕй куы куыстон, уӕд мӕнӕн мӕхимӕ ӕрбахаудысты Кӕсӕг-Балхъары цӕрӕг цавӕрдӕр Дорошевы къухфыстытӕ. Уырыссаг автор ирон адӕмы цардыл ныффыста радзырдты чиныг. Бацин кодтон, зӕгъын, хъус ӕм ӕрдарын хъӕуы. Йӕ хъуыдыйад – лӕгъз арӕзт, йӕ темӕтӕ – актуалон, йӕ хъуыдытӕ, – къух бакӕнӕн сӕм нӕ уыди, афтӕ раст. Уый мӕ фыццаг дыууӕ-ӕртӕ радзырды ацыбӕл кодтой. Афӕлдӕхтон къухфыст ӕнӕхъӕнӕй ӕмӕ, нӕмыг кӕм нал баззайы, ахӕм зыгуым… Литературон «зыгуым…»

Авторы ном никуы ӕрыхъуыстон, литературӕзонджытӕй дӕр ӕй ничи зыдта. Кӕд рӕдийын, зӕгъгӕ, радзырдтӕй ӕхсӕнмӕ-ӕхсӕнты ногӕй цалдӕр бакастӕн. Ӕмӕ дын куы фӕкомкоммӕ уаин, ирон хъайтарты нӕмттӕ рӕнхъыты сӕрмӕ къухӕй фыст кӕй уыдысты, уымӕ. Уый фӕстӕ та цӕст ацахста: къухӕй фыст нӕмтты бынмӕ – тушӕй ахуырст уаццӕгтӕ. Афӕлдӕхтон къухфыст ӕмӕ дын иуцалдӕр раны уӕлӕнгайдӕр ахуырст бынӕтты куы бакӕсин кӕсгон нӕмттӕ. Кӕсӕг-Балхъары чиныгуадзӕн ын аздӕхта йӕ къухфыст ӕмӕ загъта: «Алӕ-ма, дзӕгъӕл сӕфтӕн ӕвгъау сты, ӕмӕ сӕ Ирыстонмӕ арвитон». «Акуыста» сыл ӕмӕ нӕм сӕ ӕрбарвыста. Уӕвӕн уыди, ӕмӕ уыцы радзырдтӕ ӕндӕр ран дунейы рухс федтаиккой – литературон ӕгъдауӕй сыл кусын тынг нӕ хъуыди…

Нӕ бӕстӕйы бирӕ национ литературӕ стӕм фысджыты уацмыстӕй фӕстӕмӕ аивадмӕ кӕй ницуал бар дардта, политикон хотых кӕй сси, – сфӕлдыстадон кусӕг комкоммӕ ӕххӕст кодта агитаторы, пропагандисты хӕстӕ, – абон уыцы уавӕр у нӕ литературӕйӕн аргъгӕнӕг номдзыддӕр лӕгты сӕйраг ныхасы сӕр. «Крушение абстракции», зӕгъгӕ, ахӕм уацы журнал «Новый мир»-ы 1989 азы фыццӕгӕм номыры зындгонд уырыссаг критик Игорь Золотусский зӕгъы: «В России никогда не было ведомственной литературы, работающей; например, на жандармское управление».

*Уыдзӕн ма.*

ГАНБЕГ
ЗЫ



# КЪОДОТЫ АЛЬБЕРТ: 65 АЗЫ



**(1956 – 2016)**

*Ацы аз Къодоты Махары фырт Альбертыл хъуамæ сæххæст уыдаид 65 азы, фæлæ йыл 60 азы дæр нæма цыд, афтæмæй йæ не 'хсæнæй атыдта æгъатыр низ. Альберт фыста зæрдæйы уидæгтæй Ирыстоныл, лæджы фарн æмæ номыл. Йæ егъаудæр исбон уыдысты поэзи æмæ уарзт.*

*Мыхуыры цы дыууæ æмдзæвгæты æмбырдгæндтæ рауагъта – «Сидзæр уарзт» (1997 азы) æмæ «Ныхас рæстæгимæ» (2015 азы), уыдонæн поэзиуарзджытæ æмæ литературæиртасджытæ скодтой стыр аргъ. Дзырдаивадæй гæрзармæй архайгæйæ, Альберт адæмы рæгъмæ цы уацмыстæ рахаста, уыдон семдзаг сты ирд, зæрдæмæхъаргæ æмæ нывæфтыд фæлгонцтæй. Комкоммæ сæмбæлынц уды рæбинагдæр уидæгтыл, базмæлын сæ кæнынц æмæ сæ ныууадзынц æнкъарæнтæ æмæ зонды рухс фæд.*

*Ирыстон афтæ бирæ цы лæппу уарзта, уый æгъатыр хъысмæты фæндæгтæ ахастой Ирыстонæй, æмæ йæ мард дæр ныгæд у æцæгæлон зæххыл...*

*Рухсаг уæд.*

*КЪОДОТЫ Альберт*

* * *

Цæуынц æмæ сæ цыд фæтагъддæр кодтой азтæ,
Уыдис мæ царды сæрд, уыдис, фæлæ фæцис.
Фæхъуынтъыздæр и арв æмæ æваст æрхаста
Æнцойы 'фсон лæгæн йæ армы дзыхъхъы рис.

Цы фæкодтон мæ уарзт?
Кæм ныууагътон мæ зæрдæ?
Ызнон дæр ма мын хур куынæ уыди цæлхдур.
Цæмæн дæн абон уæд йæ къæхты бын æфхæрдæн?
Цæмæ мæм кæсы цард налат гадзайау зул?

Нæ, раст нæ цæры лæг – æгæр хъусы æнустæм,
Æгæр ыл ысты тых æууæнк æмæ æфсарм.
У Рæстæгæн йæ уд зымæгон хъæдæй хусдæр,
Æмæ нæ кæны зæхх лæджы цæссыгтæй хъарм.

* * *

Гъæй, Уастырджи, кæм дæ!
Кæм та хæтыс сылагур?
Ды ма уыдтæ лæгæн – ныууагътай мæ ды дæр.
Ис, ис ма мын фырмонц, фæлæ,
зæгъ-ма, цæй фаг у?
Ныффæллади мæ уд... Фæлæ цæрын уæддæр.

Цæуынц... æмæ сæ цыд фæтагъддæр
кодтой азтæ,
Уæддæр мæ удыл æз нæ ыскæндзынæн сау.
Лæг уæвынмæ мæ ныфс хуымæтæджы
нæ хастон,
Нырма нæ фæдæн зард. Нырма мын и Хуыцау!

* * *

Æнусты ‘хсæн фыдæй нæ фыдæлтыл цы ‘рцыд,
Уый рагæй зоны зæрдæ.
Цæрæнбонты лæгæн, Хуыцау цæра, йæ цыд
Куы хæрдыл у, куы – хæрдæй.

Цæуыл хæры йæхи уæ къæхты бын мæ зард,
Уый никуы кодта сусæг.
Лæджы мастæй æдзух мæ зæрдæйау нæ цард
Куы донласт у, куы хус у.

Æрвон тыхтæн, мæ хур, сæ сонт хъазты цы стæм,
Уый рохгонд нæу мæ удæй.
Нæ хъысмæтæй, мæ хур, йæ сау зæрдæ лæгæн
Куы райгонд у, куы — дуды.

Кæны нæ уарзтмæ бон, кæны нæ уарзтæй цард,
Æмæ фæдау нæ фæдыл
Цæуынц кæмæн бæллæх, кæмæн бæллæхау
зард –
Фыдвæд æмæ æвæдæй.

Фæлæ, уæллæй, лæджы кæдæм кæны дæ уарзт,
Уый хæйрæг дæр нæ зоны...
Æниу мын уæд æрмæст йæ фæндаг Ирæн раст,
Дæуæн та – къах дæ роны.

* * *

Ныууадз, мæ фæндыр, ма мæ агур сагъæс! –
Куыд хъуамæ уон æнусты раз æнкъард?
Æмæ ды дæр æлхынцъæрфыгæй ма кæс,
Фæлæ æууæнкæй байдзаг кæн дæ цагъд.

Æз дæр æй зонын — тынг тыхст ысты адæм.
Фæлæ... Кæс-ма, куыд тынг фидауы мæй!
Зæрин фæрдыгæй балы уæхскыл бады
Æмæ рæвдыд у уарзт æмæ сæнттæй.

Ды та, мæ фæндыр, сагъæсагур зилыс...
Ныууадз!.. Фæлтау æмыр-æдзæмæй бад,
Кæнæ та амонд сахуыр кæн дæхиуыл, —
Уæдæ æндæр цæмæн хъæуы нæ зард?

* * *

Диссаг у, æцæгæй дæр, нæ конд,
Иу дæр нæ æндæры цард нæ быхсы.
Кæд тæхæм нæ хъуыдыты бæрзонд,
Стæм уæддæр зæххон – æмæ нæ тыхсæм.

Чи нæ кæны искæй зардæн аргъ?
Чи нымайы искæй уарзт хуыздæрыл?
Афтæмæй та нæу нæ фæндаг даргъ,
Иу дæр нæ уæлдай фылдæр нæ цæры.

Фæлæ не стæм хибар æмæ гом,
Абон та уæлдай ыздыхт у Рæстæг.
Чи нæ у йæ уды раз æргом?
Чи тыхсы æцæгæй дæр йæ бæстыл?

Сахуыр ыстæм хи сайын æрмæст,
Афтæмæй нæхи уд дæр нæ зонæм.
Æмæ къахæм Рæстæгæн йæ цæст,
Адæмæй та галы бузныг домæм.

Æмæ нæу зыдæй уæлдæр нæ зонд,
Сабийау хæлафы къахы стыхсæм.
Диссаг у, æцæгæй дæр, нæ конд:
Иу дæр нæ æндæры цард нæ быхсы.

Цæр, мæ фæндыр! Æмæ ма кæн хъаст,
Ма бауадз къæм абадын дæ зардыл.
Кæд тыхст дæ. Кæд тынг ыстыхджын маст,
Зар уæддæр — лæджы фарн æмæ цардыл.

* * *

Цæуынц æмæ цæуынц мæ удæфцæгыл азтæ...
Фæлæ нырмадæр нæй мæ сагъæстæн кæрон.
Æмæ æцæг, мæ хур, бынтон сабыр куыд уон,
Куынæуал у мæ уд бынтон разы дæ кастæй?..

Нæ, никуы уыди загъд, Хуыцауыстæн,
нæ астæу,
Фæлæ нæ уарзт дæр уыд, æппынфæстаг, зæххон.
Æрмынæг ныр йæ рухс... Фæцыбырдæр и бон,
Æмæ нын рис нæ тых æнæнхъæлæджы байста.

Куыд кæнгæ у мæнæн, кæм бамбæхсон мæ сæр?..
Æви та ногæй, цæй, æрымысон Хуыцауы?..
Фæлæ йæ пайда нæу йæ тухитæй фылдæр.
Æмæ лæууын — æдзæм. Мæ дзыхæй дзырд
нæ хауы.
Ныуувагътон цард æд уарзт мæ фæсчъылдым
кæмдæр,
Æмæ мын хойы уад æнæвгъауæй мæ науы...

* * *

Кæс-ма, куыд сонт у бон, кæс-ма,
куыд сæрра Рæстæг!..
Æниу, кæд уыд лæгæн йæ лыскъ зæрдæ æххæст?!
Цæуы лæбургæ цард, нæ цæссыгтæй —
æфсæст,
Æмæ лæсы хъынцъым, сымсымгæнгæ,
йæ фæстæ...

Ныр дæр та нал и уарзт, мæ фыдæнæн,
йæ цæсты.
Йæ зылын къухæй бон лæджы удыл фæхæст.
Мæ хъуыдытæ — хæццæ, мæ развæндаг —
ызмæст,
Æмæ хæссы дæу дæр мæ зæрдæйæн
йæ фæрсты.

Фæлæ кæд уыд, зæгъ-ма,
лæджы фæндон йæ нау?..
Цæмæн кæныс, зæгъ-ма,
дæ рухс зæрдæйыл саутæ?
Ныууадз, мæ хур, ды дæр дæ хъуырдухæн
мæнау.

Фæлтау ыссар бынат дæ уадултыл мæ батæн.
Кæд бахуыскъ и Рæстад, кæд сæрра и Хуыцау,
Уæд цас диссаг у, цæй, нæ зæрдæтæн сæ катай?!

* * *

Мæ сæфт цæстырухс, ма мæ фæрс мæ цардæй:
Кæд нæ уыд лæг йæ хъуыддæгтæй мæтаг?!
Нырма ысты мæ мысинæгтæ фаг,
Фæлæ мæм катай бавнæлдта йæ сартæй.

Кæсын фылдæрхатт адæммæ æнкъардæй,
Мæ зæрдæ у сæ гæвз удтæй хъæхъхъаг.

Кæсы мæм цард æнад æмæ æлгъаг,
Уæлдайдæр ныр, куы мæ фæлыгъдтæ дардмæ.

Фæлæ уæддæр... Цы йæ ‘мбæхсон дæуæй?
Зæгъгæ мæ исчи бафарста дæ уарзтæй,
Уæд ын фæзæгъын: «Диссаг у, уæллæй!»

Мæхæдæг дæр фæцырд вæййын мæ хъазтæй
Æмæ улæфын цин æмæ ныфсæй,
Цыма лæууын æмæлæтæн йæ астæу.

* * *

Ысраст и мæ астæу,
Мæ цæстысыг айсыст:
Кæцæйдæр мæм тарæй
Ирон зард æрбайхъуыст.

Фæджихау дæн исдуг –
Кæд ауад мæ хъустыл?
Нæ хъæуы ирон лæг
Æнафон цы кусы?..

Мыййаг, кæд фын уынын?
Ныссагъдтæн та сæнтты?
Кæд тары нæ дугау
Фæкуыддæр и сæрд дæр?

Фæгæпп ластон сонтæй,
Мæ иунæгмæ дзурын:
«Æрцæттæ кæн тагъддæр
Къæбæр æмæ дурын.

Дæ былтæ мыл ма къуыр,
Стæй, ферох дæн, ма зæгъ,
Æрцæуы мæм, заргæ,
Ирыстонæй уазæг.

Фæсид мын Хуыцаумæ,
Стæй Уарзты дæр раздах.
Мæ удæн мын ингæн
Æгæр раджы ма къах.

Ныфсæй уа, æхсарæй –
Æрхон сæ фæстæмæ!» –
Мæхæдæг тыхстхуызæй
Фæцырд дæн æддæмæ.

Лæууын æмæ хъусын…
Æрхуым мыл ныйичъи.
Кæсын – æмæ æхсæв,
Кæсын – æмæ ничи.

Кæсын – æмæ мæнæ
Хæрз сидзæрæй тары
Сæрибары зарæг
Мæхи зæрдæ зары.

# НОГ ТӔЛМАЦТӔ

**Даур НАЧКЕБИА**

*Ирон чиныгкæсджыты размæ хæссæм зындгонд абхазаг фыссæг Даур Начкебиайы чысыл радзырдтæ. Йæ уацмыстимæ йын фыццаг хатт базонгæ дæн 2014 азы. Уæд, зымæджы, мæ фæсарæйнаг æмбæлттимæ Цъæйы улæфгæйæ, мæ къухтæм æнæнхъæлæджы æрбафтыдис журнал-альманах «Южный Кавказ»-ы 3-аг номыр 2013 азæн. Бакастæн дзы сомихаг, гуырдзиаг, азербай-джайнаг, ирон æмæ уæлхох-карабахаг фысджыты æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, уацаутæ. Уымæй уæлдай ма нывгæнджыты æмæ къамисджыты куыстытæ Кавказы алы регионтæй.*



*Фысджыты æмæ нывгæнджыты уацмыстæ æвдыстой нырыккон кавказаг адæмты хиæмбарынад, иу нацийы ахаст æндæр адæмыхæттытимæ, уыдоны зондахаст, сæ цæстæнгас фидæнмæ. Иу цыбыр ныхасæй, журналы фæрстыл цыди алы адæмты курдиатджын минæвæртты культурон диалог – архайдтой дзы сомихаг Сусаннæ Арутюнян, ирон Хъазиты Мелитон, азербайджайнаг Эльчин Гусейнбейли, гуырдзиаг Като Джавахишвили, абхазаг Даур Начкебиа æмæ ма æндæр фысджытæ.*

*Уыцы культурон мадзалæн йæ сæйраг нысан уыд, цыфæнды зынвадат уавæрты дæр бахъахъхъæнын адæймаджы хуыздæр миниуджытæ, сæ алфамбылай цы адæм ис, уыдонæн хорздзинад æмæ удæнцой хæссын.*

*Журналы авторты уацмыстæй раивтон ирон æвзагмæ Тадтаты Тамерланы (Мах дуг, 2018, №8.) æмæ Даур Начкебиайы радзырдтæ.*

*Даур Начкебиа у фыссæг, публицист, паддзахадон æмæ æхсæнадон архайæг, Дмитри Гулиайы номыл Паддзахадон премийы лауреат. Райгуырд 1960 азы 24 июлы Абхазийы Очамчиры районы Пакуашы хъæуы. Каст фæцис Тбилисы паддзахадон университеты физикон факультет. Йæ куыстадон дæснийадмæ гæсгæ у физик. Уыдис Абхазы республикæйы*

*ахуырады министр, у шахмæттæй хъазынæй спорты мастер. Фыссы абхазаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл, кæны тæлмац йæхи уацмыстæ уырыссаг æвзагмæ.*

*Сухум æмæ Мæскуыйы Даурæн мыхуыры рацыди цалдæр чиныджы. Сæ зындгонддæртæ сты: «Предчувствие» – Сухум, «Алашара», 1989; "Дерево" – Сухум, 2005; "Лицом к лицу" – Сухум, 2007; "Берег ночи" – Мæскуы, 2012.*

*Дыууæ ныхасы зæгъын хъæуы йæ прозæйы тыххæй. Йе`рмдзæф у хæдхуыз, ивддзаг ын никæимæ кæны, хъæздыг йæ аивадон мадзæлттæй. Йæ уацмыстæ йын кæсын хъæуы тынг лæмбынæг. Зæгъæм, радзырд-роман «Бæлас»-ы автор нæ сæвæрдта иунæг æрхæцæн нысан дæр. Радзырд у иугуыр текст, хъуыдыйæдтæ нæ райдайынц сæйраг дамгъæйæ. Цæуылнæ? Уый дæр чиныгкæсæгæн у хъуыдыйаг. Мæнмæ гæсгæ, ахæм у Дауры прозæйы аивадон фæрæзтæн сæ иу. Радзырд у зынкæсæн, æнæмæнгæй, хъæуы йыл ахъуыды кæнын. Наудæ ын йæ жанр та фыссæг «роман» цæмæн рахуыдта? Æмæ сæвзæры фарст: цæмæн афтæ сфæлдыста йæ радзырд фыссæг фыццаг хъуыдыйадæй фæстаг хъуыдыйадмæ? Кæсæгæн уый удæнцой нæ дæтдзæн.*

*Æрмæст радзырды кæронмæ куы бахæццæ уа чиныгкæсæг, уæд бамбардзæн уацмысы сюжеты æгæрон философон æмæ гуманитарон-адæмуарзон мидис æмæ ссардзæн йæхæдæг дзуапп йæ фарстæн. Уæд бамбардзæн фыссæджы иннæ аивадон мадзалы нысан дæр – фæсномыг æвзаг. – æмæ дзы цæй охыл фæпайда кодта Даур, уый дæр. Уæд райхалдзæн ацы радзырды сусæгдзинæдтæ æмæ банкъардзæн фыссæджы прозæйы иннæ хицæндзинæдтæ.*

*Даур цæры æмæ кусы Сухумы.*

**МЗОКТЫ Аслæнбег**
**фыссæг, литературæиртасæг**

# ПИСМО

Писмойы загъдæуыди, цæмæй æз ахæм æмæ ахæм бынаты æмæ ахæм æмæ ахæм афон уымæ æнхъæлмæ кæсон.

Нысангонд æмгъуыдмæ ма дзæвгар хъуыдис, фæлæ уæддæр æз нæ фæлæууыдтæн æмæ раздæр æрбацыдтæн. Нæ ацы фембæлдмæ æз бирæ цæмæдæрты æнхъæлмæ кастæн æмæ, куы фехъуыстон уый тыххæй, уæд мæхицæн бынат нал ардтон, батагъд кодтон.

Райдианы, куы йæ бамбæрстон, уый йæ ныхас кæцырдæм аразы, уæд

арвы цæфау фæдæн, мæхимæ æрцæуынхъом нал уыдтæн, дзæвгар рæстæг мæ нæ уырныдта, уый мæнмæ исты бар кæй дары. Цæмæн? Цæй тыххæй? Йæ ныхæсты уазал, раджы уа – æрæджы, уæддæр мыл иуахæмы искуы æмбæлдзæн.

Мæ зæрдæ æппындæр нæ загъта уыимæ фембæлын, зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ равзæрстон æндæр, мæн чи нæ уыди, ахæм фæндæгтæ. Мæнмæ афтæ каст: рæстæг йæ кæнон кæндзæн, цæудзæн æнæфæивгæйæ æмгъуыдмæ, æз мæхи бахиздзынæн нысангонд бынатæй, чи зоны, æз бахиздзынæн мæхи, Хуыцауæй мын цы нысангонд æрцыд, уыцы адзалæй.

Афтæ æз фæхаттæн æнæнымæц фæндæгтыл, æмæ бирæ рæстæг цыма сылæг мигъы фæцардтæн…

Фæлæ иу бон банкъардтон: писмойы амынд ис, æз афойнадыл куыд сæмбæлон мæ бынатыл, байрæджы кæнæн мын кæй нæй. Мæнмæ æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кæсдзысты. Хивæнд уай, уымæй цы пайда ис, дарддæр фæндаг нывæндын æмбæлы. Кæдæм?

Дæ фæндаг дæ кæдæм хоны, уырдæм.

Мæ уаргъ фæрогдæр ис, цыма мæ хæххон дон йæ уæлныхты фескъæфы. Æмæ мæм, цы мæ домдæуыд, уый дæр афтæ зынфæразæн нал касти, фæлæ ныр уыд цымыдисаг, мæхи фарстон: цы фадат ис уый сæххæст кæнынæн?

Рæстæгæй-рæстæгмæ ма æз уæддæр гуырысхо кодтон: уæдæ æцæгæй уыд уый, уыцы писмо?.. Цыма йæ æз мæхæдæг æрхъуыды кодтон, æви дзы мæхæдæг мæхи сайын?..

Фæлæ куыдфæстæмæ мæхи дæр бауырныдта, писмойæн нæй æнæ уæвгæ, æмæ уæдæй фæстæмæ нал тагъд кодтон уыцы фембæлдмæ…

Мæ хъустыл уайы йæ къахдзæфты уынæр, уымæн ницæимæ ис схæццæ кæнæн. Мæнмæ æнхъæлмæ кæсы цыдæр æхсызгон, нæ, уый нæу, нырмæ цы уыд, ахæм, æмæ æз цæттæ дæн æппæтдæр мæхимæ райсын æмæ бамбарынмæ.

Хæстæгæй-хæстæгдæр мæм кæны.

Æнæсыппæй мæм æрбацыд.

Уый мæ размæ æрлæууыд, æз æрвыстæг кæмæй райстон. Æмæ уый уыд… Уый уыд — æз мæхæдæг…

# УАЗÆГ

Тæккæ абоны бонмæ уыдтæн ацы хæдзары хицау, стæй йæ иунæг цæрæг. Фæлæ æрæджы æнкъарын байдыдтон, хæдзары ма мæнæй уæлдай чидæр цæрын кæй байдыдта, уый. Ныр мæн бынтон бауырныдта уыцы хабар: иннæ хæттытау мæ хилдасæнтæ ныуугъуагтон сыгъдæгæхсадæй, райсомæй та сæ ссардтон чъизийæ – сапоны фынк æмæ сыл лæджы рихийы хъуынтæ ныххус сты…

Æз нæ хæдзары агъуыстытыл æрзылдтæн, æмæ-иу алы хатæны дæр уайтагъд ссардтон йæ фæдтæ, мæ уæзæг мын бацахсынвæнд чи скодта, уый. Фыццаг æппындæр ницы фиппайдтон, фæлæ алцæмæй дæр бæрæг уыд, уый æнæмæтæй раджы кæй æрбынатон ам. Æмæ уæд мæ зæрдыл æрлæууыди: иухатт æнафоны райхъал дæн цыдæр æнахуыр уынæрæй, æндæр хатт та – уæд та архайдтон чингуытимæ, сæ рыг сын сæрфтон æмæ сæ тæрхæгыл сæ бынæтты æфснайдтон, – мæ хъустыл ауади, дуæрттæй иу хъæрæй куыд нытъттъæпп ластæуыд. Æз æй ницæмæ ’рдардтон, мæхинымæр загътон, уый дымгæ, дыууæрдыгæй дымгæ у, уымæн æмæ, æнæ мæн бафæрсгæйæ, чи хъуамæ æрбацыдаид мæ цæрæнуатмæ. Æмæ куыд бацыдаид хæдзармæ, кæд æмæ йæ дæгъæлтæ æрмæст мæхимæ уыдысты, уæд?

Куыдфæндыдæр фæуæд, фæлæ йæ æз афтæ æмбæрстон, зæгъгæ, уый мидæмæ бацыд æмæ рæстæгмæ не ’рбынатон, фæлæ цыма ацы хæдзармæ исты бар дардта. Уый цы нысан кодта?

Уазæг ахæм митæ нæ фæкæны, уый йæхи уæзданæй равдисы, фысымы уазæгуарзон æгъдауы сæрты нæ ахизы, фæлæ йæхи фæдары сабыр, хъæрæй дзурын æфсæрмы фæкæны, йæ ныхас нæ баппары, кæм æй ницы хъуыддаг вæййы, ахæм ранмæ. Иу дзырдæй, зæгъын ма йæ ноджыдæр: йæ бынат фæзоны. Уæдæ ай та у æнæгъдау æмæ æдзæсгом: куыд æй фæндыд, афтæ хæдзары дзаумæттæн сæ бынæттæ баивта, æндæр гæххæттын гауызтæ баныхæста къултыл, уыимæ ма хуымæтæг дидинджыты бæсты дурыны сæвæрдта цавæрдæр æбуалгъ ирдхуыз дидинджыты баст…

Цæвиттон, уый дæр фагыл нæ банымадта, æмæ-иу куы ацыд искуыдæм, уæд рудзгуытæ се ’ппæт дæр гомæй уагъта, дуæрттæ дæр афтæ, иу дæр дзы нæ сæхгæдтаид. Ахæм ма дзы æнæмæт уыдзæн! Цыма хуыснæджытæн сæ кой дæр никуыуал уыд. Фæстаг заман æз мæ хæдзарæй æддæмæ арæх нал цыдтæн, фæлæ-иу раздæр хатгай искæдæм

цæуынвæнд куы кодтон, уæд-иу дуæрттæ æмæ рудзгуытæ æмырæхгæдæй ныууагътон…

Хæдзары дзаумайæ цыдæриддæр уыдис, уыдон иууылдæр мæн уыдысты, æмæ сыл куыд нæ тыхстаин, мæнæ диссаг.

Фæлæ чидæр, æппындæр кæй нæ зыдтон, ахæм чидæр сфæнд кодта мæ бынтæ мын дымгæмæ ныддарын, æмæ йæ нæ зыдтон, цы хос ын счындæуа, уый. Цы 'фсонæй йæ ис феддæдуар кæнæн? Йæхи куыд дардта, уымæ гæсгæ мæм раздæр афтæ фæкасти, цыма йæ уый дæр хорз æмбæрста, – ацы хæдзармæ кæй ницы бар дары, йæ хицау æз кæй дæн, æмæ уымæн ахæм уыд йæ ахаст, уæлдай йын ницы уыд! Æндæра-иу дуæрттæ нæ ныууагътаид æнæ сæхгæнгæйæ, кæннод, кæм-иу æй бафæндыди, уым-иу æрцагъта йæ бапъирозы зынгхæццæ æртхутæг – хæдзарæн басудзынæй дæр нæ тарсти. Нæ-а, йæ зæрды нæ уыд хæдзары хицау суæвын, ахæм хъуыды, æвæццæгæн, йæ сæры æвзæргæ дæр никуы 'ркодта, алцыдæр уый кодта хъазæгау, нæ ахъуыды кæнгæйæ.

Алы райсом дæр-иу кæдæмдæр ацыд, чи зоны, æмæ йæ куыстмæ. Æмæ-иу уæд хæдзар дæр цыма мæ зæрдæйау сулæфыдис. Раздæр-иу куыд уыд, афтæ!

Фæлæ та мæнæ изæрæй æрбаздæхти, стæй иунæг дæр нæу, фæлæ йе 'мбæлттимæ æмæ æхсæв бонмæ – зарын, кæфтытæ… Хæдзарыл-иу ризæг бахæцыд. Бæргæ-иу уыд мæ зæрды бацæуын сæм æмæ фæзагъд кæнын, суанг ма сæ уырдыгæй фæтæрын дæр, фæлæ-иу мæхиуыл фæхæцыдтæн – кæд, зæгъын, йæхæдæг йæхи зондæй ахъуытты уаид рæхджы... Афон дæр ын уыд бамбарынæн ахæм æнæхæдзар уаддзæлхæн*, ам ын бынат кæй нал ис, уый, Æмæ уæд йæ муртæ рамбырд кæндзæн æмæ йæхи искуыдæм айсдзæн.

Фæлæ куыннæ! Фæндид уæ, афтæ куыд уа, уый! Бонæй-бонмæ уый кодта налатдæр: куы-иу йæ къухтæй цыдæр æрхауд пъолмæ æмæ-иу ныддæрæн, уæд та-иу дуар ныггуыпп ласта, кæнæ та-иу кæимæдæр хъæрæй телефонæй ныхас кодта… Цыма æз æппындæр хæдзары нæ уыдтæн, уыйау.

Иуахæмы йæ бамбæрстон, фæстаг рæстæг афтæ цæмæн дардта йæхи, уый. Æппæт дæр, æз дæргъвæтин рæстæг кæй фембырд кодтон, уый уыдон хæдзарæй рахаста æмæ, йæхи чи уыд, уыдон уырдæм бахаста.

Уый бамбарынхъом мæ бон нæ баци. Æмæ уæд цæхгæр стæрхон кодтон: лæгæй-лæгмæ йемæ фембæлын æмæ йын кæдæй-уæдæй йæ митæн кæрон скæнын.

Æз, цы дæн, уымæй иууылдæр хъустæ фестадтæн: сбæрæг æй

* Уаддзалх – кæрдæджы хуыз, уырыссагау – «перекати-поле».

кæнон, кæм ис, уый. Уæттæй иуæй цыдæр хъæлæба хъуысти. Мæхи уырдæм аппæрстон, фæлæ, цалынмæ хæццæ кодтон, уæдмæ уый æндæр уаты смидæг, зарыд цавæрдæр зарæггонд, йæхицæй тынг ныббуц, афтæмæй.

Уым дæр та йæ нæ баййæфтон — æрбацыдæр, цыма уæлдæфы атади…

Ратæх-батæх кæнгæйæ, уый сургæйæ, æнæнхъæлæджы бандон скъуырдтон. Диссагæй цы кæныс: бандон атахт, йæ тъæпп пъолыл ссыд, æцæг дзы иу уынæр дæр нæ райхъуыст! Æз та йæ фелвæстон æмæ йæ мæ тых-мæ бонæй пъолыл ныффæртт ластон. Бандон ныллыстæг, йæ къæхтæ алырдæм фæтахтысты, фæлæ та дзы иу гуыпп дæр нæ райхъуысти!

Æз сагъдæй мæ бынаты баззадтæн: цы бандон ахауд, уый иунæг хъист дæр нæ фæкодта. Æз æй систон мæ къухтæм æмæ мæ тых мæ бонæй уый пъолыл ныххафт ластон. Бандон ныллыстæг, тæригъæддаг хæлд фæкодта, йæ саст къæхтæ алырдæм фæтахтысты, фæлæ уæддæр йæ хъæлæсæй иунæг зæл дæр нæ райхъуысти.

Хæдзары – мæхи хæдзары – æз мæхи нæ хъуыстон.

Уæд айдæнмæ мæхи аппæрстон. Уый дыл сайдæй никуы рацыдаид, уый иудадзыгдæр алцæуылдæр разы вæййы. Фæлæ та мæ коммæгæс айдæны дæр мæхи не ссардтон, чидæр мæн уырдыгæй ссæрфта, растдæр зæгъгæйæ та, айдæн мæн нал уыдта, нæ йæм зындтæн. О, фæлæ алцыдæр æвдыста, мæ иувæрсты цы уыдта, уыдонæй, æрмæст мæн та – нæ…

Уый зарæггонд зарæг хъуысти иу уатæй иннæмæ.

Мæ бон нал уыд хæдзары уæвын. Æз фæйнæрдæм ахæцыдтæн уæззау дуæрттыл æмæ къæсæрæй ахызтæн.

Мæнмæ æнхъæлмæ касти æхсæвы тар, рухсы цъыртт никæцæй калд...

# БÆЛАС

Роман

зæххыл адæм хъæдтæ куы ныццагътой уæд фæстаг бæласы алыварс æрлæууыдысты алкæцыйы къухы дæр дзы уыд фæрæт æмæ афтæ зынд цыма æмраст сæ гуыртæй рæзынц афтæ цыргъ уыдысты æмæ сæрыхъуын цалдæр дихы фæкодтаиккой иннæтæй иуцасдæр дарддæр лæууыд сæрыстырхуызæй æнæдзургæйæ балхон кæцы йæ галиу къухæй йæ риумæ æнгом æлхъывта цавæрдæр стыр чиныг йæ рахиз къухы та фæйлыдта тырыса йæ кæрдæгхуыз фæзы нывгонд æрцыд тугæй ахуырст кард йæ цæстытæ уазал æрттывд кодтой фæрчытæ афтæмæй кастысты æбæрæг

дардмæ æмæ нæ уыдтой нывгонд кæмæн уыд ахæм тырыса бæлас арвы цъæхы куыд сфардæг ис йæ цъупп та мигъты тары анигъуылд адæм фыр тæссæй фегуыппæг сты суанг ма фæтарстысты суанг ма сæ гуыртæй цы фæрæттæ зынди уыдон дæр сæ сæртæ æруадзæгау кодтой цыма сæ раздæры тохмондаг фæцудыдта уымæн æмæ ахæм стыр æмæ фидар бæласыл фæуæлахиз уæвын æнцон хъуыддаг нæ уыд балхон адæмы сæрты джихæй касти адæмы æгуыппæгдзинад æй мæты баппæрста æмæ хъуыды кодта ай цы уа зæгъгæ æмæ йæм йæ зæрдæ сдзырдта æнæрцæугæ диссагыл кæй сæмбæлдысты фæлæ не ’мбæрста цæимæ бæтгæ у уыцы диссаг æнæнцайгæ кæуыл тæрхæттæ кодтой уыцы арвимæ æви се ’нæуынон бæласимæ куыдфæнды уæд æнхъæлмæ кæсæн нал ис исты амал уыцы бæласæн хъæуы уыцы рæстæг адæмы æхсæнæй рацыд иу чидæр æрлæууыд дзыллæйы размæ æмæ адæм куы федтой йæ къухтæ фæрæтыл кæй нæ хæцынц уый уæд æм æнæуынон каст бакодтой æмæ та ногæй сæ цæстæнгас бæласмæ сарæзтой фæлæ уый куы сдзырдта уæд æм æнæбары разылдысты æмæ ныр ноджы тынгдæр дисы бацыдысты уымæн æмæ уый загъта бæласы марын нæ хъæуы зæгъгæ æмæ уыцы ныхæстæй тынг фæтарстысты æмæ мæстджын хъæртæ байдыдтой уый фæстæ басидтысты сæ балхонмæ æмæ сæ уый цалынмæ афарста сæ рæстаг маст не ссыди уæдмæ уый уыцы чидæр цы загъта уый уæ исчи фехъуыста зæгъгæ адæм сæ балхоны хъæлæс фехъусгæйæ басабыр æмæ фегуыппæг сты æмæ цы уыдысты уымæй иууылдæр хъустæ фестадысты уымæн æмæ ныр бирæ мæйты дæргъы уыдон фиппайдтой зæххæй цы фæйлаугæ æнтæф цыд уым æрвгæроны сæрмæ тары бæласы фæйлауæнты ауон æмæ йæм цыдысты æнæрулæфгæйæ хус быдырты сæрты фæлæ йæм нæ хæццæ кодтой бæлас дардæй дарддæр кодта къахдзæфæй къахдзæфмæ фæлæ се стырдæр мæт уый нæ уыд абон райсом уа искуы йæм хæццæ кодтаиккой се уæнг сын мардта сæ балхоны стырзæрдæ æдзæмдзинад уымæн æмæ арвы æрттывд бæласыл куыд сæмбæла афтæ сын сæ зæрдæтæ бацагайдта йæ уарзон хъæлæс рагæй кæй никуыуал фехъуыстой уыцы æхсызгон хъæлæс æмæ уымæн уæнгмард æрхуым уыдысты уый та улæфты рæстæг æнæ уæлæмæ скæсгæйæ чиныджы йæ цæстытæ ныццавта æмæ та-иу куы араст сты сæ дард фæндагыл уæд сæ разæй сæрыстырхуызæй уый дæр араст афтæмæй бахæццæ сты стыр бæласы ауон кæм адæргъ уыцы бынатмæ æмæ се ’хсæнæй райхъуыст фыццаг бустæхуыз ныхас æмæ куыдфæстæмæ æргомæй-æргомдæр кодта æмæ балхон уый куы фехъуыста уæд сæм бартхъиræн кодта уæ фæрæттæ уын байсдзынæн зæгъгæ æмæ уыдон дæр разыйæ баззадысты нæ раздзæуæг йæ сæрмæ æрхаста немæ дзурын зæгъгæ æмæ уæдæй фæстæмæ цалынмæ бæласмæ хæццæ кодтой уæдмæ æндæр кой нæ кодтой

уæдæ нæ балхон цæй зондджын цæй æрхъуыдыджын у цæй диссаджы парахат зæрдæ йын ис куыд нып тыхсы ныййарæг фыды хуызæн куыд нып къухдариуæг кæны æмæ лæмбынæгдæр ахъуыды кодтой фыццаг сæм зыст цы ныхæстæ фæкастысты уæ фæрæттæ уын байсдзынæн зæгъгæ уыдоны арф æмбæхст хъуыды кæй ис ууыл уый сæ кæй домы цæмæй сæ фæстаг тыхтæ æрбамбырд кæной æмæ фидар фæлæууой уымæн æмæ сæ бирæ нал хъæуы сæ нысанмæ ууыл цингæнгæйæ бæласмæ бахæццæ сты иттæг разæнгардæй æмæ та ногæй райхъуыст сæ балхоны хъæлæс æмæ йын иумæ дзуапп радтой уыцы кæйдæры æнæраст дзырдтæ кæй фехъуыстой æмæ сын балхон загъта сæ зæрдæтæ сын кæй фæриссын кодтой уыцы ныхæстæ абоны онг тымбыл къухай æнгом кæй цыдысты сæ рагфыдæлтæ сын цы фæндаг бацамыдтой уыцы фæндагыл цæуынц сæ уæлмонц нысанмæ баззади ма сын иунæг къахдзæф æмæ никæй бауадздзысты сæ раст фæндагæй сæ фæиуварс кæнын уый се знаг уыдзæн æмæ балхоны ныхæстæ адæмы æрбангом кодтой æрбаиу кодтой топпы нæмыджы хуызæн æмæ адæм ахæм æвæджиауы хъару банкъардтой сæхимæ æмæ сæм афтæ фæкаст цыма арвы цъæх арвæй æрыскъæфиккой æмæ йæ зæхмæ нылхъивиккой æмæ та райхъуыст æнæфæрæтджыны хъæлæс бæлас ма марут (фæлдахут) æз мæ фыдыфыдæй фехъуыстон адæм дæр бæласæй равзæрдысты зæгъгæ чиныджы уыдис фыст æцæг чиныджы мæ фыдыфыд æй касти æмæ сын балхон загъта æнæмæнгæй сайгæ кæны æнæфæрæтджын уымæн æмæ зæххыл ис æрмæстдæр иу чиныг æмæ мæнмæ ис зæгъгæ чиныг йæ риумæ нылхъывта стæй йæ систа бæрзонд æмæ йæ адæммæ равдыста адæм фыр амондджынæй сцъиувæдис сты фæлæ уæддæр æнæфæрæтджын нæ сабыр кодта æндæр чиныг дæр ма уыдис зæгъгæ æмæ уым фыст ис цард фын æмæ æцæджы æхсæн кæй ис бон æнæ бæласæй æххæст бон нæу æмæ бон æнæххæст куыд уа афтæ адæймаджы фынтæ дæр æнæххæст сты æмæ сæ уæд балхон бафарста цы нысан кæны уыцы фын æмæ йæ чи федта зæгъгæ æмæ адæм схор-хор кодтой ахæм фын никуы ничи федта зæгъгæ фæлæ æнæфæрæтджын нæ састи æмæ та загъта йæ чиныджы кæй ис фыст мæлæт æмæ уарзты фынты тыххæй фæлæ балхон йемæ не сразы мæлæт нæй раджы йын скодтой кæрон æмæ уæд адæмы æхсæнæй райхъуысти цины хъæртæ мæлæт нæй мæлæт нæй зæгъгæ æмæ иу цасдæр рæстæг бæстæ басабыр бæлас та арвы къуырфмæ уæлдæр сивæзта йæхи адæмы ницæмæ даргæйæ æмæ уæд балхон загъта зæгъгæ мæ бон нæу уыцы æнæхуыцауы ныхæстæ сфæлхатт кæнын уымæн æмæ сты хæцгæ низау æмæ иннæтыл дæр бахæцдзæн уыцы емынæ æмæ уый тыххæй зæгъы чиныг дæр уым ис рох кæнын кæй хъæуы зиан чи хæссы ахæм дзырдтæ æмæ сæ аппарын кæй хъæуы æмæ байгом кодта йæ чиныг æмæ йæм

нымдзаст æмæ загъта кæй нæ уырны уый æрбацæуæд æмæ æркæсæд æмæ адæмæн фæхъыг сты уыцы ныхæстæ мах дæуыл æууæндæм уæд ныл цæмæн гуырысхо кæныс æмæ фæзæрдæхæлд сты уымæн æмæ не ’мбæрстой кæм фæаххосджын сты цæмæн семæ афтæ дзуры сæ балхон æмæ кæрæдзимæ æнгомдæр æрбалæууыдысты ауынаффæ кодтой стæй се ’хсæнæй иу рацыд æрлæууыд балхоны цур æмæ загъта ныххатыр кæн не ’дылы сæртæн кæд дæ мыййаг æнæнхъæлæджы бафхæрдтам кæд дын дæ уарзæгой зæрдæ фæриссын кодтам уæд зæгъгæ æмæ балхон иудзæвгар æнæдзургæйæ алæууыд цалынмæ адæм джискъус кодтой уæдмæ стæй чиныг бахгæдта йæ риумæ йæ балхъывта æмæ уыцы æдзæстхуызæй загъта æнæфæрæтджын тæппуд у уымæн æмæ æнæ фæрæт у адæм та дисы бацыдысты уæдæ нын балхон нæ курдиатæн куыд ницы дзуапп радта зæгъгæ фæлæ уый куы райдыдта дзурын цыма æппындæр ницы акодта уыйау уæд се ’муд æрцыдысты æмæ æмхъæлæсæй загътой æнæфæрæтджын æцæгдæр тæппуд у йæ фæрæт аппæрста ноджы загътой уый уæйгæнæг у æнæфæрæтджын та йæ кæнон кодта хъусгæ дæр ницы кодта уынгæ дæр ницы уыдта æмæ дзырдта зæгъгæ мах дæр стæм бæлæстæ кæддæр йæ уидæгтæ чи стыдта æмæ дард æнæзонгæ ранмæ рæстæджы дымгæ кæй фæхаста бафæндыди нæ уыцы бæллиццаг ран басгарын æмæ нæ амынд фæндагæй иуварс азылдыстæм чи зоны ацы бæласмæ куы нæ бавналæм уæд фæстæмæ цы уыдыстæм уымæ раздæхдзыстæм æмæ сраст кæндзыстæм нæ рæдыд фæлæ йæ балхон дарддæр дзурын нал бауагъта æмæ йын загъта бæласимæ абаргæйæ куыд ницæйаг уыдысты адæм куыд тæригъæддаг уыдысты бæлас сæ куыд дæлдзиныг кодта куыд æнæуынон ын уыдысты уый æмæ адæм уыцы иу хъæр ныккодтой бæлас не `фхæрдта йе ’нæуынон уыдыстæм зæгъгæ æмæ та бæстæ басабыр æмæ уæд балхон загъта зæгъгæ мах кæддæриддæр бæллыдыстæм арвмæ йæхинымæр та ахъуыды кодта зæгъгæ ныр æз дæр æппынфæстаг фендзынæн арвы цъæх æмæ бамбардзынæн уадиссагæй дзы цы федтой уый адæм æваст базмæлыдысты фесхъиудтой балхон æмæ æнæфæрæтджыны сæ быны афсæрстой афтæмæй абырстой бæласмæ арвмæ арвмæ зæгъгæ хъæргæнгæ æрмæст ма дымгæ рафæлдах-бафæлдах кодта зæххыл цы чиныг лæууыд уый æнæфыст сыгъдæг фæрстæ

Уырыссаг æвзагæй
Мзокты Аслæнбеджы тæлмацтæ.

## ФЫСДЖЫТЫ ЦАРДÆЙ

# СЕКЪАЙЫ ФЫСТÆДЖЫТÆ ЦОМАХЪМÆ

Фыстæг адæймаджы зæрдæйæ ратæхгæ маргъ у. Нæй йын дзырдаивады иннæ хуызтимæ абарæн æмæ схæццæгæнæн. Фыстæг – уый у авторы хуыздæр, бæллиццагдæр миниуджытæ, йæ удыхъæд, йæ цæстæнгас, йæ зæрдæйы ахаст хъæбулмæ, хæлæрттæм, адæммæ æмæ æхсæнадон фæзындтæм ирддæрæй кæм разыны, ахæм айдæн. Уыцы айдæны уæлдай æргомдæрæй разыны авторы зæрдæйы уидæгты бастдзинад сфæлдыстадимæ. Йæ æнкъарæнты сабухынц алыхуызон нывтæ йæ цардæй æмæ сын бацамоны лæгъз фæндаг, цæмæй, кæмæ сæ фыссы, уымæ дæр бахъарой йæ маст, рис æмæ тыхст уавæр. Горький уымæн фыста: «Маст галы дæр булæмæргъау сзарын кæндзæн».

Уæд адæймаджы зæрдæйы та? Фыстæджы автор хуымæтæг æмæ æргомæй фæфыссы йе ’нкъарæнтæ, бæллицтæ бирæ царды фæзилæнтæм æмæ сæ фервиты йæ хæлармæ, йæ зонгæтæм, кæуыл æууæнды, йæ удварнмæ æввахс чи вæййы, уыдонмæ.

Ацы хъудыйæн ирд дæнцæг сты ирон прозæйы бындурæвæрæг Гæдиаты Куыцырийы фырт Секъайы фыстæджытæ йæ рæсугъд æмæ курдиатджын фырт Цомахъмæ Сыбырмæ (ахæстонмæ).

Фыстæджытæ ист сты Нафийы архивæй. Æрæрвыста йæм сæ Н.Гæдиаты 12.01.1958 азы Сталинирмæ. Н.Гæдиаты йæхæдæг та цард Мæскуыйы (йæ адрис: Москуы, – 4-278, Мазутный проезд, д 4/6, кор. 18, кв. 142).

Æдаппæтæй сты 3 фыстæджы. Фыст сты 1912, 1913 æмæ 1914-æм азты.

Цас ныййараæджы зæрдæйы хъуырдухæн, мæт æмæ рис ис ацы фыстæджыты. Секъа æмæ йæ бинойнаг Битъыроны уарзондзинады уылæнтæ сæ гуылф кæнынц сæ номдзыд хъæбулмæ, сæ фæдзæхстытæ æмæ йæ сомбон кæй уыдзæн ирддæр, уый тыххæй.

Секъайы иурæстæджы бафарстой, зæгъгæ, дæ фыртæн нæ тæрсыс? Уый сын афтæ зæгъы: «Нæ йын тæрсын, тæригъæд дæр ын нæ кæнын, уымæн æмæ мæ фырт цæры, адæмы хуыздæртæ кæм сты, уым». Секъайы куырыхон зонд æмбæрста, Цомахъы рæстæджы Сыбыры ахæстоны бадджытæн сæ фылдæр уыдысты ахуыргонд, раззагон хъуыдытыл хæст адæм, патриоттæ.

Цомахъ Сыбыры базонгæ уырыссаг чызгимæ, бауарзтой кæрæдзи æмæ сæ цард баиу кодтой. Цомахъ бæгуыдæр бирæ тухитæ бавзæрста ахæстоны, фæлæ сыл уарзондзинад фæтых, æмæ та йæ поэтикон фæлмæн зæрдæ байдзаг рæсугъд рæнхъытæй фидæныл, Ирыстоныл. Секъа æмæ йæ бинойнаг цардысты цыбыркъухæй, хъомыл кодтой Цомахъы кæстæрты, архайдтой, цæмæй сæ рауайа ахуыргонд фæсивæд. Секъа йæ куырыхон зондæй æмбæрста ахуырдзинады нысаниуæг æмæ йæ сомбон. Зыдта, Ирыстоны рæсугъд хæхтæ æмæ алæмæты фæзтæ кæй сты хъæздыг, йæ фæсивæд та – курдиатджын. Уымæн фыста: «Нæ хæхты уыйбæрц хæзна ис, æмæ нæ авдæнбаст дæр индзлер хъуамæ суаид». Фæлæ фылдæр уыдысты æнкъард сæ хъæбулы мæтæй.

Ныййарджыты æнтъыснæг æмæ æнæкæрон масты сæрмæ иубон фæзынд æрттивгæ хуры тын – хъæбулы хъæбул, уæлдайдæр, «лæджы бындзæфхад», зæгъгæ сæм куы ныффыста Цомахъ, уæд.

Ирон литературæйы ирд стъалытæ Секъа æмæ Цомахъы æрдхæрæйнаг сфæлдыстады бирæ цымыдисон цаутæ ис, лæмбынæг сыл фæфыста Нафи йæ монографиты æмæ уацхъуыдты, стæй иннæ ирон литературæиртасджытæ дæр.

Секъайæн уыди дыууæ усы – Буриан æмæ Битъырон. Буриан йæхи æрцауыгъта. Битъыронæн уыд авд сывæллоны:

Захарий (Заликъо) – 1879 азы гуырд;

Михаил (Цомахъ) – 1882 азы гуырд;

Александр (Адодта) – 1886 азы гуырд;

Николай (Къоли) – 1890 азы гуырд;

Петр (Петя) – 1892 азы гуырд;

Вера (Верæ) – 1895 азы гуырд;

Афанасий (Афай, Афони) – 1899 азы гуырд.

Сæ мад – Битъырты (Битарты) Маринæ Естъайы чызг, 1861 азы гуырд – амард 1919 азы хохы Санибайы.

Цомахъæн йæ `фсымæртæ æмæ хо дæр уыдысты курдиатджын сабитæ, уый бæрæг у писмотæй.

Фыстæджытæ мыхуыр кæнæм Секъайы къухфыстытæм гæсгæ.

Æрмæг бацæттæ кодта Джусойты Клавæ






Заказное
Закавказье. Юго-Осетия
Город Сталинир
Москва-И-278

*1912 азы 1 октябрь*

*Мах нырма удæгас стæм, фæлæ тынг хъыг кæнæм дæ хабар кæй нæ зонæм рагæй нырмæ. Æз дæ разы сау цæсгом дæн уый тыххæй æмæ дын никуы ницы арвыстон, уыцы хъуыддаг мæ аххос нæу, фæлæ кæй аххос у умæ байхъус фæстæдæр: мæхи фæхъардтой Заликойыл æмæ райдианы цы уыд, уымæй фыдтæр фæци, æвзæр ус æмæ фыдзæнæгæй бирæ 2 лæппу æмæ дыууæ чызджы ме 'фцæгыл сæ æрцауыгъта, йæхæдæг расыг кæнын айдыдта æвзæр урссаг ус скодта, фыццаг персианимæ чи цард ахæм ахиц мæ хæй æмæ хицæн цæры, городовой ныллæуд махæн мур дæр æххуыс у. Коли хъæдгæрон диакон уд 500 сомы бæрц иста, Хуыцауæй хъæдгæроны зул слымæн кодта, е хцатæ ын уыдон сайдтой чи йын-иу е хойы усæн лæвæрдта, чи-иу емæ æфсымæргонд скодта, афтæмæйты ын е хца фæсайдтой, алы æвзæр митæ кодта. Дæумæ ныффысын худинаг чи у ахæмтæ æмæ е алчер дæр ратардта иу капек никуы радта хæдзармæ, ахæм цыбыр къухæй цæрын æрмæст аст сомы æвджид мæ пенся. Гъе-мæ дæ разы сау цæсгом дæн, ацы – взæртæй исджи куы фæбæззид æмæ исты куы æххуыс кæнид, уæд дзы хай фæуид, фæлæ нæ зарондæй иунæгæй цы кæнон ныпбар мын ныпбар.*

*Ныр та дын мæ фæстаг цауты кой ракæнон: Петик 4-м класы кæсы, стыр тынг хорз ахуыр кæны, хицауттæ йæ тынг бирæ уарзынц, кæд афтæ хорз кæсай, зæгъынц, уæд дæ казоннай хардзæй академимæ дæр арвитдзыстæм, бæрæгбонты дæрæй махмæ нæ уадзынц, æгас класы уи-едтæмæ ирон лæппу нæй æмæ е тынгдæр та уи тыххæй буц дарынц, умæй сæ домынц иннæ лæппуты. Верæ дæр 4-м класы кæсы, уи та умæй нодждыдæр хыздæр кæсы с атметкæтæ иулдæр 5. Афони 1 класы кæсы æмæ бæрæг нæ ма ис куд кæсдзæн, умæй, æцæг æмбаргæ лæппу æмæ чи зоны хорз кæсдзæн. Иван приход сколайы кæсы фæлæ е фыды хузæн дуракават у нæ зонын фæстæдæр куыд удзæн.*

*Ныр та дын ациаз нæ бæсты хабар радзурон: æгас сæрд иулдæр уаргæ кæны, 4 майы иу их æруарыд æмæ нæ цæхæрадоны 2 боны их не стади уи фæстæ 7 æм æхсæв мороз уд æмæ ма йхæй бæлæстыл цы дидинæг аззад удон басыдысты, афтæ æмæ ациаз нæ бæлæстыл иунæг дыргъ дæр нæ уд нартхортæ дæр не сцæдтæ сты, мæнæн дæр горæды зæххыл 1 десотин конд уд. Дæ мад рынчын у æмæ дæ хабар агуры кудтæр ацы писмо райсай, афтæ мæм афыс, тынг æнхъæлмæ*

*кæсы дæ хабармæ. Цы уд уи уд, фæлæ ырæй фæстæмæ дæхи хъахъхъæ, æнцад у манифесты рæстæджы пращение бадæдтон æви нæ? Уи тыххæй мæм ныффыс писмойæн æхца ма фид доплатное писмо мæм æрвит, зонын æхца хъуаг дæ. Писмотæ мæм алы мæй дæр æрвит фыссыны рæстæг дын куы нæ уа, уæд-иу конвертыл мæ адрес афыс. Мидæгæй ыл-иу дзæбæх æнæниз дæн. Афыс». Почтовæн бумага дæр ма æлхæн, доплатной зæгъгæ ыл-иу афыс. Дзуабмæ тагъд æнхъæлмæ кæсын, туспанмæдæр Вера афыста, цæй æнæ низ у фæстæдæр дæм зæбæхдæр писмо ныфысдзынæн.*

*1913 азы 12 мартъи*

*О... Мишæ!!!*

*Æнхъæлмæ фæкастæн нывæндтæ фæкодтон 21 апрелмæ Стыр бæрæгбонмæ фæлæ менхъæлмæ каст фæмæнг, æмæ та мæ рынчын зæрдæие масты хъæбæртæй туаны ’ртæхтæ æркалд; зæрдæ баталынг, бамынæг фæлæ та мынæм муспаны писмо чысыл хорз чысыл рухсы цырт бауахта, æмæ та зæрдæ æнхъæлмæ кæсын баидыдта. Муспан Верæмæ писмо ныффыста 5 мартиы æмæ  дзы бакастæн, бузныг дзы дæн, хорз кæмæйдæр идтæр ис, урысæй, гурдзиæ ирæй, Саргъуыдтат фыссы 17 февралы, арфæгонд фæут, фæлæ  афтæ нæ хъуд. Сымах 17 февралы венциты бын аргъуаны лаудывитдзынæн кæд дын уыцы фондз азы стут æз та цы зыдтон, столы фарсмæ бадтæн æмæ сагъæссаг хъудыты фыстон маст чернилайы цæстсыг хæдздзæ телеграм афыссын, æз дæр уцы бон хуцаумæ бакув аин, мад æмæ фыды кувд зæнæджы фидар кæны цæй чи аивгъуыдта умæн раздахæн нæй арфæгонд ут. Уи фæстæ фыссы цыма æз æмæ дæ мадæн хъыг у ды урыссæг чызг кæй ракурдтай уи. Махæн хъыг нæй, фæлæ ма нын æхсызгондæр у, уи тыххæй æмæ кæрæдзиы бафæлвæрдтат, кæрæдзиы зæрдæ базыдтат æмæ æнхъæл дæн уæ цард уарзонæй арвитдзыстут.*

*Æцæг Кавказы хохы зæнæг хъæбатыр сты æхсары бын нæ тасынц, топбы цæфæй нæ хъæрзынц ку дæм ных кæна умæй тæрсын, фæлæ дæхæдæг зоныс кæрæдзиы бафæлвæрдтат манифестмæ гæсгæ бирæ нæу 5 азы иу боны хуызæн ауаидзысты æмæ Хуыцауы фæндæй кæрæдзиы фендзыстæм, фæлæ муспаны фыстмæ гæсгæ дæ кæд мæ фенын фæнды, уæд мæм ныффыс æмæ дæм ацæудзынæн. Манифесты*

*фæстæ тынг фæрынчын дæн, мæхицæн фервæзын æнхъæл нал удтæн, фæлæ та фервæстæн 24 декабры 1912 Азы падздзахмæ прошение арвыстон фæлæ дзы дзуап нæй, ноджы дæр та нæм арвитдзынæн кæд дын уыцы фондз азы бахатыр кæнид. 8 мартиы æрыдоны уыдтæн æмæ Петгæиы федтон: хорз лæг тынг хорз лæг хицаудтæ дзы рапбæлыдысты, хорз ахуыр кæны захтой, петербухы академимæ йæ арвитинаг сты каст куы фæуа уæд, зачъетæ руахта кавказы фырт. Академийы програмна рафыста æмæ ехи сындæггай цæдтæ кæны. Верæ дæр тынг хорз кæсы уи дæр каст куы фæуа уæд дарддæр цæуынмæ хъавы, медицины факультетмæ бæллы дохтыр дам мæм хорз кæсы. Афонка художник удзæн æмбисонды ныхтæ фыссы. «Азау» алмахсидт фесæфта æмæ та ие ног фыссын æмæ дынæй арвитдзынæн фыст куы фæуа уæд. Дæ зæрдæ рухс уæд лæжы сæрыл цы нæ 'рцыоудзæн ахæм нæй, хъынцъым æвзæр ус кæны, хорз усæндæр худинаг у хъынцъым кæнын, цалынмæ хъудтаг æрцæуа уалынмæ хъахъхъæ, ку 'рцæуа уæдыл хъыг нал хъæуы. Иул зымæг нæ удзæн хур тавы рæвдауы, кæрдæгыл цæст фæхæцыд, адæмы зæрдæ батæфсти бахъарми, уалдзæджы куыстмæ сæхи радæхтой уæ аргъудæн арфæты стихтæ.*

*Арфæ дын кæнын*  
*Уæ цардæн фидау,*  
*Хуыцауы цæст уæм*  
*Æркæсид рæдау.*

*Уæ зæрдæ рухсæй*  
*Зæрондмæ цæрут,*  
*Уæ зымæг буцæй*  
*Дзæбæхæй унут.*

*Фыдбылызæй цух,*  
*Амондыл æрмхæст,*  
*Дзаг арм уæд уæ къух*  
*Хорзæй ут æфсæст.*

*Дæ мад дын лæгъзтæ кæны, æнцад дын у фондз азы дæр бирæ не сты, стæй Хуыцау фæрцы иумæ цæрдзыстæм.*

*Ацы стихтæ муспанæн уырыссагау зæгъ æмæ ын æхсызгон уа, кæм цæрыс уцы бæсты хабар ма мæм лыстæг ныффыс, цы кусæн дзы*

*ис. Цы базаргæнæн дзы ис лæг дзы цæмæй хуыздæр спайда кæндзæн, ардыгæй бирæ урыс урдæм лидзынмæ хъвынц, хорз бæстæ дам у, хор æндæр дам дзы хорз зайы*

*Валодиа уи дæр лидзы Наташайæн мах тыххæй салæмттæ зæгъ. Куадзæн дæм куы бацæуа уæд «фæндыр» дыл сæмбæлд? Цæй ныр æгъгъæд уæд кæрæдзиыл нæ хицау сæмбæлын кæнæд.*

*1914 азы 4 декабрь*

*Мæ уарзон Мишæ!*

*Мах иуылдæр дзæбæх стæм, Хуцау сымах дæр дзæбæх уадзæд.*

*Абон 4 декабр падздзах ам уд чен прашение балæвæрдтон дæу æссæрибар кæныны тыххæй, цы уыдзæн уи фæсдæдæр фендзыстæм. Хорз бон уд, адæм уынгты нал цыдысты, арфæ кодтой кæрæдзийæн, ехæдæг падздзах цола, фæлæ е инæлæрдтæ нард. Фыццаг сабормæ бацыд, сдæй урдыгæй рынчындæдтыл фæзылд æмæ фæс-сихор 4 сахатыл ацыд. Цæугæ та скодта 11 сахатыл. Æрыдоны семинары ректордæр ам уд лæпбутимæ Петгæ дæр ам уыд, Петгæ ехи еромоная кæнынмæ хъавы академимæ куы ацæуа уæд, ды та цы зæгъыс? Алчердæм хъуамæ æсон, нæ зонын фæсдæдæр цы уыдзæн. Ирон адæм, мæхъæл, кæсæг, даргин хорз кад радтой иунæг хуыцауы бафæндæд хорз дзуапп куд радта. Дардæн ын бакæнын хæсдæг мæны хуызæн II Георгийæн Натасайæн та мæн тыххæй саламтæ зæгъ.*

*Ныртæккæ хорз хъæрм рæсдæг у кæрц нæ хъæуы, нæ мыггагæй æртæ ис хæсды: иуанейы фырт Дзибура æмæ --- фырт Михал удон Турчы, границайы хæцынц. Гитийы фырт та немыцы границæйы хæцы, нырма æгас сты фæстæдæр цы уыдзæн фендзыстæм. Дæ хабæрттæ мæм афыс Натаса цми кæны?*

# ЖУРНАЛКÆСÆДЖЫ СФÆЛДЫСТАД

*ТОМАЙТЫ Ритæ*

## НÆ УРССÆР ЦЪИТИТÆ – МÆ УАРЗТ

* * *

О, Стыр Хуыцау! Кæд дæ æцæг,
Кæд де сконд адæм бакодтай дæ рæбын,
Уæд ракæс, равзар фидардæр æфцæг
Æмæ ныл саргъау, фесаф нын нæ фыдрын!

Нæ уадзынц хорзы урсбоцъойы кармæ,
Æркуынæг ис ирон лæджы хæдзар.
Ныппæррæст кодтой зæдтæ, амонд алыгъд дардмæ.
Нæ фæскъул бадынц удхортæ, æлдар.

Нæ чызджытæн та, Мады Майрæм, ракув.
Фæкæн сæ сагсур, фæсивæды мад!
Нæ фыдæлтæн сæ фарны быдыр барув,
Хæмпæлы бын сæ ма бауадз рæууат!

## ИРОН ДЗЫРДТÆ

Авæрдтон фæлмæн дзырд русыл, –
Разындис мæ фыды ном.
Андзæвыд æндæр дзырд хъусыл,
Уыд хъæбатыр, уыд уæндон.

Равзæрстон сæ  иугай уырзтæй,
Абыдтон дзы чындзæн хыз.
Байдзаг ис йæ зæрдæ уарзтæй,
Фарн рæсугъд дзырдтæ хæссынц.

Ног та сæм бæлвырд æркастæн,
Систон дзы æз ирд, æрвгъуыз.

Уый мæ армы хъавгæ хастон
Мады рухс цæстыты хуыз.

Акафыдтæн семæ хъазты.
Дзырдтæй хуыд – ирон хæдон.
Симды аленк кодтой хъуазтау,
Хастой зæрдæйæн æхцон.

## ИРОН ÆВЗАГ

Ирон æвзаг мын стыр хурæн йæ тын у.
Ирон æвзаг – æрттивгæ цъити раст.
Ирон æвзаг мæ мады фæлмæн ба у.
Ирон æвзаджы – сонт дæттæн сæ хъазт.

Ирон æвзаг – сæрæн ләппуйы кафын.
Ирон æвзаг – æфсæрмдзаст чындзы къуым.
Ирон æвзаг – æгъдауы сæрыл мæлын.
Ирон æвзаг – уæззау дзывырæй хуым.

Ирон æвзаг мын уардитæй у, диссаг.
Ирон æвзаг – цыкурайы фæрдыг.
Ирон æвзаг, дæ зæрдæ мын у риссаг.
Ирон æвзаг, дæ къæбиц уæд фæрныг!

## МÆ УАРЗОН ИРЫСТОН

Кæд дæн мыггагæй æз уырыссаг,
Кæд у мæ хил мæнæн мыдгъуыз,
Кæд сты мæ фыдæлтæ сыбираг,
Мæ ирд цæстытæ сты æрвгъуыз,

Уæддæр æз райгуырдтæн нæ Иры.
Нæ урссæр цъититæ – мæ уарзт.
Хæхбæсты уындæй сæр фæзилы.
Нæ кæнын æз мæ цардæй хъаст.

Æз уарзын суадæттæн сæ зарæг,
Гуылфгæнгæ донæн та – йæ хъыг.
Сæумæйы хуры тыны фатæг
Фæлдахы кæрдæгыл фæрдыг.

Æз кадæг зардзынæн мæ Ирæн.
Нæ фарн нæ бахиздзæн зынтæй.
Табу кæндзынæн æз Хуыцауæн,
Цæмæй нæ хъахъхъæна рынтæй.

## НОГ АЗЫ НÆМГУЫТÆ

Систа уадтымыгъ йæ зарæг,
Суры быдырты йæ маст.
Хъæды райхъуысы йæ хъарæг.
Уæд ын ацы ракæнд барст.

Мæнæ тæрхъус дæр фæлидзы,
Хъуамæ бамбæхса йæ сæр.
Риуæй миты цæнд рæмудзы,
О, тæппуд куы дæ уæддæр!

Бирæгъ сау хъæды нынниуы,
Стонгæй та мæлы, мæгуыр!
Бахаудтой йæ фæрстæ, хилы –
Зæнгтæ – хъилтæ, сæр – къуыдыр.

Уыг ныккæуы, цыма саби
Фесæфта йæ диди раст,
Цæй цы уасыс, ‘мбал дын нал и?
Æви нын кæныс дæ хъаст?

Ма тыхсут, мæ хуртæ, цомут!
Хонæм уæ нæ фынгмæ, цæй.
Рарвыстой уæм барæгбонмæ
Стыр Куырттатæ, Хъобан, Цъæй!

# АИВАД, КУЛЬТУРÆ



(1936-1985)

# ЦЫБЫР, ФÆЛÆ ИРД СФÆЛДЫСТАДОН ФÆНДАГ

Ирыстоны нываивад ивгъуыд æнусы 70-æм азты уæлдай бæрæгдæрæй зынын райдыдта нæ бæстæйы культурæйы тыгъдады. Уый та нæ нывгæнджытæн сæ къухы бафтыд, уæлдай арæхдæр æппæтуæрæсеон æмæ æппæтцæдисон равдыстыты архайын кæй райдыдтой, уый фæрцы. Нæ зындгонд нывгæнджытæй уыцы азты йе 'рмдзæфæй уæлдай бæрæгдæр чи дардта, уыдонæй сæрмагондæй зæгъын æмбæлы Хетæгкаты Хъазыбеджы тыххæй. Аивадуарзджытæ æмæ иртасджытæ фыццаджыдæр се 'ргом аздахынц йæ нывты аивадон нывæзтмæ æмæ пластикон арæзтмæ, уымæй уæлдай ма зæрдæмæ хæстæг сты сæ раст хъуыдыйы æргомдзинад, сыгъдæгдзинад æмæ драматизмæй.

Куыддæр Хъазыбег Ленинграды аивæдты институт каст фæци, афтæ йе 'рмдзæфы хæдхуыздзинад дæр уайтагъд сбæрæг. 60-æм азты нæ бæстæйы цы «тызмæг æрмдзæф», 70-80-æм азты та «метафорон реализм» ныффидар, уыдоны сæрты ахизгæйæ, ногдзинæдтæ æмæ фæзындтæм хи цæстæнгас равдисгæйæ сæ Хетæджы-фырт арæхстджынæй спайда кодта йæ куыстыты поэтикæйы.

«Тызмæг æрмдзæф»-ы дæсныты стырад æнцой кодта нывгæнæгæн йæхи удуæлдай сфæлдыстадон архайды миниуджытыл. Уыдон та, сæйрагдæр, æнцой кодтой дуне ног хуызы рацаразыныл архайын æмæ йемæ сфæлдыстадон тыгъдады æмулæфт кæныныл. Уыцы хæдхуыз романтизм сахадыдта индивидуалон лирикон фæлгонцы сырæзтыл, сфæлдыстадон субъекты хигъæдон цæсгомы иудзинадыл. Афтæмæй бæрæг-бæлвырдæй зынд, нываивады сæйрагдæр бакусын кæуыл хъæуы, ахæм объект. Пластикон эксперессийы миниуæджы фæрцы, ахæм миниуæг æвæрд æрцыд Хетæгкаты Хъазыбеджы аивадон æрмдзæфы.

70-æм азты, аивадон проблематикæйыл æнцой кæнгæйæ, Хъазыбегæн уæлдай сæйрагдæр уыд æппæт историон тыгъдады нырыккон дуджы цæрæг æдæймаджы сурæт равдисын æмæ йын йæ нысан фæбæрæг кæнын.

Хетæджы-фыртæн йæ фыццаг портреттæн, пейзажтæн дæр бæрæг у сæ аивадон уæрæхад æмæ сæ зæрдæмæдзæугæдзинады иумæйаг хорзæх. Фæстæдæр кæй сарæзта, уыцы куыстытæн та (арæхдæр сæ фенæн уыд равдыстыты), уыдонæн сæ этюдтæ арæзт уыдысты сæрибар интерпретацийы бындурыл. Нывгæнæг кæттагмæ цы сурæт рахæссынмæ хъавы,

уый срæгъæд кæны йæ уды арфы. Уый фæрцы та лыстæг сасирæй балуары йæ алы сурæты алы стъæлфхах дæр, уымæй уæлдай ма ивгъудæй раздахы, зæрдæйæн мысинаг чи свæййы, уыцы фæлгонцтæ. 70-æм азты нывгæнджытæ сæ куыстытæ арæзтой æнкъарынады миниуджытæм гæсгæ нæ, фæлæ, фæлгонц цæстыты раз цæмæй сыста, уыцы æгъдæутты бындурыл. Ацы фæндагыл ацыд Хъазыбег дæр.

Йæ бирæ аивадон куыстытæ сæ хъуыдымæ гæсгæ сты хуымæтæг. Уыдоныл кусгæйæ, Хъазыбег никуы архайдта, цы сæ зæгъынмæ хъавы, уый ахорæнты бирæ хуызты бамбæхсынмæ. Бæрæг-бæлвырдæй зыны сæ нываивадон-пластикон цырддзинад æмæ иумæйаг эмоционалон уаг.

Уыдонæй уæлдай ма сæ ирддæрæй рахатæн ис, 70-æм азты ирон нджытæм уæлдай хæстæгдæр чи уыд, уый хъæууон царды æрнывæзт. Ууыл æнцой кæнынц йæ сæйраг аивадон куыстытæ. Пейзажæй, сюжетон нывæй.

Хъазыбег хъæуы райгуырд, уым хъомыл кодта. Ахуырад та райста Ленинграды æмæ Дзæуджыхъæуы, цæргæ дæр горæты кодта. Фæлæ йæ аивадон куыстыты хъæууон цардмæ йе `ргом арæх кæй здæхта, уымæй равдисынмæ хъавыд, хъæуимæ йæ царды хуыздæр мысинæгтæ кæй иу кæны, канд уыцы миниуæг нæ, фæлæ адæймаджы бастдзинад райгуырæн зæххимæ, йæ историимæ æмæ йæ хъысмæтимæ.

Æвдайæм азты сфæлдыстадон куыст цы нывгæнджытæ кодтой, уыдоны æрмдзæф бындуронæй ивд æрцыд, рæстæг æмæ бынатмæ символон хуызы амонгæйæ. Афтæмæй фидар кодтой сæ аивадон æвзаджы æрмдзæфы иумæйаг миниуджытæ: пластикон æххæстдзинад, хъуыдыйы иудзинад. Фæлæ нываивады Хъазыбег йæ размæ æндæр домæнтæ æвæры. Уый йæ куыстыты æвдисы адæймаджы æмæ зæххы бастдзинад, йæ адæмы истриимæ иудзинад.

Хъазыбеджы аивадон куыстыты тематикон уæрæх авналæнты руаджы, сæ ахорæнты бæлвырд рацарæзты фæрцы фенæм, канд æрдзы нывтæ нæ, рæстæг æвдисæг хъайтарты драматикон æдзæм фæлгонцтæ æмæ æрдзы нывтæ нæ, фæлæ ма Ирыстоны нырыккон царды æбуалгъ цаутæм амонæг фæлгонцтæ дæр.

Æрдзы æмæ боны афонтæ æвдисгæйæ, Хъазыбег фылдæр æвдисы изæр æмæ йæ далынгтæ. Æмæ уымæ гæсгæ та пайда кæны тар ахорæнтæй. Хæхты тагъд баизæр вæййы. Уый у ивайæн, сусæг афон. Батар кæны æппæт ахорæнтæ æмæ мыртæ, йæ архайджыты бафтауы хъуыдытыл, баппары сæ æдзæмдзинады æмæ æнæуынæр уавæры.

Ахæм куыстыты руаджы та нæ бон рахатæн у, Хъазыбегæн йæ царды уарзондæр рæстæг изæр кæй у, уымæй та бæлвырдæй бæрæг кæны, йæ куыстыты фылдæр тар æмæ «къуырма», саумæрхуыз ахорæнтæй кæй пайда кæны. Уымæй та рахатæн ис, царды поэзийы æмæ прозаикон нысаны агуырды йе сфæлдыстадон фæндагæн «тызмæг æрмдзæф»-ы эстетикæ хицон кæй у.

Хъазыбеджы арæзт куыстыты уыцы иу мотив (фæндаг, хъæу, æрмадз) фадат дæтты нываивады ипровизацийæн. Уый та у зæрдæйы дадзинтау, лыстæг, музыкæйау аив мыртæй арæзт. Æндæр хуызы куыд хъуамæ уыдаид? Хъазыбег уыд рæсугъд, бæрзонд мыртæй хъæздыг, хъуытаз хъæлæсы хицау.

Хетæджы-фырты этюдты æмæ аивадон куыстыты арæх æмбæлынц хъæумæ здæхæг хуымгæнæджы, кæнæ та хъæуккаг лæппуйы фæлгонцтæ. Уыцы сурæттæ уæлдай ирддæрæй зынынц, 1977-æм азы кæй сарæзта, уыцы аивадон ныв «Фæззæг»-ы. Йæ пластикон фæлгонц хайджын у скульптурон миниуджытæй. Фæлæ, иумæйагæй та, Хъазыбеджы нывтæ сæ формæмæ гæсгæ сты ахорæнтæй хъæздыг. Ацы нывы лæппуйы фæлгоц йæ хуымгæндæй къахдзæф кæны махмæ хæс-тæгæй-хæстæгтæр. Афтæмæй дыккаг хайы фæзындæй рахизы фыццаг къæпхæнмæ. Лæппуйæн йæ рахизварс цы урс куыдз згъоры, уымæй та ноджы ирддæрæй æвдисы ауæдзы лæгты сабыр цыд. Афтæмæй нæм хуыздæр æмæ бæлвырддæрæй зынынц адæймаджы, æрдзы,хуызивд арвы цъæх тыгъдады, къуылдымты фæлгонцтæ.

Йæ иннæ аивадон куыстыты «Мæ хъæуы, сылгоймæгтæ», «Чындзыхсæв», «Зæронд лæг хъæды»-йы та, нывгæнæг цы ирд ахорæнтæй спайда кодта, уыдоны руаджы æвдыст æрцыд рухс æмæ тары ныхмæвæрддзинад. Ахорæнты хуызты бæзджынад, сæ ирддзинадæй рахатæн, ис ацы куыстытæ сæ мидхъуыдыйæ æлхъывд кæй сты. Хъазбеджы нывты иннæ миниуæгыл дзурæг у йе `рмдзæфы стырдзинад, йæ хигъæдон æмбарынады сæрибардзинад. Йæ аивады банкъарæн ис йæ бирæвæрсыгдзинад Йæ сæйраг хъуыды æмæ æрмдзæфы нысан та фæлтæргай æмæ цадæг раргом вæййы. Йæ куыстыты ахорæнты хъæздыг нывæзт уыдонмæ здахы аивадуарзджыты æргом, банкъарæм дзы сæ сабыр уынæр дæр.

Хъазыбеджы нывты рæстæг змæлды æвдисæн нæу, фæлæ иудадзыгон миниуæг æвдисæн. Уымæ гæсгæ бæлвырд у сæ статикон миниуæг дæр. Цæмæй сæ, уайтæккæ чи æрцыд, уыцы цаутæ æвдыст



Хæлардзинады зарæг



Дзæуджыхъæуы Нывгæнынады училищейы æркасты рæстæг.

ærцæуой, уый тыххæй сæ сюжетты архайджыты фæлгонцтæ нæ фестырдæр вæййынц. Фæлæ уыдоны рауаджы фенæм, царды алцыдæр рæстæгмæ кæй у, уый. Афтæмæй йæ нывты сюжетты архайджытæ раирвæзынц сæ тыгъдады тар фæлмæй æмæ рахизынц фыццаг радмæ. Уыцы æууæлтæ æвдыст æрцыдысты «Чындзыхсæв»-ы æмæ «Ныстуан», зæгъгæ, уыцы нывты.

«Чындзыхсæв»-ы уынæм, ног чындзы йæ цæрæн хæдзармæ бакæныны нyв. Ног бинойнагæн йæ мойы хæдзары йæ нысан афтæ ахсджиагæй равдыста Хъазыбег, æмæ раст чындзы фарсмæ лæууæг сырхкъабаджын чызгыл кæд нæ цæст æрхæцы, уæддæр нæ цæстæнгас аздахæм ног чындзмæ. Уыимæ баст у ацы нывы сæйраг композицион хъуыды æмæ конструктивон апп. Иннæмæй та, цымыдисаг у, Хъазыбег йæ ацы нывы фæндырдзæгъдæджы сурæт куыд хæдбындуронæй равдыста, уый. Нывмæ гæсгæйæ, афтæ зыны, цыма йæ фæлгонцтæ кæркæ-мæркæ, бæзджынцъæх, бæзнаг сырх, морæ æмæ зæринхуыз ахорæнтæй тыбар-тыбур кæнынц. Уыдонæн сæ иудзинад та æвдисынц царды рæстæгмæйы фæзындæн йæ удварнон рухс æнкъарæнтæ æмæ сæ уаз нысан. Нæ миддунейы удварны райдайæн.

Хетæгкаты Хъазыбег йæ ирд сфæлдыстадон архайды иу æмæ дыууæ хатты йе ’ргом не здæхта йæ номдзыд æрвад, Иры нæртон хъæбул Къостайы фæлгоцмæ. Уымæн та æрмæст тугхæстæгдзинады æфсон нæ уыд. Фæлæ йе ’взонгæй фæстæмæ Хъазыбег æгæрон уарзты æнкъарæнтæ рахаста йæ поэзимæ æмæ иумæйагæй йæ бирæвæрсыг сфæлдыстадон курдиатмæ. Афтæ ренессансы аивадон нывæзты уагыл конд сты Хъазыбеджы нывтæ «Хъарæг», «Пьета». Къостайы уæззау мæрдонхуыз буарыл фæйнæрдыгæй хæцынц дыууæ уæнгвидар лæджы. Уыцы нyв чи фены, уыдоны цæстыл æнæмæнгæй ауайы Йесо Чырыстийы дзуарæй куы райсой, уыцы цау æвдыст кæм æрцыд, уыцы зындгонд нyв. Уый фæрцы та банкъарæм поэты уаз нысан йæ зæххыл, йæ уды хъизæмар, йæ царды фæстаг бонтæ хæрзиунæгæй трагиконæй кæй æрвыста, уый.

Аивадон композици «Ныстуан»-ы хъуыды æнцой кæны дыууæ сæйраг миниуæгыл. Иуæй, Къостайы мæрдон буар æвдисы йæ трагикондзинад, иннæмæй та, йæ алыварс æртæ нæлгоймаджы, цоппайгæнгæнæгау сахаты фатмæ гæсгæ зилгæйæ, цæлхæмбырдæй кæй лæууынц, уым ис ацы аивадон куыстæн йæ оптимистон хъуыды. Нывы Къостайы

уæлæ цы урс басылыхъхъ ис, уый нысан кæны царды æнæкæрондзинад, нывгæнæг ацы куысты тар ахорæнты фæрцы та равдыста Къостайы адзалыл адæмы уæззау хъыг.

Хетæгкаты Къостайы цардыл дзурæг Хъазыбеджы иннæ ныв «Зиан» алывæрсыгæй æххæст у нываивады æппæт миниуджытæй. Йæ ахорæнты полифонион уæрæхадæй, зæлынадæй йæхимæ здахы аивадуарзджыты æргом. Уынæм дзы Къостайы йе `нусон фæндагыл æрвитæн бон. Ис дзы поэтыл хъыггæнæг адæмы æнкъард равг æвдисæг ахорæнтæй нывæзт фæлгонцтæ. Йæ рухс ахорæнты фæрцы та нын нывгæнæг равдыста, йæ зæххон царды фæстаг бон адæм поэтæн цы цыт æмæ кад кæнынц, уый. Нывы психологон диссонанс бауи бæрзонд эмоционалон нываивадон æрфыстимæ.

«Мæ хъæуы сылгоймæгтæ»-йы нын Хъазыбег равдыста саударæг хъæуккаг идæдз сылгоймæгты. Уыдон бадынц хъæугæрон, сæ иуы хæдзары дуармæ. Сæ уæлæ – сау кæлмæрзæнтæ. Мысынц сæ царды уæззау бонтæ. Сылгоймæгтæн сæ иуы хъæбысы ис саби. Афтæмæй нын нывгæнæг равдыста хистæрты арф æмæ дардмæ уынаг зонд, фидæны хуыздæр царды ныфс, сомбоныл æууæнк. Курдиатджын нывгæнæг – Хетæгкаты Хъазыбег, нырма саби уыд, афтæмæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæмард йæ фыд. Уымæ гæсгæ «æнхъæлмæ кæсыны» æмæ «мысинæгты» фæлгонцтæ йе сфæлдыстады бæрæгбæлвырдæй зынынц. Ацы уацмысты сæйраг мотивтæ æххæст сты пластикон метафорæйæ.

Хъазыбеджы сфæлдыстадон бынты `хсæн не ссардзыстæм автопортреттæ. Фæлæ уый хыгъд, йæ иннæ аивадон куыстыты цы адæмы сурæттæ уынæм, уыдоны зыны йе сфæлдыстадон хигъæдон æрмдзæф. Хайджын сты Хъазыбегæн йæхи мидсагъæстæй æмæ, йæ нывты кæй сарæзта, уыцы адæймæгты ‘хсæн ныхасы ирд миниуджытæй.

Хъазыбегæн йæ цыбыр, фæлæ ирд сфæлдыстадон фæндаг, йæ миддуне æнцой кодтой, аивад удсыгъдæггæнæг миниуджытæй хайджын кæй у, бæрзонд удварнон нысан ын кæй ис, уыцы хъуыдытыл.

**БИАЗЫРТЫ Людмилæ,**
**аивадиртасæг**

# УÆЗДАНДЗИНАДЫ УРОК

Нæ рагфыдæлты рæсугъд æгъдæуттæн Хетæгкаты Хъазыбеджы хуызæн аргъ кæнын чи зыдта, уый хуызæн дыккаг ахæм сыгъдæг æмæ рæстзæрдæ адæймаг, мæнмæ гæсгæ, нæ разындзæн. Чи зоны, æмæ йæм удыхъæды уыцы хуыздæр миниуджытæ йæ номдзыд рагфыдæл Хетæгкаты Къостайæ фæхæццæ сты. Нæ зонын…

Хъазыбегимæ базонгæ стæм æнæнхъæлæджы, Ленинграды Аивæдты академи каст куы фæци, уæд. Æмæ мæм афтæ кæсы, цыма нæ базонгæдзинадæн цавæрдæр нысан уыд.

Мæ испайнаг æрдхорд Анхелимæ хæлардзинад рахастам не студентты азтæй (диктатор Франкойы æнæсæрфат политикæйы аххосæй йæ ныййарджытæ фæлыгъдысты Испанийæ Советон Цæдисмæ). Хуры зæрин тынтæ Ирыстоны хæхтæй зæххон зæнæт куы фестын кæнынц, раст ахæм бон Зæрæмæджы комы дæлвæзтæ æмæ уæлвæзты нæ фаг фæтезгъо кодтам, бафæлладыстæм æмæ сфæнд кодтам баулæфын. Мæ испайнаг хæлар бирæ хабæрттæ зыдта Ирыстоны æмæ ирон адæмы тыххæй æмæ йæ фæндыд алцыдæр йæхи цæстæй фенын. Йæ фæндтæ йæ нæ фæсайдтой. Æмæ ноджы тынгдæр бауарзта Ирыстон. Тæвдтуг испайнагæн йе `нкъарæнтæ равдисынæн ныхæстæ фаг нал кодтой:

– Ай раст Испанийы цæгат куы у! Нæ, уымæй дæр рæсугъддæр! Хæхты фæхстæ ам дæр цъæх-цъæхид дарынц, хъæд – бирæ… Æмæ арв… Арв… О, Хуыцау, мадре мия!

Анхел уыд журналист, æмæ, куыд алы сфæлдыстадон адæймаг æмæ куыд æцæг испайнаг, афтæ сывæллонау алцæуыл дæр цин кодта, бынтондæр та сцымыдис, нæ размæ чи фæци, уыцы хохаг зæронд лæгмæ. Лæг хызта фысты дзуг, йæ бакаст æцæгæйдæр уыд æнахуыр диссаг – боцъотæ халас адардтой, йæ сæрыл урс нымæт худ. Раст цыма Сыгъдæг Уастырджи уыд, афтæ мæм фæкаст. Стæй ма уыцы иу рæстæг уыд нæ рагфыдæлтæ алайнæгтæн сæ раздзоджы хуызæн дæр.

Зæронд лæгмæ Анхел фæкаст ирон, æмæ йæм иронау сдзырдта. Фæлæ йæ размæ испайнаг ис, уый куы бамбæрста, уæд сфæрæзта, немыцагау цы дыууæ ныхасы зыдта, уыдон: «Хенде хох» æмæ «Гитлер капут». Уый фæстæ йын æрдæгуырыссаг дзырдтæй бамбарын кодта, йæ хæрæфырты чындзæхсæвмæ нæ Зæрæмæгмæ кæй хоны, уый, стæй

ма нæ дзырд райста, кæй нæ фæсайдзыстæм æмæ уыцы чындзæхсæвы кадджын уазджытæ кæй уыдзыстæм.

Афæдзы алы афон, уыимæ, сæрдыгон дæр, хæхты куыд вæййы, афтæ хур æнæнхъæлæджы аныгъуылд æмæ, фæстаг цъупмæ цалынмæ схызтыстæм, уæдмæ бæстæ мигъы аныгъуылд. Цъупп уыд испайнаг фидары хуызæн, астæузаманты араббæгтæй-иу кæй фервæзын кодтой, ахæм. Хохы цъупп дæр мигъæй нал зынд, афтæ дзы æваст разынд цавæрдæр æдæймаг. Æрмæст æфсæддоны хотыхтæ æмæ хæцæнгæрзты бæсты йæ иу къухы уыд ахорæн сис, иннæйы та – палитрæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй уый «тох» кодта араббæгтæ кæнæ та уадгуырæйттимæ нæ, фæлæ, мольбертыл фидаргонд чи уыд, уыцы нывгæнæн четæны гæбазимæ. Йæ «тохæй» кæй нæма æруазал, уый бæрæг уыд, фæлæ нæм уыцы уæздан æмæ фæлмæн мидбылхудт бакодта.

– Хъазыбег, – йæхи нын бацамыдта, раст цыма йæ рагон зонгæтæ уыдыстæм, афтæ, – Хетæгкатæй.

– Уый раджы куы амард, – мæ хъусы мын бадзырдта Анхел. Мæ испайнаг æрдхорд Къостайы поэзи рагæй зыдта, мемæ зонгæ дæр нæма уыд, афтæ.

– Стыр поэттæн мæлæт нæй, – сарæхстæн æз дæр дзуапп раттынмæ, – ацы адæймаг та у йæ байзæддаг, чи зоны, æмæ стыр нывгæнæг.

Анхел фæстæдæр куыд бамбарын кодта, афтæмæй йæм Хъазыбег æмæ Къоста фæкастысты æмхуызон нæмттæ. Уæлдайдæр – иу мыггæг, æмæ йыл рæдыд уымæ гæсгæ æрцыд. Хъазыбегæн йæ къухы цы ныв разынд, уым фенæн уыд, нывгæнæгмæ хохы цъуппæй чи разынд, уыцы алыварс æрдз. Нывгæнæджы дæсны къух уайтагъддæр бæрæг дардта. Цы æрдз снывкодта, уый æгас цыма уыд, цыма дзы уд бацыд, афтæ каст адæймагмæ, уымæн æмæ дзы цыд цавæрдæр æнахуыр тых.

– Уый этюд у, – æфсæрмхуызæй сдзырдта Хъазыбег, – фылдæр хатт этюдтæ кæнынмæ æрбацæуын ардæм. Ам бирæ рæсугъд бынæттæ ис, ныртæккæ та æрдз бынтон диссаг у – алцыдæр мигъы аныгъуылд… Бафæлварон æй снывкæнын…

Уæлмонцдзинадæн балхæнæн нæй, æмæ, нывгæнæджы цæмæй ма хъыгдарæм, уый тыххæй йæ ныууагътам йæхи бар. Мæ испайнаг хæлар æнкъарæнты бын фæци æмæ, цалынмæ бынмæ цыдыстæм æмæ, чындзæхсæв цы хæдзары уыд, цалынмæ уырдæм хæццæ кодтам, уæдмæ иунæг ныхас дæр йæ дзыхæй нал схауд. Фæлæ та чындзæхсæвы рæстæг цы бирæ ног æнкъарæнтæ бавзæрста, цы куывдтытæ фехъуыста, –

уыимæ, куывдтытæй иу уыд йæхи тыххæй, стæй йæ райгуырæн бæстæйы тыххæй дæр, – уыдон ын йæ сæр бынтондæр разилын кодтой. Алы куывд дæр æм каст, кувæг адæймаг Хуыцауимæ лæгæй-лæгмæ цыма дзырдта, афтæ. Æмбисæхсæв, чындзæхсæв йæ тæккæ тæмæны куы уыд, уæд мын ме 'мбал агуринаг фæци. Хорз, æмæ мигъ йæхи systa, арв ныйирд æмæ стъалытæй байдзаг. Мæ зæрдæ æхсайын райдыдта, æмæ йæ стъалыты рухсмæ агурын байдыдтон. Æмæ куыннæ бацин кодтаин, ме 'мбалы хъæлæс кæцæйдæр куы райхъуыстон, уæд. «Ам дæн.. Ам… Уый ды дæ… Хъазыбег… Хетæгкаты… Ды дæ стыр нывгæнæг… Диссаджы нывгæнæг… Веласкесы хуызæн нывгæнæг… Нæ, Гойяйы хуызæн… Кæнæ та Пикассо… Дали… Хъазыбег…», – сæнттæ цыма цагъта, афтæ йæ ныхас кæцæйдæр хъуыст. Хæдзæрмæ йæ куы кодтон, уæд та мын коммæ нал каст: Хъазыбег нæ, фæлæ йæ æз кæй хонын хæдзармæ, уыимæ нæ разы кодта.

Ууыл рацыд бирæ рæстæг. Уый фæстæ ма мын Хъазыбегимæ уыд фембæлдтытæ. Фылдæрхатт-иу æм цыдтæн, ныв скæныны куырдиат æм кæмæй уыд, уыдоны номæй. Йæ кусæн æрмадз уыд Штыбы фæзы, æмæ-иу дзы арæх баййæфтон иннæ нывгæнджыты. Иннæтæй арæхдæр-иу дзы уыд акварелæй зындгонд нывгæнæг Æрчъегкаты Аслан. Уымæй уæлдай йæм арæх цыдысты Бедойты Шалва, Саккаты Эльбрус, Дзиуаты Батрадз, Цоциты Михал. Хъазыбегæн йæ нывтæ уыдысты реалистон скъолайы хуыздæр цæвиттойнæгтæ. Æмæ, мæ хъуыдымæ гæсгæ, канд уыдон нæ ивæзтой ардæм иннæ нывгæнджыты, фæлæ – Хетæджы-фыртæн йæ удыхъæды хуыздæр миниуджытæ. Раздæры Советон Цæдисы стырдæр горæттæ æмæ культурон центрты чи ацард æмæ уым чи ахуыр кодта, уыдонæй иуæй-иуты хуызæн Хъазыбег йæ ирондзинад нæ фесæфта æмæ ирон адæймагæн йæ удыхъæды хуыздæр миниуджытæ – сæ сæйрагдæр, уæздандзинад, стæй уазæгуарзондзинад, рæдаузæрдæ – бахъахъхъæдта.

Иуахæмы, фынгыл бадæг адæм æм бахатыдтой, цæмæй Хъазыбег азара. Æмæ ирон хъæйтарты зарджытæ афтæ азарыд, æмæ адæймагæн йæ зæрдæ скъæфтой, цæссыг та фемæхст. Ахæм рæстæг-иу мæм каст, раст цыма кувæндоны дæн, – адæймагæн йæ уд кодта сыгъдæгдæр, зæрдæ та дзаг кодта уарзондзинадæй.

Хъазыбег йæ æгасæй нымад æрцыд классикыл. Йæ нывты хуыздæртæн сæ иу – «Ирон чындзæхсæв»-ы – нæдæр чындзы, нæдæр йе 'мбæлтты цæсгæмтыл æз нæ уынын циндзинад. Чи зоны, уымæн,

æмæ хистæры куывды канд арфæйы ныхæстæ нæй, хистæр кувы ног бинонтæн дæр. Бинонты царды та циндзинад куыд вæййы, афтæ дзы вæййы тыхст æмæ æвзарæн бонтæ дæр, бинонтæ скæнын у стыр бæрнондзинад – ног фæлтæртыл, фидæныл. Кувæг адæймаг дзы у, Эль Греко цы сыгъдæг удтæ ныв кодта, раст уыдоны хуызæн, уæларвæй Ирыстоны зæхмæ цыма æрцыд, уыйау. Æмæ уырны, уыцы сыгъдæг удæн йæ рæвдыдæй æмæ йæ аудындзинадæй æрыгæттæн кæй бантысдзæн амондджын цард æмæ скæндзысты рæсугъд бинонтæ.

Нывы ис сусæг хъуыды дæр. Æмæ йæ бамбарын зын нæу, адæймаг куы ахъуыды кæна уæд: бинонтæ канд скæнын нæ, фæлæ сæ бахъахъхъæнын дæр ахсджиаг у, уæлдайдæр ныры рæстæг.

Хъазыбегæй рæсугъд зæгъæн нæ уыд. Фæлæ бакастæй уыд гуырвидауц, хуызæй та – Лермонтовы Казбичы хуызæн ныллæджытæ, фæлæ фæтæнуæхск, фидарарæзт, бæзæрхыг, йæ сæр стыр, къухтæ та, раст скульпторæн, кæнæ бæласкалæгæн, кæнæ дурамайæгæн цы къухтæ вæййы, ахæм. Нывгæнæн сис дарыны басты сæ адæймаг хъуамæ дуртæй истытæ арæза. Уæд, цымæ, ахæм къухтæй уыцы рогæй, иунæг фæлмæн бандзæвдæй дæр уыцы диссаджы нывтæ куыд кодта?

– Казбич, нывгæнæг дæ куыд рауад? – бафарстон æй иухатт, йæ нывтæй иумæй кæсгæйæ.

– Æз алкæддæр уыдтæн нывгæнæг, – уыцы хуымæтæгæй дзуапп радта, æмæ, мæ фарст æнæхъола цыма уыд, афтæ фефсæрмы дæн.

Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ, Хетæгкаты Хъазыбеджы фæлтæры нывгæнджытæй, йæхицæй уæлдай, иунæджы къухы дæр нæ бафтыд Ирыстонимæ баст темæтæ афтæ раст æмæ зæрдæмæхъаргæ снывкæнын.

Мæ зæрдыл ма лæууы, мæхæдæг æвдисæн кæмæн уыдтæн, Хетæгкаты Хъазыбегæн йæ удыхъæды хуыздæр миниуджытыл дзурæг иу ахæм цау. Цæвиттон, Туркменистанæй сын уыд заказгæнæг, æмæ, йæ куыст ын куыд скодтой, уымæй разыйæ нæ баззад. Куыст æххæстгæнджытæй иу уыд Хъазыбег. Заказгæнæг æртхъирæн кодта, сæ куыстæн сын æхца кæй на бафиддзæн, уымæй, йæхи куыддæриддæр фæндыд, афтæ йæ куынæ скæной, уæд. Хъазыбегæй уæлдай ма нывыл куыстой, кæй хъуыды кæнын, уыдонæй Къæбулты Мурат æмæ Бедойты Виктор. Цы гæнæн нын уыд? Не ‘хсæн æхца амбырд кодтам билеттæн æмæ Ашхабадмæ ратахтыстæм. Заказгæнæг йæ бынаты нæ разынд, йæ нымæрдар чызг загъта, командировкæйы кæй ис æмæ иу-дыууæ боны фæстæ кæй зындзæн. Уыцы дыууæ боны нæ цæрын бахъуыд фысымуат «Ашхабад»-ы.

Хъазыбегæй уæлдай иннæтæн уыцы рæстæг бинонтæ нæма уыд. Уымæн та ма фырт дæр уыд – абоны зындгонд нывгæнæг Хетæгкаты Аслан. Цы хъуамæ куыстаиккой æрыгон адæймæгтæ, æнхъæлмæ цалынмæ кастысты, уæдмæ? Рацыдыстæм фысымуатæй атезгъо кæнынмæ. Нæ размæ фæци бæрзонд æмæ рæсугъд æрыгон сылгоймаг, йæ урс дзыккутæ дæлæмæ калдæй астæумæ æххæсыдысты, йæ уæлæ – уыцы рæстæг модæйы чи уыд, ахæм æнгом джинс хæлаф. Нæ къорды мæн нымадтой Казановæйыл, æмæ уымæн бамбарæн ис – журналист! Журналистты та дзуапп раттынмæ исты дзыппмæ нывналын хъæуы? Адæмимæ куыд дзурын хъæуы, уыцы фæлтæрддзинад дæр мæм куыннæ уыд. Сылгоймагимæ нын ныхас бацайдагъ, æмæ цыбыр рæстæгмæ нæ цæрæнуаты иу фынгыл бадт фестæм – нæ разы сæны авг, хæринагæй та шоколады къæртт æмæ дыууæ фæткъуыйы. Чызджы нæхинымæр рахуыдтам «скандинаваг», фæлæ, фæстæдæр куыд базыдтам, афтæмæй чызг уыд латвийаг. Хъæлдзæг ныхас, анекдоттæ, ахæм фынджы уæлхъус куыд вæййы, афтæ, алкæй дæр нæ фæндыд, цæмæй нæ ног зонгæ чызг йæ ‘ргом уымæ æрбаздаха.

Къæбулты Мурат хорз зыдта музыкæ, йемæ рахаста магнитофон, кассетæтæ. Музыкæ скодта, æмæ æз чызджы кафынмæ рахудтон. Æрмæст цыбыр рæстæгмæ бамбæрстон, мæ къухы кæй ницы «бафтдзæн», уый. Чызгимæ сæ хъуыддаг кæй нæ ацæудзæн, уый бамбæрстой иннæ дыууæ – Мурат æмæ Виктор дæр.

Æрмæст Казбичы не ‘вдæлд махмæ. Æдзынæг каст кодта рудзынгмæ æмæ хурныгуылды диссаджы нывæй йæ цæст нал æмæ нал иста. Уыцы нывæй йын йæ цæстытæ ратонын кодта нæ ног зонгæ. Ритæ йæ (афтæ цыма уыд йæ ном) кафынмæ рахуыдта. Казбич ын йе уæхсджытæм дæр не ‘ххæссыд. Мах басабыр стам, цыма нын уæлдай дæр нæ уыд, нæхи афтæ дардтам.

– Карло Понти æмæ Софи Лорен, – мæ хъусы мын сусæгæй бадзырдта Къæбулы-фырт, – уый мах мæстæй мары. Зонын сын уыцы Лорентæн сæ митæ…

Фæлæ тагъд рабæрæг, мæстæй марыны фæнд Ритæмæ кæй нæ уыд, уый: йæ зæрдæмæ фæцыд Казбич. Сусæг дæр æй нæ кодта, фыццаг бакастæй фæстæмæ йæм йæ зæрдæ тынг кæй ахсайдта, уый. Ахæм уавæры æцæг джентльментæ хъуамæ сыстой æмæ сабыргай, англисæгтæ куыд кæнынц, афтæ ацæуой. Мах дæр афтæ бакодтам, ныууагътæм

сæ дыууæйæ. Уыцы цаўыл ныр рацыд æртын азæй фылдæр, фæлæ абон дæр ма Мурат не 'мбары, цæмæй афтæ тынг фæцыд чызджы зæрдæмæ Казбич? Нæдæр, рæсугъдыл нымад чи уыд, уыцы Мурат йæхæдæг, нæдæр, йæ бакастæй корсары хуызæн чи уыд, уыцы Виктор, нæдæр Казановæ, ома æз, фæлæ Казбич? Не 'ртæ стыр цымыдисæй æнхъæлмæ кастытæм, хъуыддаг цæуыл ахицæн уыдзæн, уымæ. Рацыдаид сахатæй фылдæр, фæлæ – никуыцæй ницы. Суанг ма нæ чидæр йæ хъус дуарыл авæрдта, фæлæ дзы музыкæйæ уæлдай ницы хъуыст. Номырæй æддæмæ ничи цыд.

– Æмбæрстгонд у алцыдæр, – худæгау бакодта Мурат, – Ирыстоны цъуппытæй иу скандинаваг ленкгæнаг ихджын хохы бын фæци…

– Куынæ йæ ныцъцъист кæнид, – æцæгæйдæр бакатай кодта Виктор. – Уый уæртæ цæййас у, викингты байзæддаг, Эвересты цъупп…

Чидæр та нæ йæ хъус дуарыл ногæй авæрдта. Æмæ диссаг – дуар æхгæд нæ разынд æмæ байгом. Мидæгæй стъолы уæлхъус бадтысты Казбич нæ ног зонгæимæ. Хатыртæ кургæйæ, мах дæр мидæмæ бацыдыстæм, нæ алыварс арæкас-бакæс кодтам, бæрæг уыд, ацы дыууæ сæ бынæттæй змæлгæ дæр кæй нæ фæкодтой, уый.

– Ахæм уæздан нæлгоймагыл фыццаг хатт сæмбæлдтæн, – загъта Ритæ, – Ирыстоны се 'ппæт дæр ахæм уæздан сты?

– Се 'ппæт дæр! – сдзырдтам уыцы æмхуызонæй.

– Уæдæ уын уæд ис хорз фидæн.

Казбич ахæм хиуылхæцгæдзинад цæмæн равдыста, уымæн ницы бамбæрстам, цалынмæ нын афтæ нæ бакодта, уæдмæ:

– Райхъусут-ма, мæнæн ис бинойнаг, Беллæ… Ис нын фырт Аслан… Цæмæн мæ хъæуынц адæттæ-йедтæ?..

Махæн уый уыд, Хетæгкаты Хъазыбег нын кæй бацамыдта, уæздандзинад æмæ адæймагдзинады ахæм урок.

Хуыцау, дам, фылдæр кæй уарзы, уыдоны йæхимæ тагъддæр айсы. Æвæццæгæн æмæ Хетæгкаты Хъазыбег дæр уыдонæй уыд. Æндæр, йæ царды æмæ йе сфæлдыстады тæккæ тæмæны чи уыд, уыцы сыгъдæгзæрдæ адæймаджы ацы дунейæ æнæхъæлæджы ацыдæн куыдæй ис бамбарæн? Кæд æмæ йæ фæлтæрæй стыр аивады Олимпмæ æппæты фыццаг уый хъуамæ схызтаид…

*ГАЛАЗТЫ Руслан*

# НÆХИ КАЗБИЧ

Уый уыд ивгъуыд æнусы 60-æм азы сентябры мæйы фыццаг бонты. Уæд ахуыр кæнын райдыдтон ОсПУ-йы (Ирон педагогон училище, ныры Педагогон институт) нывкæнынады хайады.

«Хетагуров Казбек», – фæрсæгау кæны ахуыргæнæг. «Мæскуыйы ис, декадæйы!» – хъуысы кæйдæр цин хъæлæс (фæстæдæр æй базыдтон: Хъазыбеджы бæсты дзуапп лæвæрдта йе 'мхъæуккаг Еналдыты Бек). Афтæ уыцы бон фæсауыонмæ базонгæ дæн Хетæгкаты Хъазыбегимæ – Казбичимæ. Октябры фыццаг бонты нæ къласы фæзынд хъæлдзæг, цæхæрцæст лæппу. Мæнæй хистæр, йæ сæр чысыл фæгæмæхгомау. Къласмæ цы бон æрбакъахдзæф кодта, уæдæй фæстæмæ нæ къласы цард, стæй канд нæ къласы цард нæ, фæлæ æппæт училищейы цард дæр фæхъæлдзæгдæр. Цæвиттон-иу Казбичмæ стыр переменæйы куы бахатыдыстæм, иу зарæг ма сис, зæгъгæ, уæд-иу йæ мидбылты бахудт. «Цæй-ма, ныууадзут мæ, худинаг у…»

Зарын худинаг кæдæй у! Уæлдайдæр, стыр переменæйы… Æмæ-иу уæд систа йæ нæргæ хъæлæсæй нæхи ирон, кæнæ та Карузойы репертуарæй исты зарæг. Училищейы уæрæх тыргъты-иу аленк кодтой зарæджы зæлтæ, бæрзонд рудзгуыты æвгтæ-иу змæлæгау кодтой. Æз зарын нæ, хъырнын дæр нæ зыдтон æмæ-иу иуварсæй хъуыстон æмæ дис кодтон йæ аив хъæлæсыл. Мæхинымæр-иу дзырдтон: ахæм хъæлæсы хицау ам цы кусы, уый хъуамæ искуы оперон театры зарид…

Иу хабар мæ зæрдыл арæх æрлæууы: Чеджемты Геор, Дзиуаты Батрадз, Рæмонты Геор æмæ æз рахызтыстæм Къостайы номыл паркæй. Уыцы рæстæг проспекты та сцæйцыд Казбич. Куы нæ ауыдта, уæд йæ цыд фæтагъддæр кодта, йæ мидбылты бахудт æмæ афтæ бакодта: «Цы хорз у, мæ размæ кæй фестут, уый! – йæ цæстытæ цæхæрæрттывд кодтой. – Мæнæ æфсæддон училищейы мах училище концерт дæтты, æмæ мын хъырнджытæ нæй. Уæ хорзæхæй, ма фæзивæг кæнут, мæ фарсмæ æрбалæуут, бахъырнут мын…» – мæнмæ фæрсæджы каст æрбакодта. «Адон ма чысыл бахъырнæгау кæнынц, фæлæ мæн зарыны охыл искуы мæ дзых схæлиугæнгæ федтай?» – дисхуызæй йæм бакастæн æз дæр. Уый дын мын афтæ: «Æрмæст мæ фарсмæ æрбалæуут, ирон зарæг æнæ хъырнæгæй нæ фидауы, сымах-иу уæ дзыхтæ фæхæлиу

кæнут, æндæр заргæ дæр æмæ хъырнгæ дæр мæхæдæг кæндзынæн». Иннæтæй мæ ныфс уыди, æмæ сразы дæн. Концерты Казбич ныззарыд æмæ, куыд загъта, афтæ рауад: заргæ дæр æмæ хъырнгæ дæр йæхæдæг кодта. Иннæтæ дæр ын цас æххуыс уыдысты, фæлæ æз æрмæстдæр мæ дзых æфсоны хæлиу кæй кодтон, уымæй æфсæрмы кодтон æмæ, зарæг куы фæцис, уæддæр ма иуцасдæр мæ дзых хæлиуæй аззад. (Ацы цау æрымысгæйæ, мæ зæрдыл арæх æрлæууынц нæ абоны эстрадон зарæггæнджытæ – фонограммæ цæуы, зарæггæнæг йæ дзых фæхæлиу-фæхæлиу кæны. Æвæццæгæн, фонограммæйы бындурæвæрæг æз уыдтæн.) Тыхджын къухæмдзæгъд анæрыд залы. Кæй зæгъын æй хъæуы, мæнæн не 'мдзæгъд кодтой, фæлæ Казбичæн! Уæвгæ, уæд махыл куынæ амбæлдаид, уæддæр иунæгæй дæр азарыдаид! Училищейы фæстæ алы фæндæгтыл ацыдыстæм, Казбич Питеры аивæдты академимæ, æз – фæстæдæр Мæскуыйы М. Горькийы номыл литературон институтмæ, фæлæ, зæгъæн ис, кæрæдзийæ никуы адард стæм. Институты фæстæ кусын райдыдтон телеуынынады, Казбичы æрмадз та уыд Сæрибары уынджы Штыбы фæзмæ хæстæг. Куыстæй цæугæйæ-иу арæх нæ фæндаг ракодтам ууылты. Мах-иу чысыл фынджы уæлхъус бадтыстæм, уый та-иу, хатыр ракургæйæ, йæ куыст дарддæр кодта. Мæ цæстытыл абон дæр уайы, палитрæйыл ахорæнтæ куыд змæста æмæ сæ кæттагмæ куыд хаста, уый. Уыцы рæстæджы йæ сæйрагдæр куыстытæй иу уыд «Чындзæхсæв». Хатт-иу дзы айрох, мах дæр уым стæм, уый æмæ-иу чындзхæсджытæн базарæгау кодта. Йе сфæлдыстады тыххæй телевизион равдыстытæ дæр бацæттæ кодтон. Фæлæ мæхицæн иу хъуыддаг абон дæр нæ хатыр кæнын: йæ зараг хъæлæс ын кæй нæ ныффыстон, уый. Æмæ афтæмæй йе 'вæджиауы хъæлæсы зæлтæ бамыр сты йæ ацыды фæстæ. Хъазыбег зарæджы фæндагыл куы ацыдаид, уæд дзы стыр зарæггæнæг рауадаид, фæлæ равзæрста æндæр фæндаг – нывгæнæджы фæндаг! – уый та ноджы вазыгджындæр æмæ кадджындæр фæндаг у!

Казбичы йæ фæстаг фæндагыл куы афæндараст кодтам, уымæй цалдæр боны фæстæдæр Мæскуыйы йæ куыст райдыдта Уæрæсейы фысджыты съезд. Æз та уыдтæн уыцы съездмæ хуынд уазæг. Мæхинымæр хъуыды кæнын: хуынд уазæг дæн, хъæлæс кæныны бар мæм нæ хауы, ам уон, уым уон, ничи мæ агурдзæн, дæлæ Манежы та ис Уæрæсейы нывгæнджыты равдыст, æмæ фæлтау мæ рæстæг уым арвитон, чи зоны, уым исты хорзæй фенон. Загътон

æмæ кæнгæ дæр афтæ бакодтон. Кæуылты у Манежы фæзуат! – æмæ дæргъмæ-цæхгæрмæ уынгауты цæуын. Фæлæ ам дæр цæст уадиссагæй ницæуыл хæцы. Кæсын нывтæм: уыцы иухуызон цæхæркалгæ ахорæнтæй цæст фæллайын райдыдта… Мæ ных дуары ‘рдæм сарæзтон, фæлæ мыл цыма цыдæр æнæзынгæ тыхтæ фæстæмæ хæцынц, афтæ цæхгæрмæ рæнхъытыл дыууæрдæм мæ цæстæнгас ахæссын. Æмæ дын иу цæхгæрмæ ацæуæны мæ цæст иу нывыл куы ‘рхæцид. Иннæ ахорæнтæй уæлдай йæ тарæй æрныгъуылд æмæ, цыма йæхицæй æфсæрмы кодта, уыйау лæууыд. Йе ‘нгасæй мæ æрурæдта. Азылдтæн æм, цæуын æм, æмæ йæм куыд хæстæгдæр кæнын, афтæ мæ йæхимæ кæлæнгондау тынгдæр æлвасы. Куыд æм æввахсдæр кæнын, афтæ мын цыдæр æхсызгон рис мæ зæрдæ агайы. Хæстæгдæр æм бацыдтæн æмæ мæнæ нæхи Казбичы нывт: «Къостайы ныгæнæн бон». Къуыри дæр нæма рацыд, Казбичæн йæ чырыны уæлхъус куы лæууыдтæн, уæдæй, æмæ ныр мæнæ Мæскуыйы Манежы равдыстыты хæдзары лæууын йæ куысты раз. Æнæнхъæлæджы æнкъард, фæлæ зæрдиаг фембæлд. Иуæй мын æхсызгон уыд, иннæмæй та мæ цæстытыл ауадысты, нæ фыццаг фембæлдæй фæстæмæ цы æхсызгон бонтæ ныххал сты, уыдон… Равдысты иннæ куыстытæй уæлдай мæ цæстæнгас йæхимæ чи аздæхта, Хъазыбеджы уыцы куыст йæ тарморæ хуызтæй агайдта мæ зæрдæ.

Казбич йæ фæстæ цы бынтæ ныууагъта, уыдонæн нырма кæд аивадон æгъдауæй фаг аргъгонд нæма ‘рцыд, уæддæр мæ уырны, нæ ирон хуызфыссынады аивады къæбицмæ ахъаззаджы хуынтæ кæй бахаста.

Куыд лæг, куыд адæймаг, афтæ сывæллонау уыд æнæхин æмæ æнæсайд. Мæнæ афтæ кæмæй фæзæгъынц, «йæ фæстаг хæдон дæр дын раласдзæн», раст ахæм. Адæм ын аргъ кодтой йæ хуымæтæгдзинад æмæ хæдæфсармдзинадæн. Уый та алы сфæлдыстадон кусæджы къухы нæ бафты…

Лæджы цардæн æрмæстдæр Рæстæг у аргъгæнæг. Æмæ абон мах уынæм æмæ зонæм: Хетæгкаты Хъазыбег уыд нæ адæмы уарзондæр хъæбултæй иу. Кæд ын азтæй бирæ рацæрын нæ бантыст, уæддæр йæ адæмы удварнæн, Ирыстоны хæрзæбонæн чысыл нæ сарæзта. Æмæ йæ рухс ном цæрдзæн йæ куыстыты, стæй йын йæ куыстытæн чи аргъ кæна, уыдоны зæрдæты.

*КОКАЙТЫ Тотрадз*

# НЫВ КÆНЫНМÆ КÆНÆ ЗАРЫНМÆ КÆУЫЛТЫ УЫДИ, КÆ!..

Зын у Хъазыбеджы хуызæн адæймаджы тыххæй ивгъуыд рæстæджы дзурæн. Йæ ацыдæй нæ республикæйы Нывгæнджыты цæдис цыма æрдæг фæци, уыйау дзы нæдæр йæ диссаджы æнæбафæзмгæ зарæг нал райхъуыст, нæдæр йæ хъазæн хъæлдзæг ныхæстæ. Фыдæнхъæл дзы фестæм. Æнтысгæ та йын бакодта, бирæ нывгæнджытæн сæдæ азмæ дæр цас нæ бантысдзæн, уыйбæрц.

Бирæ хорз нывгæнджытæ нæм ис, фæлæ лыстæгдæр сасирæй куы райдайæм æвзарын сæ номдзыддæрты, уæд… Къоста! Уæлдайдæр йæхи сурæт куыд скодта! Кæс æмæ йæм кæс. Цыма демæ дзуры, цыдæриддæр ныффыста уыцы уацмысты ныхæстæй! Тугъанты Махарбег! Цымæ уый нæ уыди, зæгъгæ, уæд нæ Нарты кадджытæ цы хуызæн уаиккой, чи зоны, уæвгæ дæр нæ уаиккой! Дзанайты Азанбег! Цы æгæрон уыд йæ курдиат! Уый куыд æнцонæй ныв кодта адæймаджы дæр, бæхты дæр. Йæ уацмыс «Алантæ стæры!» Кæй нæ бафтауы дисы! Уæдæ цы киноныв скодта, уый та! Тауаситы Сослæнбег! Æппæт дунейы дæр æмбал нæй йе сконд статуя «Салават Юлаевæн»! Хетæгкаты Хъазыбег… Йæ алы куыст дæр у национ шедевр. Раст йæхæдæг эскизтæ кæй хуыдта, уыдон дæр сты алцæмæй æххæст профессионалон нывтæ. Кæдæмфæнды-иу нывгæнджыты къордимæ куы ацыдыстæм, уæд-иу не ‘хсæнæй Хъазыбег хицæн кодта. Уайтагъд-иу ссис адæмæн уарзон æмæ сæ хæлар. Йæ рæсугъд хъæлæсæй-иу куы ныззарыд, уæд-иу адæм сæ адджын ныхæстæ дæр ныууагътой æмæ йæм цымыдисæй хъуыстой. Мæ зæрдыл абонау лæууы, 1984 азы Мæскуымæ цы равдыст аластам, уый. Архайдтой дзы графикæйы дæснытæ, кæттагыл нывгæнджытæ, скульптортæ, æрмдæснытæ. Уыцы рæстæг нæм иу къордæй æрбацыдысты Уæрæсейы Культурæйы министрад æмæ Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы хицауад. Къамисы нысан уыд утæппæт нывгæнджыты ‘хсæн равзарын æрмæст иунæг нывгæнæджы, йе сфæлдыстад профессионалон æгъдауæй алцæмæй æххæстдæр кæмæн уыдаид, æмæ йæ адæмы удыхъæд, национ хуыз ирддæрæй чи равдыстаид

йæ куыстыты, уый. Сусæггаг нæу, чидæртæ сæхи уыцы домæнты аккаг хуыдтой, фæлæ… Хъуыддаг куы бамбæрстон, уæд бахастон мæ хъуыды къамисы уæнгтæм, цæмæй нывты бынмæ авторты нæмттæ айсæм, æмæ афтæмæй уæлахиздзауы сбæрæг кæнæм. Къамисы уæнгтæ равзæрстой Хъазыбеджы нывтæ. Уый дзуры йæ национдзинадыл æмæ, стыр курдиаты хицау кæй уыд, ууыл.

Хъазыбегæн уæздандзинад йæ туджы уыд. Йæхицæй фырнымддæр ссарæн нæ уыд. Æнхъæл дæр нæ уыд утæппæт сфæлдыстадон кусджыты ‘хсæн ахæм аргъ уымæн скæндзысты, уымæн. Бæрзонд аргъ ын кæй скодтой, уымæй дæр æфсæрмы кодта. Цы загъдæуа хъысмæтæн – йæ царды бонтæ æгæр тагъд фесты. Зындгонд скульптор Санахъоты Сергей мын иу хатт афтæ загъы: «Ты не замечаешь, что Хетагуров идет по стопам наших корифеев?» Иу рæстæджы мæм равдыста йæ куыст «Къоста æмæ Иры дзыллæ». Æз дисы бацыдтæн! Уый мын афтæ – ай эскиз у. Стыр æй скæнынмæ хъавын. Загъын, куыд эскиз у, 150х150 кæуылты у!

Иухатт горæт Переславль-Залесскийы нывгæнджыты хæдзары уыдтæн. Хъазыбегæн мæм йæ къам дæр нæ уыд. Фæлæ мæ цæстытыл афтæ уадис, æмæ скодтон композици «Неоконченный холст» – Хъазыбеджы мысынæн. Ныртæккæ уыцы куыст ис нæ музейы.

Хъазыбеджы сфæлдыстадон бынтæ сты бæрзонд аивады æвдисæнтæ. Йæ мæлæты фæстæ йын хуымæтæджы нæ радтой Къостайы преми! Йæ ном сæнусон кæныны тыххæй ма хорз уаид, æмæ Къостайыхъæуы скъолайы къулыл, гъе та йæ райгуырæн хæдзарыл номарæн фæйнæг конд куы ‘рцæуид.

*ДЗБОЙТЫ Михал*

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар*

## НЫВГÆНÆДЖЫ МÆЛÆТ

Гæлæбутау-иу тахтыстæм йæ рухсмæ:
Йæ уды арт нæ батавта, йæ зард.
Бецау, йæ цырагъ ахуыссыд æнусмæ,
Йæ уат-æрмадзы сау мæйдар æрцард.

Æмæ цы уæм? – Бынат нæхицæн н ‘арæм.
Мæ зæрдæ сцоппай, тугтæ дзы кæлы.
Нæ цæссыгтимæ сæмхæццæ и уарын,
Зымæгон уарын – арв дæр ыл кæуы.

О, Казбич, Казбич… Самон та ма «Фсати»,
Цъæхснаг зæлтæй дæ карз дойны ысуадз,
Ысуадз дæ фаттæ сау мигъты æфсадыл,
Нæ зæрдæтыл  та базыртæ ныссадз.

О, Казбич, Казбич… Удаист ныл ма ‘фтау.
Дæ фыссæн хъис – дæ сойы цырагъ сис.
…Дæ фæлмæн зæрдæ д ‘ахорæнты батад
Æмæ кæнынц дыдзы рухсау фæдис.

Бецау, дæ цырагъ ахуыссыд æнусмæ?
Дæ нывты хуызы бацыди, цæры!
Тæхдзыстæм-иу гæлæбутау йæ рухсмæ…
Уæддæр нæ, оххай, удаист хæры.

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

## ХЪАЗЫБЕГ

Хъуынтъыз  уалдзæг. Æдзæрæг уынг. Изæр.
Йæ тары мæм хъуындзжын æрхуым æрхъуызы.
Мæрдон зæрдæ нæртон фæлтæры мысы,
Сæ цыты раз æркъул вæййы мæ сæр.

Нæ фæрныг цард цæмæн фæкъул цæхгæр?
Дæ тар æрмадзæй рухс зарæг нæ хъуысы…
Æрдзон тыхæй æртæ хорзы æнтысы,
Дæуæн уыдысты нардуатæй лæвæрд.

Ныр сидзæртау нæ царды бон нырхæндæг,
Дæ бахудтæй ныл нал ыскæсы хур,
Уæддæр вæййы дæ артдзæстмæ нæ фæндаг.

Цæуын æм æз мæ тыхст бонты зынггур…
Æртæ хорзы — дæ намысæн бындур:
Бæрзонд зæрдæ, бæрнон ныхас, æрвон зынг…

*КАСАТЫ Батрадз*

## ДÆ КУРДИАТÆЙ ФÆУÆЛДÆР ДÆ ДÆХÆДÆГ

Дæ хъуытаз хъæлæс ахорæнтæм рахызт,
Уынгæджы фесты кæттаг ‘мæ нывгæнæг,
Æмæ дзы минмыронæй диссаджы ныв рантыст.
Дæ курдиатæй фæуæлдæр дæ дæхæдæг.

Дæ нывты хъайтартæн сæ цардæгас ызмæлд
Йæхимæ скъæфы зæрдæйы уидæгты,
Уæларвон тыхты рухсы фарн хæссæг
Æнцой дæуæн дæ курдиатæн нæ дæтты.

Ныв кæнын æмæ зардæн — иу сæ мад,
Фæхъуылон та нæ фæфæччы хъæбулты.
Нæ дæм уыдис зæххон дуне нымад,
Хæлæг кодта дæ рухс зæрдæмæ хур дæр.

Нæ дын бантыст æмгæрттимæ цæрын.
Дæ зынг зæрдæ æнæнхъæлæджы асыгъд…
Дæ зарæг-иу дæ хæлæрттæн нæрыд,
Дæ нывтимæ та арвгæрæттæй ахызт.

# ХУССАР ИРЫСТОНЫ ДРАМОН ТЕАТР: 90 АЗЫ

*Уæззау фæндæгтыл цыд Ирон театр. Кæм ыл хур каст, кæм ыл къæвда уарыд, кæм та-иу знаджы цæхæры сыгъд. Фæлæ йæм адæмы фарны руаджы уыйбæрц хъару разынд, æмæ бахъахъхъæдта йæ хæдхуыздзинад, йæ артдзæсты цæхæр, йæ аивадон-сфæлдыстадон тых!*

*Ирыстоны аивады историйы сызгъæрин дамгъæтæй фыстæй баззадысты, йæ уды фарн æмæ æрдзæй лæвæрд курдиат æнæвгъауæй театрдзауты размæ чи хаста, уыдоны нæмттæ!*

*Зæрдиаг арфæтæ кæнæм Ирон театры кусджытæн, ирон театрдзаутæн! Нæ зæрдæ сын зæгъы ног сфæлдыстадон æнтыстытæ, уæлмонц æнкъарæнтæ, театрдзауты хорзæхæй хайджын куыд уат!*

ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

## ÆМБÆРЗÆН БАЙГОМ…

Егъау æмæ ахадгæ у Хетæгкаты Къостайы номыл Хуссар Ирыстоны паддзахадон драмон театры сфæлдыстадон фæндаг. Театры кусджытæ: режиссертæ, артисттæ, драматургтæ… суанг сценæйыл кусджыты онг - иууылдæр бирæ азты дæргъы лæггад кæныц ирон аив ныхасæн, ирон фарнæн, ирон культурæйæн æмæ сæ рæстæджы карз æвзарæнты аууæтты хæссынц дарддæры фæлтæртæн æнæрцæфæй. Хæццæ кæнынц фыдæлты фарн, табу йын кæнгæйæ. Бирæ йын бантыст саразын фæллойгæнджыты идейон æмæ эстетикон хъомылады, ирон театралон аивады рæзын кæныны хъуыддаджы. Театр кæддæриддæр лæууыд раст идейон позицитыл æмæ рæстагæй нымад цæуы национ культурæйы сæйраг артдзæстыл.

Ныхас театры абоны æнтыстытыл куы фæцæуы, уæд æнæмæнгæй æрымысын æмæ арфæйы ныхас зæгъын фæхъæуы театрæн бындур ын чи бавæрдта, æмæ, историйы сыфтыл сæ нæмттæ сыгъзæрин дамгъæтæй фыстæй кæмæн баззадысты, уыцы адæмæн.


1931 аз




2019 аз

Стыр Октябры социалистон революци куы фæуæлахиз, уæд фадат фæцис чысыл нациты культурæйы рæзтæн. Уыцы рæстæг Цхинвалы цы ног драмон къорд уыд, уымæн ирон профессионалон театры фæзынды хъуыддаджы уыд стыр нысаниуæг.

1927 азы райдыдтой аразын Хуссар Ирыстоны театры бæстыхай æмæ арæзт фæцис 1931 азы. Уый стыр бæрæгбон уыд Ирыстонæн. Фыццаг хатт æмбæрзæн байгом æмæ дзы равдыстой спектакл «Тæфсæг». Сæвæрдта йæ республикæйы сгуыхт артист Хетæгкаты Валодя. Нывтæй йæ сфæлыста Тугъанты Махарбег.

1931 азы Хуссар Ирыстоны ирон профессионалон театр куы райгуырд, уæд ын арфæйаг лæггад чи бакодта, уыдон сты театры фыццаг режиссертæ: Хетæгкаты Владимир, Кокойты Тæтæрхъан, Бекъойты Алекси, Лохты Къоста, Хъæцмæзты Илья (Кавказаг) æмæ И. Самохвалов. Уыдонæй иумæ дæр нæ уыд сæрмагонд режиссерон ахуырдзинад, фæлæ се 'ппæт дæр фæлтæрд уыдысты профессионалон театр цалынмæ нæ байгом, уæдмæйы хæдахуыр, хихъæппæрисадон драмон къордты. Афтæмæй драмон къордты архайджытæй иуæй-йутæ систы ирон профессионалон театры бындурæвæрджытæ. Уыцы номхыгъд адарддæр кæнæн ис Дзаттиаты Сона, Дзæхаты Дзæбидыр, Гугкаты Сашæ, Уырысты Муссæ, Мамиаты Димитр, Цоциты Нинæ, Хуыбылты Гришæ, æмæ иннæты нæмттæй. Бирæ фыдæбон æмæ тухитæ бавзæрстой сæ нысанмæ фæндагыл. Театр байгом, фæлæ сценæ – бæгънæг. Раст бæлас фæззæг йæ сыфтæртæ азгъæлгæйæ куыд аззайы, уыйау. Гардероб афтид. Декоративон цех – примитивон. Реквизиттæ - кадавар. Уæвгæ, артисттæн сæхи царды уавæртæ бæллиццагдæр нæ уыдысты. Фæлæ театрыл хæрзгæнджыты æгæрон уарзондзинад аивадмæ æмæ быхсондзинады фæрцы йæ уалдзæг æрцыд.

Кокойты Ясоны фырт Тæтæрхъан аивадмæ уарзондзинад æрдзæй лæвæрд уыд. Театр куы байгом, уæд, Хетæгкаты Владимиры фæстæ, 1931 азы сценæйыл сæвæрдта Авксентий Цагарелийы комеди «Ды цы федтай, уый нал фендзынæ». Уый фæстæ та Брытъиаты Елбыздыхъойы «Худинаджы бæсты мæлæт», Леонид Циновскийы «Расправа» (Бекъойты Алексиимæ), Брытъиаты Елбыздыхъойы «Амран» (Лохты Къостаимæ), Авксентий Цагарелийы «Ханума» (Лохты Къостаимæ) æмæ æндæртæ. Уыцы спектальтæн се 'ппæтæн дæр æмæ ма дарддæр иннæтæ кæй æвæрдтой, уыдонæн дæр бирæ рæстæг музыкæ фыста йæхæдæг.

Театры уæды режессурæйы сæрмагонд бынат ахсы Бекъойты Алексийы иузæрдион куыст. 1932 аз сценæйыл сæвæрдта ирон номдзыд фыссæг Хъуылаты Сикъойы пьесæ «Хъæу фенкъуыст», Тандуйы фырты пьесæ «Цъулберты Кулак», Брытъиаты Елбыздыхъойы «Хазби», Коцойты Арсены «Гæдыйы къах цыбыр у».

Цалдæр спектаклы сæвæрдта Лохты Къоста дæр. Гæдиаты Цомахъы трагеди «Ос-Бæгъатыр»-ы дæр фыццаг хатт сценæйыл уый сæвæрдта.

Ирон театр фыццаг сезоны репертуар уырыссаг классикты пьесæтæй фæхъæздыгдæр кодта курдиатджын æмæ æмбисонды хæларзæрдæ адæймаг И. Самохвалов. Ирон сценæйыл сæвæрдта Антон Чеховы «Юбилей», «Арс», «Усгур», Александр Бруштейны «Кæрон уыдзæн», Георгий Мдиванийы «Райгуырæн бæстæ», Луи Вернейлы «Еленæйы скъæфт».

Фыццаг спектакльтæ ма сæвæрдтой Тугъанты Махарбег, Саулохты Мухтар, Гуыбиаты Георгий, Кавказаг æмæ Сланты Григол. Ирон сценæйыл фыццаг хатт Шекспиры æнæмæлгæ трагеди «Гамлет» сæвæрдта Василий Фотиев. Фæстæдæр йæм бафтыдысты Мамсыраты Дæбейы «Хæсанæ», Брытъиаты Елбыздыхъойы «Хазби», Гусейн Мухтаровы «Хъæлдзæг уазæг», итайлаг драматург Карло Гольдонийы «Худæджы хабар» æмæ грекъаг драматург Димитрис Псафасы комеди «Хъæуы нæ фæлитой».

Тбилисы Шота Руставелийы номыл паддзахадон академион театры студимæ республикæйы фæсивæдæй иу къорд ахуыр кæнынмæ чи ацыд, уыдон 1935 азы фæстæмæ куы æрбаздæхтысты, уæд театры сфæлдыстадон коллектив бæлвырд фæтыхджындæр. Уый фаг нæ уыд æмæ та ирон зæрдæргъæвд фæсивæдæй ног къорд ахуыр кæнынмæ 'рвыст æрцыд Ленинградмæ Островскийы номыл паддзахадон театралон институтмæ. Цадæггай театр йæ къæхтыл слæууыд.

Театры байгомæй аивадон разамонджыты раз, спектакльтæ аивадон æгъдауæй чи фæлындздзæн, зæгъгæ фарст цæхгæр куы æрлæууыд, уæд Цæгат Ирыстонæй фæхуыдтой фæлтæрд нывгæнæг Тугъанты Махарбеджы. Уый 1931 азæй 1946 азмæ разамынд лæвæрдта спектакльты фæлындзыны хъуыддагæн. Афтæ цадæггай фидар кæнын райдыдта театры сфæлдыстадон астæумагъз. Æвæццæгæн, ирон лæджы удыхъæд, ирон лæджы миддуне, æмæ цардуагон æгъдæуттæ Махарбегæн куыд ирд æмæ хуызджынæйравдисын бантыст, афтæ нырма никæй бон баци. Фыццаг рæстæг ын æххуысгæнджытæ нæ уыд æмæ йæхæ-

дæг фыхта клей, сæрста кæттаг æмæ ныв кодта декорацитæ, арæзта артистты уæлæдарæсы эскизтæ æмæ гримм дæр. Цы спектаклътæн скодта аивадон фæлгонц, уыдон рауадысты тынг оригиналон. Уыдон сты спектаклътæ: «Амыран», «Хъæу фенкъуыст», «Ос-Бæгъатыр», «Хазби», «Овод», «Таймураз», «Царды аргъау», «Райгуырæн бæстæ», «Ныхæй-ныхмæ фембæлд», «Дуня», «Чындзæхсæв», «Фыййæутты уæтæр», «Уарзондзинад æмæ налатдзинад», «Пæсæйы фæндон» æмæ æндæртæ.

Театры ма фæзынд ног сфæлдыстадон кусджытæ: нывгæнджытæ - Гæздæнты Цопан, Зассеты Алыксандр, композитортæ - Галаты Барис, Кокойты Тæтæрхъан, Никъолоз Гудиашвили, Хаханты Дудар, Гæбæраты Илья, Æлборты Феликс. Актертæн сæхи 'хсæн фæзынд арæхстджын æвæрæг-режиссертæ - Магкаты Алихан æмæ Гуыбиаты Георги. Фыдæбонджын сты иууылдæр тетры сценæйыл. Галаты Барис æмæ Кокойты Тæтæрхъаны нæмттимæ баст у фыццаг ирон спектаклы музыкалон фæлгонц. Барис музыкæ ныффыста фыццаг ирон музыкалон комеди «Усгур»-æн. Театры сценæйыл райгуырд фыццаг ирон опереттæ «Хандзариффæ». Музыкæйы автор - Хаханты Дудар.

Хуссар Ирыстоны профессионалон театры фæзынд фадат радта æмæ стыр æххуыс бакодта национ драматургийы рæзтæн, бынæттон авторты драмон уацмысты фæзындæн. Кæрæдзи фæдыл ныххæррæтт кодтой бирæ ног пьесæтæ.

1939 азы ирон адæм сæ уарзон хъæбул Хетæгкаты Къостайы райгуырды 80 азы бон куы бæрæг кодтой, уæд театрæн лæвæрд æрцыд йæ ном. Хæрз чысыл æмгъуыдмæ театры къухы бафтыд стыр æнтыстдзинæдтæ. Уыдон та дзырдтой йæ цардхъомдзинадыл. Парти аккаг аргъ скодта театралон аивады курдиатджындæр минæвæрттæн. Гуырдзыстоны Республикæйы аивæдты сгуыхт архайджыты нæмттæ лæвæрд æрцыд: Виктор Мургъуляйæн, Тугъанты Махарбегæн æмæ Галаты Барисæн. Гуырдзыстоны Республикæйы сгуыхт артистты нæмттæ та райстой Дзæхаты Дзæбидыр, Цæбиты Нинæ, Саулохты Мухтар æмæ Мамиаты Димитр.

Афæдз фæстæ 1941 азы райдæйæны Ленинградæй æрыздæхтысты уæлдæр театралон ахуырдзинадимæ ирон курдиатджын фæсивæды къорд. Театры уæлдæр профессионалон ахуырдзинад чи райста, уыцы фыццаг профессионалон артисттæ сты: Багаты Федыр, Гаглойты Зинæ, Гаглойты Варя, Гæззаты Стъепан, Зазиты Андрей, Джиджджойты

Лидæ, Таугазты Гаврил, Тедеты Андрей, Тедеты В., Къæбулты Гришæ, Хъайырты Владимир, Магкоты Наташæ, Мæргъиты Сослан, Мæхъиты Владимир, Плиты Александрæ, Сланты Григол, Цæбиты Варя, Цæбиты Залихан æмæ Цоциты Нинæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цæхæры хъазуатон тохы знаджы ныхмæ цы артисттæ æрлæууыд, уыдонæй ма фæстæмæ æрыздæхт æрмæст æртæ: Гæззаты Степан, Мæргъиты Сослан (Людмилæйы дыккаг фыд) æмæ Тедеты Владимир. Кæд хæсты фæстæ театры сфæлдыстадон коллектив фæкъахыр, уæддæр йæ куыст нæ фæныллæгдæр кодта. Театр адæммæ сидтис уæлахизмæ, лæгдзинадмæ, фарн æмæ цардмæ.

Стыр Уæлахизы фæстæ театр дысвæлдæхтæй банæлдта йæ репертуармæ. Кæрæдзи фæдыл фæзындысты: В. Вишневскийы æмæ А. Кроны драмæ «Æмвæтæнæй денджыз фæйлауы», А. Суровы «Сталинградæй дарддæр», «Мдиванийы «Æвзонг адæймаг», Цоциты Резойы «Кавказы хохрæбынты», Шекспиры «Отелло», Плиты Грисы «Чермен», Токаты Асæхы «Усгуртæ», Г. Мухтаровы «Аланы Бинонтæ», И. Чъавчъавадзейы «Отараты идæдз», Джусойты Нафийы «Азау æмæ Таймураз» æмæ æндæртæ.

Театр нæ уарзы лæмæгъдзинæдтæ. Артист цы фæлгонц саразы, ууыл хъуамæ театрдзауы бауæндын кæна, ахона йæ йæ фæстæ, сæвзæрын æм кæна æнкъарæнтæ, кæм худгæ фæкæна, кæм дзы йæ зæрдæ хъуамæ суынгæг уа. Уыцы сфæлдыстадон хъару артистмæ куы нæ уа, уæд уый арист схонæн нæй. Уый, æвæццæгæн, аивады алы хуызы сфæлдыстадон адæймагмæ дæр хауы. Уымæ гæсгæ артисттæй бирæтæ сценæйæ ацыдысты.

ГÆБÆРАТЫ Юри

# КУРДИАТ ÆХСИДÆГ АРТДЗÆСТ

## Æртхутæджы риссаг хъарæг

Уыдис рæстæг – сабыр арвы бын адæмы ницы хъыгдардта царды фæндтæ нывæндын æмæ национ аивад фæлдисын. Уæд политикæ никæй æндæвта, уæд знаджы æрбабырстæй, адавынæй, срæмудзынæй ничи тарст. Цард фыхт цæджджинагау, фæндаг исчи æрæхгæндзæн, кæнæ дын блокадæ скæндзæн, уыдæттæ йæ фæсонæрхæджы дæр никæмæн уыдысты. Уыдтам æрмæстдæр бæрæгбонтæ, зæрдылдарæн цаутæ.

Театры дунеон бон-иу куыд хæстæг кодта, афтæ-иу нæ театралон аивады зынгæдæр архайджыты 'хсæн бацайдагъ сусæг-æргом быцæу: ацы хатт та æз фыссын, ныр та мæ рад у радио æмæ газеты театры кой скæнын... Æндæр, Саакашвили та схæцынмæ кæд хъавы, кæнæ ног спектакль сæвæрынæн æхца кæм ссардзыстæм, уыдæттыл тыхстысты?!.

Фæлæ алы дугæн дæр ис йæхи æвæрццæг æмæ æппæрццæг миниуджытæ. Хуссар Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон драмон театры дыууæ труппæйы уыд – ирон æмæ гуырдзиаг. Гуырдзиæгтæ-иу се спектаклы рæстæджы агуырдтой, коллективæй сæрибар чи уыд, ахæмты – актерæй, техникон кусæджы онг-иу сæ рабадын кодтой кæсæн залы, цæмæй гуырдзиаг театр æхгæд ма ‘рцыдаид æмæ гуырдзиæгтæ æгуыстæй ма баззадаиккой.

Махмæ, ирон труппæйы спектакльты та-иу адæмæй къух бакæнæн нæ уыд. Билеттæ сгарæг Беппиты Зауыры сæр-иу уынгæджы фæцис, бынат-иу кæмæ не ‘рхауд, уыцы адæмы сабыр кæнынæй. Афтæмæй та иу дзыпп, иу къæбицæй цардыстæм. Гъе стæй ирæттæн сæ авналæнтæ сæ бар нæ уыдысты. Иудадзыг «дæлейы» сæ фындз тъыстой театры хъуыддæгты.

Ныр ахæмтæй – сæрибар, фæлæ... Æмтъеры бæстæ, къуындæг фадæттæ. Æмæ сыл сæрибары цинæй хъæцыдаиккам, исты фæрæзтæ кодтаиккам, фæлæ…

Басыгъд нæ уарзон театр, нæ удварны сæйраг артдзæст. Лæууын, кæддæр адæм удæхцондзинад кæм истой, уыцы кæсæн залы сыгъдæттыл æмæ хъусын æртхутæджы риссаг хъарæгмæ. Уыцы хъарæг иу кæны,

сценæйæ кæй фарны хъæлæс хъуыст, ирон аивадæн сæрнывондæй чи лæггад кодта, уыцы фæрнджын адæймæгты судзаггаг мароимæ. Æмæ цæстытыл уайынц сæ кæддæры фæрнджын бакаст сæ ныры мæрдон хуызтимæ...

Театрæн-иу улæфты бон къуырисæры уыдис, фæлæ уыцы иунæг бон дæр нæ фæрæзта Цхуырбаты Барис æнæ театр. Æрбацыд æмæ-иу æрзылд фарны артдзæсты къуымты. Йæ къухтæ-иу рæвдаугæ æрхаста сценæйы къултыл, кулисæтыл, фæзылд-иу репетицигæнæн залты, стæй-иу, йæ цæсгомыл парахат мидбылхудт ахæсгæйæ, сындæг къахдзæфтæй араст хæдзармæ. Ныр искæцæй куы 'рбакæсид мæнæ ацы сыгъдæттæм, уæд... Нæ, Барисы зæрдæ уый не сфæрæзтаид…

Кæнæ куыд кæниккой, театры цард æмæ аивады хæрзæбонæн сæ удтæй арт чи цагъта, уыцы куырыхон æмæ курдиатджын лæгтæ, адæмон артист Таугазты Габо, æмæ, спектакльтæ æвæргæйæ, æхсæв æмæ бонæй уæлдай кæмæн нæ уыд, уыцы номдзыд режиссер Хъайырты Владимир? Уыдон ма уæддæр нæлгоймæгтæ уыдысты, фæлæ ахæм уæззау цæфæн не сфæразиккой Цæбиты Нинæ, Гаглойты Зинæ, Медойты Заретæ æмæ æндæрты тæнæг зæрдæтæ...

Ох, цы рæстæг уыд, цы рæстæг!..

Куыд æнувыд уыдысты кæрæдзийыл дæр æмæ, сæ сæйраг цардыл кæй нымадтой, уыцы театры фарнныл дæр. Уыдонæй алкæмæн дæр уыд йæхи хъысмæт, йæхи бинонты цинтæ æмæ мæстытæ, фæлæ хицæнтæй æмæ иумæ дæр иу уыд сæ хъысмæт – кæрæдзийыл аудын, театр æмæ театрдзаутæн зæрдæбынæй лæггад кæнын.

Кокойты Къоста (Цæбиты Нинæйы лæппу), йæ уæззау низимæ тох кæнгæйæ, йæ царды фæстаг бонтæ куы нымадта, уыцы рæстæджы Къуайсамæ аластам спектакль. Æмбисæхсæв æрыздæхтыстæм горæтмæ. Уыцы афон-иу нæ автобусы шофыр алкæй дæр фæхæццæ кодта йæ хæдзармæ, фæлæ ацы хатт ничи сразы – Котикы, дам, абæрæг кæнæм. Автобус æрлæууыд театры цур. Куыддæр æрхызтыстæм, афтæ Нинæты хæдзарæй райхъуыст хъарæг... Иутæ лæугæйæ баззадысты сæ мидбынæтты, иннæтæй чи театры къулыл банцой кодта, чи бæласы зæнгыл, чи, йæ сæр йæ уæрджытыл æруадзгæйæ, фæндаггæрон æрбадт...

Æмæ уыцы æрхæндæг, уыцы удмарæг ныв æнæфæивгæйæ баззад суанг боныцъæхтæм. Нæ, уæд æндæрхуызон уыдысты адæм сæ удыхъæдæй æмæ сæ кæрæдзимæ ахастæй. Афтæ – аивадмæ ахастæй дæр.

Ныр алцæмæн дæр ис пайдайы нысаниуæг, алцæмæ дæр кæсæм

коммерциийы цæстæй. Трагеди æмæ драмæ модæйы нал сты, адæм сæм нал цæуынц, театралон аивады арф уидæгтæ ауагътой æнæмидис комеди æмæ аслам худт.

Цы дæ фæнды – цæрын хъæуы театры дæр æмæ адæймаджы дæр, фæлæ уæд уыцы æмбарынад паддзахиуæг нæма кодта. Артисттæй исчи, спектаклы хъазгæйæ, адæмы фæхудын кæныны охыл авторы текст йæхирдыгонау фæивта, зæгъгæ, уæд... Дыккаг бон æмбырд, уайдзæфтæ, карз æфхæрд фæстаг фæдзæхстимæ.

Иу ахæм «разборкæты» рæстæджы чидæр афтæ бакодта: «Ой, цæрын дæр нæ хъæуы, адæм та театрмæ фылдæр фæхудыны тыххæй цæуынц...»

Уæд Цхуырбаты Барис сыстад æмæ мæстыйæ афтæ зæгъы: «Хъуыддаг уымæ куы 'рцæуа, уæд æз æмæ Цоциты Нинæ сценæмæ айдагъ трусикты рахиздзыстæм æмæ адæм кæсæн залмæ дуæрттыл нал цæудзысты, фæлæ царæй бынмæ люстрæйыл бырдзысты… Фæлæ уый аивад нал уыдзæн!».

Барисы ацы ныхæстæ мæ зæрдыл æрлæууыдысты, залы сыгъдæттыл лæугæйæ. Хæрдмæ куы скастæн, уæд мын кæуындзæг мæ хъуыр ахгæдта. Барис цы люстрæйы кой кодта, театры сæйраг фидыц чи уыд, уымæн йæ бынат дæр куы нал ис… Афтæ мæм фæкаст, цыма мæ сæрмæ гом арв дæр æркалдзæн йæ цæссыгтæ.

Уæртæ гъе, ирон аивады фарны алæмæты артдзæст, нæ уарзон сценæ. Цал æмæ дзы цал спектаклы равдыстæуыд, цал æмæ цал адæймаджы фæкæуын кодта, цас зæрдæбын худт фехъуыст ацы сценæмæ кæсгæйæ. Цы нæргæ спектакльтæн уыд æвдисæн: «Хазби», «Сæрмæт æмæ йæ фырттæ», «Бæсты фарн», «Дыуучæ хойы», «Фатимæ», «Хилачъы фидар»...

Фæстаг азты та? Цал хатты ма дзы федтам ирон цухъа, разгом?.. Афтæмæй та национ театрæн йæ фыццаградон хæс национ идейæ æмæ удварн пропагандæ кæнын у.

Фæлæ сыræздзæн, сæндидздзæн æртхутæгæй Ирон театр æмæ æрцагурдзæн йæ кæддæры традицитæ. Уый абоны фæлтæрæн йæ æвæджиау хæс у. Махæн бар нæй, ирон театры нæргæ фарны æмæ уыцы фарн чи тыдта, уыдоны зæрдæхудты бацæуынæн, кæд зын у, уæддæр…

Зын уымæн зæгъын, æмæ, уæлдæр кæй кой скодтон, уыдон сæхæдæг та уыцы рæстæджы афтæ нымадтой, цыма ирон театры фарн æмæ цæрдхъомдзинад тынг фæцудыдтой Гуыбиаты Гиуæрги, Дзæхаты Дзæбидыр, Дзадтиаты Сона æмæ æндæр фæрнджын, курдиатджын хистæрты фæстæ.

Уыдоны кой-иу кæстæртæн арæх кодтой, æрмæст кой нæ – домдтой сæ, цæмæй ма рох кодтаиккой ирон театры бындурæвæрджыты рæсугъд традицитæ. Уыцы куырыхон хистæртæн бирæ зындæр уыдысты сæ куыст, сæ аивад фæлдисыны уавæртæ æмæ фадæттæ, фæлæ быхстой, национ театры рæсугъддæр фидæнмæ тырнгæйæ. Ныры фæлтæрæн чысыл зындзинад дæр æнæбыхсгæ трагеди у, уыдон та, дам-иу, дард хæххон хъæутæм дæр спектакльтæ æвдисынмæ фистæгæй цыдысты. Горæтæй араст у Къуайсамæ, костюмтæ æмæ декорацитæ æккойæ хæсс, афтæмæй. Фæлæ, дам-иу, «бафæлладтæн» зæгъын никæмæй сирвæзтаид.

Æмæ сын чи загъта бузныг, чи сын саргъ кодта сæ удуæлдай куыстæн?!.

Таугазты Гаврил æмæ-иу Цхуырбаты Барисæн, Дзадтиаты Сонайы кой скæнгæйæ, сæ нæлгоймагон чъынды цæссыгтæ æрызгъæлдысты. Театр дæр цух нæ уыд, Ирыстоны равзаргæдæр фырттыл адæмы знаджы ном æвæргæйæ чи цуан кодта, æргæвдæн машинæйæн сæ чи кæрдын кодта, уыдоны нукмæ дон чи уагъта, ахæмтæй. Уыдонæй та алчидæр тарст, сæхи сæ хызтой фыдрынау. Фæлæ, дам сын Сона нæ барста. Уыцы фыдзæрдæ лæгтæй сæ иу театры ахсджиаг архивон гæххæттытæ пецы куы сыгъта, уæд, дам ыл Сона йæхи хъæрццыгъайау ныццавта: «Цы ми кæныс, дæ Хуыцау дыл æркæла, уыдон ирон аивады историйы æвдисæндартæ куы сты, уæд сæ пецы куыд судзыс?!.»

«Дæ дзыхыл æрхæц, кæннод ды дæр де 'фсымæр æмæ дæ лæджы фæдыл ацæудзынæ!» – ныххуырста йыл «æппæт рæстаг адæмты фыдæн» табугæнæг.

Уый Сонайы æфсымæр Алыксандр æмæ йæ цардæмбал Гасситы Никъалайæ дзырдта. Сæ дыууæ дæр – Ирыстоныл æнувыд, разагътайы лæгтæ, зынгæ политикон æмæ æхсæнадон архайджытæ. Уыдысты сæ адæмы ахсджиаг хъæбултæ, фæлæ бабын сты «адæмы знаджы» номимæ.

Уыдис ахæм рæстæг дæр, уыдис... Фæлæ уыцы рæстæгæн дæр сфæрæзтой ирон адæм. Кæд афтæ зæгъæн ис, уæд. Кæд нæм гуырдзы быргæ нæ кодтой, не скъолатæ нын нал æхгæдтой, ирон адæмы хуыздæрты æргомæй нал куынæг кодтой, уæддæр сæ дæлбар уыдыстæм, сæ къух сусæг-æргомæй кæдæм æххæст, уым нын хæцыдысты нæ барты, нæ аивады хурхыл.

Гуырдзыстоны театралон æхсæнады бирæ фæллæйттæй сæхи театртæн – уæзгæ хай, ирон театрæн – фæлхортæ. Советон Цæдисы алы рæттæм, афтæ фæсарæнтæм дæр гастролон балцыты гуырдзиаг

театрæн – уæрæх фæндаг, ирон театрæн та Цæгат Ир æмæ Къахетмæ ацæуынæн дæр лæгъзтæмхасæнты уыд фæндаг раттæн.

Афтæмæй ихсыд нæ уарзон театр. Цы хуыздæр актертæ дзы уыд, уыдон сæ курдиаты бархъомыс къуындæг фæлгæттæй зæрдæйы фæндиаг атоныны охыл цыдысты фæйнæрдæм: Годжыцаты Исахъ, йæ цардæмбал Дзбойты Зоя, Хуыгаты Сурен, Еналдыты Инал æмæ æндæртæ. Уыдис ахæм рæстæг дæр, фæлæ та уымæн дæр бафæрæзта, гуыргъахъхъ фæндæгтыл чи рацыд æмæ карз тымыгъты чи бахсыст, уыцы театр. Бафæрæзта гуырдзыйы хæстæн дæр.

Цы фыдаудæнтæ йын фæкодтой, уыдоныл дæр ныхъхъæцыд. Гуырдзыстоны милицæйæ куы ссæрибар, уæд æм адæм зæрдæрыстæй цыдысты, баййæфтой дзы, æрмæстдæр хуытæ кæй ныууадздзысты сæ фæстæ, ахæм чъизи фæд. Уыцы чъизи фæд ссæуын кæнынæн театры бахъуыд бонтæ, къуыритæ нæ, фæлæ – мæйтæ!

Уæддæр та базмæлыд, царды бæрджытæ фæзынд ирон сценæйыл. Кæд йæ кæддæры фæрнджын традицитыл цасдæрбæрцæй суæлæхох, уæддæр йæ къухы бафтыд стыр æнтыстытæ, ссис цалдæр фестивалы лауреат.

Басыгъд нæ уарзон театрæн йæ агъуыст, фæлæ йын ис курдиатджын коллектив йæ аивадон разамонæг Дзуццаты Тамерланы къухдариуæгадæй.

Иугæр театры судзæн цæмæндæриддæр уыд, уыдон ииуылдæр басыгъдысты, фæлæ йæ сæрмæ сагъд ирон тырыса нæ басыгъд, уæд ныфс бавæрæн ис, фыдызнаджы фæндиаг кæй нæ фæуыдзыстæм, бауадздзыстæм театры йæ кæддæры нæргæ фарн, æмæ та...

Цæй, ныууадз дæ риссаг хъарæг, нæ уарзон театр! Сыст æртхутæгæй æмæ та ныррухс кæн, æрвылбон дын дæ сыгъдæттæм æрхæндæгæй чи кæсы, уыцы театрдзауты зæрдæтæ, уымæн æмæ дын уымæн дæ ног бæстыхайы ног хъарутимæ ног фæлтæрты курдиат æхсидыны фадат ис!

# Фарн æмæ лæджыхъæды фидауц

Ирон фарн æмæ ирон национ хæрзиуджытæй хайджын чи вæййы, Ирыстонæн номгæнæг, кад æмæ намысы лæг чи басгуыхы, уыдонæй искæй сау хабар куы фехъусæм, уæд, æгъатыр хъысмæты карзæй æлгъитгæйæ, фергом вæййы нæ риссаг удты хъынцъым:

– Ныр æй чи раивдзæн?!.

Ай-гъайдæр, абон куыд цæрæм, дарддæр дæр афтæ куы цæрæм, абонæй сом хуыздæрмæ куынæ цæуæм, нæ национ æмбарынад афтæ ныллæг куы уа, уæд размæ нæ, фæстæмæ цæудзыстæм. Æнæ национ «æз» адæм æдзыт æмæ æнæрæгъыдзыд сты, национ хъомылад кæм нæй, уым нæдæр абон ис, нæдæр фидæн. Æнæ культурæ, æнæ литературæ адæм никуы рацæудзысты адæмты рæгъы. Адæмы рæгъы, кæд адæмты разæй нæ, уæддæр се ’мрæнхъ куынæ цæуай, уæд дæ ном дæр – сæфт æмæ дæ цард дæр.

Цæмæй нæхæдæг нæхи базонæм æмæ нæ исчи дæр базона, уый тыххæй нæ лæгтæ хъæуы, курдиæттæ. Уымæн риссæм, ууыл сагъæс кæнæм, а фæстаг рæстæджы не 'хсæнæй чи аивгъуыдта, уыцы номы лæгты чи раива, нæ зæрдæ ныфсæнхъæлцау кæуыл фæдарæм, ахæмтæ нæм кæй нал ис. Чи ма нын раивдзæн Таугазты Гаврилы, Кокойты Васи-лы, Цхуырбаты Барисы, Хъотайты Григолы, Гуыцмæзты Алешы æмæ... Сæ нымайын адæймаджы зæрдæ фæразгæ дæр нал кæны...

Хур бон, дам, арв нæ цæвы, фæлæ... Уыцы сæрдыгон хур бон, Гаврилы сау хабар фехъусгæйæ, сæрæй къæхты бынмæ ныккæрзыдтон:

– Уæ, Ирыстон, уый дæ хур бон арв куы æрцавта!

Арвы цæфау куыд нæ фæдæн мæхæдæг дæр, фынддæс азы бæрц кæй рæвдыд æнкъардтон, йæ ныфс, йæ зондамонæн дзырдтæй мыл цæргæсы базыртæ чи сагъта, мæ уыцы фарны хистæр мæ нал барæвдаудзæн, зын рæстæджы йæм мæ рис фæрог кæныны охыл мæхи нал бакъул кæндзынæн, уый æмбаргæйæ…

Адæймаджы уды цыдæриддæр ис, хорз æви æвзæр, иууылдæр гуырдзæй рахæсгæ сты, фæлæ хатт æрфæрсын мæхи: Гаврилы куынæ зыдтаин, Гаврилы куынæ уыдтаин, Гаврилмæ куынæ хъуыстаин, уæд мæ уды райгуырæн уæзæг æмæ аивадмæ æнæкæрон уарзондзинад ахæм арф уидæгтæ ауагътаиккой? Чи зоны, фæлæ мæ царды фæстаг уысммæ мæхи хæсджыныл нымайдзынæн хъысмæт æмæ Гаврилы раз. Уымæн æмæ Гаврилæй цы базыдтон, цы райстон, уыдонæй æнæхай куы уыдаин, уæд ныр æнæхай уаин мæ уды кадавар хæрзиуджытæй.

Чи зоны, номдзыд актеры цардæй лыстæг хабæрттæ рæгъмæ рахæссын аив дæр нæу, фæлæ хатт цыфæнды стыр лæджы уды фарн ирдæй фенынæн стыр хабæрттæй лыстæг хабæрттæ тынгдæр фæахъаз вæййынц. Гаврил мын радзырдта ахæм хабар, йæхæдæг æй, Хетæгкаты Къостайы хорз чи зыдта, ахæм зæронд лæгæй фехъуыста. Къоста Зруггомы уыд уазæгуаты

йæ хæстæджытæм. Кæстæртæ цалынмæ кусартимæ архайдтой, уæдмæ Къоста йæхи байста фысымты зæронд лæджы цурмæ. Зæронд лæг арæзта фæрæты хъæд. Къоста йæм бахатыд, æри-ма, дæ бæсты йæ саразон, загъгæ. Фæрæты хъæд афтæ рæсугъд, афтæ аив рауад, æмæ фынгыл бадджытæ, Къостайы цæрæнбонæн кувгæйæ, кодтой æрмæстдæр йæ арæзт фæрæты хъæды кой. Генион поэт, пахуымпар зонды хицау лæг фæрæты хъæд кæй сарæзта, уый сæм афтæ диссаг фæкаст, æмæ йын йæ генион уацмысты кой нал кодтой, фæрæт истой къухæй- къухмæ.

Гаврилмæ уыд ахæм миниуæг: дзургæ дын цы кодтаид, уый уыдтаис цæстæй, йæ ныхæсты рæстдзинад, йæ хъуыдыйы логикæ дæ сæ уацары афтæ бакодтаиккой, æмæ дæ уды баззадаиккой, йæхи уды куыд уыдысты, афтæ.

Æз, кæй загъын æй хъæуы, нæ зыдтон йæ иууыл уарзондæр артист Таутиаты Солæманы, мæ райгуырдæй йæ цалдæр азы размæ атыдта хъысмæт ирон театралон аивадæй, арвæй иууыл æрттивагдæр стъалы куыд раскъуынай, афтæ. Нæ йæ зыдтон, фæлæ йæ Гаврилы ныхæстæм гæсгæ уыдтон æрвыл уысм дæр, кастæн æм сценæмæ кæсæгау.

– Уый диссаджы артист уыд, диссаджы, – йæ цæстытæй-иу цæхæртæ калд, афтæмæй-иу мын дзырдта Солæманы тыххæй. – Асæй æмиæстæ уыдыстæм, фæлæ-иу сценæйыл, Хæсанæйы ролы хъазгæйæ, мемæ æхсаргардæй куы хæцыд, уæд-иу æм хæрдмæ кастæн. Йемæ та æхсаргардæй хæцынмæ йæ ныфс алчи нæ хаста. Мæ зæрдыл ма лæууы, иухатт спектаклы агъоммæ цыдæр æнахуыр равгыл уыд æмæ сабийау лæгъзтæ кæнын райдыдта Тотраты Бесæйæн, ацы хатт уæддæр схæц мемæ, ма тæрс, уæлæнгай хæст кæндзынæн, загъгæ. Бесæ сразы, фæлæ та спектаклы рæстæг Солæманы тæлтæг уæнгты туг куы сабухта, сценæмæ æхсаргардæлвæстæй цæргæсау куы ратахт, уæд Бесæ фæтарст æмæ сценæйæ алыгъд.

Солæманы тыххæй ма мын радзырдта иу ахæм хабар. Цæвиттон, Цæгат Ирыстоны драмон театры спектакль «Къоста»-йæн премьерæ куы уыд, уæд театрмæ æрхуыдтой, Къостайы лæгæй-лæгмæ чи зыдта, ахæм лæгты. Солæман æххæст кодта Къостайы фæлгонц. Спектаклы фæстæ ныхас кодтой æмæ сæ фиппаинæгтæ дзырдтой амæй-ай дзырддзæугæдæр лæгтæ, номдзыд критиктæ.

Уалынмæ сценæмæ схызт Къостайы хæлар, Дзыбыртт, загъгæ, йæ ном, урсзачъе, дзуары хуызæн лæг. Дзыбыртт йæ цæст ахаста адæмыл æмæ, арф ныуулæфгæйæ, райдыдта дзурын:

– Хорз адæм! Бирæ фæцардтæн, бирæ цаутæн дæн æвдисæн, иу ма мæ сæрыл куырой нæ разылд, уый йедтæмæ цы нæ бавзæрстон, ахæм ницыуал ис, фæлæ... адæймаджы мæрдтæй раздах, ахæм диссагæн фенын нæ, фехъусын æнхъæл дæр никуы уыдтæн! Æмæ, цины цæссыг калгæ, Солæманы йæ хъæбысы ныккодта.

Гаврил уд æмæ зæрдæйæ, туг æмæ стæгæй сæрнывонд уыд ирон аивадæн, куыд театралон, афтæ зард æмæ кафты аивадæн дар. Фæлæ аивады алы къабазы дæр, стæй царды дæр уæлдай аргъ кодта ирон æгъдæуттæн, аргъ цы, хъахъхъæдта сæ фæстаг сулæфты онг. Сæ хъахъхъæнын та, сæйраджыдæр, домдта йæхицæй, стæй та – æндæртæй. Фæстаг рæстæджы-иу мæм куыстмæ куы ’рбауад, уæд-иу арæх фергом йе 'дзухон сагъæс:

– Куыд цæрдзысты нæ фæстагæттæ, ирон уаг æмæ нæм æгъдау бонæй-бон мынæгдæр куы кæны, уæд. Æмæ нæм цы диссаджы æгъдæуттæ уыдис... Æз ма хорз хъуыды кæнын, нæлгоймаг-иу, фæндагыл цæугæйæ, дардмæ сылгоймаджы куы суыдта, уæд-иу æрхызт йæ бæхæй, цалынмæ-иу сылгоймаг йæ цурмæ бахæццæ уыдаид, йæ сæрæй акувгæйæ йын салам радтаид, уæдмæ хъуамæ лæууыдаид йæ бынаты, стæй, сылгоймагæн йæхи рады арфæ ракæнгæйæ, дарддæр кодтаид йæ балцы кой. Ныр та?.. Акæс-ма нæ фæсивæдмæ: цæмæй ирæттæ сты? Иронау сæ ничи азардзæн, ирон кафт сæ ничи акæндзæн… Æниу, хистæрты цур æнæфсарм дзыхæй чи фæдзуры, фынгыл, тамако дымгæ кæнæ чъиу æууилгæ, уырдыг чи фæлæууы, уыдонæй цы бадомæм, цы ныфс сæ бавæрæм...

Гаврил Зруггомы райгуырд, ирон фарны авдæн æй уызта, ирон уаг, ирон æгъдаумæ гæсгæ хъомыл кодта, æмæ уыцы ирондзинад ацыд йæ тугдадзинты, бацард йæ уды йæ царды фæстаг уысмы онг, æмæ йæ хъахъхъæдта йæ цардау, табу йын кодта, никуы йыл суæлæхох.

Иухатт та, мæ кабинеты бадгæйæ, цæуылдæр зердæбын ныхас кодтам. Уыцы рæстæджы дуар фегом æмæ... нæ дзæнæттаг, нæ хуыздæрты хуыздæр Гуыцмæзты Алеш мидæмæ æрбахызт; æрбахызт цы, йæ парахат зæрдæйы сыгъдæг æнкъарæнтæ йæ цæсгомыл хъазгæ, йæ хъомысджын уæнгты абухгæйæ, æрбафсæрста мидæмæ æмæ уыцы парахат зæрдæйы ивылæнтимæ мидæмæ æрбауылæн кодтой йæ ахуыр дзырдтæ:

– Цытæ кусыс, мæ цæргæс æфсымæр?!

Гаврилы ауынгæйæ, сагъдæй аззад. Цыма йæ бæзæрхыг уæхсчытæ æмпылгæ акодтой, уыйау ныггыццыл, йæ сæр йæ сæвджын риуыл æрхауд æмæ æнæхин сабийы хъæлæсæй сдзырдта:

– Стыр хатыр бакæн, Габо, нæ дæ федтон... Мах кæрæдзийыл ахуыр стæм æмæ хатт сæлхæр митæ дæр фæкæнæм.

Гаврил сыстад, йæ цæсгомыл ахъазыд æхцон мидбылхудт æмæ афтæ загъы:

– Цытæ дзурыс, цы, Алеш? Лæгау-лæджы лæджы хуызæнæй æрбахизгæ кæй федтон, уыцы циндзинад мын фенад кæнынмæ хъавыс?

Алеш ма иудзæвгар алæууыд нæ цуры æмæ ацыд. Гаврил йæ фæстæ фæкаст æдзынæгæй, стæй къæхтыбынæй æхцон улæфт ныккодта:

– Нæ, мæгуыр нæ дæ, Ирыстон, ахæм фырттæ кæмæн ис, уымæн мæгуырæй тас нæма у!

Ноджыдæр æй загъон, мæ хорз хистæр удуæлдай лæггад кодта ирон аивадæн. Йæ бындурон куыст театры уыд, фæлæ театрæй сæрибар рæстæг йæ уд æмæ йæ курдиат хъардта хæдархайгæ сфæлдыстадон къордтæ сæ къахыл слæууын кæныныл. Къуайсайы Культурæйы хæдзары сарæзта адæмон театр, нæ институты драмон къорд дæр бæргæ суыдаид адæмон театры номы аккаг, уавæртæ æмæ йæ рæстæг куы нæ бахъыгдардтаиккой, уæд. Æз мæхæдæг архайдтон дыуумæ къорды дæр æмæ уыдтон, цас тых хардз кодта хæдархайгæ артистты профессионалон æмвæзадмæ скæныныл. Йæ уæззау, йæ æвæллайгæ куыстæй йæ никуы равдæлд йæхи уды æнцойдзинадыл ахъуыды кæнынмæ, уыйхыгъд æй æвдæлд алкæуыл æмæ алцæуыл хъуыды кæнынмæ.

Иухатт, зымæджы тæккæ карзы, театры раз лæууыдыстæм. Гаврил æдзынæгæй фæкаст, мæ уæлæ цы тæнæг къуырткæ уыд, уымæ æмæ йæ сæр банкъуыста:

– Юрæ, уазалы нæ сийыс, дæ хæдзарылæй?

– Цы бакæнон, мæ чысыл мызды капеччытæ алцæуыл кæм аххæсдзысты, – загътон ын æз.

Уый уыд майрæмбоны изæрæй. Сабаты Гаврил æнæ мæн ацыд Къуайсамæ репетицитæм. Къуырисæры куы 'рыздæхт, уæд мæм хибар ранмæ басидт æмæ мын афтæ загъы:

– Знон мын æрзæткъахæн фæткдаруаты хицау дæ кой кодта, уыцы лæппу, дам, алы хатт фæндаггаг йæхи дзыппæй куы фида, уæд ма цæргæ та цæмæй кандзæн, загъгæ, æмæ дын мæнæ цыдæр капеччытæ рарвыста, – дзургæ-дзурын нывнæлдта йæ дзыпмæ æмæ дзы систа цалдæр сырх туманы. Тумантæ та уыдысты абоны ницæйаг тумантæ нæ, фæлæ æцæг тумантæ. Æз сæ бæргæ нæ куымдтон, фæлæ уый бадиссæгтæ кодта:

– Уæдæ сæ æз цы хъуамæ фæкæнон, æхца дæуæн рарвыстæуыд. Цъус

ма сам бафтау æмæ дæхицæн иу хъарм дзаума балхæн, де знаджы уд уазалы басидзæн.

Æз бакодтон, куыд мын загъта, афтæ, фæлæ йæ абоны онг дæр нæма бамбæрстон, уыцы хъарм дзаума мæ тынгдæр батавта, æви, мæ уæлæ уыцы хъарм дзаума фенгæйæ, йæ цæсгомыл чи ахъазыд, уыцы цин.

Фæстæдæр Къуайсамæ куы ацыдтæн, уæд бауайдзæф кодтон, æхца мын чи рарвыста, уыцы хицауæн, зæгъын, æз ардæм мæхи уды æхцондзинадæн цæуын, æмæ мын цæй фæндаггаг фидын хъæуы. Фæткдаруаты хицау мæм ницы зонæджы каст куы ныккæнид:

– Дæ фæндаггаджы аргъ фидын нын бæргæ æмбæлы, фæлæ дын куы ницыма бафыстам, уæд...

Æз бамбæрстон хъуыддаг, фæлæ аскъуыддзаг кодтон, Гаврилæн кæй ницы зæгъдзынæн. Иугæр йæ рæдау, йæ адæймагуарзон зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ бакодта афтæ, уæд хуыздæрыл банымадтон, цæмæй ма базыдтаид, мæхи йæ разы хæсджынныл кæй нымайдзынæн, уый.

Никуы мæ ферох уыдзæн, фыццаг хатт йемæ Къуайсамæ куы бацыдтæн, уыцы изæр. Бынæттон фæсивæд нын репетицийы фæстæ фынг æрæвæрдтой. Гаврил ракуывта мæ цæрæнбоны тыххæй. Куывд куы фæцис, уæд æм фынджы кæронæй иу мызыхъхъарæзт лæппу æрбахъæр кодта:

– Гаврил Дианозович, дæ уазæгæй æгæр æппæлыс æмæ йæ нæмын кæндзынæ…

– Шы, дам, шы? – сфæзмыдта йæ Гаврил. – Дæлæ Оны калакмæ ныццу æмæ уым фæнæм искæй!

Лæппу сыстад, фæстæты мæм æрбацыд æмæ мын йæ хъæдмæцъисы хуызæн цæнгтæ мæ уæхсчытыл æрбатыхта:

– Æфсымæр, мæ хъазæн ныхас дæм хъыг ма фæкæсæд. Зонæм æй, Гаврил æнæхъуаджы кæй никæмæй раппæлдзæн. Æниу... зæххæй сисинаг куынæ уай, уæддæр æй зон: махæн фарны лæг у, æмæ нæм йемæ кусынмæ нæ, фæлæ иу хатт уазæгуаты чи ’рбацæуа, уымæ дæр дардзыстæм æфсымæры зæрдæ.

Æз хъусгæ лæппумæ кодтон, кæсгæ та – Гаврилы амондджын цæстытæм. Уымæн æмæ зыдтон, йæ удæн кæй ницы уыд уымæй æхцондæр, ирон адæм, уæлдайдæр фæсивæд, кæрæдзи куы уарзтаиккой, æмзонд, æмуд куы уыдаиккой. Уый йæ царды сæйраг нысан уыд, йæ уды стырдæр бæллиц йæ райгуырдæй йæ амæлæты бонмæ.

Абон дæр мæм афтæ кæсы, цыма нæ иумæйаг Цæдис кæй ныппырх,

адæм демократи æнхъæл сайдвæстаг кæй фесты, æнæхицауы аххосæй гæвзыкмæ кæй æрцыдысты, стонг бирæгътау кæрæдзи туг дойныйæн кæй нуазынц, – æппæт адæттæ иууыл тынгдæр кæй бандæвтой Гаврилыл, риссаг æвнæлдæй йын бавнæлдтой йæ удмæ, йæ адæмы мæт, Ирыстоны хъысмæтыл хъуыды йæ ныхъхъусын кодтой йæхимæ, базæронд æй кодтой афонæй раздæр.

Куырыхон лæг хорз æмбæрста, адæмтæ кæрæдзийæ дард куы уой, уæд сæ цардхъомдзинад мæгуыр æмæ æвæрæз кæй у. Нæ хъомысджын бæстæйы цардарæзтады разы нæ уыд æрмæстдæр иу хъуыддагыл (æмæ йæ искæйтау æмбæхсгæ дæр нæ кодта) – Ирыстон дзы кæвдæсы ард лæппуйау искæй дæлбар, æнæдзырдхъом кæй уыд.

Бирæтæ нымайынц афтæ, цыма Гаврилы уарзондæр рольтæй иу уыд Орджоникидзейы роль, спектакль «Сæрмæт æмæ йæ фырттæ»-йы... Чи зоны, фæлæ уарзон фæлгонц уыдаид æрмæстдæр Гаврил-актерæн, Гаврил-ирон лæгæн æнæуынон уыдаид. Цал æмæ дзы цал хатты фехъуыстон (ахæмтæн дзурæн куы нæма уыд, уыцы дуджы): «Ирыстоны зæрдæ дыууæ дихы чи акодта, уыдонæй дыууæйы ролы хъазгæйæ, мæ риуы дзаг никуы сулæфыдтæн, кæд сын стыр аргъ кодтон, куыд историон гоймæгтæн, афтæ, уæддæр». Дыууæйы ролы уымæн дзырдта, æмæ уый размæ та Ленины ролы хъазыд.

Къуайсамæ цæугæйæ-иу нæ искуы-иу хатт гуырдзыйы автобустыл сбадыны сæр куы бахъуыд, уæд-иу æнæхъæн бон хæлд уыдис йæ зæрдæйы равг.

– Дæ уынд цæстысындз, дæ ныхас зæрдæниз кæмæн у, дæ хæрзæбонмæ нæ, ницы кæнгæйæ де сæфтмæ чи бæллы, ахæм адæмимæ фæндагыл цæуын удæвдæрзæг хъизæмар у, фæлæ рæстæг махмæ нæ кæсы, – фæндагыл лæугæйæ-иу нæм Къуайсамæ цæуæг автобусæй гуырдзыйы автобус раздæр куы 'рбазынд, уæд-иу бахъынцъым кодта уый.

Иухатт сбадтыстæм Онмæ цæуæг автобусыл. Нæ тæккæ размæ бадтысты дыууæ ацæргæ лæджы. Мах цæуылдар ныллæг хъæлæсæй ныхас кодтам, уыдонæн та, цыма кæрæдзимæ Сау хохы сæрæй Урс хохмæ дзырдтой, уыйау сæ хъæрæй хъустæ къуырма кодтой. Куы фæхатыдысты, ирæттæ стæм, уæд иуафон фескъуыд сæ ныхас, сæ иу фæстæмæ разылд, бараст кодта йæ хъуырбæттæн æмæ, йæ армæй Гаврилы дысмæ бавналгæйæ, афтæ:

– Братъ, этъа пъравда, чътъо Къостъа Хетъагурови бил грузин?

Абон дæр ма фæдис кæнын Гаврилы æвиппайды фацарæхстыл:

– А что? Вы разве не знали, что... Ленин тоже был грузин? – йæ цæст дæр нæ фæныкъуылдта, афтæмæй йын дзуапп радта æмæ дарддæр кодта йæ ныхас.

Лæгæн, мæгуыр, йæ цæстытæ ирдæй баззадысты, афтæмæй йæм фæкаст иудзæвгар, стæй азылд æмæ, цалынмæ рахызтыстæм, уæдмæ сыбыртт нал схауд сæ дыууæйæ дæр.

Ахæм уыд Гаврил. Хæрамдзинад æмæ йын искæй дæлдзиныг кæнын æнæуынон уыдысты, фæлæ алы хатт дæр сæ ныхмæ тох кодта хиуылхæцгæ, уæзданæй, хатт мидбылхудгæйæ, фæлæ йæ тохы алы хатт дæр уыд уæлахиз. Ныр нал ис уыцы фарны лæг, номдзыд актер, хæрзæгъдау æмæ лæджыхъæды фидауц, фæлмæнзæрдæ, рæвдауаг, хуымætæг зæххон адæймаг, фæлæ зæххон адæмы æхсæн – уæларвон зæд.

Æнкъард æмæ æрхæндæг уыд мæ зæрдæ, Гаврилы табæт хæсгæйæ. Кастæн размæ, Ирыстоны хæхтæм, фæлæ мæм уыцы уысм нæ зындысты хæхтæ, мæ разы уыд мæ хистæры ныфсдæттæг сурæт. Кастæн æм, хъуыстон æм, фынддæс азы дæргъы йæм куыд кастæн æмæ хъуыстон, афтæ.

Стæй... Згъудеры къуылдым, уæлмæрдмæ цæуæг фæндаг, ногкъахт ингæн, ингæнæй кæй скалдæуыд, уыцы уæззау сыджыт. Ирон хъарæг, æгъдаумæ гæсгæ рухс кæнын, фæстаг хæрзбон. Æмæ ууыл фæцис Гаврилы цард, рæсугъд æмæ тæхудиаг цард. Æмæ... афтæ-иу фæуыдзæн Гаврилы хуызæн лæгтæй алкæй цард дæр. Афтæмæй та, гæнæн ис, цард фæуа йæхæдæг дæр. Æз зæгъын: æцæг цард, Гаврилы хуызæтты фæрцы рæсугъд чи вæййы, ахæм цард.

Æмæ ма мæ мидзæрдæйы балæгъстæ кодтон Гаврилæн:

– Дæ уды фарн, де стыр фарн ныууадз уæлиуон бæстыл, дæ адæмæн, дæ кæстæртæн, цæмæй уа æмæ цæра Ирыстон, уа фæрнджын æмæ амалджын, цæмæй дæ ингæныл дæ алфæмбылай уæвæг ингæнтау знаг йæ къах æрæвæрын макуы бауæнда...

# Фæсæмбæрзæн цæрæг аивад

«Сценæ цард у», – загъта В. Белинский. Фæлæ сценæйыл «цард» чи æвдисы, уыдонæн ма ис, сценæмæкæсджытæм чи нæ зыны, ахæм цард дæр, ома, адæм кæй нæ уынынц, ахæм аивад. Банысан кæнæм, æрдзурæм нæ театры историйыл, йе 'нтыстытыл, нæ ферох кæнæм хицæн актерты дæр, фæлæ, уыцы актертæ æмæ æрмæст актертæ нæ, сценæйы æмбæрзæны фæстæ цавæр «хъазт» кæнынц, иу хатт уымæ бакæсын дæр æмбæлы. Уым та бирæ цымыдисаг хабæрттæ вæййы, уæлдайдæр

та, Хуыцауы цæст къахджытæ Уанеты Æхсар æмæ Хаситы Вильгельм кæм лæууой, кæм бадой, уым – цæттæ спектакль æнæ режиссер, æнæ драматургæй. Стæй нæм цæмæн афтæ кæсы, æрмæст худæджы хабæрттæ сты цымыдисаг «æнæзынгæ» цардæй? Театр у удæгас буар, алцыдæр дзы цардæгасæй змæлы, йæ алы чысыл фезмæлды дæр уд ис…

* * *

Æстайæм азы театры æвæрдтой Гафезы пьесæ «Æз уарзын дæу». Æвæрæг-режиссер æрхуыдтой Цæгат Ирæй – хъуыстгонд режиссер, кино æмæ театры актер Цæлыккаты Мæирбеджы. Æрхонгæ режиссертæй та-иу алы хатт дæр уынгæджы уыдысты театры коллектив – алчидæр сæ кодта тагъд æмæ талф-тулф митæ. Чи-иу сæ йæ куыстмæ тагъд кодта, чи – ног «заказ» райсынмæ. Маирбег дæр тынг тагъд кодта спектаклы сцæттæйыл, æмæ артисттæн фыр куыстæй сæ удтæ æрдуйы нарæгæн систы.

Иубон театры сæйраг гримгæнæг Митъо Ромелашвили хуы аргæвста æмæ «лæппуты» фæхуыдта. Цоциты Къæдзæх – сценæйыл. Гаглойты Къоста кæсæн залы дуар аивæй базыхъхъыр кæны æмæ та Къæдзæхмæ бахситт кæны, фæлæ... Чи йæ уадзы?..

Режиссер æмæ труппæйы хистæр Гаглойты Зинæ бадынц залы бæрæг астæу, æз залы кæрон талынджы нынныгъуылдтæн æмæ кæсын репетицимæ. Иуафон æрхæццæ сты, Гафезмæ ногæй бакусынмæ кæй радтой, уыцы актмæ, æмæ Къæдзæхы дæр æфсон фæцис:

– Гъеныр, слушæй, нæ къухы текст нæй, афтæмæй нæхи цæуыл фыдæбонæй марæм, нæ зонын...

– Автор, дам, фæдзырдта, цæттæ у, зæгъгæ, – Зинæ бакаст Маирбегмæ.

– Йаræппын æллæх, æмæ Федыр хъæрзгæ у, фæлæ йæ чи æрбахастаид, иу ахæм нал разынд?! – мæстæй цæхæртæ акалдта Маирбег.

– Бауайон æм? – мæ бынатæй фестадтæн æз.

– Цу-ма, дæ нывонд фæуон, – бацин кодта Зинæ.

Къæдзæх мæсты хъуыр-хъуыр бакодта, сценæйæ мæм фыдæх цæстытæ схъулæттæ кодта, фæлæ æргом цы хъуамæ загътаид… Ацыдтæн.

Гафез хуысгæ кодта æцæгдæр. Пьесæ мæм радта, цыдæр ныхæстæ дæр ма мын æрвыста Мæирбегмæ. Уыцы рæстæг бахызт йæ цардæмбал æмæ йын загъта, сихор кæныны афон дын у, зæгъгæ.

– Бирæ цæрай, мемæ кас нæ бахæрдзынæ? – йæ фæлмæн æмæ мæ удылтайгæ хъæлæсæй афарста Гафез.

Цæй кас мæ хъуыд, æнæуый дæр ыл мæлæты зæрдæйæ нæ дæн, зæрдæйæ цы – мæ цæрæнбонты кас никуы бахордтон, стæй мæм æнхъæлмæ кастысты, фæлæ… Гафезимæ кас бахæрын мæнæн уыд зæххон хæрзиуджыты хуыздæр, æмæ, цингæнгæ, сразы дæн.

Театрмæ куы баздæхтæн, уæд Мæирбег тынг мæсты уыд, фæлæ йæ сæрмæ нæ бахаста уайдзæф бакæнын. Уыйхыгъд мыл Зинæ йæ цæнгтæ сцагъта:

– Кæм дæ абондæргъы, дыууæ къахдзæфы йедтæмæ куынæ у...

– Гафезимæ кас хордтон, – цингæнгæ сдзырдтон æз.

– Слушæй, лæг тагъд кæны, ай та... – Къæдзæх тъыфылтæ куыд акалдта, уыцы рæстæг та Гаглойты Къоста дуары зыхъхъырæй бакаст æмæ уæд ноджы скарз; ныр ын ацæуынæн ницыуал æфсон уыд æмæ ма, Къоста йæм сусæгæй кæй дзуры, уый дæр цы ‘мбæхстаид, йæ маст уыцы иу калд скодта:

– Зæгъ Митъойæн, нал, дам, хæрæм физонæг, касмæ, дам, рахызтыстæм!..

* * *

Театры цур лæууы автобус арастæввонгæй, коллективы иу къорд хъуамæ Мугуты равдиса спектакль. Кæмæдæрты ма æнхъæлмæ касты-сты æмæ, автобусы чи бадт, уыдон алыхуызон рæстæгмарæнтæ кодтой. Джусойты дзæнæтыбадинаг Хасан Къæдзæхмæ аивæй бакаст, йæ иу цæст хины цъынд æркодта æмæ афтæ зæгъы:

– Мæ сыхаг комахсæнмæ хуы схаста, хуы, æмæ йæ нард иу уыдисны уыд.

– Уагæры цæмæй? – афарста йæ чидæр.

– Нахерхийæ, – уыцы æцæгхуызæй загъта Хасан.

Чи худгæ бакодта, чи – дис, фæлæ Къæдзæхы цæсгомыл иу нуар дæр нæ фезмæлыд.

...Автобус Мугутмæ куыд фæцæйхæццæ кодта, афтæ Къæдзæх, рудзынгæй æддæмæ кæсгæйæ, сдзырдта:

– Нæ, фæлæ мугуттæгтæ а зымæджы цæмæй цæрдзысты... Дон раивылд, дон, æмæ кæсæгтæ хуымты бахордтой.

Хасан хæрдмæ фæхауд:

– Æдылы ныхæстæ ма-иу ма кæн, Къæдзæх, кæсаг хуым кæд хордта?!

– Фæлæу-ма, слушæй, кæд дæ хуы нахерхийæ снард, уæд кæсагæн мæнæуæй йæ гуыбын фæрисдзæн, – бахъуыр-хъуыр кодта Къæдзæх.

* * *

Дзæнæтыбадинаг Медойты Заретæ канд курдиатджын артисткæ нæ уыд – æрдз ын рæдауæй ныллæвар кодта адæймаджы иууыл хуыздæр миниуджытæ. Йе 'нæхин æмæ хæларзæрдæйы тыххæй йæм театры нæлгоймæгтæ се 'ппæт дæр уарзон æфсымæры зæрдæ дардтой. Театры адджындæр къуым уыд, спектаклы рæстæджы-иу актертæ кæм фæбадтысты, уыцы хатæн «ожидалкæ». Заретæ-иу, йæ рахызтмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, алы хатт дæр каст исты чиныг. Йæ «выход»-иу куы 'рхæццæ, уæд-иу чиныг куыд каст, афтæ-иу æй дæлгоммæ авæрдта æмæ-иу сценæмæ ахызт. Джелдыты Андрей-иу бауад, чиныгæй-иу иу-ссæдз сыфы бæрц иуырдæм кæнæ иннæрдæм афæлдæхта, æмæ-иу æй фæстæмæ йæ бынаты авæрдта. Заретæ-иу куы ‘рбаздæхт, уæд-иу уыцы зæрдиагæй райдыдта дарддæр кæсын. Уæд-иу æй Андрей уыцы æцæгхуызæй афарста:

– Хорз чиныг у, Заретæ?

– А-а-а, очень интересная книга!

* * *

Плиты Александрæ (Саша) йæ актерон куыст куы ныууагъта, уæд йæ амæлæты бонмæ фæкуыста техрежиссерæй. Йæ фыруæздан, хæларзæрдæ æмæ йæ фæлмæн ахасты тыххæй театры коллектив хистæрæй-кæстæрæй «Тет Саша» хуыдтой.

Фæлæ уарзта фæтк æмæ дисциплинæ. Иунæг фæткхалæн цау дæр дзы нæ аирвæзтаид æнæ рапорт ныффысгæ.

Джусойты Хасанæн йæ бон нæ уыд æнæ «искæй нуæрттыл хъазгæйæ» цæрын, æдзух хынджылæг скъæрдта. Иу рæстæджы нæм чингуытыл ныхас æрхауд. Хасан афтæ, Диккенсы æртынтомонæй, дам мæм ис æрмæстдæр фæстаг æстдæс томы, æмæ сæ хъуамæ истæуыл баивон кæнæ ауæй кæнон. Æз æй «схурх» кодтон: кæнæ уæй, кæнæ – ивгæ.

Бафидыдтам-иу, фæлæ...

Уæйыл бадзырдтам, зæгъгæ, уæд та-иу иннæрдæм фæзылд, нæ – ивгæ. Йæ саулагъз цæсгомыл-иу йæ парахат мидбылхудт куы ныйивæзт, уæд-иу æз та фыр мæстæй ноджы знæт кодтон. Афтæ «кæрæдзи фæхордтам» иу-дыууæ азы бæрц. Уынджы лæууæм, репетицийы бадæм æви спекта-

клы рæстæджы – нæ быцæу Диккенсыл. Саша нæ уæлдай уынгæджы уыд...

Иухатт та «ожидалкæйы» нæ тох куы скарз, уæд Саша цыдæртæ фыссы, афтæмæй нæм æрбадзырдта:

– Хасан, цал томы дæм дзы ис?

– Æстдæс.

...Кæд ныл директормæ фыста рапорт!

* * *

Æз нæ театры фарны тырысахæсджытæ Гуыбиаты Гиуæрги, Дзæхаты Дзæбидыр, Дзадтиаты Сона, Туаты Зураб æмæ æндæрты, кæй зæгъын æй хъæуы, нал æрæййæфтон, фæлæ мæ рæстæджы театры табуйаг хистæртæ уыдысты Цхуырбаты Барис æмæ Таугазты Гаврил. Барисмæ йæ бирæнымæц арфæйаг миниуджыты æмрæнхъ уыд иу æнахуыр миниуæг – ныхас æм æрæгмæ хъардта. Исты худæджы хабар ын радзырдтай, зæгъæм, уæд йæ цæсгомыл иу нуар дæр худыны охыл нæ базмæлыдаид. Фæлæ дыл иу къуырийы фæстæ амбæлд, уæд бакæс, æмæ уымæ. Йæ рæвдауаг цæстытæй-иу хуры тынтæ каст, йæ сæвджын уæнгтæ-иу хæрдмæ фесхъиу-фесхъиу кодтой, афтæмæй-иу хъæрæй худт.

Кæнæ йын, æфхæрдыл кæй банымадтаид, ахæм исты загътай, уæд дæр – афтæ, фæлæ дыл къуырийы фæстæ амбæлд, уæд – мысты хуынкъ туманæй агур...

Иухатт, Цæгат Иры гастрольты уæвгæйæ, спектаклы фæстæ æмбисæхсæв Фиагдонæй горæтмæ здæхæм. Иу ран нæ рæзты фæндаджы иу фарсæй иннæ фарсмæ ахызт æвзонг чызг, йæ мад æй куыд ныййард-та, ахæм бæгънæгæй. Шофыр автобус баурæдта. Чи афтæ, хæйрæг у, чи афтæ, зæд у... Барис-иу алы хатт дæр бадт æппæты раззаг бадæныл. Æвæццæгæн, ацæргæ лæгыл йæ фæллад фæтых æмæ æрфынæй. Хъæлæбамæ фехъал æмæ афарста, цы ‘рцыди, зæгъгæ. Куы базыдта хабар, уæд иу сыбыртт дæр не скодта, фæстæмæ афынæй.

Къуырийæ фылдæр рацыдаид, афтæ уазæгдон «Кавказ»-ы раз фæхсбандоныл бадын, маршрутон автобусмæ æнхъæлмæ кæсын. Цху-ырбаты Барис мæ цурмæ бацыд æмæ мæ фæрсы:

– Юркæ... Бынтон бæгънæг уыд?..

Æз хъуыдыты ацыдтæн:

– Кæмæй мæ фæрсыс, Александрович?..

– Мæнæ... Ибоны чызг!

* * *

Таугазты Гаврил сценæйы, аивады, ирон фынджы фидыц уыд. Фæлæ йæ фыр уæздан æмæ æгъдауджынæй фынгыл цыфæнды æххормагæй дæр къæбæрмæ нымдæй æвнæлдта. Йæхи тынг хызта нозтæй дæр.

«Ирон фынг бафсæдын æмæ фæрасыгæн нæу, ирон фынг у æгъдауæн, кæрæдзи базонын æмæ бауарзынæн», – афтæ-иу дзырдта.

Фæлæ уарзта фынгыл бадын, рæсугъд гаджидаутæ уадзын, йæ рæсугъд зарджытæм хъусын та æнæхъæн аивад уыд. Гъемæ-иу æй лæппуты къæбæдадæртæй хъуамæ исчи къахæгау афарстаид:

– Гаврил Данелович, бæркады рæгъæй цы зæгъдзынæ?..

– Цы?.. Бæрæчет?.. Терпетт не могу!

* * *

Митъо Ромелашвили нæдæр иронау зыдта, нæдæр уырыссагау. Ныр дын театры дзабырхуыйæг Дзукъаты Ростикæн йæ мад амард. Митъойæн бахæс кодта, цæмæй коллективæн фехъусын кæна. Ирон труппæйы чи куыста, ома, бынæттонтæ, уыдонæй йæ алчидæр бамбæрста гуырдзиагау, фæлæ йын сæйраг режиссер Хъайырты Владимирæн уырыссагау цы нæ зæгъгæ уыд, æмæ уæд ныссуйтæ:

– Владимир Заурбекович, запушкина матъ умерла и приглашает.

Хъайыры-фырт сагъдæй баззад, стæй æрæджиау афтæ бакодта:

– Ай цы мæрдтаг у?.. Æмæ ма Пушкины мад нырмæ удæгас уыд?..

* * *

Дзадтиаты Соскъо театры артистты фыццаг фæлтæрæй уыд, йæ зæры бонты та куыста театры завхозæй. Исты ласынмæ-иу куы ацыд Тбилисмæ, уæд-иу дзы уынгæджы фесты Театралон æхсæнады сæйраг скълады кусджытæ – нæ гуырдзиагау зыдта, нæ уырыссагау, æмæ сæ тухæнæй мардта. Уæд иуахæмы театры директормæ фæдзырдтой æмæ йын загътой:

– Дæ хорзæхæй, ацы лæджы нæм мауал æрвит, æмæ, театры цыдæриддæр хъæуы, уыдон уын уæлдайджынтæй ласдзыстæм нæхæдæг!

* * *

Театры сценæйы хистæр машинистæй дзæвгар рæстæг фæкуыста Тедеты Григол. Йæ куыстыл афтæ æнувыд, ахæм хæдзардзин уыдис,

æмæ-иу фæйнæджы гæппæл кæнæ зылын зæгæл дæр æнæхъуаджы нæ аппæрстаид.

Ныр дын нысан кæнынц нæ уæды Автономон областы 60 азы бæрæгбон. Сценæйыл дæргъæй-дæргъмæ авæрдтой цалдæр стъолы президиумæн. Уадиссаг ног нал уыдысты, æмæ сыл фидыцæн сырх хъæдабæ хъуымац дæр бамбæрзтой. Хъуымац стъолтæй рауад иу уыдисны бæрц даргъдæр, æмæ йын йæ кæрон мидæмæ куы бакъæдз кодтой, уæд, æгæр бæзджын кæй уыд, уымæ гæсгæ йе счъил æмраст лыджы бæсты уыцы æвидыц тымбылæй лæууыд. Григол сценæйы сæрмæ бæрæгбонон райстбавæрд æмбæрзæнтæ баста. Уæдмæ сценæмæ схызт бæрæгбоны мадзалыл дзуапдæттæг композитор Хаханты Дудар. Хъуымацы кæрон ахæм æвидыц счъилæй куы ауыдта, уæд хæрдмæ хъæр кæны Григолмæ:

– Григол, мæнæ ацы хъуымацы кæрон афтæмæй нæ фидауы, æмæ йын йæ уæлдай ралыг кæнæм.

– Цы дзурыс, нæ дæ хъусын! – бынмæ йæм хъæр кæны Григол.

– Хъуымац афтæмæй нæ фидауы æмæ дзы иу уыдисны ралыг кæнæм, – йæ хъæлæсыдзаг æм ныхъхъæр кодта Дудар.

– Нæ дæ хъусын, цы зæгъыс! – Григол куы йæ иу хъусæн ацаразы йæ армæй ауюндар, куы – иннæмæн.

Афтæ – цалдæр хатты. Дудар йæ къух ауыгъта æмæ иуварс алæууыд. Уæдмæ сценæмæ схызт театры нывгæнæг-æвæрæг Козаты Павел, æмæ йын Дудар йæ хъусы сусæгæй дзуры:

– Павлик, ацы хъуыддæгты хицау ды дæ æмæ мæнæ ацы хъуымацæн йæ кæрон…

– Цы лыг кæнут, цы?! – уыцы уæлиауæй ныннæрыд Григолы тызмæг хъæлæс.

* * *

Раст зæгъгæйæ, аивады кусджытæн уыцы рæстæг дæр уадиссаг мыздтæ нæ уыд. Афтæмæй та, стыр коллективы куыд вæййы – мыздисæн бон дæ уæлхъус радыгай алæудзысты æхца æмбырдгæнджытæ: мæнæ уый æмæ уый мады зианы тыххæй сабæттаг, уый æмæ уымæн йæ гуырæн бон у, æмæ йын исты зæрдæлхæнæн хъуамæ акæнæм, чидæр рынчын у, уæд ын æххуыс кæнын хъæуы, æмæ афтæ дарддæр.

Уыцы мыздисæн бон ахæм «списокджынтæ» баисты иу фынддæсы бæрц…

Фæссихор кæцыдæр хъæумæ цæуæм спектакль æвдисынмæ. Ахæм тæвд бон уыд, æмæ бæстæ дзæгæрæг кодта. Нæ хæлæццаг «Кубань» автобус лæууыд театры фарсмæ бæлæсты ауон. Иутæ сбадтысты, иннæтæ ма æдде ныхæстæ кæнынц. Уæдмæ æвзонг чызджытæй иу схызт автобусмæ, æрбадт æмæ, йæ разæй бадæгмæ йæхи аивазгæйæ, ныхæстæ кæны. Йæ уæлæ цы сæрдыгон тæнæг кофтæ уыд, уый фæсонтыл афтæ æнгом аивæзт, æмæ, уæ фарн бирæ, фæлæ бæрæг уыд, мидæгæй йыл æндæр кæй ницы уыд, уый. Зæрæдтæ та ахæмтæ кæд быхстой. Цоциты Нинæ йæ хæдфæстæ бадт æмæ йæм куы фæкомкоммæ, уæд мæсты раздыхс-баздыхс кæнын райдыдта, йæ маст куыд скала, уый адæргæй ахсæны къæристæ хæры. Йæ фарсмæ мардæрцыды хуызæн дурдзавдæй чи бадт (артист юмор куыннæ хъуамæ æмбара, фæлæ, уыцы лæджы исчи чъынды куы схона, уымæй тынгдæр ницæмæй тæрсы, æмæ йын йæ ном ма зæгъæм), уый хъусы бадзырдта:

– Бакæс-ма йæм, бакæс, саубойнаг макуы фæуа, мидæггагыл ыл нæй, мидæггаг!

Лæг, ырма дæр «списокджынтыл» хъуыды кæнгæйæ, дурдзавдæй чи бадт, уый Нинæйы ныхас дæр æндæрхуызон бамбæрста. Хæрдмæ фæхауд, афтæмæй йыл йæ цæнгтæ стылдта:

– Æнæрай мæ скæнут, афтæ уын, кæд адæм мæ даринаг нæ фесты!..

* * *

Куы ма йæ загътам: артистæн уæд дæр æрмæст йæ мыздæй фæцæрæн нæ уыд, æмæ алчидæр агуырдта цæрыны æндæр фæрæзтæ. Наниты Витали-иу йæ «Жигули»-йыл таксисты куыст дæр акодта. Иухатт та Знауырмæ цæуинаг уыд театры коллектив. Фæндаг мæнæ сирагтæй нæ уыд, æмæ-иу алы хатт дæр базивæг кодтой уырдæм цæуынмæ. Йæ размæ бон изæрæй спектаклы рæстæджы «ожидалкæйы» ныхас æрхауд, Знауырмæ фæндаг цал километры уыдзæн, ууыл. Фæстагмæ чидæр афарста Виталийы:

– Нани, ды таксист дæ æмæ зондзынæ, ардыгæй Знауырмæ цал километры у, уый.

– Иу туман, – дзуапмæ фæцæттæ Витали.

# ФЫСДЖЫТÆ ХУДЫНЦ

*ДИГОРОН*

## РОН

Колыты Виталийы æнæнхъæлæджы фидауæг фæхуыдтой Ног Бæтæхъойыхъæумæ. Тагъд-тагъдæй кæй кодта йæ уæлæдарæс, уымæ гæсгæ дзы йæ рон ферох сæхимæ. Бæтæхъойыхъæуы фысымты цур хæдтулгæйæ куы рахызт, æрмæст æй уæд бамбæрста, цы уавæры бахауд, уый.

Гуыбынджын лæг кæм хъуамæ алхæдтаид йæхи аккаг рон, æмæ уæд йæ рахиз амонæн æнгуылдз комдæлы нытътъыста, афтæмæй бацыд кæртмæ. Талф-тулфæй райста фысимты къухтæ æмæ та йе ʻнгуылдзæй йæ хæлафыл ныддæвдæг.

Фысимтæй чидæр фæфиппайдта, Витали йæ къух йæ комдæлæй кæй нæ уæгъд кæны, уый æмæ йæм бауырдыг:

– Уазæг, бахатыр кæн, фæлæ фидаугæ дæр куы нæма бакодтам, дæ сины сæртыл æгæр раджы не ʻрхæцыдтæ?..

– Бахатыр кæн, хорз лæг, фæлæ æз мæ сины сæр куы феуæгъд кæнон, уæд цыма æппындæр нал бафидаудзыстæм, афтæ мæм кæсы, – фæцарæхст Витали.

## «Я ПРЕДСТАВЛЯЮ»

Журнал «Ирæф» ныммыхуыр кодта Джыккайты Шамил æмæ иу сылгоймаджы æрмæджытæ. Витали сæм телефонæй адзырдта, æрбацæут æмæ уæ гонорартæ райсут, зæгъгæ. Афтæ рауад, æмæ сæ дыууæ дæр иу рæстæг фæзындысты Виталийы кабинетмæ. Ныр сылгоймаг разынд æнхъæлцау.

Витали сын сæ гонорартæ куы радта, уæд Шамилы хай æмбис къаддæр разынд. Æмæ дын, хъазгæйæ, афтæ куы бакæнид:

– Фæлæуу-ма, Витали, æмæ мæнæн æмбискъаддæр цæмæн фидут?

– Малиты Васо, сæйраг редактор, алкæддæр æнхъæлцаутæн дыууæ хатты фылдæр фæфиды, – загъта Витали.

Уæд Шамил, Виталийы хытъынмæ æдзынæг ныккæсгæйæ, уыцы хъуыддагхуызæй афарста:

– Уæдæ, зæгъыс, Васо сывæрджынтæн фылдæр гонорар фæфиды, и?

– Афтæ, афтæ, – мæстæймарæгау худы Витали, – уыдон дыууæйæ сты.

– Я представляю, – уырыссагау фæкодта Шамил, – уæдæ дзы ды, Колийы-фырт афтæмæй цастæ рампъухыс, уый!..

Ныр та худти Шамил, фæлæ Виталийæн йæ худæг фæцыдæр.

## ХУЫЗДÆР БЫНАТ

Витали йæ бинойнагимæ уæлмæрдтæм ныццыдысты йæ мады ингæнмæ базилынмæ. Виталийы мад куы фæзиан, уæд ын йæ фарсмæ уæлмæрдты æртæ бынаты ныууадзын кодта, ома, цы нæ вæййы, зæгъгæ.

Ныр дыууæйæ сыгъдæг кæнынц цырты алыварс, æмæ Витали йæ бинойнаджы цæхгæр афарста:

– Не ‘фсин, зæгъæм, фæцъынд дæн, уæд мæ ацы æртæ бынатæй кæцы ран бавæрдзынæ?

Сылгоймаг ын йе 'лхысчъытыл ахуыр уыд. Аракæс-бакæс кодта, стæй йын афтæ:

– Дæхæдæг лæмбынæг æркæс, æмæ дын кæм хуыздæр уыдзæн, уый мын бацамон, кæм дæм хуыздæр кæсы, æз дæр ууыл разы дæн…

– Ныр мæхицæн уый нæ къахтон!.. – бахъуыр-хъуыр ма кодта Витали æмæ, цалынмæ куыст фесты, уæдмæ йæ дзыхæй ныхас дæр нал схаудта. Йæ цæвæг дурыл сæмбæлд…

## ЦÆР УАЛ…

Сæ сыхæгты ус тынг рагæй уæззау хуысгæ рынчын у. Иуизæр, Витали æмæ йæ бинойнаджы 'хсæн рауад ахæм ныхас:

– Не ‘фсин, – уыцы хъуыддагхуызæй райдыдта Витали, – дзырдæн, зæгъæм, æмæ æз дæр афтæ æрсадтæн, мæхимæ кæсынхъом нал дæн, уæд мын исты марг бадардзынæ, цæмæй æз дæр ма хъизæмар кæнон æмæ ды дæр фервæзай…

– Æз дын ныртæккæ дæр бæргæ бадарин, фæлæ мын дæ зианы хъуыддæгтæ ноджы фылдæр сыстдзысты. Фæлтау уал цæр…

# ГРАФИКМӔ ГӔСГӔ

Виталийӕн ӕвӕстиатӕй бахъуыдис операци скӕнын, фӕлӕ уал уый агъоммӕ хъуамӕ бацӕттӕ кодтаид йӕ медицинон анализтӕ. Ӕртӕ боны фӕстӕ йӕ бӕрӕггӕнӕнты гӕххӕттытӕ цӕттӕ уыдысты. Бахаста сӕ дохтырмӕ, йӕхӕдӕг сӕм кӕсгӕ дӕр не 'ркодта, афтӕмӕй.

Уый сӕм куы ӕркӕстытӕ кодта, уӕд сӕ йӕ фарсмӕ бадӕг медицинон хомӕ авӕрдта, ӕмӕ сӕм уый дӕр куы ӕркаст, уӕд сӕ дыууӕ дӕр худӕгӕй бакъӕцӕл сты. Ӕппынфӕстаг, гӕххӕтт фӕстӕмӕ Виталимӕ балӕвӕрдта:

– Ацы гӕххӕтт дын рӕдыдӕй радтой, ацу ӕмӕ йӕ ногӕй баив…

Витали анализты гӕххӕтмӕ ӕркаст ӕмӕ дзы федта фыст: «Ваша беременность протекает по графику».

# МЕ ‘ВЗАГ – МЕ ЗНАГ

Цакъоты Руслан фысгӕ цас кӕны, дзургӕ та уымӕй дыууӕ хатты фылдӕр кӕны.

Уӕд дын ӕм Витали телефонӕй бадзырдта ӕмӕ йын афтӕ зӕгъы:

– Руслан, ӕрбауай-ма ӕмӕ дӕ гонорар райс…

– Уый дӕр хорз хабар у, фӕлӕ де ‘нӕниздзинад та куыд у? – Фӕрсы йӕ Руслан.

– Ницы мын у, дӕ куывдтытӕ мын ӕххуыс кӕнынц…

– Уӕдӕ ма мӕм ӕрбайхъус чысыл… – Ӕмӕ Руслан кувынтыл схӕцыд, афтӕмӕй ӕнӕхъӕн 15 минуты фӕкуывта…

Ӕппынфӕстаг йӕ ныхасӕй куы фӕлӕууыд, уӕд фӕрсы Виталийы:

– Мӕ ныхӕстӕ мын бамбӕрстай, мӕ куывдтытӕ?

– Дӕ ныхӕстӕ дын бӕргӕ бамбӕрстон, фӕлӕ мӕхи дзыхы цы емынӕ фӕмидӕг, уый ӕххӕстӕй не ‘мбарын, – бахъуыр-хъуыр кодта Витали…

# ӔМӔ УЫЙ ДӔР ЛӔГ У

Виталийы сыхаг лӕг ӕппынӕдзух йӕ бинойнагӕй феппӕлы. Иухатт та нӕлгоймӕгтӕ уыцы лӕджы хӕдзары цур бандоныл бадынц ӕмӕ ныхӕстӕ кӕнынц.

Уалынмæ йæ бинойнаг уынджы сцæйцæуы дыууæ уæззау хызынимæ. Лæг æй ауыдта æмæ та дзуры:

– Дæлæ мæ зæрдæлæууæн, дæлæ мæ удылхæцæг ссæуы…

Витали йæм нал фæлæууыд æмæ йын афтæ:

– Дæ удылхæцæг кæй у дæ ус, уый хорз у, фæлæ ма дын æххæст дæ цæстытыл дæр куы æрхæцид, уæд бынтон хорз ус уаид…

## ЧЫСЫЛ БАНХЪÆЛМÆ КÆС

Виталийæн йæ кæрты доны хæтæл стыдта æмæ йæ цалдæр сахаты зæхх къахын бахъуыд.

Тынг бафæллад, цæсгомæй, буарæй, къухæй, къахæй цъыфæй нал зынд. Æппынфæстаг, куыст фæци æмæ, ныр мæхи ныннайон, зæгъгæ, куыд загъта, афтæ чидæр æрбадзæнгæрæг кодта. Витали йæм уыцы хуызæнæй ракаст. Дуармæ лæууыдис иу рæстæмбис кары сылгоймаг.

– Бахатыр кæн, хорз лæг, фæлæ ацы уынгтæй кæцыдæры зиан ис, нæ мын æй бацамондзынæ?..

– Ныртæккæ мæхи найынхъом куы нал бауон, уæд, æвæццæгæн, зиан ацы хæдзары уыдзæн… Æдде уал банхъæлмæ кæс, – худгæйæ дзуапп радта Витали.



# ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ МАДЫАДГÆНÆГ

Афтæ схуыдтой æппæтзонаг æмæ ‘ппæтæнкъарæг фыдæлтæ мадыхойы. Стæй ма уыцы хуызы дæр дзырдæуы, зæгъгæ, кæд, дам, дæ маст хъæуы, уæд дæ фыдыхомæ бауай, кæд – рæвдыд, уæд та – дæ мады хорз хомæ.

Рухс дзæнæты фæбада Зæйрæт, мæ мад Замирæты кæстæр хо. Дзырдарæхст уыд, курдиатджын, цыдæртæ-иу ын фыссын дæр бантыст – арæх ын сæ мыхуыр кодта Рахизфарсы районы газет.

Мæрдтæм æй афонæй раздæр батардта йе ‘буалгъы маст: фыццæгæм скъолайæ сабиты куыд скъæфта террористты нæмгуыты гагадзагъдæй, афтæ йæ сæрæн лæппу Артурæн йæхиуыл сæмбæлд зилгæ-здухгæ мæлæтдзаг нæмыг…

Мæ зæронд гæххæттыты рæдзæгъдтæ куыд æвзæрстон, афтæ се ‘хсæн разынд иу сыф – Зæйрæты зæрдылдаринаг æмбисæндтимæ. Йæ фыдыфсымæр Дзамболат, дам сæ уыйбæрц зыдта, æмæ ма йын Гуытъиаты Хъазыбеджы «Ирон æмбисæндты» чиныджы дæр стыр хай бацахстой.

О, фæлæ сæ уымæй, Дзамболатæй, фехъуыстаид, æви сæ куыдæй бадардтаид йæ зæрдыл Зæйрæт, Хуыцау йæ зонæг, æрмæст ын цыма рæгъмæ рахæссыны аккаг сты…

*Егар*

*Уæззау æккой зоны, адджын – æвзаг.*
*Зондæй цы арæхсыс, уый – дæхи; къухæй цы арæхсыс, уый – адæмы.*
*Мæйæн дæ – йæ хорзæх, стъалытæн – сæ фыдæх.*
*Фæлмæн ныхас – хурæмдых, дæрзæг ныхас – тæрккъæвда.*
*Цы дæм ис, уый – дæхи, цы ссарай, уый та сусæг ма бакæн!*
*Мæгуыр дын цы ахъаз фæуа, уый хъæздыгæй нæ фендзынæ.*
*Дæ голлаг дзаг у? Искæй дзæкъулмæ ма ныхил!*
*Зыдыка лæг дын дæ къух куы райса, уæд аивæй де ‘нгуылдзтæ анымай.*
*Дæ хæрамæй кæй æмбæхсыс, уый дæ лымæнæй дæр хъахъхъæн.*
*Чи дæ æмæ цы дæ, уый дæ зæрдыл дар æмæ æвæсмон уай.*

*Дæ зондæй дæ фæрсæг куынæ уа, уæд дæхицæн – хæлар. Фæлæ дæ иугæр зондæй фæрсынц, уæд ын ихсийынæй ма тæрс,бахай дзы кæн.*

*Дæхи сызгъæринæй атигъ кæн, зонд-уынаффæйыл та – нæ.*

*Зонд дæр иудадзыг æмхуызон нæ вæййы, æнусы дæргъы уыцы иугъæдон нæу.*

*Лæгæн йе 'взаг – йæ кадгæнæг.*

*Кæрдзындæттон лæгæн йæ фæндаггаг йемæ цæуы.*

*Хорз сыхаг чи агуры, уый уал сæрæй къæхтæм йæхимæ 'ркæсæд.*

*ДЗГОН- КОЦОЙТЫ Зæйрæт*

# БАЗЫРДЖЫН ХЪУЫДЫТÆ

*Петр МАМОНОВ*

* * *

Цард уайтагъд аивгъуыйы. Æмæ дзы цæттæ куы нæ уай, нæдæр хатыр кæнынмæ, нæдæр уарзынмæ, уæд цардæн йæ рæзты ацыдæ.

* * *

Хуыцауимæ дын хъуамæ уа комкоммæ ахастытæ. Науæд æппæт мыдадзын цырæгътæ судзын, æппæт комдарынтæ, дæхи йыл фæдзæхсынтæ ницы сты. Чырыстон дин у æргом цард Хуыцауимæ. Алы цавæрдæр мæнгуырнæнтæ æмæ кæлæнтæм ницы бар дары. Аргъуыд донæй дæхи куы ныддæнгæл кæнай, уæддæр ницы аивдзæн, дæ хъуыдытæ, дæ зæрдæйы уаг, дæ цар æнæхъæнæй дæр цалынмæ нæ аивай, уæдмæ.

* * *

Блатнойтæм тынг раст ныхас ис: марды чырыны дзыппытæ нæй. Дæ уды цы бамбырд кодтай, мæрдтæм дæр демæ уый ахæсдзынæ.

* * *

Адæймаджы цард у хуры тынау. Адæймагæн ис райдайæн, кæрон та йын нæй! Уый диссаг у!

* * *

Уарзондзинадæн ис æрмæстдæр иунæг мивдисæг – дæттын!

Иуахæмы хæдзармæ æрбацыдтæн æмæ, зæгъын, ныртæккæ компьютер скусын кæндзынæн, фæлæ рухс ахуыссыд, æмæ талынджы аззадтæн. Иухатт ма сымах дæр бафæлварут афтæ – талынджы бахуыссут, уæ «пъип-пъипгæнæнтæ» ахуыссын кæнут æмæ уæхи бафæрсут: чи дæн, цы дæн æмæ куыд цæрын? Уæвгæ та, цæмæн цæрæм? Бирæ азты дæргъы ацы фарстæн æз ницы дзуапп лæвæрдтон – йæ иувæрзты-иу атындзыдтон. Мæ зæрдæйы дзæбæхæн цардтæн, хъылма-иу ныддымдтон, нуæзтон, хылтæ кодтон, ныффæрск-иу дæн: «Æз – бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл!», Цардæн та йæ табуйаг нысан у – уарзын. Уый та амоны хи нывондæн хæссын, хай кæнын та амоны дæттын. Хуымæтæгдæр нæй, ахæм цардыуаг.

Уарзондзинад æнкъарæн нæу, фæлæ амоны хæрзты цæуын. Метройы цæугæйæ, дæ бынат зæронд усæн куы радтай, уый тыххæй йæ æхсидгæ

уарзтæй уарзын нæ хъæуы – дæ бынат ын ратт, æмæ фæци. Ма нысхъæл у, мæнæ куыд сгуыхын, зæгъгæ.

Уарзондзинад хъуыддагæй æвдисгæ у, хъуыддаг кæнын та амоны дæттын, хай кæнын. Стæй дæ уæлдай раттын нæ, фæлæ дæхицæй ратонын дæ рæстæг, æхца, æппынфæстаг, бахъуыд, уæ та – дæ цард дæр.

* * *

Хорздзинад уынын, хорздзинад ракæныны фæдыл цæуын – уый у иунæг раст æмæ арфæйаг фæндаг. Гæнæн ис, æмæ 'ндæр адæймаг бирæ хъуыддæгты раст ма уа, фæлæ йын исты хуызы та æнæ уæддæр уыдзæн.

Архай искæмæн хорзы бацæуыныл, афтæ æнæуи, зыбыты лæвар, стæй æрвылбон дæр. Уый уыдзæн дыууæрдæм пайда. Æмæ фендзынæ, дæ зæрдæ куыд сцæрæццаг уыдзæн, уый! Уый у раст метройы эскалаторыл цæуæгау: уый бынмæ цæуы, дæу та уæлæмæ хъæуы, иннæтæ цæуынц дæлæмæ, ды та – уæлæмæ. Æндæр фæндаг нæй. Цæуын хъæуы рухсмæ.

Дæлдæр нæй, зæгъгæ, уым куыскуысси уай, уæд дæ хъуыддаг ацыд: ноджы бындæр фæуай, уымæн гæнæн нал ис, ныр æрмæстдæр иунæг фæндаг – уæлæмæ.

* * *

Дæхимæ ма иунæг ахæм фарст ратт: «Цæмæн цæрын?» Æрмæст бафæрс зæрдиагæй. Æмæ кæд никæмæн фæахъаз, ды абон кæй цардтæ, ацы бон кæй батыдтай, уый, уæд æй афтæ нымай, дæ бон дзæгъæлы кæй фесæфт.

* * *

Алчидæр нæ, фыццаджыдæр та мæхæдæг, хъуамæ сахуыр уа йæхицæн «нæ» дзурын.

* * *

Дæ бафхæрæгæн хатыр куынæ кæнай, уæд уый у, дæхи цæуыл сцавтай, уымæ мæстæй куы хæлай, уыйау. Аххосджын иудадзыгдæр дæхæдæг дæ, фæлæ цæф афтæ тынг фæриссы, æмæ, дæхи цæуыл скъуырдтай, уый фыр мæстæй зæххытыл хойын байдаис. Гъемæ – цы? Зæххæй сыхъиудзæн, æмæ та дыл куы фæуа, уæд дæ ноджы тынгдæр фæриссын кæндзæн… Гъе афтæ – зæрдæхудт æнцой нæ дæтты æмæ адæймаджы судзы зындоны судзæгау.

* * *

Зæгъын æнцон у. Хъуыддаг саразын – зын у. Зын. Фæлæ йыл тынг куы бацархайай, æндæр цардхос кæй нæй, уый куы бамбарай, уæд йæ саразын дæ къухы бафтдзæн.

* * *

Ахсджиаг, куыд амæлдзыстæм, уый! Иу хъуыдаг – рæстдзинады охыл, бынтон æндæр хабар – нозгæй.

* * *

Цард лæджы хатгай афтæ ныдзæггор кæны, æмæ йæ цæфтæ æвдадзы хос басгуыхынц.

* * *

Æвзæр хъуыдытæ мах не сты, уыдон хæйрæджы ардыдæй сты. Махонтæ – рæгъмæ хæссинаг. Гъемæ адæймаг йæхи хъуамæ уарза. Æрмæст, Хуыцау æй куыддæриддæрæй сфæлдыста, афтæмæй.Æмæ дын уæд фенцондæр вæййы. Дæуæн цы нæ у хæстæг, уый æддæгонд кæнын райдайыс.

* * *

Мæнмæ гæсгæ, сыгъдæг уд тæригъæдджын удæй уымæй хицæн кæны, æмæ уарзын кæй сахуыр вæййы.

* * *

Фараст мины сæдæ санчъехы Хуыцауæй тæссармæ куы акæнай, Уый æрдæм та – æрмæстдæр иунаг санчъех, уæд фæндаггон дæ.

Уд йæхицæн нывтæ кæрды: Нæй уый гæнæн, æмæ æвзæр адæймаг дæр уай, æмæ хорз фыссæг дæр.

* * *

Æнæ уарзондзинадæй адæймаг мæлгæ кæны – удæгас мард дзы рауайы: цæуы, цыдæртæ аразы, йæ хæстæ æххæст кæны, фæлæ йын уæддæр улæфт нæ фæфаг кæны, хуыдуг кæны.

* * *

Кæд исты цъаммар цыдæр уынæм, уæд уый нæхи мидæг ис. Гæбæр бæх йæхи гæбæр бæхыл хафы. Æмхуызæтты кæрæдзимæ ивазы. Уартæ давæг фæцæуы, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд мæхæдæг дæр давæг дæн, мин доллары нæ, фæлæ зæгæл адавтон, уæддæр. Адæмæн тæрхон ма кæнут, уæхимæ мидæгмæуынæг цæстæй æркæсут.

* * *

Хорздзинад куы ракæнай, æмæ стæй адæмæн куы ‘ппæлай, уæд æй кæнгæ дæр цыма нæ ракодтай, афтæ уайы.

* * *

Æхца æвзæр нæу, хъуыддаг ис, цæмæн, цы монцæн, цы ‘фсонæн хъæуынц, уый мидæг. Зæгъæм, дыууæ сылгоймаджы пъолтæ æхсынц, сæ иу – цæмæй йæ куыстæн мызд райса, уый тыххæй, иннæ та – цæмæй сыгъдаг уа. Афтæ, кардæй ис дзул æркæрдын, фæлæ дзы ис адæймаджы амарæн дæр. Афтæ у æхцайы хъуыддаг дæр.

* * *

Цард курорт нæу!

* * *

Цæрын тынг зын у. Уарзондзинад – кадавар, иунæгдзинад – арæх. Куы никæй фæхъæуыс, кæнæ та дæу куы ничи фæхъæуы, ахæм зын сахæттæ – бирæ. Ноджы зындæр та адæмимæ дзæнгæда цæгъдыс, кæнæ хъусæй бадыс, æмæ дын иууылдæр сты де ‘нæуынон.

* * *

Куы фембылды уай, уæд ыл фæсмон куыд нæ кæнай, ууыл дæхи сахуыр кæн.

* * *

«Уарзын дæ», зæгъынмæ зивæг ма кæнут. Уæхæдæг дæр уæ уарзондзинадыл æххæстæй куы не ‘ууæндат, уæддæр. Дзурут æй арæхдæр.

* * *

Æхсæвы куы æрхуыссут, уæд алы хатт дæр уæхи бафæрсут: «Ацы бон дæр та мыл аивгъуыдта, æмæ уымæй искæуыл исты хорздзинад æрцыд?»

* * *

Ныййарджыты æмæ дохтырты сайæн нæй.

* * *

Динмæ кæй æрцыдтæн, уый цы хуызы рауад? Цы йын зонын, цы хуызы? Фæцæй-иу мардтæн, амардтæн-иу, былыл уыдтæн, цæрын дæр-иу мæм нал цыд. Фæлæ мыл зонд уæддæр фæуæлахиз. Мæхи аирвæзынын кусын райдыдтон: раздæр – мæ буар, стæй та – мæ уд. Арæх вæййы зын, уымæн æмæ адæймаджы фæхъæуы йæхи сæрты ахизын, йæ монцтыл фæтых уæвын.

Уыдон та фыцынц, æхсидынц. Æмæ азары куы бацæуын, уæд скувын, о, Хуыцуау, баххуыс кæн, зæгъгæ. Æмæ мын уæд фенцондæр вæййы.

* * *

Боцъотæ кæд дарыс, уæд сæ адас, кæд нæ – уæд та сæ рауадз. Царды исты аивынæй ма тæрсут.

* * *

Æз зонын тынг бирæ хъæздгуыты, уыдон се 'ппæт дæр сты уыцыиухуызон æнамонд.

* * *

Мæлæтæй тæрсын нæ хъæуы, тæрсын хъæуы, дæ хиуæттæй исчи куы амæла, уымæй. Æндæр ницæмæй.

* * *

Æруадз æнцад дæ сывæллоны. Цæрдхъом йæхæдæг дæр у. Йæхæдæг у æнæхъæн космос, дæ планетæмæ бар чи дары, ахæм хицæн планетæ. Æмæ хъуыддаг уый мидæг нæй, æмæ, ды йæ мад кæй дæ, æз та – йæ фыд. Уый у æндæр адæймаг, ног адæймаг, æртыккаг, æмæ йæ сфæлдыста Хуыцау.

* * *

Æппæлгæ дæр ницæмæй кæнын, æмæ фау дæр ницæмæ хæссын. Мæхи хъуыддæгтæ дæр, мæхи чъизитæ дæр мæ къубалæй уæлдæр сты. Æмæ мæхи – иу стъæлф – куы ссыгъдæг кæнон, уæд æрмæст уый дæр дунейæн уыдзæн ахъаз. Дæхи аирвæзын кæн, æмæ уый дæуырдыгæй уыдзæн фаг.

* * *

Искæйы зындзинадыл фæриссыны хъом бæргæ стæм. Батæригъæд кæндзыстæм æнæкъухæн. Фæлæ ма бафæлварут искæй циндзинадыл зæрдæйæ бацин кæнын.

Мæ сыхаг хæдзар сарæзта. Раздæр ын халагъуды хуызæн уыд. Фæлæ йыл фæфыдæбон, фæтухитæ кодта æмæ дзы галуан рауад. Арæхдæр та фыр хæлæгæй куыд вæййы: зæгъдзысты дын, ныккæлæд дыл, кæнæ æндæр ахæм «арфæ». Æз та йыл цин бакодтон. Хæдзары аивдзинадæй нæ уынг дæр йæ хуыз скалдта. Зæгъын ын:

– Герман, цы æвæджиауы аив хæдзар сарæзтай!

– Æцæг зæгъыс? – æмæ йæ цæстытæ доны разылдысты.

Адæймаджы хъарм ныхасæй фылдæр ницы хъæуы.

*ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæйы тæлмац*

## НÆ УИДÆГТÆ

*МАМИАТЫ Таймураз*

# ÆНГОМ БИНОНТÆ ЦАРД АРЫНЦ...

Куырттаты ком у аргъæутты бæстæ, царды хъомысæн цыдæриддæр хъæуы, уымæй æххæст: æвдазы хосы суартæ, уæнгтæ роггæнæн сыгъдæг уæлдæф, уæдæ йæ æрдзы рæсугъддзинад дæр æнусты дæргъы йæхимæ æлвасы æмæ хоны канд нæ бæстæйы цæрджыты нæ, фæлæ, фæсарæнтæй чи æрбацæуы, уыдоны дæр. Йæ фыццаг æрбалидзджытæ æмæ бындурæвæрджытæ — дыууæ æфсымæры Куыртта æмæ Тæга дæр, æвæццæгæн, ам уымæн æрбынæттон сты æмæ арф, фидар уидæгтæ уымæн ауагътой, бæзджын цотæй уымæн байдзаг кодтой сæ байзæддаг Куырттаты æмæ Дæргъæвсы кæмттæ. Куырттаты комы фыццаг хъæу фæзынд уæлæсыхы. Адæм куыд фылдæр кодтой, афтæ ног цæрæн бынæттæ арæзтой, ног хъæутæ рæзыдысты. Хицæн фыды фырттыл дихтæ кæнын байдыдтой, æмæ кæддæр-уæддæр ирон адæммæ фæзынд мыггæгтæ. Алы хицæн фыды фырттæ сæ кæцыдæр рагфыдæлы номæй сæхи хонын райдыдтой, æмæ хæссын райдыдтой йæ номыл мыггаг. Афтæ рауад Куырттаты комы уæздан æмæ кадджындæр мыггæгтæй иу – Брытъиаты мыггаджы таурæгъ-истори дæр. Мæ ныхасы сæр у, абон йæ æхсæзæм фæлтæр кæмæн цæуы, уыцы иу къабазы цардвæндаг.

Брытъиатæн сæ мыггаджы уидаг, сæхæдæг æй куыд дзурынц, афтæмæй ис Дæллагхъæуы. Ам цард Айдарыхъы фырт Сæхмæрза дæр йæ бинонтимæ XIX æнусы дыккаг æмбисы. Дунайы хæст куы райдыдта 1877 – 1878 азты, уæд Сæхмæрзайæн хицауады ‘рдыгæй хæсгонд æрцыд хæцæг æфсадмæ мобилизаци кæныны хъуыддаг. Иттæг хорз сæххæст кодта йæ хæс. Хъæбатырæй хæцыд знаджы ныхмæ, бирæ тæссаг уавæрты-иу бахауд, мæлæты цæстытæм кæсгæйæ, фæлæ та-иу уæлахиздзауæй рацыд. Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыхæй йæ командыгæнæг хицауад схорзæхджын кодта æртæ майданæй. Радон ныббырсты уæлдай хъæбатырдзинад кæй равдыста, уый тыххæй хорзæхджынгонд æрцыд Георгийы IV къæпхæны дзуарæй.



Брытъиаты Айдарыхъы фырт Сæхмæрза
æмæ йæ цардæмбал Созанаты Хæмысиат

Хæсты фæстæ æгас хæдзар ссардта. Дарддæр æй цард аразын хъуыд, æмæм цардæмбалæн равзæрста Созанаты уæздан мыггаджы чызг Хæмысиаты. Мады Майрæм сын балæвар кодта бирæ цот, уыдонæй бахъомыл сты астæй: авд чызджы æмæ иу лæппу. Сывæллæттæй æртæйæ (Девлет, Вано æмæ чызджытæй иу, йæ ном ын ничиуал хъуыды кæны) фæмард сты æвирхъауæй: хæдзары къул сыл рафæлдæхт. Алихан уæд авдæны баст уыд, авдæнхъæд баурæдта егъау къæйдур. Афтæмæй нæлгоймаг бындартæй аирвæзт æрмæстдæр Алихан.

Буц куыд нæ дардтаид Сæхмæрза йæ иунæг бындары?! Хохы лæппу тагъддæр рæзы, лæджы бынатмæ рæвдздæр хæццæ кæны. Алихан дæр 16-аздзыдæй схъæлфындз цæвæг æрсагъта, уыгæрдæнтæ даста, суг ласта, æппæт хæххон уæззау куыстытæ дæр йе рагъыл бавзæрста.

Уæдмæ Октябры революцийы рухс хæхбæстæм банхъæвзта. Мæгуыр адæм сæ сæртыл схæцыдысты, бамбæрстой, ног цардыуаг мæгуыр адæмы сæрыл хæцæг кæй у. 1920-æм азы æмæ фæстæдæр Советон хицауад хæххон адæмæн бар æмæ фадæттæ радта быдыры бæркадджын зæххытæм ралидзынæн. Куырттаты комæй дæр бирæтæ ралыгъдысты Суадагмæ, уыдонимæ – Сæхмæрза дæр æд бинонтæ. Ног цард райдыдта хохаг адæмæн йæ ног æгъдæуттимæ. Фæсивæды

разæнгард кодтой фæскомцæдисонтæм бацæуынмæ. Алихан дæр йæ кæстæр хо Гаффæимæ фыццæгтимæ бацыдысты йæ рæнхъытæм. Уыдысты ног æхсæнадон царды активон архайджытæ, уый тыххæй æрвыст æрцыд Алихан ахуырмæ дæр: каст фæци рабфак.

Колхозтæ аразын куы байдыдтой, уæд та Алихан равдыста йæ активондзинад æмæ иузæрдиондзинад. Ног иумæйаг хæдзарады рæстæн хъуыдис кусæнгарз, кусæг фос. Алиханы бинонтæ хохæй куы ралыгъдысты, уæд сæм стурвосæй уыди æхсæрдæс сæры, бæхтæ æмæ иуцасдæр лыстæг фос. Иуахæмы Алихан фæскомцæдисонты радон æмбырдæй хæдзармæ куы æрбацыд, уæд сфæнд кодта, цыдæриддæр сæм фос æмæ исбон уыд, уыдон колхозмæ раттын. Зæронд Сæхмæрзайæн бæгуыдæр зын уыдис йæ фырты уынаффæ, æмæ йын бамбарæн дæр ис: дæ хидвæллойæ дæ цæргæбонты цы бынтæ скодтай, уыдоныл схæц æмæ сæ колхозы фыццаг скæн. Фæлæ йын кæд цыфæнды зын уыд, уæддæр фæстагмæ фыд йæ иунæджы фæндыл сразы: «Цардимæ æмдзу хъæуы, æвæццæгæн. Сомбон хуыздæр æмæ амондджындæр уыдзæн, уый сæ бауырныдта, æндæр ыл абоны фæлтæр æмхуызонæй куыд бауæндыдысты? Хуыцау æй мæгуыр адæмы фарнæн фæкæнæд, фос скæнгæйæ у, æмæ, чи цæра, уый та исты амæлттæ кæндзæн, сæйрагдæр сæрæгас æмæ æнæниз уæнт мæ бинонтæ…»

Бон цæуы æмæ фарн йемæ хæссы. Алихан ног царды уылæнты фыццæгтимæ размæ кæй цæуы, уый куырыхон æмæ царды фæлтæрдджын Сæхмæрзайы зæрдæ куыннæ рухс кодтаид, фæлæ ирон хæдзары сывæллætты хъæлæба куы нæ хъуыса, уæд уый æххæст хæдзар нæу. Уæлдайдæр та уæдмæ хæдзары æфсин Созанон дæр æгас нал уыд (бирæ нæ ацард Суададжы, низ ыл стыхджын æмæ йе 'цæг дунемæ атагъд кодта; Алиханыл уæд 20 азы бæрц цыд). Чызджытæй дæр иутæ сæ цæрæн хæдзæрттæ ссардтой: хистæр хо Леза уыд Гасситы чындз (уæдмæ æгас нал уыд), дыккаг – Варикка, Уаниаты фæрныг хæдзармæ бакуывта, Уæликка (Ольга) уыд Тотраты чындз (рахицæн æмæ цард йæ цæгаты), Фузæ Хъуысаты къухы уыд; иннæ æртæ чызджы – Надя (Дзыба), Гаффæ æмæ Маруся – уæд мойгонд нæма уыдысты.

Кæд ма чызджытæй æртæ хæдзары уыдысты, уæддæр къона уыд сылгоймаджы, хæдзары æфсины æрмдзæф хъуаг, æмæ Сæхмæрза йæ иунæг бындары номыл минæвæрттæ арвыста Барзыхъæумæ Гæбуаты уæздан Гæбæцийы чызг Ирханмæ. Бирæ ратæрхон-батæрхоны фæстæ бафидыдтой дыууæ мыггаджы, кæрæдзийæн фæарфæтæ кодтой,

чындзæхсæвы бон сбæлвырд кодтой – дыууæ къуырийы фæстæ. Минæвæрттæ разыйы дзуаппимæ æрбаздæхтысты, бинонтæ цин кæнынц, сыхæгтæ арфæтимæ цæуынц… Фæлæ адæймаг фæндтæ кæны, хъуыддæгтæ та Хуыцау аразы – Сæхмæрзайы зæрдæ йæ куыстæй æрлæууыд, æгæр тыхджын æнкъарæнтæн нæ ныффæрæзта.

Уыйадыл бинонтæ æмæ мыггаг сагъæсы бахаудтой, æмæ куыдфæстагмæ бауынаффæ кодтой: цы æрцыд, уымæн раздахæн нал ис, цардæн уромæн нæй, ног хæстæджытæй дæр худинаг у. Уæдæ афæдзы фæстæ цы уыдзæн, уый дæр чи зыдта… Сæхмæрзайæн йе стырдæр бæллиц йæ иунæджы амонд йæхи цæстæй фенын уыди, фæлæ йын æй, æвæццæгæн, Хуыцауы цæст нæ бауарзта…

Адæмы æфсарм æмæ фарн бирæ у. Чындзæхсæв йæ нысангонд бон скодтой. Хуынд дзыллæтæ æрæмбырд сты, бинонты зæрдæйыуаг та, чи сæ нæ уарзы, уыдоны уæд. Уæдæ уазджытæ не ‘рхæндæгдзинад ма банкъарой, зæгъгæ, Алиханы хистæр хо Варикка йæхæдæг фæндыр æрбахаста, фæндырдзæгъдæджы хъæбысы йæ æрæвæрдта æмæ, йæ цæссыгтæ ныхъуыргæ, йæ богъбогъ тыххæйты уромгæйæ, фыццаг йæхæдæг рахызт кафынмæ. Фæсивæды бафтыдта кафыныл, йæхæдæг та аууон ран сусæгæй йæ зæрдæйы тыппыртæ суагъта.

Райдыдта ног дуг Алиханы царды йæ цардæмбал Ирханимæ. Æнцон кæм уыдаид дыууæ æрыгон удæн. Хæдзары хистæр æмæ уынаффæгæнæг Сæхмæрзайы хæстæ дæр ныр Алиханы уæхсчытыл æрæнцадысты. Дыууæ уарзæгой æрыгон уды царды зындзинæдтæн бæргæ фæрæзтой, фæлæ сыл Мады Майрæмы аудындзинад фаг нæ уыди – цот сын нæ царди. Стыр хъыгагæн сын æртæ чызджы æмæ иу лæппу амардысты. Уыдонæй æртæйæ – хæрз æнахъомтæй, чызг Заретæ та – авдаздзыдæй. Сывæллон куы райгуыра, цæст æй куы фена, уæд уыцы æнахъомы сæфт æнæдзæбæхгæнгæ хъæдгом уадзы, уæлдайдæр та – мады зæрдæйы. Фæлæ Ирхан фæрæзта хъысмæты æвирхъау цæфтæн æмæ уæззау уавæртæн дæр. Сæхи къуындæг цард сын фаг нæ уыди, фæлæ ма йæ ходыгъдтæй иу, Фузæ, Заманхъулмæ мойгонд, зын уавæрты бахауд йæ цардæмбал Хъуысаты Дзæрæхмæтимæ, æмæ уыдон дæр сæхи бакъул кодтой Алиханмæ. Фузæ йæ сæрыхицау æмæ сæ фондз сывæллонимæ æрцард йæ цæгаты. Иууылдæр иу цары бын: авдæй – заманхъуйлæгтæ, ходыгъдтæ – æртæйæ, Алихан æмæ Ирхан сæхи цотимæ.

Ахæм къуындæг æмæ зын уавæрты Ирхан фæлæггад кодта се ‘ппæтæн дæр. Сывæллон кæддæриддæр рæвдыдмæ æнхъæлмæ кæсы, æмæ Ирхан йæ ходыгъды сывæллæттæн, йæ ходыгъдтæн чындзы лæггад æмæ æфсины æгъдау фæлæвæрдта цыппæрдæс азы. Уыдон цыппæрдæс боны нæ уыдысты, фæлæ сын Гæбуон ныффæрæзта кадимæ, уымæн æмæ нымадта йæ цардæмбал Алиханы сæр, иннæрдыгæй та – йæ цæгаты, цы мыггаджы æмæ бинонты æхсæн схъомыл, уыдоны.

Хæсты размæ азты Алихан бирæ бæрнон бынæтты фæкуыста: скъолайы ахуыргæнæгæй, колхозы бригадирæй, фæстæдæр, 1935 – 1938 азты та – хъæусоветы сæрдарæй, колхоз «Садоны æрзæткъахæнтæ»-йы парторгæй.

Уыцы азты кæд уавæртæ тынг зын уыдысты, уæлдайдæр кæцыдæр дзырдхæсджыты æнамонд митæй адæм тасдзинад кæд æнкъардтой, уæддæр сæхи амондджын хуыдтой, уымæн æмæ хуым кодтой сæхи зæххыл, сæхи бæркадæй цардысты, сæйрагдæр та – сæ кæстæртæн ахуыры фæндагмæ байгом фæтæн рухс дуæрттæ, æмæ уый та уыдис се ‘нусон бæллиц. Фæлæ уæдмæ сæ цины арвыл фæзынд тар мигътæ. Райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. 1941 азы Алихан, куыд зынгзæрдæ партион, фыццæгтимæ атындзыдта Фыдыбæстæ бахъахъхъæнынмæ. Æмбырдæй сæ бамидæг кодтой Дербенты, цыбыргонд ахуырты фæстæ æрвыст æрцыдысты хæсты цæхæрмæ. 1942 азы Брытъиаты хъæбатыр архайдта, Севастополы цы карз тох бацайдагъ, уым. Знаг йæ фылдæр тыхтæ: танкæй, авиацийæ ардæм сарæзта. Иу карз ныббырсты рæстæг Алихан уæззау цæф фæци, госпитальмæ бахауд, дзæвгар рæстæг æй фæдзæбæх кодтой, фæлæ хæсты архайынмæ нал сбæззыд, æмæ йæ хæзармæ рарвыстой. Куы сыздæхт, уæд æй йæ фæллад суадзынмæ дæр нæ равдæлд – колхозы разамынд æй уайтагъд бацагуырдтой, æмæ та йын партийы чырæйæн разамынд дæттын йæ бар бакодтой.

Алы хæдзарады дæр кусæг къухтæ нæ фаг кодта – колхозты ма баззадысты сылгоймæгтæ, зæронд лæгтæ æмæ æнахъом сабитæ. Алихан дысвæлдæхтæй бавнæлдта, цæмæй колхоз ма фæцуда, адæмæн æмæ фронтæн дæр пайда хæсса. 1942 азы, немыцаг фашисттæ Ирыстоны зæххыл сæ чъизи цырыхъхъытæй куы æрбассæстой, уæд Алихан, куыд парторг, фыццаджыдæр бацархайдта колхозы мулк бахъахъхъæныныл, æмæ сæм цыдæриддæр фосы мыггагæй уыди, уыдон хохмæ, Куырттаты коммæ, атардтой. Семæ ацыдысты коммунистты бинонтæ – тас сын уыди нымудзджытæй. Алихан дæр йæ бинонтимæ ацыд хохмæ,



Брытъиаты Сæхмæрзайы фырт Алихан
æмæ йæ цардæмбал Гæбуаты Ирхан

хотæ нæ бакуымдтой, чи нын хъуамæ цы кæна, сылгоймæгтæ стæм, зæгъгæ. Уæдмæ немыц Суадагмæ æрбахæццæ сты. Сæ фыццаг амæттаг уыдысты, кæй зæгъын æй хъæуы, партионтæ, фæскомцæдисонтæ, активисттæ, – уыдоныл райдыдтой цуан кæнын. Хъæуы фæзынди нымудзджытæ, знагæн æххуысгæнджытæ, æмæ дзы Алиханы хæдзар дæр фыццæгтимæ бахауд. Агуырдтой коммунистæн йæхи, фæлæ йыл куы нæ фæхæст сты, уæд ын йæ дыууæ хойы æмæ ма хъæуы активисттæй цалдæры ракодтой хъæуы кæронмæ: чи зоны, сæ зæрды сæ фехсын уыд, кæнæ Германмæ атæрын уацары… Æвæццæгæн сын Хуыцау дæр æххуыс кодта, нæхи хæдтæхджытæ фæзындысты æмæ, хъæуы немыц кæцы рæтты уыдысты, уырдæм бомбæтæ калын байдыдтой. Ахст адæмы чи кодта, уыцы фашисттæ дæр фæстæмæ фæзылдысты æмæ цыдæр лæнкгонд дзыхъхъыты ахуыссыдысты, адæм та нартхоры фæмидæг сты, афтæмæй аирвæзтысты комкоммæ мæлæтæй нæхи хæдтæхджыты фæрцы.

Немыц Ирыстоны зæххæй тард куы æрцыдысты, уæд Алихан дæр йе 'ххуысгæнджытимæ колхозы фос фæстæмæ æртардта. Колхозы парторгæй ма фæкуыста хæсты кæронмæ. 1947 азы бацыд хъæды хæдзарадмæ хъæдгæсæй, пенсимæ дæр ацы куыстæй ацыд. Йæ куысты нымад уыд карз адæймагыл – æнæ æмбæлгæ гæххæттæй иу бæлас акалын дæр нæ бауагътаид æцæгæлоны нæ, фæлæ йæхи бинонты дæр. Афтæ ауæрста æхсæнадон, паддзахады исбоныл æцæг сыгъдæгзæрдæ

коммунист. Уыд домаг куысты, фæлæ æппæты фыццаг домдта йæхицæй, йæ бинонтæй. Арæх дзураг уыд: «Алы ран дæр фæтк æмæ æгъдау хъуамæ уа фидар æвæрд. Уыдон кæм нæ уой, уым рæстмæ цард никуы уыдзæн».

Алихан æмæ Ирхан тынг æнгом, адджын цард фæкодтой. Схъомыл кодтой дыууæ фырты æмæ дыууæ чызджы: Барис (Бобо), Афæхъо, Фатимæ æмæ Светæйы. Æмбисондæн дзæгъæлы нæ баззад: урс хохæй урс дур хауы. Дыууæ хистæрæн сæ цот дæр сæхи хуызæн æгъдауджын, æфсармджын, адæмы æхсæн нымад, æгъдау æмæ кад дæттаг рауадысты. Куы бахъомыл сты, уæлдæр скъолатæ каст куы фесты, уæд æрцыд рæстæг сæ амæндтæ ссарынæн дæр. Барисæн (Бобойæн) йæ фыццаг цардæмбал Бугианимæ йæ цард нæ ацыд, фæлæ сын Мады Майрæм радта дыууæ фаззон чызджы – Альбинæ æмæ Зæлинæйы. Цард цард у, æмæ Барис сфæнд кодта иу хатт ма йæ амонд бавзарын: цардæмбалæн бацагуырдта къостайыхъæуккаг Мамиаты Мишкæйы чызг Заретæйы (Брытъиаты мыггаг æй зонынц Зарæйæ). Афæхъо каистæн равзæрста Гуыркъуымты коймаг Саутæты Георгийы хæдзар. Фатимæ æркуывта Ботъоты Дебойы фæрнджын хæдзармæ, Светæ та бакуывта Беслæныхъæуы Дыгуры къонамæ.

Цъиу лæппынтæ куы рауадзы, уыдон куы бахъомл вæййынц, уæд атæхынц сæ райгуырæн ахстонæй æмæ сæхи цард аразын райдайынц. Адæймаджы цардыуаг дæр уыдоны æнгæс у, фæлæ ма йæ Хуыцау ноджыдæр фæхайджын кодта æрхъуыдыйæ: райгуырæн ахстон хъахъхъæнын æмæ дын ахстон чи сарæзта, сæйрагдæр та, цард дын чи балæвар кодта, уыдоныл аудын.

Алихан æмæ Гæбуоны кæстæртæ хъуыддæгтæ куы бакодтой, уæд ма дыууæ хистæрæй амодджындæр кæм уыд! Хистæр Барис (Бобо) Мамиатимæ хæстæгдзинад бакодта 1973 азы. Кæстæр, Афæхъо та уыцы азты куыста оргæнты Буроны. Йæ хистæры фæстæ афæдзы æмбис дæр нæма рацыд, афтæ уый дæр йæ равзæрст сомбоны цардæмбалы æрхæццæ кодта Суадагмæ. Мад æмæ фыдыл дыууæ хуры ракаст. Æрмæст Афæхъо æмæ йæ цардæмбал Ирмæ сæ куысты домæнтæм гæсгæ уайтагъд рацыдысты Буронмæ. Барис та куыста автоинспекцийы Мызуры хайады. Бинонты хъуыддаг бакæныны размæ йын уым бирæуæладзыгон хæдзары радих кодтой иууатон фатер.

Ныр, авд æмæ ссæдз азæй фылдæр куы рацыд уыцы бинонтыл, уæд Мамион арæх æрымысы: «Чындзы куы цыдтæн, уæд мыл цыди æстдæс

азы, æмæ мын мæ мад бафæдзæхста: «Хъусыс, мæ чызг, фатермæ ацæуынмæ ма батагъд кæн, æхсæз мæйæ раздæр ма аком. Ды бинонты базонай, уыдон та – дæу, кæннод уыдзынæ цæрæнбонты ног чындз». Сæххæст кодтон мæ мады фæдзæхст, фæлæ махон (афтæ хуыдта йæ цардæмбалы) æгæр тыхсын куы райдыдта, уæд, æхсæз мæйы фæстæ ацыдтæн Мызурмæ. Хæдзарæй куы рараст стæм, уæд фæкомкоммæ дæн мæ хицаумæ: дуары раз лæууыд, йæ цæстытæ доны зылдысты. Æрмæст ма сдзырдта: «Ма нæ ферох кæнут, абæрæг-иу нæ кæнут». Мæхи зæрдæ дæр суынгæг. Куысты уæвгæйæ кæнæ хæдзары улæфгæйæ, мæ цæстæй нæ цух кодта уыцы ныв. Куыстæй-иу куы æрбацыдтæн, уæд та-иу Бритаевмæ (афтæ дæр хуыдта йæ цардæмбалы) гæххæтт афыстон, æз хъæумæ фæцæуын, зæгъгæ, æмæ та згъоргæ автобусмæ. Уый дæр-иу рацыд хъæумæ, цы гæнæн ма йын-иу уыд. Фæлæ махон тыхсын байдыдта дыууæрдæм цæуынæй. Æз дæр ын сабыргай загътон: «Бритаев, уыцы дыууæ хистæры цыппар сывæллоны уый тыххæй схастой, æмæ ныр сæ зæронды бонтæ иунæгæй æрвитой? Афæхъо рацыд. Ныр ма сæ мах дæр куы ныууадзæм, уæд тæригъæд не сты? Сæ зæронды бонтæ иунæгæй, æнхъæлмæгæсгæйæ æрвитой?.. Адæм афтæ нæ зæгъдзысты, дыууæ фырты сын куы ис… Ацу æмæ дæ фатеры фæрнæй цæр, æз ацы дыууæ зæронды иунæгæй нæ ныууадздзынæн». Барис дæр цасдæр рæстæджы фæстæ Мызуры йæ куыст ныууагъта. Суададжы æрбынæттон сты, куыстмæ та горæтмæ дыууæрдæм цыд, Мамион та Алагиры заводы кусын райдыдта. Хистæрты зæрдæтæ куыннæ барухс уыдаиккой, хæдзар та ногæй бинонтæй æмызмæлд куы сси, уæд.

Чызг чындзы куы ацæуы, уæд ын йæ ног бинонты афæрсынц, куыд у уæ чындз, зæгъгæ. Фæлæ, хъыгагæн, иннæрдæм никуы ничи бафæрсы, куыд дæ дæ чындзæн, зæгъгæ. Зарæ ахæм фарст куы фехъусы, уæд фæзæгъы: «Хуыцауæн табу, ахæм фæрнджын бинонтæм кæй бахаудтон. Кæй уарзын æмæ мæ чи уарзы, уыдонæй ма чындзы цæуын кæй хъæуы, уыдонæн ахæм Хуыцауы уарзон бинонтæ цæмæй фæуа, уый сын мæ цæст уарзы. Ницæмæй рахъаст кæндзынæн нæдæр мæ хистæртæй, нæдæр мæ тиу æмæ мæ ходыгъдтæй».

Ног чындз ма уыд Зарæ (афтæ хонын райдыдтой Заретæйы йæ ног бинонтæ), афтæ йæ цæгатмæ Мæскуыйæ ссыд Алиханы хистæр хо Варикка. Уæд иу хуыцауæхсæв Алихан æртæ чъирийы скувыны размæ чындзмæ фæдзурын кодта æмæ йæ йæхимæ сдзурын кодта.


Брытъиаты Барис æмæ йæ цардæмбал Мамиаты Заретæ

Къуырийы бæрц рацыдаид, афтæ та иуизæр бинонтæ æрбадтысты æхсæвæр хæрынмæ. Ног чындз æмæ кæстæр ходыгъд Светæ (уæд ма скъоладзау уыди) та мидæггаг уаты сæхицæн хицæн фынггонд ацæттæ кодтой. Алихан сыстад æмæ фидарæй загъта: «Уæртæ мидæггаг уаты цы дыууæ чызджы бады, уыдон цалынмæ ардæм рацæуой æмæ бинонтимæ æрбадой, уæдмæ æз дæр не сбаддзынæн. Мæ хæдзармæ æххуырсты не ‘рбацыд, ныр нæ бинонтæй у, æмæ бинонтæ та æхсæвæр иумæ фæхæрынц». Бинонты æрбатымбыл кодта æмæ иумæ адджынæн æхсæвæр скодтой. Ирон æмбисонд дæр уый зæгъы: «Бинонтæн сæ къæбæры хæрд иумæ куы нæ уа, уæд сæ зонд дæр иу никуы уыдзæн».

Бинонты æнгомдзинад, уарзондзинад æмæ кæрæдзийы æмбарындзинад фылдæр аразгæ у хæдзары хистæртæй. Алихан æмæ Ирхан дæр сæ ног чындз Мамионы хи хъæбулау бауарзтой. Алихан æм «чындз», зæгъгæ, никуы сдзырдта, æрмæстдæр йæ номæй. Циардхъуагæй сын цы хъæбул ахицæн йæ цардæй, уымæн дæр йæ ном Заретæ хуынд. Чи зоны, уый тыххæй сын уыд уæлдай адджын чындз дæр…

Цымæ ахæм хистæр ис, хъæбулы хъæбулмæ чи нæ бæллы? Алихан æмæ Гæбуон сæ чындз Мамионы фыццаг хъæбулы цинæй уæлæрвты тахтысты, æрхъæцмæ йыл нæ хъæцыдысты. Уæд та иубон Мамион

хæдзары зилæнтæ кодта, сывæллон та уаты йæ сынтæджы хуыссы. Уалынмæ чызг райхъал æмæ кæуын райдыдта. Зæронд лæг йæ разы лæууы, сабыр æй кæны, фæлæ кæуы уæддæр саби. Зарæ дæр бæргæ хъусы сывæллоны кæуын, фæлæ йæ йæ хицауы раз райсын æфсæрмы кæны. Фæстагмæ уæддæр нал бабыхсыдта мады зæрдæ, цыдæр æфсон бауади уатмæ. «Зарæ, сывæллон уый не 'мбары, æмæ ды мæнæн æгъдау кæныс. Искæй раз-иу æй ма райс, – загъта хæдзары хистæр. – Сывæллоны систа æмæ мын æй мæ хъæбысы бакодта, йæхæдæг кæртмæ рахызт», – буц æмæ цинæй та æрымысыд Зарæ йæ æрыгон адджын царды бонтæ.

Æвæдза, цард диссаг у, стæй, дам, доны къусæй уæлдай нæу. Сомбон кæмæ цы æнхъæлмæ кæсы, уый ничи зоны. Брытъиаты Алиханы æнгом æмæ амодджын бинонтæ дæр дæр 1981 азы кæрон, декабры мæйы, сæхи бæргæ цæттæ кодтой Ног азы æрбацыдмæ, фæлæ сын хъысмæт сæ хъæлдзæг, амондджын цардмæ йæ сау цæстытæй æрбакаст. Алиханыл йæ бирæ фыдæбæттæ, хæсты уæззау фыдбонтæ сæ фæд ныууагътой, æмæ уыцы аз, декабры æмбис инсультæй фæрынчын. Æртæ боны фæстæ, 17 декабры, йæ цардæй ахицæн.

Дыууæ азы фæстæ бинонтæ сæ цæрæнбынат раивтой Дзæуджыхъæумæ. Зарæ мысы: «Ме 'фсинæн абон дæр мæ сæрæй ныллæг кувын, горæтмæ кæй ралыгъдыстæм, уый тыххæй. Алы бон мын-иу афтæ дзырдта: ахæц мæ лæппуйыл горæтмæ, бадæттын ын кæн курдиат фатер райсынмæ. Ницы федтон æз цардæй ам, æмæ ды дæр ацы æвадат ран тухæнæй мæлдзынæ». Æвадат та уымæй уыд, æмæ дон арæх нæ уыд, хæссын-иу æй хъуыд цæугæдонæй, газ – ласæггаг.

Барисæн куыстæй (Хъæууон хæдзарады министрады куыста уæд) радтой æртæуатон фатер. Ирхан бæргæ буц æмæ зæрдæрай уыдис горæты æнцон царды уавæртæй, уæлдайдæр, хъæуы уæззау, зын уавæртæ-иу йæ зæрдыл куы æрбалæууыдысты, уæд. Буц уыд йæ чындзæй дæр. Уæвгæ йæм «чындз» никуы дзырдта, æрмæстдæр – «мæ чызг», «мæ къона».

Зарæ-иу искуы иу хатт куыстæй исты æнкъардхуызæй куы æрбацыд, уæд-иу йæ зæрдæйыуаг æмбæхсынмæ бæргæ хъавыд, фæлæ йæ йе 'фсинæй бамбæхсæн нæ уыд. Уайтагъд-иу æй афарста, мæ чызг, цы кæныс, зæгъгæ. «Куы ницы», – дзуапп-иу радта Зарæ. «Уæдæ мæ уæд дæхиуыл куыд сахуыр кодтай, афтæ хъæлдзæг дæхи дар», – бахудт-

иу æфсин. «Хъæуы-иу, æфснайгæйæ, хæдзары зилæнтæ кæнгæйæ, æдзухдæр заргæ кодтон, хаттæй-хатт-иу мæ къухмæ балалайкæ дæр райстон, æмæ мыл афтæмæй сахуыр», – зæгъы Мамион.

Мæнгæн нæ фæзæгъынц, мæгуыр уæрццыл зад хуымы хизын нæ фидауы. Ирханæн дæр горæты æнцон уавæрты ацæрын нæ бантыст. 1983 азы ноябры ссыд, 1984 азы мартъийы та рынчындонмæ бахауд. Дохтыры рæдыдæй апрелы йæ цардæй ахицæн цардхъуагæй, йæ 69-æм азыл. Мæй фæци рынчындоны. Афтæ-иу куывта: «Хуыцау, бирæ мæ ма фæсæйын кæн, Зарæйы хо Азæ бирæ азты уæззау рынчын æфсинмæ кæсы, æмæ та уый дæр афтæ куыд нæ тухæн кæна…» Кæуылты зæрдæйы хицау уыд!? Уæдæ йæ цæрын дæр куыд нæ фæндыдаид, фæлæ фыццаджыдæр йæ кæстæртыл хъуыды кодта… Йæ амæлæты фæстæ азтæ куы рауад, уæд хъæуы устытæй иу Зарæйыл сæмбæлд æмæ йын рафæзмыдта Ирханы ныхас: «Чи мæ уарзы, уый мын-иу Зарæйы рæвдауæд, æз куы нал уон, уæддæр». Абоны бон дæр, кæд æфсины мæлæтыл æвддæс æмæ ссæдз азы рацыд, уæддæр Зарæ арæх фæзæгъы: «Мæрдты йын – мæ риуыл фæндаг».

Бинонты дыууæ хистæры сæ цардæй ахицæн сты, фæлæ сæ фарн мæрдтæм нæ ахастой, сæ кæстæртæн æй ныууагътой. Алихан æмæ Ирханы кæстæртæй, хъыгагæн, æртæйæ цардхъуагæй бацыдысты се ‘цæг дунемæ: Фатимæ (Ботъоты чындз) – 2000 азы 48-аздзыдæй, Барис (Бобо) та – 2012 азы 72-аздзыдæй. Цы сыхы фæцард Дзæуджыхъæуы, уыдон æй арæх æрымысынц, хъынцъымгæнгæйæ, фæзæгъынц: «Ехх, куыд тынг ныл фæзынд Барисы ацыд…». Ацы уац куы фыстон, уæд ма Афæхъо цардæгас уыд, кæд æй низтæ сæ быны скодтой, уæддæр. Йæ 71-æм гуырæн боныл ма бæргæ сæмбæлд, фæлæ, æхсæв бонæн йæ бартæ куыд лæвæрдта, афтæ йе ‘цæг дунемæ атагъд кодта уый дæр.

Афæхъойæн дæр, куыд йæ хистæртæн, йе 'гъдау йæ цæргæбонты йæ разæй цыд. Адæймагæн йæ сæрæй уæлдæр – йæ худ, уыдоны кад хъæуы хъахъхъæнын, фæлæ дæм æгъдау куы нæ уа, уæд уыдон дæр фегад кæнын – бынтон æнцон, уый уыд йæ цардвæндаджы тырыса. Суададжы, стæй æппæт Куырттаты комы дæр Афæхъойы зыдтой æгъдауджынæй, бахъуаджы заман дæм йе ‘ххуысы къух чи бадаргъ кæндзæн, дæ фарсмæ чи æрбалæудзæн дæ хъыджы дæр, дæ цины сахат дæр, ахæмæй. Æрмæст Суададжы къухылхæцæг, æмдзуарджын, кæнæ

та чындзхæсджыты хистæр кæмæнты уыд, уыдон хъæуы фылдæр æмбис уыдзысты, æвæццæгæн.

Адæймаг кæм ацæуа, уым хъуамæ йæ фæстæ йæ фыдгой ма кæной, фæлæ йæ мысой хорзæй. Афæхъойы дæр Буронæй райдай æмæ йæ фылдæр рæстæг цы «Сельстройы» ПМК-611-ы фæкуыста, уымы раздæры кусджытæ арæх æрымысынц куыд хорз кусæг æмæ организатор, стæй куыд диссаджы зæрдæхæлар æмæ цæстуарзон æмгар, цыфæнды сусæг ныхас дæр кæуыл бауæндай, ахæм æууæнкджын адæймагæй.

Алихан æмæ Ирхан сæ хистæрты фарн æмæ намысыл бафтыдтой, афтæмæй сæ алæвæрдтой сæ кæстæртæм. Сæ цот æмæ уыдоны цот иууылдæр уæлдæр ахуыр райстой, сæйрагдæр та – ирон царды скъола каст фесты «иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ», се ‘гъдау цæуы сæ разæй. Уый та уымæй бæрæг у, æмæ, цы адæмы æхсæн кусынц æмæ цæрынц, уымыты дæнцæгæн хæссынмæ бæззынц.

Ныр мæ ныхасы райдиан уыдис сæ рагфыдæл Айдарыхъ. Ацы кадджын хистæрæй ранымайгæйæ, абон фæрнджын цард кæны йæ æхсæзæм фæлтæр. Барисы фæдыл баззадысты: Альбинæ æмæ Зæлинæ (цæрынц Алагиры); Анжелæ хъомыл кæны дыууæ лæппуйы – Калманты Азæмæт æмæ Тимуры; Батрадзæн ис чызг æмæ лæппу, Аминæ æмæ Арсен (Токаты хæрæфырттæ); Зауырбегæн – чызг æмæ дыууæ лæппуйы, Элинæ, Давид æмæ Артур (Гогаты хæрæфырттæ). Афæхъойæн баззад иунæг фырт, Ирбег, уый йæ цардæмбал Ирæимæ хъомыл кæны йæ лæппу Батрадзы. Фатимæйæн баззад чызг æмæ лæппу, Маринæ æмæ Амырхан. Мæринæ хъомыл кæны йæ лæппуйы – Джыккайты Мараты, Амырхан та у Бестауты сиахс, ис ын чызг Лизæ. Светæйы иунæг Сосланæн та кувынц йæ амондмæ: чызджыты хуыздæр – йæ хай. Афтæмæй уал Айдарыхъы æхсæзæм фæлтæр абоны онг сты дæс. Мады Майрæмы хорзæх ма сæ дарддæр дæр куы уа, уæд ма сыл, Хуыцауы фæрцы, фæлтæры кæронмæ бирæ нæ – ноджыдæр дæс бафтдзæн.

Алы сомбоны фæлтæр дæр йæ хистæрты Фарн æмæ Намысыл æфтауæг куы уа, уæд нæ фесæфдзæн æфсарм æмæ æгъдау, цард та уыдзæн бæллиццаг.

## АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД – АДÆМÆН

# РАДЖЫМА-РАДЖЫМА...

*Ацы аргъау курдиатджын кадæггæнæг Дзантиаты А. ныхæстæй ныффыста ЦИПУ-йы филологон факультеты уæды рæстæджы студенткæ Санаты Азæ. Уый фæстæ бирæ азты дæргъы университеты ирон филологийы факультеты фæкуыста методикон кабинеты сæргълæууæгæй.*

*Аргъау у дыууæ сюжеты контаминаци (баиугонд): 301 ATU («Æртæ паддзахады») + 530, 530A ATU.*

*Рубрикæ амонæг СОКАТЫ Дианæ*

## ЦУАНОН ЛÆГ

*Аргъау*

Уыдис иу цуанон лæг æмæ ацыдис цуаны. Уый æхсæвы баззадис æдде æмæ æхсæвиуат æркодта иу суадоны былыл. Райсомæй раджы фестадис, кæсы, æмæ иу лæг фæцæуы. Уый кодта тыхджын цыд. Цуанон лæг æй фæсте асырдта, æрцахста йæ, сбæстытæ йæ кодта æмæ йæ сæхимæ рахаста. Агъуысты йæ цæджындзыл бабаста æмæ йын уырдæм хæринаг лæвæрдта. Иубон уый арвыста йе 'мсæр лæгтæм, иу диссаджы лæг æрцахстон æмæ йæм æрцæут фенынмæ, зæгъгæ. Иубон цуаноны лæппу хъазыдис пуртийæ. Пурти бахаудта лæджы размæ, æмæ йæ лæг фелвæста. Лæппу дзы куры, йæ пурти йын цæмæй радта.

Уæд æм лæг дзуры:

– Суадз мæ, æмæ дын дæ пурти ратдзынæн.

Лæппу йын радзырдта, йæ фыд кæй æрхондзæн лæгтæ, æмæ йæ ам куы нæ æрæййафа, уæд йæ фырты кæй амардзæн, уый.

Уæд ын лæг зæгъы:

– Нæ дæ амардзæн, фæлæ дæ Сыбырмæ ахæсдзæн, æмæ уымæй ма тæрс.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, лæппу суæгъд кодта баст лæджы. Лæг ын йæ пурти радта, йæхæдæг афардæг кæдæмдæр.

Уалынмæ хуынд адæм дæр æрæмбырд сты æмæ цуанонæн зæгъынц, цæмæй йæ диссаг ракæна.

Цуанон бацыдис агъуыстмæ, æмæ цæй диссаг æмæ цæй æндæр.

Рафæрс-бафæрс байдыдтой, æмæ нæй, ничи ницы федта. Уæд лæппу загъта, зæгъгæ, мæнæн мæ пурти нал лæвæрдта, æмæ йæ æз ауагътон.

Лæппуйæн æрлæууыдысты тæрхон кæнынæн. Чи йын кодта мары-ны, чи судзыны, чи та фесафыны тæрхон.

Уæд иу лæг загъта:

– Маргæ дæр нæ, иу дæр нæ, фæлæ йын файтон, йемæ фæндаггаг, стæй иу салдат бæхтæрæгæн раттæм, æмæ æндæр паддзахы зæхмæ ацæуæд.

Иууылдæр сразы сты ууыл æмæ арвыстой лæппуйы. Цæуынтæ байдыдтой, уалынмæ сдойны сты. Кæсынц, æмæ иуран къæйдурты бынæй цъымара дон кæлы.

Цуаноны лæппу дзуры бæхтæрæгмæ:

– Ахиз æмæ мын дон ратт.

Уый йыл фæхъæр кодта:

– Æз дæр ма ам дæу тыххæй куы фесæфтæн. Кæд дæ хъæуы, уæд ахиз æмæ бануаз!

Лæппу рахызтис æмæ, куыд æргуыбыр кодта, афтæ йыл бæхтæрæг къæйдур æрфæлдæхта. Цæуынмæ куыд хъавыдис, афтæ йæм цуаноны лæппу дуры бынæй дзуры:

– Суадз мæ, æмæ ды мæ гæрстæ скæндзынæ, æз та дæууонтæ. Ды уыдзынæ цуаноны фырт, æз та – салдат. Кæннод фæстæмæ куы аздæхай, уæд дæ амардзысты.

Бæхтæрæг æй суагъта. Раласта йæ гæрстæ æмæ лæппуйы гæрстæ скодта, салдаты гæрстæ та лæппу скодта, афтæмæй араст сты.

Цæуынц æмæ иу паддзахы зæхмæ бахæццæ сты. Паддзахы дуар уыдис фæндагыл. Лæппу быруйы размæ куы ныххæццæ, уæд бæхты ахæм цæфтæ фæласта, æмæ быруйы сæрты агæппытæ ластой ифтыгъдæй.

Паддзахы чызг кастис рудзынгæй æмæ сæ куы ауыдта, уæд йæ фыдмæ бауадис æмæ йын загъта:

– Баба, стыр фæллад уазджытæ фæцæуы, æмæ сæ раздах.

Паддзах арвыста сæ фæстæ æмæ сæ раздæхтой. Салдат ссыдис æмæ сбадтис паддзахы фарсмæ, цуаноны лæппу та скъæты бæхтимæ бадтис. Паддзахы чызг сæ базыдта, чи сæ цы у, уый.

Уæд та чызг йæ фыдæн загъта, цæмæй сæ иу къуыри ма ауадза, стæй йæ хылзæрдæ дæр кæй ницы бакæндзысты. Паддзах сæ баурæдта. Сæ бæхты сын арвыста рæгъаумæ цуаноны лæппуимæ, салдат та баззадис хæдзары.

Уæд та иубон чызг бацыдис йæ фыдмæ æмæ йын загъта:

– Де ’ххуырстыты æркæн æмæ сын хорз куывд скæн, цæмæй дын хуыздæр кусой, уый тыххæй.

Уæд паддзах æрхуыдта йе ’ххуырстыты æмæ сын стыр куывд скодта. Æххуырстытæ иууылдæр æрцыдысты, æрмæст цуаноны лæппу не ’рцыдис.

Чызг ракаст æмæ, лæппуйы уым куы нæ федта, уæд загъта: «Гъе, цæй æнамонд фæдæ, æппын дын хай куы ницæмæй ис», – æмæ ставд цæссыгæй скуыдта. Уалынмæ ахæм уарын рацыдис, æмæ арв æмæ зæхх кæрæдзи хостой. Цуаноны лæппу къардиуы бын бабырыдис. Уалынмæ уарын фенцадис, лæппу рацыдис къардиуы бынæй, кæсы, æмæ фос нал сты. Лæппуйæн разил-базил кæнынæй йæ бон куынæуал уыдис, уæд афтæ бакодта: «Уæ, мæ тæригъæд дæ уа, æрхуы лæг. Цуаноны фырт куы уыдтæн, æнæ мастæй къæбæр куы хордтон, уæд ай æнхъæл та кæм уыдтæн».

Уыцы ныхæстæм æрхуы лæг йæ цуры фегуырдис æмæ йæ фæрсы:

– Цы кодтай, ме ’рдхорд, цы дыл æрцыдис?

Лæппу йæм дзуры:

– Цы ма кæнон, мæ рæгъау куы фесæфтис, уæд?!

Æрхуы лæг ын загъта:

– Тæрсгæ ма кæн, уыдон мах ссардзыстæм.

Лæппуйы йæ фæсарц авæрдта æмæ йæ йæ рæгъаумæ бакодта, стæй йын загъта:

– Адон ам уадз, фæлæ немæ цом дæлæ дæлдæр.

Цæуынц æмæ иу ранмæ ныххæццæ сты. Кæсынц, æмæ бæстæ сырхсырхид фосæй байдзаг ис. Уалынмæ иу хæдзармæ бахæццæ сты. Уый уыдис æрхуы лæгæн йæ хистæр хойы хæдзар.

Æрхуы лæг бахъæр кодта мидæмæ:

– Уазджытæ, мæ сызгъæрин хо!

Бахызтысты мидæмæ, æмæ иууылдæр уыдис сæ алыварс сызгъæрин дзаума. Хорз сæ федта, стæй уæд цуаноны лæппуйæн радта лæварæн сызгъæрин бæх æд идон, сызгъæрин топп æмæ йæ афтæмæй рарвыста йæ рæгъаумæ.

Лæппу раскъæрдта йæ рæгъау сæ бынатмæ.

Чызг та бацыдис йæ фыдмæ æмæ дзы ракуырдта, цæмæй та дыккаг хатт æрхона йе 'ххуырстыты. Æрхуыдта та паддзах йе ’ххуырстыты. Чызг ракаст уæладзыгæй æмæ та лæппуйы куы нæ федта, уæд

ныккуыдта. Уалынмæ та рацыдис стыр, тыхджын уарын, лæппу та бабырыдис къардиуы бын.

Уарыны банцады фæстæ лæппу рацыдис, йæ рæгъау та агуры, æмæ сæ куы- нæ ссардта, уæд та афтæ бакодта: «Уæ мæ тæригъæд дæ уа, æрхуы лæг! Цуаноны фырт куы уыдтæн, æнæ маст къæбæр куы хордтон, уæд ай æнхъæл кæм уыдтæн».

Уыцы ныхæстæм та æрхуы лæг йæ цуры æрбалæууыд æмæ та йæ фæрсы:

– Цы кодтай, ме 'рдхорд, цы та дыл æрцыдис?

– Цы ма кæнон, мæ рæгъау та куы фесæфтис, уæд! – зæгъы лæппу.

– Тæрсгæ ма кæн, мах уыдон ссардзыстæм, – загъта æрхуы лæг.

Акодта лæппуйы йемæ æмæ йын йæ рæгъау бацамыдта, стæй йæ уæд акодта йæ дыккаг хомæ.

Уый уыдис æвзист, йæ агъуыст дæр иууылдæр уыдис æвзист. Уый дæр та сæ хорз федта. Цуанон лæппуйæн та лæварæн радта æвзист бæх æд идон, стæй уæд æвзист топп. Ракодта та лæппуйы йæ рæгъаумæ, лæппу дæр та раскъæрдта рæгъау сæ бынатмæ. Уалынмæ йе 'мбæлттæ дæр æрцыдысты, цуаноны лæппуйæн дæр æрхастой семæ хæйттæ, уым дæр та æрбадтысты æмæ фæминас кодтой.

Чызг та райсомы йæ фыдæн загъта:

– Де 'ххуырстыты скæн, æмæ сæ фæлхæрдтæ бахæрой, кæннод сæ цы фæкæндзынæ?

– Паддзах та сæ фæстæмæ æрæмбырд кодта, фæлæ та уыцы лæппу не ссыдис. Чызг та ракастис æмæ, лæппуйы уым куы нæ федта, уæд ставд цæссыгæй ныккуыдта. Уалынмæ та рацыдис тыхджын уарын. Лæппуйы рæгъау та фесæфтис.

Лæппу та зилын байдыдта æмæ сæ куы нæ ардта, уæд та афтæ бакодта: «Мæ тæригъæд дæ уа, æрхуы лæг! Цуаноны фырт куы уыдтæн, æнæ маст къæбæр куы хордтон, уæд ай æнхъæл кæм уыдтæн».

Уыцы ныхæстæм та æрхуы лæг йæ разы æрбалæууыд.

– Цы кодтай, ме 'рдхорд, цы дыл æрцыдис? – бафарста та йæ æрхуы лæг.

– Цы ма кæнон, мæ рæгъау куы нæ арын, уæд, – загъта та йын лæппу.

– Тæрсгæ ма кæн, уыдон мах ссардзыстæм! – загъта йын æрхуы лæг.

Акодта йæ йæ рæгъаумæ, стæй йын загъта, цом уал ныр мемæ, зæгъгæ. Ныр та йæ бакодта йæ кæстæр æрхуы хомæ. Уый дæр та сæ хорз федта, стæй йын уæд радта æрхуы бæх æд идон, æрхуы топп, стæй

кард æмæ йæ афтæмæй рарвыста. Фæндагыл ын æрхуы лæг загъта:

– Амæй фæстæмæ-иу мæ кой мауал скæн, стæй дæ мæ сæр дæр нал бахъæудзæн, ды мæнæн хорзæй кæй фæдæ, уый мын хæлар фæуæд, стæй æз дæр дæуæн кæй фæдæн, уый дæр дын хæлар фæуæд.

Уыйадыл æрхуы лæг цыдæр фæцис. Лæппу æртардта йæ рæгъау, уалынмæ та йе ’мбæлттæ æрцыдысты. Райсомæй чызг лæппумæ файтон æрæрвыста, рацу æмæ, дам, иумæ атезгъо кæнæм, фæлæ лæппу нæ бакуымдта. Дыккаг райсом та йæм чызг йæхæдæг æрцыдис, фæлæ уæддæр лæппу нæ бакуымдта. Чызг фæстæмæ раздæхтис мæстæйдзагæй. Цалдæр боны фæстæ Терчы паддзах æрбарвыста:

– Кæд дæ фæнды – хæцгæ скæнæм, кæд дæ фæнды, æнæ уый, фæлæ дæ чызджы махæн куыд радтай, афтæ.

Уæд паддзах салдаты фæрсы:

– Цæй, цы бакæнæм? Чызджы тыххæй нæ адæмы куыд фæсафæм?

Салдат ын загъта, зæгъгæ, чызгæн йæхи бафæрс, æмæ дын цы зæгъа, уый.

Паддзах бафарста йæ чызджы. Чызг дзуапп радта, цæмæй, паддзахæн йæхи куыд фæнды, афтæ бакæна. Паддзах арвыста æмæ сын загъта, адæмы цæуыл хъыгдарæм, рацæут æмæ йæ бахæссут. Æрбацыдысты чызг хæссынмæ. Цуаноны лæппу хабар куы фæхъуыста, уæд йæ сызгъæрин бæхыл сбадтис æмæ ацыдис сæ размæ. Лæппу æрлæууыдис фæндаджы астæу æмæ сын фæндаг нæ дætты. Уæд паддзахы адæм смæсты сты æмæ йæм дзурынц:

– Ауадз нæ, ма нæ хъыгдар.

Цуаноны лæппу сæм дзуры:

– Ауадзут уыцы чызджы, уый мæ куырд бинонтæ у, æмæ йæ мæ фыд куы фехъуса, уæд худинаг у.

Уæд паддзахы лæппу æрбамæсты ис æмæ рагæпп кодта лæппумæ. Цуаноны лæппу йæ бæх фездæхта, кард фелвæста æмæ сæ цæгъдын байдыдта. Фæйнæрдæм фæпырх кодта сæ 'ппæты дæр æмæ чызджы раздæхта йæ хæдзармæ, йæхæдæг рацыдис йæ бынатмæ.

Уæд та дыккаг хатт æрбарвыстой Андет-Индеты паддзахадæй, дæ чызджы махæн куыд радтай, зæгъгæ. Сразы ис паддзах дæр. Æрбацыдысты та чызджы хæссынмæ уыдон дæр. Лæппу куы фехъуыста уыцы хабар, уæд сбадтис йе 'взист бæхыл æмæ та ацыдис сæ размæ. Æрлæууыдис та фæндагыл цæхгæрмæ. Чындзхæсджытæ йæм дзурынц, фæндаг ратт, зæгъгæ. Уæд сæм лæппу дзуры:

– Нæ, æз уый нæ ауадздзынæн, уый у мæ куырд бинонтæ.

Уыцы ран та сыл хæст бацайдагъ ис, æмæ сæ лæппу фæйнæрдæм ныппырх кодта, чызджы та йæ хæдзармæ раздæхта.

Æртыккаг хатт та сæм æрбарвыста Испанийы паддзах чызджы раттыны тыххæй. Паддзах та сразы ис уыдоны ныхасыл дæр æмæ сын загъта, цæмæй рацæуой æмæ чызджы ахæссой.

Æрбацыдысты уыдон дæр та чызджы хæссынмæ. Лæппу уый куы фехъуыста, уæд сбадтис йæ ’рхуы бæхыл æмæ рацыдис сæ размæ.

Чындзхæсджытæ йæм дзурынц:

– Дæ фыдимæ æрдхæрдтæ куы стæм, уæд цæмæн афтæ кæныс?

Лæппу сын зæгъы, зæгъгæ, кæд мæ фыдимæ æрдхæрдтæ стут, уæд ын йæ куырд чындзы кæдæм хæссут. Афтæмæй та лæппу семæ хæцын байдыдта. Уалынмæ лæппуйæн йæ цонг фæцæф. Чызг æй куы ауыдта, уæд рагæпп кодта æмæ йын æй йæ къухмæрзæнæй абаста. Чызг рацыдис йæ хæдзармæ, лæппу та ацыдис йæ рæгъаумæ.

Иурæстæг уазалтæ кæнын байдыдта, æмæ рæгъау стардтой хъæумæ. Лæппу йæ фондз бæхы бабаста скъæты. Райсомы лæппу йæ уæнгтæ бафистæг кодта æмæ йæхи ахсадта. Уыцы рæстæг уæлæ рудзынгæй кастис лæппуйы æмбал. Чызджы къухмæрзæн лæппуйы цонгыл куы ауыдта, уæд паддзахмæ бацыдис æмæ йын загъта, дæ чызджы къухмæрзæн, дам, мæ салдаты цонгыл цы агуры. Паддзах бадзырдта йæ чызгмæ æмæ йæ бафарста. Чызг йæ фыдæн радзырдта хабæрттæ иууылдæр. Райсомы лæппу раласта йæ фондз бæхы, бадзырдта йæ салдатмæ æмæ йæ бæхты цур æрлæууын кодта.

Райста фат æмæ скуывта:

– Ацы ран кæд æз исты аххосджын дæн, уæд ацы фат хæрдмæ иуæй фæцæуæд, дæлæмæ та – æхсæзæй æмæ куыд сæмбæла махыл, æмæ цъæх фæнык куыд фестæм. Кæннод та уæлæмæ иуæй фæцæуæд æмæ дæ сæры куыд ныссæдза.

Фат хæрдмæ иуæй фæтахтис, дæлæмæ дæр иуæй æртахтис æмæ салдаты сæры ныссагъд. Салдат уыцы ран цавддур фестад.

Лæппу ракуырдта паддзахы чызджы æмæ уыцы ран цæргæйæ баззадис.

*(ЦИГСИИ-йы зонадон архив,*
*о. 1., хъ. 633, №1700., 44 – 55-æм ф.*
*Радзырдта йæ Дзантиаты А.,*
*ныффыста йæ Санаты А., ир. д.)*

# ИРОН ПРОЗӔЙЫ АНТОЛОГИ

## ДЖУСОЙТЫ НИНӔ

(1964)

*Джусойты (Гобозты) Сергейы чызг Нинӕ райгуырд 1964 азы 2 июлы Гуырдзыстоны, Къахеты Арешпераны хъӕуы. Уым каст фӕцис астӕуккаг скъола. 1983 азы йӕ бинонтимӕ ӕрцард Цӕгат Ирыстоны ӕмӕ 1996 азы каст фӕцис ЦИПУ-йы филологи ӕмӕ журналистикӕйы факультет. Куыста газеттӕ «Слово» ӕмӕ «Стыр ныхас»-ы уацхӕссӕгӕй, паддзахадон телерадиокомпанийы редакторӕй.*

*Нинӕ скъоладзауӕй уацхъуыдтӕ фыссын райдыдта газет «Советон Ирыстон»-мӕ (ныры «Хурзӕрин»).*

*Йӕ радзырдты ӕмбырдгонд «Зӕрӕхсиды тынтӕ» мыхуыры рацыд 2011 азы. Уый фӕстӕ фӕзындысты йӕ чингуытӕ «Уды згъуинӕгтӕ» ӕмӕ «Къахетаг Ирыстон».*

*Джусойты Нинӕ у Уӕрӕсейы Федерацийы Журналистты цӕдисы уӕнг. Кусы Хуссар Ирыстоны республикон газет «Хурзӕрин»-ы сӕрмагонд уацхӕссӕгӕй Цӕгат Ирыстоны.*

# СӔХЪИС КЪУЫБЫЛОЙ

*Радзырд*

Дыууӕ хӕдзары цардхӕлд фесты, фыдбылыз сыл сагъуыд, мӕнӕ цыма дыууӕрдыгӕй дӕр фыдусы ӕлгъыст баййӕфтой...

Фыдбылызы райдиан зыд ӕмӕ кӕрӕфы азарӕй нӕ райдыдта, чъынды усы ӕдзӕстуарзонӕй дӕр нӕ райгуырд... Ӕппӕт дӕр хъысмӕтӕй аразгӕ у, ӕмӕ, чи зоны, азымы дарын никӕй хъӕуы.

Хъуыддаг та уыд афтӕ.

Ногхъӕу уалӕ ӕфцӕджы тӕккӕ рагъыл ис, Хуыцауы тӕккӕ дӕлвӕдджи. Хӕрдмӕ йӕм куы скӕсай, уӕд дӕ худ дӕ сӕрӕй асхъиудзӕн. Хъӕумӕ куы ссӕуай, уӕд та, цыма Хуыцаумӕ къухӕй сӕвналдзынӕ, афтӕ дӕм фӕкӕсдзӕн. Цыма ардыгӕй дарддӕр нал ис цард, ам фӕуд кӕны алцы дӕр – ис ма ӕрмӕст ацы чысыл хӕххон хъӕу ӕмӕ бӕрзондылбадӕг Хуыцау йӕхӕдӕг. Ӕмӕ ацы ран ӕрбынӕттон хъӕу йӕ хъыгтӕ, йӕ цинтимӕ.

Царды фадӕттӕ къуындӕг кӕм уой, уым цӕрыны амӕлттӕ кӕнын

æнцон кæм уыдзæн, фæлæ, Ногхъæуы цæрджытæн се 'ргъомбасты цы фæци, уый хастой. Уыдысты цалдæр хæдзары, æрмæст дзы иу иннæмæй цæрæгдæр хæдзар у, зæгъгæ, афтæ зæгъæн никæцыйæ уыд. Уæддæр иннæтæ тæхуды кодтой Сонамæ, йæ хæдзар иннæ хъæуы цы иунæг фæзбынат уыд, уым арæзт кæй æрцыд, уый тыххæй. Цас фæзбынат уыд, – дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр цыппар галдзармы йас гæппæл, фæлæ иннæ хæдзæртты раз, куыдз йæ зæрдæйы фæндиаг йе рагъыл кæм стылдаид, уый бынат дæр куынæ уыд... Гъе, ацы чысыл фæзбынатæй райдыдта дыууæ хæдзары цардхæлд. Сонайæн йæ удыхай хæсты фесæфт, уартæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты. Уыцы уæззау дуджы лæгджын хæдзар дæр царды амæлттæн куы ницы фæрæзта, уæд æртæ сидзæры мад иунæгæй цытæ хъуамæ кодтаид?!

Йæ лæппутæ сæ гуыбынтæ туаг мисыны ссæст хус къæбæрæй дæр никуы бафсæстой, афтæмæй рæзыдысты. Йæхицæн йæ цæст хуырхæй дæр уæлдай хуыпп кæнын никуы бауарзта, йе 'ххормаг сабиты «фылдæр фæуа»-йы адæргæй. Цы иунæг хъуг сæм уыд, уымæн-иу йæ род ауæй кодтой, фæлæ сыл уый дæр, сæ уæлæ цы 'рбаппæрстаиккой, ахæм æнæбары хæррæгъты фагæй фылдæр не 'ххæссыд.

Иу сæрд сæ нæл род нæ ауæй. Ногхъæуы хорзæй цы уыд, уый – парахат холлаг, хизæнтæ, æмæ род иннæ азмæ фыр нæрдæй йæ цармы нал цыд.

Нал æй ауæй кодтой, сæ уалдзыгон род уал фагыл банымадтой, уый та, Хуыцауы фæндæй, кæд сгал кæниккам, зæгъгæ.

Рацыд ма иу аз, æмæ сæ хъуг дыууæ роды ныззад – дыууæ дæр нæлтæ. Æмæ уæд Сона скарста: «Цæй, æнæ галæй нырмæ кæм фæрæзтон, уым ма ноджыдæр бабыхсдзынæн. Ауæй уал кæнон мæ уæныг, родтæ дæр тагъд байрæздзысты, æмæ ма иу цæды галтæн хуыздæр цы хъæуы. Уæныгæн уæддæр æмбал æлхæнын хъæуы, æмæ цæмæй?..».

Уæныг ауæй кодтой, æмæ сын райста цалдæр роды аргъ.

Сывæллæтты цинæн кæрон нал уыд, нæ мад нын ног дзаумæттæ балхæндзæн, зæгъгæ...

Фæлæ Сонайы уыцы æхцатæй исты балхæнын нал бафæндыд. Йæ цыбыркъух цардæй-иу йæхи марынмæ чи 'рхъавыд, уыцы сылгоймаг уыйбæрц æхца йæ къухмæ куы райста, уæд загъта:

– Нæ, мæ зæрдæйы уидæгтæ. Æппындæр сæ ницы балхæндзыстæм, цард уын фестон, æмæ мæм ма фæхæрам уæнт уæ чысыл зæрдæтæ. Уадз æмæ нæ хæдзары дæр исты капеччытæ уа, уæд та нæ стыр æхсызгонæн бахъуыдысты...

Нæ сæм бауарзта йæ цæст февналын, арф сæ бафснайдта, фæлæ сæм

йæ зæрдæ нæ лæууыд, – æрвылрайсом æмæ-иу сæ æрвылизæр дæр абæрæг кодта, йæ армы дзыхъхъы-иу сæ зæрдиагæй нылхъывта æмæ-иу а дунейыл йæхицæй хъæздыгдæр æмæ амонддждындæр никæйуал æнхъæлдта.

* * *

Цыдысты азтæ. Фæсхæст цард йæ гаччы бадын райдыдта, фæлæ, Сонайы уды кæддæр цы зыд æмæ кæрæфы монц æрцард, уый æддæмæ нал ракуымдта. Æрцард, ныффидар йæ уды арфы æмæ йын æнцойад нал лæвæрдта. Ацы дунейыл æхца æфснайынæй стырдæр æхцондзинад ницæмæйуал æнкъардта. Сæ иунæг хъуг, бинонты дарæг кæй хуыдтой, уый раджы базæронд, фæлæ сæм ныр ис скъæтыдзаг фос, йæ кæрчытæ, йæ гогызтæ нымайгæ дæр нал кæны.

Нырмæ-иу исты ауæй кæнынæй цы 'хца бафтыд йæ къухы, уыдон тъыссæнтæ кодта, ныр ма сæм йæ кадавар пенсийы иу хай дæр райдыдта æфтауын...

Йæ фырттæ раджы слæгтæ сты, æртæйæ дæр бинонты хицæуттæ баисты, æд зæнæг горæты цæрынц. Фæлæ сæ мады дæр арæх абæрæг кæнынц. Зонынц, сæ мадмæ кæй ис йæ фырттæн хæдзæрттæ балхæныны фаг æвæрд æхца, фæлæ дзы сæ бон раджы базыдтой, ницыуал ын дзурынц, ницыуал дзы курынц. Уымæй сæ мады зæрдæ ноджы тынгдæр кæй фæриссын кæнынц, уый æмбарынц æмæ йæ йæхи адыл ныуугъутой. Куыннæ-иу фæрыст мады æнкъараг зæрдæ, йæ хъæбултæ-иу дзы æхца куы куырдтой, уæд, фæлæ, йæ уды арфы цы зыдыка, æнæфсис хæйрæг бацард, уый йын иудадзыг хæцыд йæ къухыл, нæ йæ уагъта йе 'хцайы æвæрæнтæй фæкайын.

Иурæстæджы æхца куы баивтой, уæд йæ зæрдæ фыр тæссæй фæцæйскъуыд, фæлæ уæддæр фæцарæхст æмæ сæ горæты сæ дард хæстæг, æфтауцдоны гæсæй чи куыста, ахæм хъæздыг лæджы æхxуысæй баивта. Уый нæ, фæлæ ма цинæй дæр мард, йе 'вæрд æхцатæ бæркадæй нæ, фæлæ нымæцæй куы фæкъаддæр сты, уæд. Ныр ын се 'фснайын æнцондæр уыд, къаддæр бынат ахстой. Фæлæ тарст, тынг тарст, цæрæнбонты кæй фембырд кодта, йæ хъæбултæн рæстмæ дзаума балхæнын дæр йæ цæст кæмæй нæ уарзта, уыцы æхцатæн давынæй. Канд сæхи хъæуы нæ, фæлæ сыхаг хъæуты цæрæг адæм дæр хорз зыдтой Сонайы æхцаты хабар. Æмæ сын тарст. Æхсæвыгон-иу йæ тар фынæйæ дæр фехъал æмæ-иу йæ зæрдæ фæдисы хост ныккодта, йæ сур хид-иу акалд фырадæргæй. Ивта сын се 'мбæхсæн бынат. Цал хатты йæ ивта, уал хатты-иу йæ удæн фенцондæр, стæй та-иу ногæй æнкъарын райдыдта, йæ зæрдæ йын æгъатыр æвдæрзтæй чи æвдæрзта,

ахæм удмарæг тас æмæ та-иу райдыдта ног æмбæхсæн бынат агурын. Æппынфæстаг йæ сæры фæмидæг, йæ зæрдæ хурварс кæмæй абадт, ахæм диссаджы хъуыды.

Æмæ бакодта афтæ. Æхцатæ гуымбылтыхт скодта, бахуыдта сæ хъуымацы, стæй тымбылхуыд хъуымацыл æдде стыхта сæхъис, æмæ дзы рауад стыр сæхъис къуыбылой.

Къуыбылой æрцауыгъта сæ хъæдын хæдзары тыргъы цæджындзыл æмæ фервæзт йæ мидхъизæмарæй. Ныр адавынæй нал тарст йе 'хцатæн. Æнæхъæн хъæуы ахæм хæдзар нæ уыд, сæгътæ чи нæ дардта. Чи хъуамæ бабæлла сæхъис къуыбылоймæ давынмæ, кæй цæмæн бахъуыд? Æмæ æрæнцад йе 'нæнцой зæрдæ, фæлæ дæм фыдбылыз куы кæса, уæд дзы нæ аирвæздзынæ.

Иу сæрдыгон райдзаст бон Сона, хуссары хъугомы сын цы зæххы гæппæл уыд, уым йæ картоф губакк кодта. Хъæуы сабитæ, сæ хæдзары раз цы чысыл фæзбынат ис, уым хъазыдысты. Сфæлмæцыдысты иу хъазтæй, иннæмæй... Æмæ уæд фæкомкоммæ сты Сонайы тыргъы цæджындзыл ауыгъд къуыбылоймæ. Цæстыфæныкъуылдмæ йæ æристой, райдыдтой дзы портийæ хъазын. Иуафон кæмæндæр æгæр цæф фæцис, фæзæй асхъиудта æмæ кардæй лыгау æмуырдыг лæгъз фæндагыл комы 'рдæм стырындз.

Сабитæй йæ фæстæ азгъорынылхъуыды дæр ничи акодта, уымæн æмæ уым дæлæмæ ахаста цæхгæр къул, иу къудзи, иу къутæр дзы хæснагæн дæр нæ разындаид, уымæ гæсгæ къуыбылойæн суанг комы нарæгмæ, Соттиты цъаламæ æнæ ныттулгæ нæ уыд. Уырдыгæй та Ногхъæумæ иу боны бонцау цæуын хъæуы. Сабитæй та дæлæмæ дæр-уæлæмæ дæр сæхъис къуыбылойы тыххæй ахæм зын йæхицæн ничи скодта, сæ къух ыл ауыгътой æмæ хъæлдзæгæй фæпырх сты фæйнæрдæм.

Изæры Сона цæхæрадонæй куы 'рбаздæхт, уæд та, йæ ахуыр куыд уыд, уымæ гæсгæ фыццаг скаст цæджындзмæ йæ сæхъис къуыбылоймæ, æмæ, уым куынæуал уыд, уæд йæ къæхтæ йæ быны фæдыдагъ сты. Иу зæрдæхалæн цъæхахст ма фæкодта æмæ дурджын кæрты дæлгоммæ ахауд. Йæ хъæрмæ сыхæгтæ фæфæдис сты. Февнæлдтой йæм...

– Мæ сæхъис къуыбылой! – хырхыргæнгæ ма тыххæйты ралæмæрста Сона, стæй йæ цæстытæ дзагъырæй аззадысты.

* * *

Изæрырдæм, хур ныгуылынхъус уыд, афтæ фæзыхъæуккаг Садул хъæдæй суггæ æрцæйласта. Комы дымæджы, Соттиты цъалайы фæндаг къулаив кæм дардта, уым дзоныгъ фæдзой кодта æмæ æлвасæн хъилы

уæрдæхбаст аскъуыд. Лæг баурæдта галты, бацыд æхсæр къутæртæм уæрдæхтæ кæнынмæ, кæсы, æмæ мæнæ стыр сæхъис къуыбылой. Лæг куыннæ бадис кодтаид...

«Ацы фæлладæй ма уæрдæхтæ здухынил цы фыдæбон кæнон, мæнæ мын диссаджы фæрæз, цалдæр дыдагъæй йæ аздухдзынæн, æмæ фæцис», – цингæнгæ ахъуыды кодта Садул æмæ бавнæлдта къуыбылой халынмæ. Иучысыл дзы куы райхæлдта æмæ уыцы тымбылхуыд баз-гонд куы ауыдта, уæд хорзау нал фæцис, фыр диссагæй йæ цæстытæ сæ къуырфытæй рацæйбырыдысты. Йæ дзыппæй хæрынкъа систа æмæ йын йæ цыргъ ком тæрсгæ-ризгæйæ рауагъта хъуымацы хуыдыл. Лæг уыйас æхца куы ауыдта, уæд фырадæргæй исдуг цавддурау баззад, йæ улæфæнтæ ахгæдтой. Йæ цæстытыл мигъвæлм ныббадт æмæ-иу сæ йæ дæрзæг армытъæпæнæй асæрфта, афтæмæй каст æхцатæм. Кæд фыны дæн, зæгъгæ-иу йæхи базмæлын кодта. Йе уæнгтæ тæфсæгæй рынчынау сæ ризынæй нал æмæ нал æнцадысты. Бæстæ йыл кæуæгау дæр кодта æмæ зарæгау дæр. Йе 'муд куы 'рцыд, уæд райдыдта хъуыды кæнын, цы сæ фæкæна, ууыл. Ам уал сæ искуы æрæмбæхса, æмæ йæм уæд та исчи аивæй йæ хъус дары... Ацы бон уый йеддæмæ ацы фæндагыл ничи рацыдаид, ардæм ма уыдоны тыххæй куы раздæха, уæд, цы нæ вæййы. Тагъд-тагъд уистæ ракодта, уæрдæхтæ сæ аздыхта æмæ сæ уæрдоныл абаста. Сæхъис къуыбылой йæ хæдоны атыхта, сугты 'хсæн æй арф нытътъыста æмæ ризгæ къухæй галты сæрбосыл рахæцыд...

* * *

Сона нырма уæлтæрхæг уыд, фæлæ йæ мæлæты аххосаг катай æмæ зæрдæдзурынты фæкодта йæ фыртты. Сыхæгтæ цы радзырдтой, уый сæ дисы баппæрста. Алчидæр сæ йæхимидæг хъуыды кодта сæ мады фæстаг ныхæстыл, фæлæ цы нысан кодтой, уый сæ кæронмæ бамбарын никæй бон уыд. Сæ тыргъы цæджындзыл сæхъис къуыбылой ауыгъд кæй уыд, уый куыннæ уыдтой, фæлæ, цы фæцис, уымæн ничи ницы зыдта. Ау, сæ мад сæхъис къуыбылойы тыххæй зæрдæскъуыд цæмæн хъуамæ фæуыдаид?..

Фыццаг кæстæр лæппуйы сæрмæ æрцыд, æппæт уыдæттæ цы нысан кæнынц, уый. Йе 'фсымæртæм иуварс асидт æмæ райдыдта йæ ныхас.

– Æз бамбæрстон нæ мады мæлæты аххосаг, æмæ мын сымах цыфæнды ма дзурат, уæддæр мын æй нæ бауырнын кæндзыстут, афтæ кæй нæу, уый.

– Дыуузæ хистæр æфсымæры сæрæй къæхтæм хъустæ феста-дысты.

Иугæр нæ мад йæ уд сисыны размæ йæ сæхъис къуыбылойы кой скодта, уæд æрмæстдæр уый у йæ адзалы аххосаг.

– О, фæлæ йæ ахæм æхсызгонæн цæмæн бахъуыд уыцы æнæхайыры къуыбылой? — бадис кодтой дыууæйæ дæр.

– Уыцы къуыбылойы, æвæццæгæн, тыхт уыдысты, цæрæнбонты кæй фембырд кодта, уыцы 'хцатæ. Къуыбылой тæккæ цæстыты раз дæр уымæн æрцауыгъта, цæмæй дзы мачи мацы æнхъæл уа.

Иудзæвгар бадтысты æгомыгæй.

– Раст зæгъы Батыр. Æнæмæнг афтæ уыдаид, – къæхты бынæй ныууынæргъыдта хистæр æфсымæр.

Мард бавæрыны фæстæ хъæубæсты æвдæм боны фынгмæ куы 'рхуыдтой æмæ рухс куы загътой, уæд Сонайы хистæр фырт Сабан сыстад, адæмыл йæ цæст ахаста æмæ хатыркурæджы хъæлæсæй райдыдта дзурын:

– Ныббарут мын, мæ хорз хъæубæстæ, мæ ныхас уæм æнæраны фæкæсдзæн, фæлæ уæ афтæ æмбырдæй æвваxс бонты нал фендзынæн. Уый хынцгæйæ мын кæд ныххатыр кæниккат, зæгъынмæ уын цы хъавын, уый. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ нæ мадæн йæ зæрдæ аскъуыд, йæ сæхъис къуыбылой кæй фесæфт, уый мастæй. Бæргæ йæ куынæ зæгъин, фæлæ, дам, æргом дзырды къæм нæй, стæй рæстдзинад куынæ зонат, уæд та мæ æмбаргæ нæ бакæндзыстут. Уый хуымæтæджы къуыбылой нæ уыд, уым уыдысты, нæ мад йæ цæрæнбонты кæй фембырд кодта, уыцы æхца. Курын уæ, кæд уæ исчи исты зоны, уæд æй ма басусæг кæнæд. Уе ’хсæн схъомыл стæм, æмæ кæрæдзийыл нæ зæрдæ ницæмæй бахудт. Хъæубæстæй мæ зæрдæ къæрныхæй никæмæ 'хсайы, гъе стæй кæй цæмæн бахъуыд сæхъис къуыбылой?! Давд уа, уый никæй бауырндзæн, фæлæ ацы хабарæн мачи мацы зона, уый гæнæн дæр нæй...

Адæм комхæлиуæй хъуыстой Сабаны ныхасмæ.

Æрæджиау хъæуы кадджын хистæр Тотыр афтæ зæгъы:

– Сабан, сæхъис къуыбылоймæ исчи давынмæ бацыдаид, уый, æцæгæйдæр, бауырнинаг нæу. Стæй тæккæ куыстафон у, æмæ уыцы бон куыстхъом адæмæй хæдзары ничи уыдаид. Сывæллæтты хъæуы бафæрсын, цы нæ вæййы, уæдтама исты федтой.

Сабитæ чысыл уæлдæр хъазыдысты. Куы сæм фæдзырдтой, уæд æрбалыгъдысты æмæ фынгмæ дæрддзæф кæрæдзийыл бабукъ сты.

– Мæ чысыл хуртæ, – дзуры сæм Тотыр, – тæрсгæ мацæмæй кæнут. Æцæг цы у, уый зæгъут æмæ уæ хъазты кой кæнут дарддæр.

Сывæллæттæ, хабар бамбаргæйæ, зæхмæ чъызгæйæ ныккастысты, кæрæдзи басхой-басхой кæнынц. Иуyылдæр бамбæрстой, сабитæ цыдæр кæй зонынц, уый, æмæ сæм æмхуызонæй æрхатыдысты. Уыдон

тарстхуызæй лæууынц, сыбыртт сæ никæй дзыхæй хауы. Куыд уыд, уый зæгъынмæ йæ ныфс ничи хæссы, ардауæджы ном ыл куы сбада, уый тæссæй. Фæлæ сæ алчидæр æнкъары, хистæртæ сæ æнæхъуаджы кæй нæ фæрсынц, æмæ, хабар куыд уыд, афтæ куынæ зæгъой, уæд исты фыдбылыз кæй æрцæудзæн. Тотыры фыртыфырт йæхи фæуæндондæр кодта. Йæ сæрыл схæцыд æмæ нымдæй сдзырдта:

– Мах уыдыстæм... хъазыдыстæм дзы портийау æмæ нын Хуссары хъугомы атылд...

Фынджы æгъдау кæронмæ куы ахæццæ, уæд иу-æртæ лæджы ныццыдысты комы рæбынмæ. Суанг изæрдалынгтæм фæагуырдтой къуыбылой, иу къутæр дæр æнæ сгæрстæй нал ныууагътой, фæлæ...

Къуырийы фæстæ Сонайы фыртты хъустыл æрцыд, зæгъгæ, уыцы бон Соттиты цъалайы кæй фендæуыд Садулы. Ацыдысты йæм Фæзыхъæумæ, фæлæ Садул йæхицæн мард, дзуар нал ныууагъта... «Ницы федтон, ницы зонын»-æй дарддæр дзы дзуапп нæ рантыст.

Фæлæ, куыд фæзæгъынц, теман голладжы нæ сусæг кæны. Æхцатæ Садул кæй ссардта, уый йын фæбæрæг уасæджы къæрныхау. Фæззæджы йæ дыууæ фыртæн дæр горæты æддæгуæлæ хæдзæрттæ куы балхæдта, уæд ма адæмæн хабар цы бамбарын хъуыд...

«Цæмæй?», «Куыд?..» – сусу-бусу кодтой фæйнæрдыгæй.

Сонайы фырттæ æнцой нал зыдтой, æргомæй æртхъирæн кодтой Садул æмæ йæ бинонтæм. Сæ иутæ кæм уыдаиккой, цины уа æви зианы фынгыл, уырдæм иннæтæ нæ цыдысты. Иу дзырдæй, кæрæдзимæ топпы кæсæнæй акастысты. Иу уалдзыгон бон Батыр сæ цæхæрадоны æмбонд ивта. Уыцы рæстæг Садул Ногхъæумæ цæйдæр фæдыл суад, фæстæмæ здæхгæйæ, йæ фæндаг Сонаты рæзты уыд, фæлæ, Батыры куы ауыдта, уæд цæхгæр фæзылд æмæ йæ ных фалæсыхмæ сарæзта.

– Гъæ, зæронд хæрæг, кæд дæ цæсгом сыгъдæг у, уæд дæхи цы 'мбæхсыс? – йæ фæдыл, мæстæй судзгæйæ, ахъæр кодта Батыр.

Садулы фæндыд, йæхи куы баурæдтаид, уый, фæлæ йæм куы ницы сдзурон, уæд афтæ куы зæгъа, æцæг азымджын дæн, зæгъгæ, фæзылд фæстæмæ:

– Нал мæ ныууадзат мæ мæгуырыл?! Уæ хъал бон калут æмæ йæ уæхиуыл ныккалут. Кæрæдзи амæттаг фæут. Мæ фырттæм цæмæн агурут уæ фыдбылыз?

Батыр ноджы тынгдæр рахсыст мæстæй æмæ йæм ногконд æмбонды сæрты рагæпп ласта. Лæг алидзыныл бæргæ афæлвæрдта, фæлæ азтæ сæхион кæнынц. Батыр æй йæ хæдоны æфцæгготæй ацахста æмæ йæ йæ быны æрнорста.

– Цы фестут, Ногхъæу, уæ лæгмартæн «ма кæ» цæуылнæ зæгъут?! – йæ хъæлæсы дзаг фæдисы богъ ныккодта Садул.

Йæ хъæрмæ чидæртæ фæзынд æмæ йæ тыхисæгау бакодтой Батыры къухтæй.

– Фенæм, кæддæра мæ цы фиу стухат. Уæ мадæн йæ удæгасæй куы ницы фестут, уæд ын ныр йе 'хцатæ мæнæй цæмæн агурут? Сыдæй уын куы ныммард, йæ фыр чъындыйæ йæ цæст кæрдзын хæрын дæр нæ уарзта, æмæ уын мæн аххос у! – уырдыджы сæхирдæм лидзæгау акодта Садул.

Иргъæвджытæ иугай-дыгай апырх сты фæйнæрдæм. Батыр ма иудзæвгар мæстæйдзагæй абадт, стæй ногæй бавнæлдта йæ куыстмæ.

* * *

Уыцы бон æнæхайыры сæхъис къуыбылойы азарæй æрцыд дыккаг бæллæх.

Садул, тъыфылтæ калгæ, сæхимæ куы ныццыд, уæд сыхы лæппуты ныййæфта хъæугæрон доны был бадгæ. Æнцойбон уыд, æмæ сæ зæрды æрæфтыд фæйнæ бануазын. Садул сæ баййæфта ноздджынтæй. Йæ хистæр фырт дæр бадт семæ. Йæ фыды ахæм хуызæнæй куы ауыдта, уæд фестад æмæ йæ афарста, цы йыл æрцыд, уымæй.

Хæрамзæрдæ лæг йæ маст ныууромын æмæ хъуыддаг æндæр фыдбылызы онг ма 'руадзыны бæсты йæхи фезнæт кодта, судзгæ артыл фæтæген бакалæгау нoджы бацагайдта йæ расыг фырты.

– Уæлæ мæ Сонайы сыдæймарды фырт мардта! Ардыгæй мын æнæ фæлидзгæ нал ис, фæлæ кæдæм фæхæссон мæ мæгуыр сæр?! Цæрын та мæ уадзгæ нал кæнынц...

Лæппу йæ фыды ныхæстæм кæронмæ хъусгæ дæр нал бакодта, – сæ фарсмæ кæйдæр бæх къæбæлбаст уыд. Бæндæн къæбæлæй айхæлдта, идон дзы ацарæзта æмæ æнæсаргъ бæхыл Ногхъæуы балæууыд.

Батыр нырма йæ тæккæ кусгæйæ уыд. Цыргъ фæрæтæй тулдз цæджындзы цъупп куыд амадта, афтæ йæ уæлхъус тæргæбæхæй февзæрд Садулы фырт.

– Гъæ, куыдзæй гуырд, мæ фыды мын æнæхицау банхъæлдтай, æви не сæфт сымахæй хъуамæ æрцæуа?! – лæппу цæрдæг æргæпп ласта бæхæй, зæххæй ногконд кауы уис фелвæста æмæ дзы Батыры сæр ныххафта.

Цæфы судзаг рыстæй Батыры уæнгтæ андзыг сты, фæлæ, цалынмæ Садулы фырт йæхи дыккаг цæфмæ цæттæ кодта, уæдмæ йе 'муд æрцыд. Кауы уисæй фæрæт рогдæр разынд: цæстыфæныкъуылдмæ Садулы мастисæг фырты сæр æрфазта. Дæ балгъитæг дæр афтæ,

иу сыбыртты бон дæр æй нал фæцис, афтæмæй, йæ туджы мæцгæ, афæлдæхт зæххыл...

* * *

Батыры 'рцахстой. Мард бавæрдтой. Æнæхъæн комбæсты адæм æнхъæлмæ кастысты ног фыдбылызмæ. Алчидæр æй æмбæрста, цы 'рцыд, уымæй фыддæр фыдбылызтæ кæй æрцæудзæн. Садулы кæстæр фырт Миха йе 'фсымæры æвæрæн бон адæмы раз ард бахордта, йæ туг ын кæй райсдзæн, бындурзылд куыд фæуой Сонайы сæфтдзаг фырттæ, ахæм митæ сын кæй бакæндзæн... Иуизæр комбæсты хистæртæ бацыдысты Садулмæ, æрбадын æй кодтой æмæ йæм бахатыдысты, цæмæй ног æвирхъау хабар мауал æруадза.

Пиранты Дзамболатæй хистæр уым æвваxс хъæуты ничиуал уыд. Алчидæр ын аргъ кодта йæ ныхасæн, нымад лæг уыд адæмы 'хсæн. Кæддæриддæр уымæ цыдысты зондæй фæрсынмæ. Ныр дæр фыццаг уый райдыдта йæ ныхас:

– Садул, фарн дæм бадзурæд, не 'ппæт дæр дын æмбарæм дæ зæрдæйы рыст, фæлæ, дам, фыдбылыз фыдбылызы къахы, цæхæр цас тынгдæр схъауай, уыйас арт цырендæр кæны, – хъавгæ йæ ныхас райдыдта Дзамболат, фæлæ, Садулы цæсгомыл æнæразыйы æнгас куы фæхатыд, уæд ферхæцыд. Йæ мидзæрдæйы та æмбæрста, æппæт фыдбылызты цырв дæр Садул йæхæдæг кæй у. Фæлæ йæ нæ бафæндыд хъуыддаг карздæр кæнын æмæ ноджы фæфæлмæндæр кодта йæ ныхас:

– Гъемæ, дæ рын бахæрон, бинонты хистæр ды дæ æмæ куы бацархаис дæ фырты æрсабыр кæныныл. Цы ’рцыд, уый æрцыд. Цæмæн ма нæ хъæуы ног тугныккалд?

– Ныуадзут мæ мæ мæгуырыл, – мæстыйæ сдзырдта Садул. – Цы мыл æрцыд, уый мын фаг у, сымах мыл уæддæр мауал калут уæ хъалбон. Сымахæн цы у, бындурзылд æз фæдæн. Гъемæ уæдæ афтæ: ацы ныхас уыл балхынцъ кодтам. Лæппу йæхæдæг хуыздæр зоны, куыд æмæ йын цы кæнгæ у, уый.

Дзамболат бамбæрста, Садулимæ дарддæр ныхас кæнын æнæхъуаджы хъиамæт кæй у, фæлæ йæхи тыхурæд ныккодта. Уыйхыгъд Садулы æрвад Сафар йæхи нал баурæдта æмæ йæм бауырдыг:

– Хъус-ма, мæ зондджын æфсымæр. Иуæй туг куы миза, уæд иннæмæй дæр æхсыр нæ дуцдзынæ. Кæд афтæ æнхъæлыс, æмæ, дæ туг куы райсай, уæд дæ мыггагæн æхсызгон уыдзæн, уæд рæдийыс.

– Ай дын Хуыцауы диссаг! – йæ бынатæй мæсты стад фæкодта Садул. – Мæхиуæттæ дæр мыл куы рахæтыдысты, уæд ма æндæртæй цы бадомон!

– Сбад-ма дæ бынаты æмæ æххæст мæнмæ дæр байхъус, – йæ цæнгтæ йыл стылдта сыхаг Гасбар. – Дæ азым куы зонай, уæд дæм хъуамæ дæ рæдыдыл басæттыны лæгдзинад уа. Ды дæ æппæт фыдбылызты цырв дæр æмæ æрхуд дæхиуыл. Ды ссардтай уыцы æнæхайыры æхцатæ, ды, æмæ сæ æдзæсгомæй дæхи бакодтай.

– Федтай мæ?! – фырмæстæй йæ цæсгом ацъæхтæ-буртæ Садулæн.

– Чи дæ федта, уый – Хуыцау, æмæ дын нæ ныббарста дæ фыдракæнд. Уæдæ горæты дыууæ æддæгуæлæ хæдзары цæмæй балхæдтай, дæ чъиухиды фæллойæ æви дын фыдæй баззад стыр бынтæ, мæнæй хъауджыдæр дæ хæдзары хуынкъ суари куынæ уыдис, уæд?

Садулæн йæ бон иу сыбыртт скæнын дæр нал бацис. Лæгты бадгæйæ фæуагъта, афтæмæй феддæдуар.

* * *

 Æрхæццæ сты Дауджытæ. Сонайы дыууæ фыртæн кæд куывдтæ кæныны зæрдæ нæ уыд, уæддæр сæм зын каст сæ рагон зæдыхайы хъыджы бацæуын. Дзуары бынмæ ссыдысты æд бинонтæ, скодтой тохъхъыл.

Хабар Садулы хъустыл куы 'рцыд, уæд фыр мæстæй Хуыцауы цæсты æхсидæвтæ тъыссын райдыдта.

– Кæсыс уыцы куыдзы фырттæм! Се 'фсымæр ахæстоны бады, уыдон та куывдтæ кæнынц. Цæмæн, уый зоныс? Мах фыдæнæн, – ардыдта, æнæуый дæр æфсоны сæрыл чи лæууыд, уыцы фырты.

Лæппуйæн дæр йæ маст йæ былтæй акалд. Сихорафæттæм йæхи тыхурæд ныккодта, стæй уæд рагъы 'рдæм йæхи айста.

Ногхъæуы дзуары бын адæм сæ тæккæ минасыл уыдысты, афтæ уый дæр схæццæ. Сонайы хистæр фырт Сабан кувæджы фарсмæ бадт, астæуккаг Созыр та – кæстæрты 'рдыгæй фынгыл, æмæ йæм Миха фæстæты куыд бацыд, уый хатгæ дæр нæ фæкодта. Йæ ныхмæбадджыты цæстæнгасæй бамбæрста хъуыддаг, хъавыд фестынмæ, фæлæ йын нал бантыст, – Садулы фырты кард суанг фистонмæ йæ рахиз уæны бауад... Лæппу ма иу богъ фæкодта æмæ фынгыл бахауд. Уый ауынгæйæ, Сабан йæ бынатæй фæтæррæст кодта. Фестадысты иууылдæр, фæлæ ничиуал фæцарæхст йæ баиргъæвынмæ... Фынгæй галæргæвдæн кард раскъæфта æмæ йæ лæппуйы артæнты ныссагъта.

Адæм схъомпал сты, сылгоймæгтæ æмæ сывæллæтты цъæхахст райхъуыст. Сабан йе 'фсымæры тугæйдзаг фæсонтыл дæлгоммæ ныффæлдæхт æмæ богъ-богъæй куыдта. Нæлгоймæгтæ æхсæр бæласæй æндзæлмттæ ракодтой æмæ дыууæ сынты сарæзтой. Мæрдты

рахастой, сæ фæдыл рацыдысты куывддзаутæ дæр, фæлæ Сабан нæ ракуымдта...

Хъæубæстæ бавæрдтой Созыры мард.

Хур акъул. Адæм хæрнæджы фынгæй систадысты, фæлæ сæ йæ къах хæдзармæ никæй хаста. Æнхъæлмæ кастысты, дарддæр цы уыдзæн, уымæ. Кæрты къуымты къордтæй лæуууыдысты æмæ сусу-бусу кодтой:

– Æвæдза, ныр Садул йæ хылкъахæн митæй цы рамбылдта? Дыууæ бинонтæй дæр хæдзархæлд фесты, – йæ сæр, сагъæсгæнгæ, æнкъуыста сыхаг ус Битарон.

– Цæй, дæ хорзæхæй, – йæ къух ауыгъта фалæсыхаг Багиан, – ам кæд исчи аххосджын у, уæд – Сона йæхæдæг. Йæ царды бонты йæ цæст йæ гуыбын бафсадын никуы бауарзта, йæ хъæбултæн никуы ницæмæй баххуыс кодта, афтæмæй фембырд кодта уыцы æнæхайыры ’хца. Æмæ йæ цæмæн хъуыдысты? Уыдоны тыххæй йæхæдæг дæр бабын, кæстæрты дæр бацарæфтыд кодта.

– Цымæ, цы фæуыдаид Сабан? Æвæццæгæн æй милицæ акодта. Лæппутæ йæм ацыдысты æмæ йæ не ссардтой, – йæ ныхас баппæрста Хуыбылон дæр.

Дзæбæх æризæр, афтæ кæрты дуар уæззаугай æрбайгом æмæ дзойдзойгæнгæ æрбахызт Сабан. Адæм æм джихæй кастысты. Адæймаг дыууæ бонмæ афтæ аивдзæн, уый никæй бауырныдтаид. Лæгæн йæ сау дудгæ бон ныццахст йæ цæстыты, сæр – пыхцыл, цæсгом æнæдаст.

Сабан йæ тугбадт цæстытæ ахаста адæмыл æмæ уынгæг зæрдæйæ сдзырдта:

– Цинты лæггад кæнут, мæ хъæубæстæ. Бузныг зæгъын уе ’гасæн дæр, нæ зын сахат нæ фарсмæ кæй æрбалæууыдыстут, уый тыххæй. Æрмæст уæ курæг дæн: нæ бинонтыл-иу уæхи макуы атигъ кæнут, фыдгæнджыты бинонты ном сыл ма сæвæрут. Махæй дæр лæгмар бæргæ ничи уыд, цард нæ скодта ахæм. Ацы æлгъыст хæдзар та хъуамæ басудза йæ фыдбылызтимæ, цæмæй дзы ног æнамонд хабар мауал æрцæуа.

Уый фæстæ уæззау къахдзæфтæй бацыд сарамæ, рахаста фæтæген æмæ йæ хæдзарыл бапырх кодта. Ничи йæм ницы дзырдта, ничи йæ иргъæвта нæдæр бинонтæй, нæдæр адæмæй. Æдзынæгæй зæхмæ кастысты иууылдæр.

Ссыгъд, фыдбылызы сæхъис къуыбылой ауыгъд кæм уыд, уыцы хæдзар æмæ ма æлгъыст уæзæгæй æрмæстдæр хъуыст судзгæ хæдзары удмарæг хъæрзын...

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***4 июны*** йæ цардæй ахицæн РЦИ-Аланийы адæмон поэт, критик, драматург, тæлмацгæнæг, публицист, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы æмæ национ литературон преми "Нарты фæткъуы"-йы лауреат Ходы Хазбийы фырт Камал.

► ***3 июлы*** Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæртæ РЦИ-Аланийы адæмон газет «Рæстдзинад» æмæ Хуссар Ирыстоны адæмон газет «Хурзæрин»-ы кусджытæн уыд Ирыстоны хуссайраг фарс хæлардзинады фембæлд бæллиццаг нысантимæ.

Иумæ сæвæртой дидинджытæ Хуссар Ирыстоны фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæн æрæджы Цхинвалы астæу цы цырт байгом, ууым. Бабæрæг кодтой ХИПУ-ы музей, æрныхас кодтой сæ дарддæры æмгуыстадыл.

Дыууæ ирон газеты сæйраг редактортæ Хозиты Барис æмæ Гæбæраты Юри куыд фæнысан кодтой, афтæмæ ахæм фембæлдтытæ араздзысты рæстæгæй-рæстæгмæ, уымæн æмæ сын ис стыр нысаниуæг адæмы иудзинад æмæ куысты рæзтæн.

# ТÆФÆРФÆС

# ХОДЫ КАМАЛ



24 июны йæ цардæй ахицæн Ирыстоны адæмон поэт, критик, драматург, тæлмацгæнæг, публицист, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон преми æмæ Национ литературон преми "Нарты фæткъуы"-йы лауреат Ходы Хазбийы фырт Камал.

Камал райгуырд 1941 азы 26 январы Зæронд Бæтæхъойыхъæуы. 1970 аз каст фæци Мæскуыйы Горькийы номыл литературон институт. Куыста Ирыстоны районты газетты, уыд телеуынынады студийы хистæр редактор.

Дæс азæй фылдæр разамынд лæвæрдта журнал "Мах дуг"-ы критикæ æмæ публи-цистикæйы хайадæн, стæй та куыста чингуыты рауагъдад "Ир"-ы поэзийы редакторæй, фæстæдæр – сæйраг редакторæй.

1985 азы Камал сси Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театры директор, уыцы иу рæстæг афæдз дыууæ хатты цæуæг альманах "Литературная Осетия"-йы бæрнон секретарæй кусгæйæ.

Цыбыр рæстæг бакуыста Цæгат Ирыстоны АССР-ы Рауагъдæдты, полиграфи æмæ чингуытæй базарады паддзахадон комитеты хицауæй. 1990 азы æвзæрст æрцыд Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы правленийы сæрдарæй.

Камал уыд нырыккон ирон литературæйы хъуыстгонддæр поэттæй иу, йæ уацмыстæ бæрæг дардтой се сфæлдыстадон хæдхуызæй. Мыхуыры йын рацыд 10 поэтикон æмбырдгонды.

Йе сфæлдыстады ахсджиаг бынат ахста аивадон тæлмац. Камал ирон æвзагмæ раивта Боккачойы, Гейнейы, Лопе де Вегайы, Шиллеры, Плещеевы, Островскийы æмæ ма дунеон литературæйы æндæр классикты уацмыстæ. Ныффыста Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Гимны текст.

2019 азы Ходы Камалæн саккаг кодтой уæлдæр хæрзиуæг – Ирыстоны Намысы орден. Уыдис æм Уæрæсейы Федерацийы кадджын хæрзиуæг дæр – Адæмты хæлардзинады орден.

Ирыстоны номдзыд поэты рухс ном æнусмæ баззайдзæн нæ зæрдæты.

Рухсаг у, Камал…

**Журнал "Мах дуг"-ы редакци**

| | |
|---|---|
| *Шеф-редактор* | Н. С. ДЖУСОЕВА |
| *Переводчик* | А. В. ЗОЛОЕВ |
| *Корректор* | А. К. КАРГАЕВА |
| *Дизайн, верстка* | М. Т. БАГАЕВ |
| *Специалист по информационным ресурсам* | А. А. ГАБИСОВ |

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 21.07.2021. Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м$^2$.
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ №297. Цена свободная. Выход из печати 28 июля 2021 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

**Ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы бон Цӕгат Ирыстоны мыхуыры ӕмӕ дзыллон-хабархӕссӕг фӕрӕзты комитет ӕмӕ литературон-аивадон ӕмӕ ӕхсӕнадон-политикон ӕрвылмӕйон журнал «Мах дуг» расидтысты**

**«МАХ ДУГ»-ы ДУНЕОН ПРЕМИ!**

*Журналы историйы уый у фыццаг Преми. Йӕ нысан у ирон ӕвзаг ӕмӕ литературӕйы кад фӕбӕрзонддӕр кӕнын, авторты литературон уацмыстӕ фыссынмӕ разӕнгард кӕнын, алы бӕстӕты цы ирӕттӕ цӕры, уыдоны Ирыстонмӕ ӕрбангомдӕр кӕнын, журналкӕсджыты ног нӕмттимӕ базонгӕ кӕнын. Ӕмткӕй райсгӕйӕ та, ӕмзиууонӕй ирон литературӕйы рӕзтыл бакусын.*

*Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:*




- *поэзи;*
- *прозӕ;*
- *публицистикӕ;*
- *драматурги;*
- *аивадон тӕлмац.*

*Конкурсы архайджытӕ кармӕ гӕсгӕ дихгонд цӕудзысты 3 къордыл:*

- *7 азӕй 15 азмӕ;*
- *16 азӕй 35 азмӕ;*
- *36 азӕй уӕлӕмӕ.*

*Уӕлахиздзаутӕ хорзӕхджынгонд ӕрцӕудзысты ӕхцайы преми, Премийы сӕрмагонд нысан ӕмӕ дипломтӕй!!!*

*Конкурсы къӕпхӕнтӕ:*

*15-ӕм майӕ 30-ӕм октябрьмӕ авторты бадӕттын хъӕуы сӕ куыстытӕ ахӕм электрон адресмӕ:* ***mahdug@mail.ru****, дзырд «Конкурс» дзы фӕнысан кӕнгӕйӕ; 1-ӕм ноябрӕй 30-ӕм ноябрьмӕ сӕрмагонд къамисы уӕнгтӕ аргъ скӕндзысты авторты уацмыстӕн; 10-ӕм декабры кадджын уавӕры уӕлахиздзау автортӕ ӕрцӕудзысты хорзӕхджынгонд.*

*Бӕлвырддӕр ӕрмӕг базонӕн уыдзӕн журналы ӕмӕ Мыхуыры ӕмӕ дзыллон-хабархӕссӕг фӕрӕзты комитеты сайты. Уӕ хъус дарут Инстаграм ӕмӕ Фейсбукы нӕ сӕрмагонд фӕрстӕм дӕр.*

*Фыццаг къорды архайджыты уацмыстӕн къамис аргъ кӕндзӕн хицӕн домӕнтӕм гӕсгӕ. Фыст сты Премийы Уагӕвӕрды.*

*Фӕрнӕйдзаг ут!*




Индекс 73247
12+